

Ongka kaping: 5

Kemis kaping. 29. januwari
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Ing salebetipun tahun punika. Ing klathen kenging kawatanan jawahipun angreceh. Ananging saking saserepan kula : margi ageng salebetipun kutha kenging kawastanan ajeg saenipun awit manawi pinuju jawah deres toya ngantos saengga banjir bandhang. Sakterangipun ing jawah lajeng gangsing malih boten wonten toya ingkang kendel ing radinan sarta boten wonten ingkang lenthong tuwin jeblog. Ingkang punika andhakaken sangking kencengipun priyantun ingkang kawajiban andadosaken sukanipun para tiyang sedaya. Saben wanci pukul. 6. Sonten wah padhang wulan kathah para tiyang ingkang mlampah-mlampah. Para tuwan sarta nonah para priyayi tuwin sanes bongsa. Andadosaken kasenengan cacadipun kutha klathen punika namung sakedhik dene salebetipun kutha kok marginipun namung satunggal ugi wonten margi sanes ing totogan mangilen dumugi kampung sikenong. Ingkang mangetan dumugi sekalekan tegalanom jaharja. Trus anjog ing setatsiyun. Ananging margi kalih panggenan wahu boten pantes kaambah ing tiyang. Jalaran awit ing totogan dumugi sakwetaning kampung sekalekan punika margi saklangkung ciut utawi perenging kalen tuwin jeblog lunyu sanget. Ingkang saupami satunggaling dalu wonten payo-payo. Ingkang mesti tiyang sekalekan tuwin sakwetanipun dangu dhatengipun tandang. Katarik saking margi dipun ciut rupil sarta mereng. Dados kedah ngatos-atos lampahipun punapa inggih kalampahan tiyang badhe tandang mawi damel colok tuwin obor rumiyin saking panginten kula boten kalampahan ingkang mongka kampung sekalekan jaharja tuwin ing tegalanom kalebet kathah tiyang gagriya.

O alah ingkang mongka tiyang jawi tuwin bongsa cina. Ingkang badhe kakesahan numpak kareta lalu. Tuwin ingkang sawek mudhun saking numpak kareta lalu. Boten numpak kareta tambangan saestu medal ing ngriku marginipun ingkang celak. Punapa inggih. Griyanipun ingkampung pacinan ler. Saking setatsiyun medal margi kidul kantor asistenan saiba nyengkenglengipun. Mila saking panyuwun kula. Ingkang ngasta panguwasa ing kutha klathen anggalih margi wahu. Sakecanipun kaambah ing tiyang. Langkung prayogi kenging kaambah ing kapal. O saiba sami bingahipun para tiyang-tiyang. Wasana pamuji kula ingkang mugi-mugi kalampahan saged sae margi wahu.

Sinerat ing sekalekan slasa kaping. 20. Januwari. 1880.

Pun senok minta prayoga.

Nalika kaping. 14. januwari punika. Kapal rakitanipun kangjeng tuwan asisten residhen ing klathen. Sakit lajeng pejah. Bangke kapendhem sapinggaing lepen merbung. Celak griyanipun tiyang ingkang lagi gredhu ing merbung. Ing tanggal kaping. 17. Wonten satunggaling tiyangunjuk atur ing parentah. Manawi bangke kapal ingkang kapendhem wahu ical labet kadhudruk ing tiyang. Kangjeng tuwan asisten residhen angutus priyantun jaksa. Kalih lurah agen aniti pariksa bangke kapal kang kapendhem wahu temen-temen ical kadhudruk ing tiyang.saking kinten-kinten kula [] tiyang ingkang nglampahi dhudruk bangkening kapal wahu. Yen boten saking kalempisipun boten purun anrajang lalampahan kados makaten namung gumun kula mas gredhu kok boten sumerep wonten tiyang [] mbayang bangke makaten. Bok manawi mas gredhu badhe kajibah ngupadosi katranganipun tiyang ingkang nyolong bangke wahu.

Kintunan.

Ing nalika kaping. 24. Januwari punika. Babah limaha bandar kutha ageng mataram tilar dunya mantuk ing jaman kalanggengan jalaran sakit benter. Denten layon kakubur ing jethis klathen lampahing layon katumpakken sepur mirunggan numpak saking setatsiyun ngayogya. Tumurun setatsiyun ing klathen. Pramila kabekta dhateng klathen awit babah limaha wahu asli ing klathen. Denten ingkang sami methuk ing ngriku. Babah litnan dalam sakalerehanipun bongsa cina ing klathen sadaya tuwin tiyang jawi sakalangkung kathah. Sami jibeg methuk ing setatsiyun klathen saha lajeng sami nguntapaken lampah ing

layon dumuginipun ing pakuburan. Ingkang ngiringaken kareta tuwin kapalan saha ingkang sami dharat sakalangkung kathah. Mila kathah para mitra ingkang sami asung kurmat jalanan babah limaha wahanalika teksih gesang manahanipun sakalangkung sae.

Madiyun

Pasakitan mi[]da saking kunjara kadhestrikan

Nalika ing dinten salasa wanci jam. 10. Dalu. Kula kaget amargi amireng ungelung titir kenthongan ing kadhestrikan binarung gumuruhing swara ingkang sami jaga praja. Kula lajeng medal saking ing griya. Ciptaning manah sumedya atutulung. Sareng anggen kula lumajeng dumugi ing kadhestrikan anyumerepi. Menggah ingkang andadosaken tuwuwing gita wahu. Tiyang pasakitan nama ranatika gigriya ing dhusun kerta sari. Anjebol saking kunjara. Ingkang punika sakalangkung andadosaken pangunguning manah kula. Dene ingkang kaangge pirantos anjebos wahu amung paku panjangipun. ½ dim. Sarta boten kula piyambak ingkang sumedya tutulung ing ngriku. Dalasan para priyantun pulisi bekel tuwin sakarerehanipun ingkang sami mireng tetenger makaten wahu ugi sami tandang kalayan samekta dadamel punapa malih lajeng angosak-asik dhateng sawarnining panggenan ingkang katingal kiwa. Ananging bagus ranatika meksa boten saged kapanggih.

Sareng enjingipun pasakitan kenging kacepeng dening priyantun dhistrik awit saking pitedahipun tiyang nama muhamad karsan kalipah. Kauming dhusun nguteran. O mila pamuji kula ing kangjeng parentah ageng mugi lajeng karsaha angganjar dhateng mas kaum wahu. Kalayan sapantesipun.

(Kintun S. M.)

(mesakaken sanget)

Wonten satunggiling cina singkek bikak toko alit anuju kesah dhateng semarang mendhet barang dagangan ingkang kapitajeng tengga dhasar utawi kakuwasakaken sade gundhikipun.

Ing sadhatengipun semarang cina amanggih begja awit saged angsal barang-barang dagangan ingkang dipun kajengaken. Saha mirah ing regi. Sasampunipun kadumugen gening tutumbas barang dagangan yatranipun taksih langkung. Anunten katumbasaken angsal-angsal ingkang kakinten andadosaken bingahing gundhikipun.

Cina nunten bidhal mantuk sarwi angiringaken barang daganganipun sarta ambekta angsal-angsal kathah ingkang badhe kadamel ambibingah ing gundhik. Sanajan cina wahu ing samargi-margi kajawahanewadene boten angesah. Awit gadhah cipta manawi samping dumugi ing griya badhe manggih kasenengan kathah. Inggih punika anggenipun [] kaliyan gundhikipun ingkang sanget dipun kangen. Wasana [] tan makaten wahu boten anetes. Malah adamel kasusahan tuwin kanapson ingkang sakalangkung awrat ing ngatasipun kyahi singkek. Margi sadhatenging griya gundhik boten wonten pratelanipun ingkang tengga griya. Gening kesah sumpun pitung dinten. Boten atilar welin punapa-punapa. Sarta titiyang ingkang tengga griya boten uninga purugipun. Kyahi singkek sanget anjenger. Samabatipun. Aya cikowa. Tapek kong mintak tolong.

Ing sanes dinten. Gundhik pinanggih wonten grianing tangganipun wontenipun ngriku. Kilap sonja kilap kasuruwan kaajak bingah-bingah. Ananging cahyanipun amandhan rawa.

Katur tanggal kaping. 14. Safar. Warsa sinengkalan. Leng sirnaning sarira iku.

Darma kondha.

Susur kalah susur : juru gubah.

Bojanagara

Andadosaken gumuning manah kula. Ing sarehning dinten punika. Sampun usumipun tiyang garap sabin. Kawontenanipun ing kabupaten ngriki. Sawatawis radi sangsara. Katenta sangking kirangan jawah. Ing saben dintenipun sang hyang bagaskara. Tansah katingalan ing cahyanipun ingkang anyoroti tanem tuwuh. Palaran ing jumantara. Katingal padhang angilak-ilak boten konten mendhung ingkang katingalan. Boten sanes namung gumerbeking. Samirana ing saben dintenipun anggiriris sanget. Kedadosan sagyaning mendhung-mendhung boten wonten ingkang bakit. Awit kabuncang ing samirana. Saengga pencar angalar-alar. Ugi asring-asring sang hyang wasesa. Anurunaken jawah ananging boten wonten ingkang miya tani tanem tuwuh. Utawi ing sasabinan samanten ugi dhumawah ing jawah namung riris monda kimawon hawaning siti dinten punika saklangkung asrepipun abdi dalem tiyang alit sami kasarasan regining uwos ing kas radi awis wedaling palakirna inggih kawisal sedheng para sumbera ugi taksih seneng ing manah anggening candhak kulak. Kedadosanipun tedha. Ing wingking inggih walahu aklan.

Pangresulanipun bongsa cina

Kathah para sudagar cina ingkang sami bikak toko [] peken kitha. Wahu griya dumunung ing kampung jawi. Anama [] pal kalayan kampung cina. Ing sarehning sampun [] ing papacuhipun kangjeng gupermen sadaya cina [] gen gagriya ing monca kampung. Mesthi manggen ing [] dinten punika para cina-cina kang bikak toko [] peken kitha. Sangking kersanipun kangjeng tuwan asisten residhen [] nagara. ye. Melemister. Sami kasingkiraken sangking [] kedadosan sampun katindakaken kelayan [] lasan tukang pak gantos ingkang manggen ing ngriku [] kambu. Boten kalilan manggen ing ngriku. Saestu para [] ngadhu. Daten pegat ngandhut sungkawa. Jalaran [] jken kasusahanipun anggening badhe manggen ing liya [] awit boten mesthi angsal griya pasewan mongka cina[] kathah cina ingkang sengkan sangking monca praja. Mila panggasas []. Sampun temtu wahu toko badhe bibar sadaya. Kaplahur mantuk ing nagarenipun sambatipun cina-cina. Tansah anggujengaken kados ing ngandhap punika.

Koh. Kaya apa. Saya ini. Tinggal ini negri. Mau cari untung. Kejawiyian buntung. Apa cikowa.(bohogi) punika tembung cara cina. Mangretosipun ora ana begjane para cina kathah ingkang lenger-lenger. Asara ngemut dariji.

Bongsa cina samya kocar-kacir. Kaciciran barang darbekira. Karagan-ragan polahe. Anutuh raganipun. Brebes meles waspa dres mijil. Sasambate mlas arsa. Sarwi ngukur gundhul. Jaler estri tetangisan. Jerat-jerit ponang kusir ting palunti. Anggubet jangganira.

Titi ing kebo gadhung. Kaping. 18. Januwari. 1880.

Katandhan kula. Klana jaya pusrita.

Cangkriman ingkang kagiyarakken wonten salebetung bra martani ongka. 4. Tahun. 1880. Punika kula tumut ngaturi panjawab namung minongka kadamel pupucuk kimawon. Dene babaripun kula sumongga para swarjana ingkang karsa anguncupi cangkriman wahu. Katranganipun panjurung urun kula namung kalih pakecapan ing ngandhap punika. Leres lepat sumongga mitra kula mas.

Kados ta siti ladhu. Kula ngaturi tambahan sastra wingking. Wit. Nyuda purwaning wanda. 7. Dados purbaning tembung sangking dhuwit. Ingkang kasebutaken kadhendha. Sakati. Kula ngaturi tambahan wingking. Kelan. Nyuda purbaning wanda. Sa. Dados purbaning tembung sangking katikelan. Sampun namung punika. Mila kula boten ngaturi jerenganipunsadaya. Jalaran taksih cingkrang menggah ing kanalaran sarta kula dereng sinau gendhingipun wireng wanara.

Sinerat ing lemah bangbuda kaping. 15. Kaparing wawu sinengkalan

Myarsa wadi wisaning priyayi.

Katandhan suradi.

Kula nuwun

Ingkang manawi para lukitaning sastra karsa anaruwe dhateng kawekenipun ing manah kula. Mugi paringa barkah saserepan pataken ingkang sampun kula tanjakaken wonten serat pawartos punika. O saiba bingahipun manah kula. Inggih ta boten kalebet edi menggah ing pataken wahu. Nanging ing ngatasipun tiyang bodho kados kula punika inggih andadosaken parlu. Saugi sampun kula angge wicantenan saben-saben nanging dereng nyumerepi palajengipun ing tembung pu[] kados tatandukipun tembung. Ngalah. Punapa wonten bedanipun ka[] badipun saking tembung punapa : ngalah lan ngalah [] ga wonten ta tembungan punapa. Namung punika ingkang [] dhateng para prayagung wigyeng sastra. Itih.

Suradi.

Panjurung wangsulan

[] pirena miwah panuhun kula dhateng senapati wirya. Dene karsa paring sih kabecikan [] pun ringgit madya. Kados ingkang sampun kapacak ing bra martani tahun punika ongka. 2. Wondening patakenipun bab. Tunggilipun tahun ngisa. Punika. Sanadyan ing bramatani tahun. 1878. Ongka. 32. Kula sampun aprasadu. Ewadene kula inggih badhe anglegani ingkang dados karsanipun wahu. Sabab sampun merlokaken paring keterangan ing [] ken kula. Ananging sarehning kula punika sanget balilu. Mongka patakenipun durgama. [] saderengipun kula ngaturi wangsulan ing sasaged-saged kula. Kula neges. Kados pundi gumathokipun ingkang kadangu wahu. Margi saking pangraos kula te [] mantan punika taksih anyeluman.

Anjawi saking punika. Kula inggih taksih angajeng-ajeng sanget lumunture sihipun para sarjana miwah suja. Mugi karsaha paring keterangan dhateng panuwun kulla tunggilipun ingkang sampun katerangaken dening senapati wirya. Inggih punika ingkang kapacak ing bra martani tahun. 1878. Ongka. 28.
Ing betawi kaping. 18 januwari. Tahun ngisa. 1880.

Bagus jaka mubtadi.

// kinanthi. // ing nguni cariyosipun. Wonten sajunganing jalmi. Dunung neng jawa tengahan. Brengga rowa sugih singgih. Naming pakaremanira. Kasukan ing saben ari.// tungka-tungkul main kartu. Dhadhu kowah lawan ceki. Tan mawi pilih panggonan. Tan mawang-mawang sujanmi. Supe awisan nagara. akur tyang kaajak main.// nanging saben main kertu. Jalmaku kerep kajodhi. Awis-awis unggulira. Nanging tanedya ngembani. Ardaning wardayan dadra. Tanedya pisian ngunduri.// wirang kawilang penakut. Kayatna nira kadyeki. Suda kaprawiranira. Daten kawilang priyayi. Puwara jalma punika. Dadya dhedhek sothal sathil. // kendel denya main kertu. Wit kesian picis abis. Ing batine ngongsa-ngongsa. Tan narima ing papasthi. Wirang kapanggih ing liyan. Lamun tan kasukan main.// sugih singgihe pan larut. Mata bendhanira gusis. Tambah-tambah sugih utang. Saben dina wong anagih. Jalu estri lunga teka. Mangkana ari sawiji.// jalmeku angrangkul dhengkul. Ngekes pitekur amikir. Mikir ing salira nira. Dene ko kerep kajodhi. Kacongah temen wak ing wang. Teka wis tan duwe dhuwit.// akeri temen manganku. Wus suwe tan nyekel pinci. Kaniaya gusti Allah. Megat kelangenan mami. Mangkana sotaning driya. Ing ratri arsa nanepi.// aneng pakuburan agung. Yata ing latri lumaris. Jalmeku mring pakuburan. Prapteng kuburan pribadi. Lajeng denira maminta. Maring kang sinare sami.// kadyeki pamintanipun. Dhuh kang pra sinare ngriki. Kawula suwun kang berkah. Unggula geningsun main. Ceki lawan dhadhu kowah. Benjing ulun nyekar ngriki.// yata samadyaning dalu. Sang jalma kpati arip. Mbak ser rem-rem satanendra. Wonten swara kapiharsi. Heh thole sira muliya. Sedyanta ngong wus kadugi.// age adola omahmu. Dhuwite karyanen main. Masthi sira bakal menang. Garegah sang jalma tangi. Lajeng dinira gal-enggal. Mulih wus prapta ing panti.// gya wawarta rabinipun. Sesuk andhol omah iki. Dhuwite bakal sun karya. Pawitan kasukan ceki. Wit ingsun wis antuk []. Mau bengi ingsun nepi.// rabine sarju anurut. Yata kawuwusa enjing. [] amande griyanya. Pajenge sawidak rispis. Dheweke mondhoping tongga. Gya []nya ngulem-ulemi.// ing konca kaajak kartu. Tandya wus pepakan sami. Lajeng []denya kasukan. Tan pegat ing siang ratri. Sriu denya ngetoken lamat. Nging meksa kerep kajodhi.// lagyantuk tri ari putus. Telas artargi ning panti. Sang jalma kasru sungkawa. Ngo [] pangaling poyang-paying. Kadyeki sasambat ira. Adhuh la eawak mami.// tiwas mondhoping dhuwit mamprung. Apa ngong salah pamyarsi. Mecane dhanyang kuburan. Becik sun tegesne maning. Luwung mati awak ing wang. Lamun kapegatan pinci.// yata kawursiteng dalu. Jalmeku mring kuburan malih. Sapraptanireng kuburan. Lajeng denya andermimil. Anuwun pangestu nira. Kang sampun sinare sami.// unggula anggenya kartu. Yata samadyaning ratri. Ana swara kapyarsa. Heh mas babo putu mami. Turuten saujaring wang. Anakmu irupna picis.// amekna utang den gupuh. Ing cina utawa wlandi. Yen wus sira antuk arta. Karyanen pawitan main. Pasthi menang bae sira. Kaget sang jalma gya mulih.// ing in gjing ira kawuwus. Sutestri ameng satunggil. Sampun ing ngambilken utang. Marang kyahi babah toki. Angsal arta slawe rupiyah. Lajeng denira angemprit.// marang ing kalangan agung. Ing enggon kasukan ceki. Sarwi cahyanya sumringah. Mengangah prapaneki. Jalmeku sampun angasta. Ing kartu lajeng amain.// mrawet genya ngocok kartu. Awerit genira mirit. Angancar genira mencar. Dhepaplang senggak yen banting. Yayah warkudara kurda. Duk banting patih sengkuni.// datan antara lagya []. Main sadina sawengi. Aputus malih jalmeka. Telas arta sing bah toki. Sakalantrut nityanya. Palarasan mundur mulih.// sapraptha pondhok angadhu. Dhuh la e mati [] kyahi. Anak muwung neng pacinan. Oleh dhuwit tlus werispis. Wus ingsun karya kartu. Wus putus mene wus enting.// dhuh nyahi priye budimu. Rabine aris nahuri. Dhuh [] budi napa. Kadarma pun semanten kyahi. Lakine sugal sahurnya. Sireku kaya wong [].// mari-mari ingsun penthung. Tan pantes karung ngyeng kuping. Ujarira kang kadyeka. Dadak jalma tan darbeni. Sambudi kang kaya sira. Rabine duk amiharsi.// gumeter sariranipun. Therotholan nyahuloni. Mirsa semune lakinya. Taksih tresna marang pinci. Dhuh lakiku atur kula. Nepiya malih prayogi.// neges ing kuburan agung. Kaping telokena nyahi. Kantenan dhawahing tita. Lakine lejar nahuri. Lah kok iya iku bisa. Sira run-urun pambudi.// yata liya malih dalu. Jalmeku anepi malih. Aneng kuburan maminta. Ungtule genira main. Madyaning ratri kapyarsa. Ana suwara dumeling.// heh mas babo putuningsun. Welas temen sun ningali. Ana dayanira malih.// pasthi bakal sira unggul. genira kasukan main. Rabimu amekna utang. Pasukna cina welandi. Dhuwite karya pawitan. Gonira kasukan ceki.// masthi untung aku tanggung. Tuturing sun wingi-wingi. Iku mung nyoba kewala. Wus lumrah sagunging jalmi. Yen bakal ton panugraha. Kudu cinoba rumiyin.// kapingungunen gya wungu. Nulyenggal denira mulih. Sapraptanira ing wisma. Awawarta maring rabi. Dhuh nyahi ne-mene bakal. Masthi unggul gon sun main.// dhanyang

kuburan wis tanggung. Wanteyan pamysara mami. Mahu bengi meca mring wang.kinonadol mring sireki. Marang ing cina walonda. Dhuwit kinon gawe main.// heh kapriye pamikirmu. Bakal ingsun leksanani. Penjalukku marang sira. Mene lakonana dhingin. Mengko yen wis ingsun menang. Inggal sun tebusi malih.// nadyan nikeli ping telu. Nebusi sira kadugi. Ujar bakal sugih reyal. Awit menang ku wus masthi. Aja ingkang kaya sira. Nadyan gendhuk sun tebusi.// kelawan iku omahmu. Iya bakal sun tebusi. Nadyan nikeli ping tiga. Jer iya sapisan iki. Wus pinasthi ingsun menang. Ujarte dhanyang ing ratri.// rabine dupi angrungu. Ing sabdanira kang laki. Bebek sungkawa ing driya. Nurut susah mampang ajrih. Puwara kayatna nira. Lumrah susilaning ngestri.// lir sarah neng samodra gung. Lumimbak purbaning laki. Kapindho ing tembe wuntat. Masthi menang den tebusi. Lajeng sered sahurira. Awit sru kabyatan kingkin.// oo samongga karsanta kyahi. Manut ing sapakondika. Nedya susila katengong. Jer estri yen alenggana. Tan manut reh ing priya. Papacin[] kapinangguh. Lakine suka miharsi.// lah ya mengkono bok nyahi. Iku utame[] ta. Nut sapakoning lakine. Yata kawursita enjang. Jalmeku lan rabinya. Dandan[] mring kampung. Pacinan pan sampun prapta.// lajeng anjujug ing pantining. Juga juraganing cina []. Tan pamicarano yen yen arsa adol rabinya. Karya gundhik twin inya. Babah cina la[]. Wus asung ing arta nira.// kathahnya sawidak rispis. Katampen marang lakinya. [] nya laju mring senthong. Pantining juragan cina. Kinaya babu inya. Tandyalakinya wus mantuk. [] mulya jumujug marang.// kalangan kasukan main. Lajeng denira kasukan. Tan ajrih pitotohane. Tuwin denira bakkahan. Cekine lan jagowan. Pinerang totohanipun. Awit ing kayatnanira.// ngesthi lamat duk nanepi. Wangsite dhanyang kuburan. Pinesthekaken menange. Kapindho pribadira. Wus sawetara dina. Tan sarawungan[] mantyan ing kangenira.// mangkana denira main. Angsal sawetara dina. [] rattrine. Nging meksa asor kewala. Kerep kajodhi nira. Ceki nira arang metu. Mesum parahupanira.// lumrah yen jalma kalindhuh. Dhasar atajing ing nendra. Ulan suntrut awak ngrogok. Puwara lagya tri dina. Putus arta sing cina. Dadya sira sang jalmeku. [] netoken sing kalangan.// jalmeku udrasa mijil. Mijil waspa turut marga. Tan buh tan buh ing polahe. Yun mantuk tan darbe wisma. Yun katemu rabinya. Sang cina asru tan asung. Dadya sohsoring mandira.// kalangkung kawelas asih. Lungguh neng soring. Mandira. Pitekur ngrangkul dhengkule. Kang kacipta ing wardaya. Solahing kuna-kuna. Nedya kasengsem ing kartu. Ngenirken somah lan omah.// kang ingukir jro pamikir. Nora talah kyahi dhanyang. Kang aneng kuburan kae. Gone wawarah maring wang. Krungweng wang wanteyan. Mengkene ing dadinipun. Apa si dhanyang keparat.// iya becik mengko bengi. Sun temonane si dhanyang. Iya rasakena bae. Yen nora satuduh nyata. Maring ogamanira. Tateleyan jaluk pisuh. Dhanyang kang mengkono ika.// yata kang wursiteng ratri. Jalme kuwuneng kuburan. Lajeng denira anclemong. Mangundhat angundhamana. Heh dhanyang kaniaya. Aweh tutur tanpa kusur. Aweh kabar ambelasar.// aweh wangsit ting palesit. Omahku kena wong liya. Lan anak bojoku karo. Padha ana ing pacinan. Sun ambilaken utang. Awit gugu ing ujar[]. Lah kapriye wusananya.// tuduhu ingkang sayekti tandyalakinya denira manguman. Nulya ana epek-epek kewala datan pa tangan. Tan mawi gembung badan. Ngerpepek ing lampahipun. Neng ngarsane sang jalmeka.// sang jalma waspada ngeksi. Sarwi mireng ing swara delinge sang epek-epek. Heh saiki rasakena. Kawruhana denira. Nguni singgih sugih ingsun. Ngungkuli ing pakenira.// heh dadi mengkene iki. Kari pek-epek kewala. Awit ya ing darunane. Kasengsem ingsun kasukan. Tan ana dina gothang. Sawusing mojar kadyeku. Sang epek-epek gaya musna.// sang jalma sattinggarimin. awake pating pengkarak. Gethoke pating pengkorok. Lajeng denira lumajar. Playune nasar-nasara. Awit wanci maksih dalu. Meh kacepeng ing tyang jaga.// salajengnya dados tani. Jalmeka mari kasukan. Ketang pacuh epek-epek. Titi sandrat arisoma. Jan wari lek sangalas. Sewastha tus wolung puluh. Katandhan mas lintrik condra.//

Ongka kaping: 7

Kemis kaping. 12. pebruari
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Panjurungipun pe. Ge. Salugu. Boten kapacak awit suraosipun namung badhe anandukaken tembung panguman-uman kemawon menggah parikan punika pamanggih kula sami kalihan tembungipun lare dolanan dados boten wonten awonipun. Sanadyan kapiharsa wonten ing ngarsa dalem kadosta mas. Bilih sampeyan kakarsakaken angringgit punapaa inggih dupeh wonten ing ngarsa dalem sampeyan boten angwedalaken banyolan punika pamanggih kula mas dene bedanipun pamanggih sampeyan wahu. Punika anelakaken kulina sampeyan dhateng bongsa awon. Saemper sampeyan inggih amestani. bilih kula boten angaosi dhumateng panjenengan dalem sang nata. punika sampeyan lepat suwatu sampeyan kula aturi anguningani. Bra martani ing tahun 1878 ongka 16 tuwin ing tahun 1879 ongka 36 lan ongka 39 saestu sampeyan lajeng kaweleh.

Katur tanggal kaping. 1. Wulan mulud wawu sangkala tinengeran terus luhuring sarira gusti.

Juru ngarang.

Surakarta

Sampun ngajengaken setahun panggarapipun kagungan dalem sasana sewaka. Sasana parasdy. Utawi sasana ondra wina. Nanging kula dereng mrangguli tiyang angwartosaken garapan wahu ing ngriki. Pramila ing mangke kula cariyosaken sawatawis ing seserepan kula.

Ingkang kenging kawastanan sampun dados kagungan dalem sasana sewaka. Utawi sasana parsdy. Menggah kabagusnipun sasana kalih wahu boten susah kula pratelakken kathah-kathah. Cekakipun ing saweneh tiyang manoni. Saestu boten wonten tuwukipun ing panupiksa. Wondene sasana ondra wina ing sapunika sawek pasang marmer. Ugi meh rampung.

Antawis sampun tiga utawi wulan laminipun malah kantos dumugi ing sapriki dereng sob-sob anggen kula andulu untapi[] tiyang jaler estri kathah sami manggul buntelan. Kacihna saking panganggenipun sarupi kados titiyang ing monca praja. Boten antawis dangu kula aksal sesserepan saestu boten nalisir saking pambatang kula wahu. Titiyang ing monca praja manjurung wedhi dhateng plataraning kadhaton. Iba sapinten gugunganipun upami titiyang manjurung sadaya kawica[]. Awit ing dalem sadinten-dintenipun tansah angili kemawon. [] ta ing saben mentas ngaturaken panjurungipun sampun tamtu lajeng sami pados gempilan sela marmer. Wonten kang pados ruruhan ron sawo pethetan ing plataran. Wonten kang pados babakan lo. Ingkang tumanem sangajengipun konten sri panganti kidul. Punapa malih nalika pantun ing lumbung silayur kapradhah. Kaganjaraken ing abdi dalem prajurit. Tiyang liyan praja ingkang sami manjurung wahu teka sami karaya-raya. Anggenipun ngupados pantun saking lumbung silayur. Nadyan amung antuk sawuli ing ngaji-aji. Lah punapa manfangatipun gempilan marmer. Godhong. Babakan tuwin pantun sawuli wahu. Kula pyambak boten mangretos. Kilap kadamel isarat punapa. Kula dereng pikantuk seserepan.

Toblas tobias kirang pitung dinten engkas. Ingelipun kagungan dalem sekaten wonten ing panggongan sacelakipun masjid ageng.

Iba-iba anggenipun sangsaya kathah para tiyang liyan praja ingkang dhateng ing surakarta. Awit katuju masa temen saged mangro ing kajeng. Sapisan kaleksanan saged manjurung dhateng ing palataraning kadhaton ngiras manoni rerengganing praja. Kaping kalih saged mirengaken ungelipun kagungan dalem gongsa sekaten ngiras anglencer ningali toko ing alun-alun sabara sawa gumelar. Ananging inggih dhateng sekatenan kemawon sampun [] tu wancinipun. Awit bilih boten kaleresan. Saestu inggih ing wektu sepi. Boten sumerep masaning tedhakipun anggening mriksani para bangsaning ngawiryia. Satriya sasaminipun. Ingkang mesthi aneng[] makan dhateng tiyang kang nembe tumingal. Sanadyan ingatasipun titiyang ningali sekaten boten mawi kapranata. Nanging manggening peperangipun pyambak-pyambak.

kadi denen dipun pranata. Suwawi kapyarsakna wiwit wanci jam. 5. Dalu andungkap enjing. Punika masa patingalanipun priyagung sinatriya. Prayantun ingkang pancen sumpun nyepuh panggaliyanipun sarwi kadherekaken garwa saha putra wayah. Miwah para ran pipingitan. Pamrihipun dereng patosa kathah titiyang ningali. Tur boten karaos banter. Menggah ing tutumbasan taksih mirah. Amargi tembungipun juru sasadeyan kadamel anglarisi. Konduripun wanci jam. 7. Enjing katungka dhatengipun sudagaran bakul sapanunggilanipun. Nanging dumugi wanci satengah sadasa kemawon kasesa mantuk jalaran yen kasiangen anggenipun badhe wade tinumbas. Lajeng katungka dhatengipun para titiyang dhusun ingkang gigriya sajawining kitha jaler estri tanpa wilis gilir gumantos kantos pukul. 2. Siang. Lo anggen kula anggelaraken wanci untapipun titiyang ningali wahu. Kasabab kula gadhah panginten. Tiyang liyan praja ingkang dereng angsal cariyo anggenipun ningali ingkang tamtu rak enjing tuwin siang. Tangguhan makaten wahu lepat. Awit rame-ramenipun titiyang ningali wonten ing wektu sonten kalayan dalu. Wondene bilih katanding kathahipun tiyang ningali kala siang kalayan sonten saestu geseh sanget. Prasasat manoni ngandhap kalayan nginggil. Margi bilih sonten punapa dene dalu. Punika byuk-byukanipun bongsa warni-warni. Mandar masaganing mriksani para satriya inggih wonten ing sonten utawi dalu wahu. Saweneh wonten ingkang dharat wonten ingkang sarimbitan numpak kareta. Wonten ingkang nitih titiyan kapal sarwi ginarbeg dening abdinipun ngubengi toko-toko. Sarta upami badhe sumerep raras kabagusnipun para satriya. Tuwin ayonipun para wanodya. Tuwin sajak kados pundi nengsemaken pyambak cara sala. Asrining pangageman miwah ruruh ing pasmon yekti boten kikirangan gagrak. Kapanggih angriku sadaya [] yen kamujadahan katretnja []. [] yan dalem kangjeng gusti pangeran adipati anom amengkunagara. Nadyan taksih timur bilih anith titiyan kapal. Pliketipun saestu anggumunaken. Menggah tedhak dalem ingkang tamtu yen sonten nitih titiyan kapal. Kapalipun mawi bulu-bulu. Kajajaran dening abdi dalem punakawan semut gatel ingkang ngajeng pyambak rare ngumur. 10. Tahun. Wingkingipun sangsaya ageng-ageng kantos dumugi tiyang sepuh. Rasukanipun sikepan pethak sadaya. Wondene ingkang ngampingi wonten pengkeran dalem abdi dalem emban panegar. Panji. Urdenas. Wondene ingkang anggrebeg pengkeran dalem santana dalem putraning para kangjeng pangeran riya. Mayor sasaminipun. Utawi panewu mantri lurah bekel jajar kapalan. Rasukanipun pethak sadaya. Saking kathahipun ingkang anjajari. Ngajeng pyambak sumpun dugi sakilen sitinggil. Sampeyan dalem gusti embok manawi sawek miyos saking sanadi. Wasana tedhak dalem dumugi ngajenging gapuraming masjid. Mangaler. Ing ngriku kocapa oregipun titiyang ningali. Kados gabah inginteran rebat angsal papan rumiyin anggipun mamrih sumerep. Titiyang ingkang nembe tumingal mesthi ngungun. Miyat mandher miwah wingiting sunaya dalem amrabawani ing sarira. Yayah murca kinedhapaken. Sarta prasasat titingalan ing dalem supena. Inggih punika saluguning ngawirya.

Waiyah gantya kinocapa bilih wanci jam 7. Dumugi jam 12. Dalu tikelan kathahipun tiyang. Rame utawi asrinipun. Awit ing ngalun-alun padhang trawangan prasasat rahina. Awit saking kasunaran prabaning dilah ewon. Suwawi kagaliya. Satunggal -tunggalan toko boten trimah nyuledi [] sadasa kemawon. Mongka tokonipun pinten-pinten [] la bilih tiningalan saking katebihan. Kumeluning kukus lir pendah wana kabesmi. Kajawi swaraning kagungan dalem gongsa sekaten inggih wonten malih laguning swara kapyarsa. Inggih punika swaraning musik. Amargi para tuwan ingkang kagungan toko utawi ngedegaken main tombol amawi musikan. Rehning para tuwan ingkang damel toko sarta ngedegaken tombolah wahu. Boten satunggal kalih kemawon. Dados musikipun inggih langkung saking samanten bragada. Wondene ingkang sami main armonekahan punika tokonipun encik. Yen tokonipun bongsa cina amung guguritan linut dening rebab kemawon. Suprandene engesipun damel ngresing pamyarsa. Wasana pyantun ingkang langkung ngajenging dhasaranipun sami kendel. Dangu-dangu malebet sarta tutumbas. 6. Pancen baut mulat.

Punapa dene bilih badhe sumerep priya ingkang nedheng tumambirangipun sarta gumagus kantos ngewak-ewakaken. Punapa malih bilih badhe sumerep estri ayu pancen sae katurangganipun nanging kewek agregetaken manah. Tur gampil jinawil inggih wonten saha boten kirang. Athuk pundi nalika kula mangretos sapisan gumun aningali toko salering panggongan gongsa sapton kilap kaleris sangajengipun pasowanen pundi. Kula kasupen. Punika ingkang kasade dhadhaharan warni-warni. Inuman keras inggih wonten saha rerengganipun toko inggih sae. Dilahipun pating kalencar. Ananging ingkang dhasar teka para wanodya. Semu makaten punika punapa ingkang kawastanan. Midadari tumrun saking kaendran. Awit anggenipun busana sami minthing-minthing. Mawi rasukan kabayak pethak kacu sinampirken pundhak. Pupuranipun lalamatan. Sareng wadananiipun kasunaran dilah melok-melok kados lumampah dipun encupa. Irungipun. Kathah priya angremet asta. Dereng sapintena dangu dipun leresan wonten neneman. Panganggenipun nyaleneh. Langkung [] saru. Masajeng widadari teka mangsuli. [] dadi sari. Ing ngriku kala [] lathi. Sarwi garunengan layakta. Dadi iki mahu ambetipun.

Wondene ingkang kula criyosaken wahu sekaten kang kapengker. Kilap sapunika. Nanging kula inggih sagah badhe ngwartosaken. Punapa ingkang kula serepi sekaten ngajeng punika.

Katandhan swaladara. Tukang ukir.

Cariyos dhusun para among tani ing rendheng punika

Sanajan kabar bra martani ongka. 5. Angabaraken ing kitha klathen jawahipun angrech. Ewadene padhusunan tanah pajang sukawati. Tatiyang among tani ingkang sami garap sabin taduhan sami kandhe panggarapipun jalaran kirang jawah. Malah-malah salong dereng saged nyebar wiji. Ingkang sampun myebar lajeng garing. Ingkang sami sabin sorotan sampun tanem wanci gumadhung. Sami asat toyanipun ngantos nela. Mongka sampun dungkap mongsa kawolu. Dados toya angangkat benter. Adat manawi pantun katanem mongsa toya benter inggih lajeng pejah lodhoh. Para tiyang ingkang sabin gadhu panenipun wiwit wulan sura. Tuwin wulan sapar punika. Boten katulusan jalaran kaparag ing ama mendhek. Wonten pawicantenanipun para tani ing salami-laminipun kados dereng sumerep tiyang sabin gadhu kaparak ama mendhek ingkang sampun kalampahan amanipun namung ansring gabug. Denten kasarasaning tiyang sami raharja pangaosing rejeki sanajan kalebet pajeng dereng patos awis sanget. Kilap ing pawingkingipun. Mila pamuji kula mugi parentah anggaliya indhaking pangupajiwaniipun para among tani. Bok manawi angindhaki katentreman.

Kumajegos-jegos

Cariyos lindhu

Ing dinten isnen wage kaping. 20. Wulan sapar warsa wawu punika. Salebeting nagari kabupaten gedhong tengen miyah padhusunan tanah sukawati kidul bawah sukaharja. Ing wanci jam pitu enjing tiyang sami kraos ebah ing siti namung sawetawis menut dangunipun sarta boten sanget.

Ing dinten jumungah pahing kaping. 16. Nembelas sawal ing warsa be ongka. 1808. Ing dhusun dilanggu mangidul sami kraos ebah ing bantala ing wanci jam. ½ 6. Enjing punika sanget karaosipun lindhu kantos kaelokaken dening tatiyang kathah. Saha radi dangu griya-griya ngantos mungel gumerot.

Ing dinten slasa kliwon kaping. 29. Wulan siyam tunggil warsa be wahu. Ing wanci pukul sanga dalu. Ing dhusun masaran bawah sukaharja. Kraos wonten lindhu namung sakedhap sarta boten sanget. Ewadene para gugon tuhon lajeng darbe atur dhateng lurahipun. Inggih punika [] pun kaum ingkang boten kenging mambet kutug tuwin lindhu. Awasta si[]. Amratelakaken takbiraning lindhu. Sarta tatu laksi [] ipun.

Aturipun bagus kaum. Kauningana ing sampeyan ki lurah [] lamating lindhu punika boten prayogi. Ingkang kapisan badhe [] ten banbenduning kang kawasa. Ingkang kaping kalih badhe wonten manungsa su [] king kapailanipun. Kaping tiganipun ngalamat wonten prakawis ingkang jalari kamlaratan tuwin ngantos dumugi ing pejah. Atur kula punika kawaton ungelipun parimbon tilaranipun embah amad kapidin. Punika ujudipun primbon kula.

Wangsulanipun lurah dhusun. Iya si amudhin layak temena. Wong kowe kaum amesthi wedi nglakoni goroh. Sabab bakal anandhang duraka. Seje karo sing dudu kaum ora weruh ing duraka luwih maneh ingkang kocap wong wong desa ing jelag iku parigel banget yen ngapus-apusi. Dadi goroh epis diler bae. Ora wedi ing duraka. Sanajan calathu wis diugeri kaya pathok tur kasipatan ing ngakeh. Iya sida main lambe.

Aturipun kaum kalih mesem kacemut. Sirah gundhul mawi kethu gela-gelo. O allah astaga. Inggih inggih ki lurah. Kula kengetan abdi sampeyan anak kula pun samadi. Kesah baberah dandosi griya. Dilalah mandoripun kacariyos tiyang asli jelag. Pembayaripun jangji saben minggu. Wekasan ngantos sadasa dalu saweg kabayar. Trakadang awan dereng dipun kintuni arta sangking tuwan ingkang iyasa. Aluwung pundi dipun purugi dhateng griyanipun ineb kori api-api tilem. Yen wicanten car-cor tur ngewedaken. Mila kang sami nedha arta rumaos wegah. Inggih talah tuwan ingkang mitados punika. Kados kirang tiyang. Aluwung dipun mandhorana sami walandi sanes sanes tiyang punika.

Lurah wangslanipun yaiku lumrah ambeke wong jelag. Lah kandhamu lindhu muhu apa ora nana barikane.

Aturipun kaum andengengek. 6. Inggih wonten ki lurah. Mongga ta sampeyan tingali ungelipun primbon kula.

Wangsulaning lurah dhusun. Iya weruh aku nanging ora bisa ngunekake aksara arap. Mulane pratelakna bae yen ana tutulake. Aturipun kaum inggih. Ingkang kapisan tiyang kedah sidekah sekul migana. Ingkang kaping kalih asidekah asekul wuduk ulamipun babon dhara ingkang ules pethak. Ingkang kaping tiga sidekah asekul golong amical batih. Lawuhanipun pecel sawungan lumancar. Jangan menir bayem mawi terong. Sarta tatumbasan ing peken wowohan ingkang pepak sekar konyoh kutug lisah sundhul langit.

Slawatipun satak sawe picis. Ingkang ngepung tiyang gangsal kaum. Lurahipun apitaken. Tegese satak sawe picis iku pira.

Aturipun kaum tegesipun satak punika satus sawe punika bimakna ngalam salawe. Picis wahu yatra. Dados satus salawe sen. Inggih punika gasal welas uwang kaping tiga. Gunggung. 45. Wang.

Lurah amangsuli. Iku unine primbonmu geseh karo primbonku ingkang kanggo saben satahun. Kaum jenek matur. E tobil teka wonten primbon nyulayani gadhahan kula ingkang sampun kathah kayaktosanipun. Sumongga sampeyan ungelaken kados pundi. Lurahipun mendhet almenak api kawaos ungelipun. Yen ana lindhu sasi pasa. Ngalamat ana duduka. Nanging iya pinaringan ngapura. Lawan ana manungsa kang katarima. Yen lindhu ing sasi sawal ngalamat manungsa susah ingkang ora bungah. Ingkang bungah iya ora susah. Yen lindhu sasi sapar najan kapailan manungsa kang miskin yen ingkang bisa tuku amasthi luput kapailan. Yen ana prakara amasthi ana karampungane. Bener luput wis gumantung ing badane dhewe-dhewe. Saben ana wong pasthi mati. Gusti Allah saben-saben nitah bayi lahir. Dene sidekah elan tutulake. Kaum miwah pangulu tobata marang gusti Allah nyuwuna pangapura sakabehing manungsa. Sidekahe panganan wowohan miwah olah-olahan kang enak-enak sega kabuli iwake wedhus siji. Tindhie satak sawe wang. Gunggung. 10. Rupyah. 5. Wang. Iku kabeh kapunjungna marang lulurahe yen kaum ora miturut amasthi kena pangupa drawa. Kaumipun ngadeg kalih garundelan heh primbon kena sibad ngendi ana kaum malah dikon sidekah. Layak primbon gagebengane wong arep anjelak.

Katandhan pun karsa sata.

Madiyun

Sakalangkung guning sokur kula dhumateng warabil ngalamina. Amargi saking pamawrat kula para abdi dalem tiyang alit ing madiyun sadaya. Menggah ing panggesanganipun kenging kawastani cekap katenta ing sarehning mongsa rendheng. Regining uwos kalebet sedheng. Regining palawija kalebet mirah. Bab tedha wahu ngantos kenging kaporog saking tiyang monca praja. Mila saben dinten tansah kula priksa lampahing tiyang ingkang sami candhak kunglak uwos saking madiyun kabekta mangidul kilap purugipun. Ajawi punika wewah gumun malih kula aningali ing lepen madiyun sawetawis kathah bahita saking tanah bangler. Ingkang sumeja lampah dadagangan kilap uwos pantun kedhele. Tuwin sanesipun.

Mila mila nagari dalem madiyun ing salami-lami kenging kawastani mirah tedha. Katondha boten satahun punika kemawon ugi saben tahun menggah kathah menggah kathah ing bahita saking bangler ingkang sumeja kilap dagangan ing madiyun. Punapa punika.

Wondening kawontenanipun pasabinan bab sadaya wiji tuwin tanem-tanem katingal bagus-bagus wontenipun jawah sedheng. Abdi dalem tiyang alit sami kasarasan. Kajawi punika wonten ingkang andadosaken resepeng paningalipun abdi dalem tiyang alit inggih punika. Margi-margi ageng ing salebeting kitha tuwin ingkang terus dhateng ing dhistrik-dhistrik katingal bagus sanget wangunipun margi anggeger lembu. Sanajan kaetang luber toya yen nalika tinrang ing jawah. Samongsa sampun terang lajeng gasing tur wedhinipun amandhes boten wonten toya ingkang kandhev ing satengahing waradinan. Ingkang makaten wahu anandhakaken sangking kencenging kangjeng parentah ingkang ngasta kawajiban.

Titi ing. Ma. Kaping. 6. Januwari. 1880.

Panjurung.

Ongka kaping: 8

Kemis kaping. 19. pebruari
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangan segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta
Budi wekelipun tiyang miskin arta
Kaleresan kalih tiyang sugih kang ambeg utami

Kula mireng wawertos saking saweneh mitra sampun sawatawis laminipun. Wonten satunggaling para tuwan ing nagari surakarta. Kathah parencanganipun tiyang estri. Sami dipun ken nyambut damel bathik. Wonten satunggaling rencang ingkang dipun ken angreh pandamelan wahu matur dhateng tuwan. Yen wonten satunggilipun priyantun kadugi tumut nyambut damel nedha nyambut arta. 60. Rupiyah sarta saseratanipun kapriksakaken dhateng tuwan. Sareng tuwan punika sumerep polaning seratan remen. Antawis sanes dinten ingkang sedya angupajiwa dhateng. Bekta weka tiga pasuson. Wancinipun kapara taksih nem. Panganggenipun pindha bongsa sudra. Warninipun rehning prayantun inggih kaetang limrah boten cacat. Pasemonipun taksih angungkuli katimbang janma ingkang dede prayantun. Dhateng jujug ing gadri wingking. Kathah pawestri ingkang bathik sampun wonten ingkang sumerep saweneh wonten ingkang sampun wanuh. Sami angancarani lenggha cacelakan. Wonten ing pambahikan. Pinuju tuwan ingkang darbe griya manguk ing kori wingking. Mireng gumremenging wanita ingkang sami nambrama. Tembungipun dara den ayu. Tuwan wangslu sarta ngundang pitadosipun utawi pawestri ingkang sampun pirsa dhateng prayantun sami nambrama wahu. Dupi tuwan mireng ature rencang ingkang sami bathik. Ingkang seja pados pakaryan dipun prenahaken palenggahanipunsaha dipun panggihi. Tembungipun cara jawi ngoko. Apitaken prayantun punika. Wasta tuwin ingkang paputra. Ingkang tinanya weca sanajan terah ing silagra. Saking kacingkrangan tedha badhe angupajiwa tanpa sarana. Mila nemah seja nyuwun pandamelan. Wangsulanipun tuwan punika. Yen bab pakaryanipun inggih sampun boten kuciwa nanging tuwan prakewed genipun matrapaken pakaryan. Dados boten saged angleksanani kabetahanipun prayantun punika. Awit kacariyos sawek tumimbal kaping tiga mongka pawestri badhe kulina saben dinten dhateng ngloji. Ing ngriku prayantun ingkang ambeg wekel sumingkir ing ulah salah katingal ardayaning manah. Boten manawi rumaos badhe kawadhaka ing priya. Sarta angres karaos badhe tinangisan dening atmajanipun. Dumados tuwan wahu kaejegan tepa-tepaning panggalih. Sakalangkung welas ningali rare sawek kumruwed. Ingkang taksih kedah dados rarembataning bapa biyung. Ing sanalika tuwan punika muwus angrarapu sarta anyukani pasagon arta. 20. Rupiyah kalilakaken kemawon. Namung meling suka pratikel arta punika kadamelia pawitan anyambut damel bathik supados kenging kadamel anguluri jajaning tanayanipun. Pawestri pamit mundur mantuk kalih luhipun darodosan. Saemper saking kapasuk ing manah rumaos angsal pitulung saking ingkang maha kawasa dene para tuwan darbe welas dhateng badanipun. Mongka jaman sapunika awis tiyang ingkang miskin ambekipun wekel ingkang limrah inggih lajeng anekat dhateng pandamelan salah. Langkung malih tuwan ingkang ngambek legawa pantes kapuji genipun welasan dhateng samining tumitah. Ingkang kalimhra tiyang darbe arta punika boten praduli dhateng tiyang miskin. Sanajan sami bongsa wonten paprenahaning wandu wandawa. Yen katingal kakirangan malah cepak dipun tutuh pun[] ting tindakipun. Pangraos aselang kemawon kogug sabab rumaos badanipun kacekapan sabarang saterah tumerah kados boten saged kacingkrangan.

Katur dinten salasa ping. 28. Wulan safar ing warsa wahu sinengkalan.

Trusdha maletik angesthi agung.

Panjurung pawertos bab pandung kacariyos untung.

Ing bra martani ongka. 6. Ing warsa punika. Wonten anyariyosaken rekaosing pakaryan jaksa ing ngawi. Jalaran kathah praka[] durjana ingkang dipun garap. Kados boten ing ngawi kemawon kathahipun prakawis dursila bungkik-bungkikan. Ingkang sampun kapirengan. Sanadyan ing bra martani sampun ngaturi papenget dhateng para wajib supados amrayitnana para dur brandhal remeh para kawogan inggih sampun boten kakirangan bab pulisi rondha patrolan sami dipun kencengaken. Punapa malih tiyang pakampungan sadalu anamtokaken dipun gugah rambah kaping sakawan. Sanadyan salebetung beteng yen nuju wanci ning tiyang nganglang. Swaraning kenthongan miwah tiyang gugah ing janma ing pakampungan angtos umyung. Saha sampun angsring kacariyos najan pandung ayam wonten ingkang kalampahan kaprawasa dugi ing pejah. Ewa sapunika manungsa ingkang ambek waraha sasaba sabenalu anggusiri taretepan. Ngantop banjang tiga tuwin banjang kalih sapakampungan kemawon. Sarta sampun boten mawi mawang ageng aliting prayantun tuwin boten ngamungaken tiyang ingkang sugih ingkang dipun angkah. Najan namung pangaos kalih wang jangji kalipa inggih lajeng dipun pondhut ing genjik pakabaran ingkang remeh kadosta genthong isi toya kadamel amirantosi tiyang lumampah yen kasatan timba pethetan jeram bali inggih sami dipun cangking gentho. Lah inggih punika kados jalaran cumepak panggenanipun. Wonten ingkang angeramaken pawartos ing kampung tamtaman sakidul wetaning atma suhartan. Wonten griya kampung watawis namung gangsal welas pecak kubuk. Punika kapandungan mawi kababah ewa denten pun pandung amanggih bagja angsal barang sela bok bilih titipan gadhahaniipun raden atma suharta inggih punika abdi dalem urdenas ingkang kacariyos sugih. Iba gumriyengipun nalika pun juti ambekta. Nanging sareng dugi ing griya ka[] rayatipun amargi angsalipun mandung [] dhikipun. Mengkah pandimering durjana anglangkungi. Pakabaran kagungan dalem [] bung selayur dipun bandrek kontenipun lajeng kawangsulaken kumunci ma []. Punika ingkang kenging kopi 61/2 karung lorak niyat bekta grobag. Tur ta empering lumbung punika dipun pondhoki tiyang ta[] payungipun bakul ingkang sasadeyan ngajeng kori braja nala. [] tiyang punika boten saged damel keterangan. Ing sanes dinten pamanipun kangjeng pangeran adinagara. Kalebetang dursila pandung medal jandhela. Angsal barang jene sela warni-warni. Sakinten pangaos 2700 rupiyah. Wonten ingkang kadakwa nanging dereng angsal katrangan. Ing mangke tiyang ingkang kadakwa taksih katutup. Wonten malih tiyang kapandungan patrapipun anyalawadi nalika dinten salasa marengi tanggal kaping. 14. Wulan safar wawu punika. Pangindhung ing pakuninggratan. Dados anunggil capuri ing purba nagaran. Wonten wulanjar wasta citra prawira. Ing wanci taksih enim. Gadhah anak-anakan angkat nama citra tenaya. Pandamelanipun kemasan. Mentas dipun angkat karabekaken inggal. Ing dinten malem salasa wahu bok citra prawira saanakipun jaler estri. Sarta sadherekipun wasta bok mas krama wilaga. Sami kesah jagong kilap tiyang mantu tuwin damel sanesipun boten terang dene ingkang dipun pqatah kantun atengga griya. Rencangipun estri wasta biyang tumbu. Griyanipun punika pisang salirang dipun wewahi emper malih. Kori leregan deling kemawon boten mawi dipun kancing. Rehning biyang tumbu kapiyambaken. Angajak panakawan ing pakuninggratan kalih ingkang satunggal lare alit [] sampun ragi ageng wasta pun sogol. Ing wanci jam. ½ 1. Kapanakanipun bok mas citra prawira. Undang-undang saking jawi dhateng biyang tumbu saha pitaken punapa suwungan. Dipun sahuri manawi suwungan. Ingkang taken inggih lajeng kesah. Bok manawi patakenipun wahu katarik sangking bi[] pun kang nama bok mas krama wilaga punika. Ing wanci jam. 4. Dalu biyang tumbu nglilir ketet dilahipun pejah sarta konten menga sawatawis tumunten nyumet dilah dhateng tongga sarta gugah pun sogol sareng sampun dilah kasumet kawistara yen kalebetan dursila. Dilalah biyang tumbu boten lajeng opyak sanalika. Upami lajeng ngalapur dhateng ingkang sami caos saestu lajeng kantenan lampahing durjana. Awit ing kori regol punika kalagi ing prajurit sarta pancen saben dalu katutup. Sareng sampun byar enjing pun sogol nusul dhateng ing kampung puspa kusuman. Suka pirsa dhateng bok citra prawira saanakipun tembungipun kengken biyang tumbu. Genipun tengga griya katiwasan kalebetan durjana pandung. Sanalika sagotrah sami mantuk. Wonten margi pun citra tenaya raosan kalih pun sogol [] lgarapanipun selut kagunganipun gusti kangjeng ratu ageng. Dipun dekek sakilening pethi.

Ing sapengkeripun biyang tumbu kengkenipun sogol nusul lurahipun. Tongga tapalihipun miwah sadherekipun citra tenaya nama mas lurah pawira sedira. Jaler estri sami tunggil bawah pakuninggratan. Sami anglayat pitaken punapa ingkang kenging wasana lajeng anuwensi kalih biyang tumbu. Sanalika ingkang katingal namung bantal tilas kabalengtrah ing pandung. Dene pethi utawi [] ku pasagi mawi lorogan miwah pethi benetipun bok citra pawira taksih kumunci sadaya. Sareng ingkang darbe griya dhateng alok pethi kabandrek barangipun telas-telasan. Selut kagunganipun kangjeng ratu pangaos. 3000. Rupiyah kabekta pandung. Pun citra tenaya lajeng kesah wiraosipun badhe ngupadosi dhateng pacinan. Bok citra pawira lapur dhateng parentah ing pakuninggratan nyuwun dhatengipun prayantun pulisi. Sadhatengipun citra tenaya saking kesah madosi. Wiraosan kalih sadherekipun [] wasta pun pawira

sedira. sabaB punika dhasar sadhe [] pun sami kemasan. Genipun wiraosan wonten pakiwan. Yen gadhahaniipun kandelan suwata. Ingkang dipun gantosaken badhe tumut kang lapuraken yen kabekta ing pandung. Sanajan gaginieman makaten punika angiba wonten pakiwan. Maksa wonten ingkang mireng inggih punika pun sogol punakawan ing pakuninggratan. Mila sareng prayantun pulisi dhateng inggih saestu gadhahaniipun pendhok wahu kalapuraken kapandungan. Sarta barang liyanipun warni-warni pangaos. 80. Rupiyah. 75. Sen. Kajawi salut kagunganipun kangjeng ratu ageng. Pun citra tenaya ingkang kasebut kaugeran. Boten saged amastani tiyang namung tiyang ingkang wanci $\frac{1}{2}$ 10 undang-umdash biyang tumbu punika lajeng katutup. Dumugi dinten punika dereng angsal katerangan. Dados punika kados paribasan tekek mati ulone. Tuwin tiyang kasonja baya. Tiyang pancep damelipun mriku nedha lisah griyaning sadherekipun nak sanak dumadakan mawi nguwuh biyang tumbu. Nanging inggih pantes jalanan kaleres kapenakan kalih bok citra pawira. Tuwin bokipun wonten ing ngriku. Wangsul pun kemasan ingkang ambeg guna. Yen cariyo punika tetes rak inggih boten badhe dangu angsalipun katrangan kagungan dalem selut wahu. Ti. Ti.

Ing bale karya arja kaping. 5. Wulan mulud warsa wahu sinangkalan ambabah buntu samadyaning dalu. Ongka. 1809.

Kala jumungah ping. 30. Januvari. Mas ngabehi sura prabawa ing kampung jaya diningratan akintun serat kartu pos wangulan dhateng tuwan. Ge. Se. te. Pandhorep. Ing samarang suraos bilih ingkang katumbas sampun boten wonten kasukanana serat-serat sawontenipun kemawon trimah. Angger sami reginipun kados serat tugu. Wasana ngantos tanggal kaping. 9. Pebruari dereng angsal katrangan. Menggah punika sinten ingkang badhe kadunungan lepat. Sanajan prakawis wahu remeh sanget. Ananging boten manawi ing tembe badhe damel kapitunan ingkang prelu. Mila ingkang kuwajiban mugi anggenetna supados sampun kalajeng boten prayogi.

Nalika setu jam. 9. Enjing tanggal. 25. Safar punika. Kula mantuk saking saos sadumugining kidul masjid ageng. Kapethuk priyagung sepuh anitih kapal mangagem cara jawi. Sareng kula kurmat ambikak songsong. Lajeng kumlawe astanipun ngandika. Bacuta bae. Punika andadosaken leganing manah kula. Dene kok karsa nanggapi sipta sasmita. Dados timbang kalayan pangajeng-ajeng kula. Awit sampun rambah-rambah kula ngurmati priyagung amtenar militer. Frepili jawi. Boten pisan karsa anguningani. Malah reka-reka boten mirsa. Punika anuwuhaken cuwaning manah. Mongka anggen kula kurmat wahu sampun ngangge tatenger. Lan malih mirit tataning gupremen kadosta sanajan jendral ageng. Bilih kaurmata tur namung suldhadhu kemawon lah kok inggih karsa nguningani kumlawe astanipun. Mila sinten prayagung ingkang karsa netepi leres pantes dipun pupuji ing kathah. Luhura satedhak turunipun.

Ingkang manjurung punika sgyarta ing bale arja

Ngawi

Ing nalika tanggal ping. 9. Wulan pebruari. 1880. Kula aningali anggene kagungan damel mantu bupati ing ngawi. Sarta kaleres paningal kula wahu. Panggih ing panganten saking rumaosing manah kula. Sarehning kula sampun asring-asring aningali wiwahan ingkang makaten wahu. Dados boten eram namung nalika dinten salasa wanci dalu kula wangslu aningali malih dhateng ing kabupaten. Punika taksih kaleres beksan tayuhan puanpa dene wirengan. 1. Gandrung. 1. Kethok. 1. Srangkat saking madura. Kula eram sarta gumujeng. Dene besanipun wireng madura wahu kados cina mancak boten timbang klayan warnining lare. Sarta prabotipun ananging ingkang kula erami inggih punika pradongga kalenengan. Awit boten pisangan angemperi yen kalenengan wahu kagunganipun prayagung tanah gupremenan. Sampun anyameni kados dene kagunganipun para agengt ing surakarta. Kados ing tanah gupremenan boten wonten ingkang kagungan kalenengan kados makaten bagusipun ing wangun punapa malih bagusing ukir ukiranipun sarta cet paraos tuwin rarasipun namung sakedhik ingkang taksih kuciwa boten animbangi klyan larasing pradongga. Inggih punika pasindhenipun nami pun L ugi sae ing warni boten anguciwani. Namung joget dereng anyekapi. Tan kados pun. G R ing surakarta. Wanci enjing kula lajeng mantuk. Kilap ing pawingkingipun.

Banyuwangi

Nalika tanggal kaping. 19. Wulan ingkang sawek kapengker punika. Wanci jam. 3. Dalu. Suldhadhi ingkang nama karja sampun ngamuk wonten salebeteng beteng. Sarana angangge dadamel sanjata. Ngantos angsal pepejeh tiyang. 3. Iji. Sarta anyakiti tiyang. 1. Iji. Sareng jam. 4. Enjing. Suldhadhu punika medal saking ing beteng. Ugi sampun samekta dadamel wahu. Tumunten tuwan kumendhan aparing priksa dhateng wadana kitha. Jaksa. Saha pulisi. Sawarnining griya ingkang pancep kangege pirantos anjagi tata Panjurung.

tentrening nagari. Sami kadhawuhan angungelaken tengara titir. Wondene papatih ing jaksa saha wadana. Lajeng rame-rame kesah ngupadosi sasarengan kalayan tiyang kathah. Sareng antawis jam. ½ 8 enjing. Suldhadhu punika sampun kapanggih andhelik wonten salebetung pemahan suwung ing kampung karta sari. Menggah tebih celakipun saking kitha dumuginipun ing karta sari wahu antawis wonten ½ pal. Ananging kapanggihipun suldhadhu wahu taksih katingal angregem sanjata. Sarta boten pisan-pisan bilih anedy a unungkul ingkang sarana aris lajeng kasanjata dening patih ing jaksa boten kenging. Tumunten lumajeng malebet ing griya pamondhokan ananging tansah kaungsir dening para tandang kemawon suldhadhu wahu lajeng malumpat ing pager. Sadhateng ing jawi pager kapanggih kalayan tiyang bekel nama jaya gada. Ing ngriku lajeng sami purunipun sarta pun karja ingkang ngrumiyyini wicanten makaten. // he he sira wong tandang saparanira. Payo ngakuha aglis. mupung jeneng para. Ing mangke maksih gesang. Jaya gada sru nahuri. Yen tambuh sira. Lungguh ingsun patinggi.// kang minongka bubundhele wong sadesa. Ing karta sari ngriki. Yengsun kang paparab. Mas bekel jaya gada. Balikan sapa sireki. Deprek sa sura. Oncat saking jro biting.// yen sembada nututa sira sun bonda. Karja duk amiyarsi. Ring wuwus mangkana. Lir sinebit karnanya. Jajabang lir wora-wari. Netra ngantirah. Kumejot punang bibir.// waja kerot lir pendah dityarsa mongsa. Sarya sru denira ngling. Mapa wuwusira. Dene kagila-gila. Kaya wong lanang pribadi. Ladak kumethak. Ngendelken yen patinggi.// mapa ingsun sira dalih lamun maras. Tandhing lawan sireki. Mapa sakarsanta. Ingsun teka sumarah. Sagendhingmu ing ngajurit. Padha prawira. Tan cuwa sun watawis.// wruhanira yen sira durung nupiksa. Ya ingsun kang kakalih. Kyat ing rat sukarja. Sirarsa bonda mring wang. Iya becik den abecik. Iki rasakna. Mimising sun kariyin.// gya lumepas mimis sanjata nya karja. Jaya gada ngendhani. Gantya ananjata. Kiyahi jaya gada. Lumepas mimisireki. Karja malumpat. Nulya nyanjata genti.// jaya gada kataman wastranya bedhah. Naanging maksih basuki. Karan bramastra. Datam tumameng ongga. Kaliye yen den tingali. Lir arya sena. Duk aneng dwarawati.// aprang ruket lan lan sri bupati mandura. Genti bindi-binindi. Tan wus kawuwusa. Ramenya denira prang. Kaliye wus satah sami. Suldhadhu karja. Kledhon denya ngendhani.// sira ira kataman bramastra timah. Niba jumeling siti. Sru den akantaka. Uteg nahya balabar. Datam kongsi pinigkalih. Suldhadhu karja. Lajeng denira lalis.// Mila saking pamuji kula. Kalayan tumuwuhing manah suhci. Para prayantun ageng mugi lajeng karsaha anggalih sarta anguningani dhateng lalampahanipun mas bekel jaya gada wahu. Utawi lalampahan ingkang makaten punika pancek kenging kaalembana ing ngakathah.

Menggah katranganipun pataken kula dhateng bagus jaka mutbadi bab tahun ngisa. Punika tunggilipun wonten punapa boten. Sarta kangege kala jaman agami punapa. Kula temen dereng sumerep boten pisan taken durgama. Damel tembung nyeluman. Namung jalaran dereng sumerep patraping tembung ingkang leres sae.

Sanadi wirya.

Nuwun kula pirsa ing salebetipun. Srat kabar bra martani tanggal kaping. 5. Pebruwari. Ongka. 6. Wonten mitra kula ingkang amedharaken tegesipun. Allah. Tuwin ngalah saklangkung andadosaken. Bingah renanipun ing manah kula. Rehning saklangkung bodho tuwin dereng mrangguli. Tegesipun tatembungan wahu. Anamung manah kula lajeng karaos judhe mengeng anggen kula madosi tegesipun uwin wernenipun. Kadimlankidam. Ingkang punika bilih para mitra kula kersa mitulungi paring katrangan babaripun tatembungan wahu. Tuwin werni wujudipun mugi aparinga katrangan.

Tuhu ping. 6. Sapar. Sinengkalan. Guwa sirna bramastra sekti. Kula pun mas tandha sanyata.

Atur panarimah

Sakalangkung suka pirenaning manah kula. Dene mitra kula sakaliyan ingkang sisilih nama kalahan utawi mas badra naya sami paring barkah seserepan dhateng kawekening manah kula. Ananging sanadyanta mitra kula mas kalahan sampun suka pratela sumingkir saking wiwicalaning bongsa lukteng sastra. Ewa dene kula inggih meksa kedah anerak papacuh ingkang badhe boten babayani dhateng ing kalepatan kula. Jalaran saking pangraos kula piyambak bab paringipun seserepan mitra kula sakaliyan wahu kados sampun anyeplesi.

Suradi.

Kula mitranipun. Suradi. Saking sanget kumaceluning manah kapiluyu ngaturi panjurung ingkang boten pisan maedahi. Awit saking anggen kula ningali panjurungipun priyantun kakalih ingkang sisilih nama mas kalahan kaliyan mas badra naya. [] sipun suka katrangan teng mitra kula pun suradi. Punika andadosaken kaengetan lalampahan ingkang sampun kala [] pati. Ngantos kalahir panggrunenging manah kula akanthi pangungun ingkang kados makaten.

I I sok mengkonowa bener kyahi mas kaum. Nalika nedredah karo kyahi mas wali. Prakara enggone angundhakake dhuwit sarakah ingkang ora luwih songka..25. sen. Teka direwangi regejegan anggelarake

cukeng warengkenging ati. Otot gumathentheng pandulon mantheleng. Sinantosan panganteping sumpah dhiri. Demi allah demi rasullah. Ora pisan sumedyo mikalahi. Trekadhang ngalah bae durung tahu strawungan wanuh. Heh. Iya wong dikon ngalah.

Abu airah.

Minta ganging aksama.

Bra martani ongka. 5. Panjurung saking boja nagara. wonten tatembungnipun walahualan. Punika bilih boten lepat saking tukang setre. Punapa boten prayogi katembungaken walahualam. Dados manggebeng makna. Allah kang luwih wikan. Awit tembung arab punika saking pamireng kula bilih kalintu khurupipun inggih sanes tegesipun. Mila tembung arab punika kengingipun kaserat sastra jawi manut wawenangipun ingkang nyerat piyambak inggih puniuka kawestanan sastra rekan kadosta tembung walahualam aksara ka punika lintunipun aksara ngain. Mila panginten kula santunipun sastra jawi bilih kaurut saking khurup inggih makaten. Walahualam. Ewadene nalisiripun pangaru-biru punika mugi sampun anjalari kalepatan kula.

Abu aiyah.

Anayogyani sarta minta ing para mitra.

Ing papungkasaning cariyos salebeting pustaka bra martani ongka. 6. 19880. Wonten anggitan serat sindhen badhaya iyosanipun kangjeng pangeran arya kusuma dilaga. Saking karenaning manah kula bok manawi ingkang manjurungaken taksih simpen panunggilanipun serat wangsalan iyasan ing kusuma dilagan. Mugi kapanjurungena supados mewahi rarenggan ing bra martani. Tuwin yen saged dados panggugah manah balilu. ka [] os cangkriman kacang kados anyenengaken wangsalan punika. Sarta [] sontan santun cariyos miwah laguning sekar. Kajawi punika kula nu [] teng para mitra ingkang sarju ing galih kaparingana panjarwa sindhen ba[] panupiksa. Namun kalih pada wiwitan kalih pungkasanipun.

// elaela. Karya truslheng resi raja. Teng pangeran arya kusuma dilaga. Lagaweng tyas sanitya samet sukendra. Kang sinuhun jeng sulta ing ngeksigonda. Karsa mundhut lalangan sindhen badaya. Mongka lambang sasmita basa srenggara. Marma mangke sumengka atur pustaka.// sanga prabu tedhak lawan para garwa. Maring taman sri wedari paripurna. Duk tumingak menget saniskareng cipta. Gagad bangun kataman asmara tontra. Tyas kalulun oneng ring sang padnisawra,. Tumameng jro tilam muwus manuhara. Citra bawa panengran peksi tidharsa. Aksamanta yayi marang dasih ira. Kayeng gita imamontra ing ngaldaka. Rehning semu katawengan tyas duhkita. Pungkas tambang sardula wismeng narmada. Kalimputan pangubayaning manjanma. Sida karya prabaweng maruta monda. Mangke sampun kalakon saliring karsa. Tepus pantikena bawonda supraba. Sokuring tyas suka rena panarima. Pus paruru sastra purwa ning rumpak. Garwa nata mendhak nembah ngestu pada.// mengkah wawangsalan ingkang kasebut ing nginggil punika mugi para ingkang rena karsa amedharakena. Tuwin dununing suraos ingkang kawrat kalih pada wahu. Sanadyan sampun gumelar ewadenten gen kula manah-manah maksa bundhel kemawon. Inggih saking kacingkranganing manah kula.

Katandhan mitranipun badra naya. Pun bodho druwo.

Ongka kaping: 9

Kemis kaping. 26. pebruari
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangan segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Kalebet kapitunan ageng para berag salebetipun kagungan dalem gongsa sakaten mungel awit siang tuwin dalu tansah alelimengan saha kumriwis kemawon jawahipun nanging sawawratipun para tiyang alit padhusunan sarta tiyang saking monca praja. Ingkang sami aningali prasasat tawon medal saking tala uleng-ulengan amung prayantun surakarta punapa malih prayagung bongsa luhur boten montra-montra sami kalih kala sekaten tahun ingkang kapengker. Kathahipun ingkang karsa lelangen ing sakatenan margi inggih saking gungging jawah ingkang nguciwani. Wondene pranayan pangreksaning tata tentrem ing lebetipun sakatenan punika kangjeng parentah ageng anyantosani. Awit sawernenipun prayantun polisi ingkang kaleresan lagi. Sadaya boten kenging kendel kedah mubeng angroندhani gentos-gentos angulataken bilih wonten tiyang awon mowor sambu tiyang ingkang aningali. Sumeda nandukaken canglunging tanganipun utawi ananggulangi manawi wonten tiyang ingkang anglampahi panerak ingkang kasebut undhang-undhang. Kadosta tiyang anumpak kareta sarta kapal sasaminipun tuwin mangangge ingkang dede wawenangipun punika sadaya prayantun polisi ingkang kawogan anusuri. Amila salebetipun sakaten katingal sidhem meh boten wonten lampah ing durjana seler utawi nyebrot dados para ingkang aningali kenging kawical tentrem boten tansah anoleh kandelan saha angemek-ngemeki lempengipun ingkang cumlorot prasasat sunaring diwangkara kimawon.

O. O. toblas kok ngantos sumlengeren nun anggen kula aningali panganggenipun para sudagarglawiyan tuwin kauman ingkang warni mas inten saking kathah tuwin ageng-agengipun meh sirna wujuding pangangge. Amung katingal amyok malah nalika sakaten sawek mungel kalih dinten kula anyumerepi tiyang wawangunan ugi kados sudagar. Kula pitaken dhateng pamitran kula. Wangsulanipun punika tiyang nusupan lah punika andadosaken senenging manah. Awit tiyang wahu pamawang kula bok manawi saking bingungipun anggening badhe angungkuli sasaminipun margi anggening ngangge timang lerepipun kiwa tengen mawi inten sadaya. Karsetipun sajempol gedhweng wonten ing lempeng. Ah punika teka saged adamel sukaning para ingkang ningali. Awit mawi anandukaken tenaga kenes anggening lumampah bokong nyenthy. Dhadha mongal tumapaking suku anut irama ungelung armonika. Sareng lampahipun dungkap ing gapura. Dipun lokaken lare. Lare makaten lalo lalo. O sipat kuping anggening lumajeng. Sanalika wahu sirna larasing lampah. Sareng dumugi ing pinggir ngenger-ngenger meh satengah jam boten wicanten jalanan wedaling napas taksih kumrusuk sarta bokmanawi kaget anggening kaelokaken wahu.

Boten negari mawon ing kutha klathen kados kasebut ing ngandhap punika. Ing saklebetipun tahun punika. Kula gumun sanget dene salebetipun kitha klathen sakelangkung kathahipun tiyang durjana. Kenging kawestanan meh saben dalu mawon wonten ing saklebetipun wulan sapar tuwin wulan punika. Kathah ing tiyang ingkang sami kepadungan kadosta ing griya kamar bolah [] nging lamponipun dhudhuk tuwin ing dalemipun tuwan dhokter ugi wonten namung barang remeh ingkang kapendhet ing durjana. Tuwin ing griyanipun pak saliman ing kampung sida wayah. Kenging pangaos. 22 rupyah. Pawira dikrama kampung ngepos ugi kenging pangaos. 190. rupyah. Babahang dawiji ting. Ing kampung tawang rejakenging kapal tuwin lembu nyatunggal iji. Babah tan long cae ugi ugi tawang reja. Kenging pangaos. 60. Rupyah. Griyanipun jadi meja kampung ngepos malih. Kenging barang pangaos. 9. Rupyah. Sampun telas-telasan margi sanget melaratipun sari krama ugi sami ngepos kenging barang pangaos. 4. Rupyah. Punika sadaya wahu ing sakaengetan kula mawon dene ingkang dadosaken gumun ing kathah wahu. Prayantun polisi boten kirang kenceng tuwin prayitna. Anggenipun mambengi lampahipun tiyang durjana. Suprandosipun

saking kathahing maling sampaun kados rebutan kemawon keng menawi lami-lami kados mekaten mawon [] kados pundi dadasipun saka iba susahipun keng sami kaecalan wahu. Suswatir.

Inggal a[]suli panjurung supados kasumerepan.

Dahad andadosaken suka senenging manah kula jalanan gen kula maos bra martani ongka. 7. Ing wulan warsa punika. Wonten panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama swaladara tukang pangukir. Anyariyosaken bab karsa dalem ambangan kagungan dalem pandhapi ing sasana sewaka. Kagungan dalem paringgitan ing sasana parasdy. Kagungan dalem pandhapi kidul ing sasana drawina. Miwah anyariyosaken pangkat patrapipun ing nalika ungelipun kagungan dalen gongsa sekaten pendhakipun wulan mulut punika. Saha ing tembe badhe anyariyosaken punapa ingkang dipun sumerepi malih. Ingkang punika kula jumurung awit anambahi rarengganing cariyo namung bab tatiyang ing monca praja ingkang sumedyo manjurung anglap supangat barkah ing narendra punika andadosna pamirsa. Sampaun boten kalilan jalanan sampaun meh rampung pamasangipun marmer. Dados pun wedhi sampaun boten kangge ing damel. Malah manawi boten kalintu sampaun salebetung wulan [] jilipun undhang-undhang kendelipun bab panjurung wahu [] ken wonten kagungan dalem kori praja nala. Mila [] ing ngamonca. Ingkang karaya-raya sangking seja manjurung iyasa dalem sarta andrenging manah badhe sumerep ing kadhaton. Nanging sami boten saged kalaksanan.

Mila kula cumanthaka tumarutul amanjurung ingkang sampaun kula cariyo saken ing nginggil wahu. Supados para ingkang maos kabar punika. Sageda nyerepaken dhateng tiyang alit ingkang kalebet wawengkonipun. Ingkang kapisan tiyang ing ngamonca sampaun dipun parlakaken boten angetang rekaosbadhe kacuwan sejanipun. Tuwin bok manawi dumugi nagari. Kalajeng lampahipun trunyak-trunyuk manjing kadhaton saestu kenging awisan. Inggih leres ing kori braja nala ler kidul sami dipun jageni. Sampaun ngantos tiyang monca wahu kalajeng lumebet. Punapa malih bok bilih tiyang monca kenging kabujuk ing para juti ingkang parigel damel wenganing kanthong. Kajawi punika mugi mitra kula swaladara tukang pangukir. Sampaun ngantos kalintu ing panggalih. Kula nyuwun serep tembungipun ingkang kapacak ing bra martani wonten prenah godhagan kering. Ing larikan pungkasaran mungel makaten. O. langkung malih yen kamujadahan katrenjuh anggeling tedhak mriksani sampeyan dalem kangjeng gusti pangeran adipati anom amengku nagara. ingkang kula dereng mangretos tembung kamujadahan katrenjuh punika. Tegesipun mujahad wahu kados pundi punapa angadhai teges kapanujon. Tuwin kaleresan mugi-mugi mitra kula ambarkahana. Saha sampaun ngantos kalintu ing panampi. [] mastani kula anjegong nyengkolong punika boten pisan-pisan. Sedyaning manah namung seja angupadosi indhaking kawruhing sagadug-gadugipun. Tuwin anglap barkah ing para sarjana. Sanajan kula sampaun prasaja saosiking manah ewadene yen mitra kula anggalih kirang prayogi kula bingah sampaun kawangsulan atur kula punika katimbang andadosaken reneting pamitran. Sokur yen condhong ing pamanggih murih pencaring saserepan ing sawatawis. Ti ti.

Katur saptu ping. 3. Ing wulan rabingul awal warsa wawu sinengkalan mengeng.

Katandhan pun citra mengeng minta minta mangreti.

Sungkemipun tiyang angabdi ing gusti

Kula dipun cariyo saken ing pawong mitra. Yen kaprenah bapakipun paman dados abdi dalem mantri ing kadipaten anom surakarta. Darbe turongga sabrang prayogi pasikon saha sae lambe manah tuwin tangkepipun. Badhe katumbas ing para luhur [] rupiyah. Prayantun mantri wahu yen katumbas aturipun nuwun wo[]. Ewadene manawi remen gaduhanipun kapal kasaosaken kemawon. Sangking aturipun rumaos jalananipun saged numbas kapal punika sangking angsal berkah ing gusti. Rehning para luhur wahu boten karsa kaluhuran pambekaning prayantun mantri. Sanajan ing ngajeng sampaun ngandika yen remen dhateng kapal punika. Dados wande kakarsakaken. Saking pangungan kula dene sawek pangkat mantri kemawon kadugi nampi ka[]ta. 500. Rupiyah. Punapa sugih sanget wangsanipun ingkang cariyo saken. Inggih namung brekah gusti cekapan kemawon. Sangking panginten prayantun makaten punika iba sampaun darbe pangkat sanginggilipun mantri kados boten kumedhep amisungsung barang ingkang pangaos langkung punika. Para luhur genipun boten krasan peni wahu kados kagungan panggalih tepa-tepa dhateng tatiyang alit. Yen ngantos sakaecalan kapal pangaos samanten manawi dados rakaos ing pawingkingipun. Dados nagsal tandhing sami utami. Ti ti.

Kabar slasa kaping. 6. Wulan mulud ing tahun wawu sangkala tinengran weng[] asthining kawula. Katandhan badhe kangge sekatenan. [] pun para alit aruruba supados dipun sihi para ageng. []nika boten amargi saking ruba. Juru gubernur.

Ngawi

Nalika tanggal kaping. 13. Wulan pebruari. 1880. Ing banawi madiyun wonten ladhu toyanipun sakalngkung buthek sadaya mina sami pejah jalaran saking sepeting maripatipun. Ing ngriku teka andadosaken suka renaning titiyang ingkang sami mendhet mina. Margi sakalngkung gening gampil pamendhetipun. Janji tiyang adus ing banawi mantuk inggih nyangking mina.

Wondening mina ingkang pejah wahu. Inggih ageng alit kadosta. Wagal badher utawi papar. Sapanunggilanipun inggih kathah. Namung ingkang anggumunaken kathahipun urang. Tap-tapan ing pinggir. Kados sarahupan masthi wonten pangaosipun. 5. Sen. Ing peken waktu punika mewoh ulam loh. Sanes dinten ladhu katingal sanget sudanipun.

Nalika tanggal ping. 17. Wulan pebruari. 1880. Ing wanci tabuh astha sadaya priyantun sampun sami mirantos asowan wonten ing kabupaten saha mangangge agengan kampuhan. Sikepan baludir. Awit amarengi badhe amaringaken ganjaran sih nugraha. Warni medhali salaka dhumateng patih ing ngawi raden panji pringga kusuma.

Sareng wanci jam. 11. Kirang saprapat kangjeng tuwan A residhen. Presidhen landret kuntrulir. Utawi tuwan gripir. Rawuh ing kabupaten. Saha wahana ginarebeg para patinggi numpak kapal. Ing wingking kareta. Pa ing ngajeng. Pa dados. 16. Sareng dungkap ing palataran kabupaten lajeng kaurmatan ungelung monggang. Pradongga uluk-uluk. Sarta rumpuling tambur. Saha mariyem kaping. 3. Para priyantun ingkang sampun rumantos ing pasowan wahu lajeng sami lumebet ing pandhapi. Sasampuning tatabeyan kalayan ingkang bupati lajeng sami lenggahan.

Watawis. 1. Menut kangjeng tuwan A. residhen ingkang bupati lajeng andhawahaken supados patih majeng. Sareng sampun majeng. Kangjeng tuwan A. risidhen andhawahaken pangandika dhateng patih saha maos beslitipun makaten.

Raden mas toemengoeng dan priaie semoewa saia membrie bertau, njang derie beslutnja kangdjeng Governement pada arie 29 boelan december 1879. No. 36. Soeda tetepken njang Raden pandji Pringgokoesoemo Pattih die Ngawie, di brie koernijaken Medaille perak boewat tanda derie keradjinan, dan lamanja didalem pakerdjaan lebih derie 20. Taoen.-

Sasampunipun lajeng mendhali kaasta dhateng tuwan presidhen landret. Saha lajeng kapasang ing jajanipun raden panji patih sareng sampun sami lenggah. Pasugatan sesarutu. Minuman sampunye saha sanesipun sumaos nunten ingkang bupati agentos kundhisi. Suraosipun makaten. Supados sadaya priyantun ingkang sampun wonten ing pandhapi kabupaten sageeda darbeni setya tuhu saha bektinipun dhateng kangjeng gupremen kados dene raden panji patih wahu. Amasti kangjeng gupremen badhe boten kakilapan. Raden panji patih lajeng ngunjuk nuwun saha lajeng salaman kalayan ingkang bupati. Sarta tabeyan kalayan kangjeng tuwan A. risidhen sapiturutipun. Sareng samadyaning kundhisi wahu ugi kahurmatan ungelung mariyem sapisan sarta cara balen. Ing wanci jam 12. Kirang sakedhik lajeng bibaran kundur ugi taksig ginarebeg saka kahurmatan kados kala rawuhipun wahu.

Nalika tanggal ping. 12. Wulan pebruari punika. 1880. Ing bawah onder dhestrik karang anyar gendhingan wonten tiyang nami mangun semita kamisepuh ing dhekah tumang. Ical awit adus ing lepen banawi kakinten katedha ing baya.

Wusana tanggal ping. 12. Ugi nunggil wulan pebruari kinten jam 7. Dalu pun mangun semita pinanggih taksih gesang. Saha mung labet sawatawis. 3. Iji ingkang kowek kentol tengen. Pinanggihipun wahu kalebet aneh sarta anggumunaken. Wonten kancanipun wasta sajayagriya ing dhekah tumang ugi. Kaleres wonten salebeting griya sajaya mireng suwanten ing wingking griyanipun gereng-gereng sarwi sesambat dhateng anakipun. Sareng kaedali dhateng pun ta jaya inggih punika pun mangun semita ingkang wonten ing ngriku sarta wuda. Lajeng kapitakanan dhateng sajaya. Wangsulanipun mangun semita. Kala awit icaling boten rumaos katedha ing baya. Rumaosipun kaajal dolan dhateng ingkang angrehaken ing under dhestrik ngriku. Inggih punika raden behi. D. H. M. sampuning makaten rumaos kagendhong ing tiyang sanes kabekta miber. Lajeng kadhawahaken wingking griya kasebut ing ngajeng wahu. Ngantos samangke mangun semita taksih gesang.

Panjurung.

Mugi tiyang wahu amratelakna ing saleresipun adat bilih wonten lalampah makaten wahu lajeng kadamel jalanan pados-pados tedha ing padhukunan utawi ing panglarisan.

Juru gubah.

Kula sampun maos serat bra martani ongka. 7. Panjurungipun mitra kula kumajegos-jegos punika leres sanget konca among tani menawi sami dipun indhaki tedhanipun saking pamanggih kula pyambak inggih

tentrem awit lajeng boten kirang keng dipun tedha. Sarta wage treleberi dhateng sanesipun. Sumongga sami kagaliya leres tuwin boten kula mugi nyuwun pangaksama.

// kasmaran ulun umaksi. Panjurunge mitra hamba. Pun sabdayu panengrane. Kang kawrat pustaka kabar. Bra martani ongka sad bab pratima kang rinembug nguni tunggak wraksanongka.// ing ngukir denign undhagi. Dhapur pratima wanodya. Puwara gesang dadya wong. Mular taken lakinira. Juragan lan kemasan undhagi mwang sungging rawuh. Nguni kang asung prabotnya.// sadaya angaku rabi. Punika menggah kawula. Kang pantes dadya lakine. Daten liya ki juragan. Awit ingkang rumeksa. Marang kwiranganipun undhagi minongka bapa.// pun sungging biyung ngireki. Kemasan kadange tuwa. Dewa kang asung uripe. Minongka pangeranira. Nuhun atur kawula lamun wonten sisip ulun muhung nyuwun pangaksama.// dewa anglayung.

//oo// nembang durma musthi kacalung winawas. Nguni ingkang paparing bathara baruna. Mri jalma kang sutapa. Maladi pinggir jeladri. Calung musthika. Sangking telenging warih.// yen winawas musthi kacalung wawarah. Ing sakapti ning jalmi. Ywanta tanah arab. Iladuni wastanya. Mung beten retna lan tulis. Yata winarna. Nalikarsa udani.// kanang teja kang dumeling warna-warna. Teja amawi ciri. Leres kang winawas. Paruk araning teja. Warna kuning sulak wilis. Kang darbe teja. Kayuwa tulan warih.// lawan wonten teja sumunu katingal. Gilar-gilar awening. Cirine amarah. Ingkang adarbe teja. Narendra lan para wali. Yen mesu cipta. Nulya tejane keksi.// tuwin wonten teja malih katingalan. Dumilah manther wilis. Ciri karamaya. Ingkang adarbe teja. Santana satriya adi. Wilis sulak bang. Wonten malih kaeksi.// teja wening sulak putih ciri nira. Teja ingkang darbeni. Sagunging pandhita. Wastane pandhisata. Wonten malih teja keksi. Dumeling reta. Sulak ira nglelentrin.// ciri munya misuta araning teja. Kang darbe sagung jalmi. Yen amesu cipta. Banter tejane medal. Wonten malih teja keksi. Warnaning teja. Ramyang-ramyang dumeling.// selang-seling galer-galer cat katingal. Nulya cat tan kaeksi. Cirine amarah. Arane kanigara. Puniku tejane ngejim. Tuwin prayangan. Lelembut miyah peri.// puringisan teja biru lom ngelompra. Tejane wong madati. Ywan amesu cipta. Wit katresan sungkawa. Tejane grageyan mijil. Katunan madat. Aring satengah mati.// sampun kina kemina ing pulo jawi punika. Kerep wonten teja katingalan. Mila kula manjurungaken ambokbilih maedahi. Kula tengeri. Menawa luhur sarira iku.

Akaling tiyang estri

// sinom.. nagri bahdad kacarita. Wonten jajaka satunggal. Bagus warninipun sarta. Parigel amerak ati. Sami-sami anaking. Juragan onjo ing semu. Kados trahing ngawirya. Mangkana ing sajuga ri. Kaeja kasawek alenggah ing dhasar.// wonten prawan yu lumampah. Ngajenging dhasar anolih. Marang marang sira kae ja[]. Sarta ningali tebnging. Kori dhasar kaeksi. Wonten sese[] nipun. Wanguning sastra dahat. Prayogi mungel kadyeki da[] kalir akaling lanang.// yekti angungkuli marang. Ing akale wong pawestri. Prawan wahu dupi miyat.ing batos amuring-muring. Kamanah sahantawis. Lajeng ngunandikeng kalbu. Lah ya masa wurunga. Dadi guguyoning estri. Awit saking ing ngakalan akalira.// wekasan sira kapeksa. Angowahi ing unining. Tulisanta kang pratistha. Tebeng sadhuwuring kori. Prawan lajeng lumaris. Nunten enjingipun wangsl. Saening pambusana. Karendha inlen widuri. Asta kalih pisan mawi kinonyohan.// widajenar rum angambar. Rema ngandhan-andhan sarwi. Kaore angombak-ombak. Turut ing pundhak respati. Lampuhe mriyantuni. Luwes ing sasolahipun. Kairingaken para. Pawongan anggrebek wingking. Dyan lumebet ing warungipun ki jaka.// tandya rumesep alenggah. Kawes kedaling pandeling. Wilujeng panabdanipun. Bok sampeyan tumingal. Prayogining pasang rakit. Sarta lurusing badan kula punika.// punapa pantes yen tiyang. Aningali wonda mami. Anyawadi kirang raras. Punapa dene mastani. Kirang ayu prak ati. Miyah andakwa yen wungkuk. Cobi kawaspadakna. Saksana dhadhanireki. Tiningalen pethakipun tanpa timbang.// anunten malih wacana. Yen wonten ingkang mastani. Awon kukupitan kula. Lajeng ngatingalken malih. Asta gandhewa gadhing. Sedhep sariranipun. Tandya kudhung biniyak. Cahyaning wadana keksi. Sumunar lir ujwale wulan purnama.// sarta pangandika nira. Sinten kang purun mastani. Yening rahi kula risak. Amargi saking buburik. Utawi amastani. [] laina mripat ulun. Suwawi dika sawang. Kape jika amangsuli.inggih yektos bok ayu warni andika.// boten wonten kang tumimbang. Pancen satuhu respati. Lir hyang hyang ing ngendra loka. Tanpa cacat sarwa manis. Kula dereng amanggih. Saukiraning wawangun. Kados warni paduka. nanging kodhenging tyas mami. Lir anggasas cangkriman tan saged batang.// amung paduka kang wikan. Lah punapa ingkang mawi. Dene sarira sampeyan. Kadedahaken ing kami. Daten mawi sisigi. Geseh kalimrahanipun. Prasasat paripaksa. Masesa tiyang kapurih. Remen datan sinungan inah amanah.// kang kaliningan sahurira. Dika sumerep pabilih. Kula rare kang cilaka. Saking niyayeng sudarmi. Kumetipun nglangkungi. Kantos dados ucapiipun. Liyan nadyan samantra. Owel yen medalna picis. Dados sanget kacingkrangan samubarang.// boten ata sumapala. Kang kangele ulun pribadi. Kang mongka sudarma kula. Kathah barkate hyang widi. Sasami-

sami inggih. Kalebet rosa sawastu. Tan kirang samubarang. Juragan pitaken malih. Lah ta sinten inggih rama jengandika.// mwang punapa lenggah ira. Kang liningan amangsuli. Sudarma kula punika. Dados panguluning nagri. Sakathahing prayayi. Kabawah piyambakipun. Sasampuning wacana. Lajeng kesah tanpa pamit. [] wuwus sasotaning tyas kae jaka.// dupi tinilar anggana. Sasate awahe kang galih. Kala dereng kadhatengan. Kalih saantuking estri. Malah kadya rinujit. Bingung kamoran angungan. Awit saking kedanan. Tambuh kang kacipteng galih. Sanalika tan wrin pejah lawan gesang.//

taksih wonten candhakipun. Kinantunan saking kadipala.

Ongka kaping: 10

Kemis kaping. 4. maret
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Bra martani punika mawi wewahan.

Surakarta

Radinan ageng sahantawisipun kampung kemlayan kalayan kampung bobosan keleban toya saking kalen wondene jalaranipun makaten. Ilen-ilenan ingkang turut radinan ageng saleripun kampung bobosan kailen toya saking lepen awisan sareng ilen-ilen kagengen lajeng baludag mili mangaler. Anugel radinan andadosaken susahipun para tiyang kang langkung ing ngriku. Sarta jiji manoni susuker pating kambang katut ilining toya wahu. Mila priyantun polisi kula aturi anggaliha tumuntenipun dhahas awit margi punika kaambah titiyang kathah ing saben dinten.

Nalika sakendeling kagungan dalem gongsa sekaten. Yen dalu jawahipun rimis-rimis anaming ngantos lungse ing wanci. Ing wusana pagriyanipun Ka. Da. Ja. Ing kampung krapyak katamuwan jalma ingkang dereng nate kakaruh. Anggenipun mara tamu wanci dalu pinuju sirep tiyang. Anggenipun malebet ing griya sarana medal ing wingking sarta amengakaken sitining batur griya. Sareng sampun malebet sawek mendhet dhuwung satunggal tuwin barang remeh ingkang cumawis. Kaselak ingkang gadhah griya nglilir. Dados boten kadugen anggenipun sumeja angukudi barang ingkang gumelar. Saking watawis cuwa sanget tuwin tansah angonta-onta kalimpenipun malih. Mugi kaprayitnanana. Ka. Da. Ja.

Sanadyan gugon tuhon ragi adamel selang gumun nalika kaping. 1. Maret. Ugi ing kampung krapyak kieres pagriyanipun embah hartati. Punika wonten suwara jumeblus anggiristi. Lajeng tongga tepalih sami dhateng anglayat. Prenahing swara wahu kieres ing pawon. Sareng katuwenan menggah suwara kang jumeblus punika remuking genthong siti kang ageng piyambak. Dene remukipun boten sarana kagepuk ing tiyang. Sareng kapiyakenan sababipun remuk. Genthong wahu ing wanci pukul kalih siang dipun iseni toya. Sareng wanci jam sekawan sonten genthong lajeng remuk punika. Ing mongka genthong sampun lami watawis gangsal welas tahun. Saben dinten kaisenan toya boten punapa-punapa. Ingkang anggumunaken remuking genthong mawi mingser saking panggenan. Tebihipun kalih welas kaki. Tansah ginagas dereng kapanggih sababipun.

Satuuhu.

Ing dhukuh tegal sonya makam pasareyanipun kangjeng pangeran ariya balater ingkang kaping. 2. Ris kadhestrikan ing ngendho koripan kabupaten bayalali. Juru kuncining pasareyan ngriku wasta kyahi amad saleh. Kala kaping. 6. Wulan mulud ing warsa wawu punika. Rayatipun kyahi amad saleh wahu arencang rare lahir medal. 3. Iji. Sami estri sadaya. Bok amad saleh dalam anak[] sami ginanjar wilujeng. Punapa malih bok amad saleh wahu sampun kaping kalih punika anggenipun anglampahi rencang rare. Nalika rencang rare ingkang rumiyin medal. 2. Iji. Sami jaler. Nanging pejah sadaya. Wasana gadhah rencang rare malih medal tiga iji wahu. Dados gugung rencang rare kaping kalih yen sami wilujenga. 5. Iji. Nunggil titi masa [] wahu. Ing dhusun jragan ugi kadhestrikan ing ngendho. Koripan nalika wanci siang wonten swara ingkang adadosaken kaget sarta kumepyuring ngakathah. Inggih punika tiyang ingkang wasta. Jaya menggala. Agegriya ing nagari. Kampung tamtaman. Kadospaten anom wawan paben kaliyan raden prawira cundaka. Ing ngajeng tilas abdi dalem ajudan punakawan santana. Ugi griya nagari. Kampung timuran kampung naran pramila dados gegerring ngakathah jalanan jaya menggala anarik ngliga dadamel dhuwung. Ambek sura nglanggar dhateng raden prawira cundhaka wahu. Guguping tiyang padhusunan pun jaya menggala kalokaken ngamuk wasana katungkepan tiyang kang sami tandang tulung. Sarta dhuwungipun kenging karebat dening bekel ing jragan ngriku. Wasta. Tasemita. Yen ta sampun dhuwungipun tumunten karebat kados kathah tiyang ingkang kalampahan nadhang labet. Lo punika ing tanah gupremenan ingkang sampun kula serepi. Manawi wonten tiyang adamel gegerring ngakathah. Punapa malih adamel samar. Tamtu kaparingan pangajaran dening kangjeng parentah nagari. Langkung malih kados punapa jaya menggala. Ngantos kalampahan narik dhuwung kalokaken tiyang ngamuk sanadyan tiyang paben kaliyan rayatipun piyambak manawi ngantos anuwuhaken kagetong tongga tepalih.

Sampun tamtu yen kaparingan pangajaran suprandosipun lelampaahan ingkang kula aturaken ing nginggil wahu sadaya. Dhestrik ing ngendho ngriku boten pisan-pisan yen maeluwa. Langkung malih katur ing kabupatosanipun sampun boten.

Sampun tatela bilih priyantun dhistik kasebut nginggil punika. Boten sumerep dhateng bekipun.

Juru ngarang.

Betawi

Ing dinten kenis tanggal kaping. 19. Wulan februari punika ing nagari betawi wonten pasamuwan angurmati tingalanipun tahunan gusti kangjeng raja wilem ingkang kaping tiga ing nagari nederlan.

Ing beteng pendhem sadinten punika ngungelaken mariyem kaping. 101. Kaperang rambah kaping tiga. Jam wolu enjing. 34. Jam kalih welas siang. 33. Jam sakawan sonten. 34.

Ing wanci jam sadasa enjing kangjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral rawuh ing gedhong pasewakan ageng ingkang kasebut palis. Ngagem busana kaprabon. Calana pethak rinenda jene. Rasukan sikepan cemeng panjang binaludir ing benang mas byur. Karengga ing bintang grut komandhur ring ordhe nederlan seleyo. Ngagem salempang pandhan binethot. Amakutha jangkangan rinengga kresna nyamber lilen. Ing ngayap manggalaning prawira sakawan abusana kaprjuritan[] jarot tur sarigak-sarigak. Titihanipun rata guthaka rinenga[] rongga gung sakawan sami alesragem.

Saratining turongga miwah[]gecara walini[] welas.

Kasawang sarta ginagas gagas teka kados dene cariyosipun serat brata yuda kalanipun narpati ngawongga pagutung pinethukaken bima putra. Sarawuhipun ing palis lajeng lenggah ing kursi baludru wungu pinaraos wonten sangandhaping gambaripun gusti kangjeng raja wilem ingkang kaping tiga ing nagari nederlan.

Wondene saderengipun rawuh kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wahu. Ing palis sampun jejal para priyantun walandi miwah islam sapanunggilanipun. Sadaya sami busana pameran.

Sasampunipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral lenggah ing kursi. Para nayaka ageng kadosta nayaka ageng ingkang ngrembag samubarang prakawis indi nederlan. Wadana padilan luhur wadana pangadilan. Wadana paprentahan nagari. Wadana yayasan. Wadana wuwulang agami miwah kataberen. Wadana pangasilan. Senapatining wadya bala dharatan miwah lautan. Sadaya punika dalah sapanekaripun. Para bongsa luhur. Paras wija wara. Ahlul khukum. Tuwin pratiwa sanes-sansipun. Punapa dene priyantun islam sapanunggilanipun. Sami sowan ing ngarsanipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral. Angaturi pupuji lulusing kasugenganipun gusti kangjeng raja wilem ingkang kaping tiga ing nagari nederlan.

Sareng sampun mundur sadaya ingkang ngaturi pupuji wahu. Kangjeng tuwan ingkang wicaksanaguprebur jendral lajeng jengkar kondur ing dalemipun.

Ing dalunipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral bujana wonten ing dalemipun akaliyan para priyantun ingkang sampun kasebut wahu.

Wondene bilih ing dinten tingalanipun tahunan gusti kangjeng raja punika mawi wonten titingalan anggenipun mastani tiyang betawi *pasar gambir* mila dipun wastani makaten. Sabab ramening titingalan miwah kathahipun tiyang ningali kados pasar tembe kadegaken. Prenahipun wonten pojoking alun-alun gambir ingkang kidul kilen. Pasitenipun radi geneng sawatavis. Wiyaring papan kinten-kinten namung sadasa wengkal pasagi. Ingkang bing kilen kadegan palengkung ageng najeng ngilen. Karengga ing dilah gelas dhepok arintip kathahipun watawis gangsal atus. Ing tengah leres ing nginggil kapetha makutha tumumpang ing aksara walandi we. W. ngajeng wingking aksara punika kasukanan ongka. 1880. Sarta mawi karengga ing se[]gantal. Wingking palengkung dipun degi panggungan panjang jejer kalih sami mujur ngidul. Selanipun kasa[] panggungan malih mujur ngetan. Yen kasawang saking wetan katingal namung salajur. Na[]col. Ingkang moncol punika calon palenggananipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral sagarwanipun bilih karsa mirsani peken utawi sekar lalu ingkang badhe kagelaraken ing wanci dalu. Ingkang kakalih wahu sadhiyan para walandi sagarwa putranipun bilih karsa mirsani panggung punika raganganipun sarwa deling. Payon welit. Jarambahipun balabag. Pinajang pajang ing sekar gantul miwah bandera kursi. Dilah gantung sarwa sdi-adi. Ngajenging panggungan kasukanan bethek kalih lajur mujur ngilen. panjangipun kawan dhepa. Inggilipun sadhadha. Punika kadamel papanipun tiyang lumampah sukunipun dumugi gulu mawi kabuntel ing bagor ingkang adhapur kados kanthong. Bilih lampahipun saking pungkasaning bethek ingkang wetan dumugi kilen boten dhawah sarta rumiyin piyambak. Punika kaganjar sinjang utawi sembagi. Kiwa tengening bethek maju katancepan pucang kakerok kulitipun ayam dipun leleti kendhal. Inggilipun watawis nem dhepa. Nginggil kasukanan balengker wilah dipun cancangi sinjang. Kacu. Sembagi tuwin palangi. Punika karebat ing tiyang kathah. Sinten ingkang saged menek dumugi pucuk inggih angsal sinjang sapanunggilanipun wahu. Dene tiyang

sagedipun menek dumugi pucuk punika mawi kendharat katangsulaken ing pucang. Ewasamanten awis ingkang saged dumugi pucuk. Amargi lunyu sanget. Ing pojok ler wetan kasukanan gawangan ing nginggil dipun gantungi timba kajeng isi toya. Siliting timba kasukanan bolongan. Bolongan punika dipun sodor ing gantar dening tiyang numpak garobag katarik ing kapal lampahipun nyander. Menawi panyodoripun kenging lajeng kaganjar ing sinjang. Wetaning bethak wahu kasukanan griya panjang dipun gedhegi mubeng majeng ngilen payon welit griya punika kadamel ngeyubaken sekar lalu saderengipun kasumet. Ingkang bing kidul utawi eler dipun degi bango welit jejer-jejer gangsal sisih. Ingkang kidul kilen enggelingan musik mardika. Wetanipun enggelingan pencak. Ingkang nama pencak punika lare jajaka jogedan selat isthanipun tiyang perang tandhing. Mawi dadamel pe[] panjangipun sadhepa mengsahipun nyekel tekuk wujuding tekuk punika kados trisula nanging blimbungan utawi gilig panjangipun sasikut. Garan iras ingkang kadamel tosan tabuhanipun ketepung kakalih. Bendhe satunggal saruni satunggal saruni punika salompret kajeng. Wetanipun malih topeng. Inggih punika taledhek betawi. Ingkang joged tiyang estri. Tapih sarung. Kemberi wiyar dumugi pupu. Ngangge pending miyah kenaren kacunipun warni-warni kaslempitaken ing pending ngajeng kumlawer mangandhap tap-tapan kados wiron sinjang. Rasukan kathungan pucuking lengenan kados kajeng ngapupusan nanging badan katutupan kemberi ing pondhak tengen kasampiran kacu baludiran namung sasigar sisih pucukipun kaslempitaken ing pending. Gelang kondhe kakubengan karang melok ngangge anting-anting miyah gelang. Nyepeng kepet yen wi[] get ngangge topeng gunung sari. Lajeng panji lajeng klan. Bilih sampun ngangge topeng lajeng joged tanpa topeng. Sarta mawi badhut jaler ngangge topeng pentul utawi tembem. Katho[]sarta ubet-ubedian sarung tanpa rasukan bilih sampun sababak utawi kalih babak lajeng tanpa topeng. sindhen gentosan kalih taledhekipun dene gangsanipun namung rebab kendhang kethuk kenong gong nyatunggal. Wetanipun malih ronggeng. Punika inggih taledhek nanging kathah. Sami tapih sarung. Rasukan kabayak gelung kondhe nyepeng kepet dipun ajoni tiyang jaler kathah. Gentosan utawi majeng sakawan sakawan sarta mawi tombok sapurunipun tabuhanipun kados topeng wahu. Wetanipun malih inggih ronggeng kados makaten dene bango ingkang ler kilen enggelingan gongsa salendro sarancak katabuh angrarangin. Wetanipun kaenggenan raket saking banten. Raket punika joged mangangge kados topeng. Bilih raket ingkang sae panggenipun sarta kacariyosaken kados ringgit gangsanipun salendro sarancak. Wetanipun lajeng angklang-angklung punika gongsa bumbung mawi kendhang sarta kimpul ingkang joged tiyang jaler mangangge kados topeng wahu. Inggih mawi badhut nanging tanpa topeng. Wetanipun malih inggih angklung kados punika. Sadaya wahu ingkang[].

[] jaler estri anem sepuh lare bongsa warni-warni sakalngkung kathah. [] kapucang. Nyodor timba. Lumampah kabuntel kanthong bagor wahu jam sakawan sonten kajenengan dening asisten residhen pulisi sarta priyantun islam ingkang ngulungaken ganjaran sinjang. Ingkang lagi rumeksa reresah. Prajurit walandi kakapalan prajurit islam nyepeng waos sekaut ingkang lagi reresah mowor sambu. Para luhur kampung.

Kajawi titingalan ingkang sampun kasebut wahu wonten titingalan malih ingkang aneh. Endhas-endhasan tiyang aprikah saged micanten tembung warni-warni. Panggenanipun mawi bango ageng dipun gedhegi mubeng karangkepan sinjang. Wuwunganipun kasukanan titiyangan prajurit turki nganggar sabet. Ing ngajeng dipun sukanan gambar sirah sarta ngalamat sastra walandi. *Saja satoe kepala jang bisa bitjara segala basa europa dan lain-lainja dan menjaoet segala orang poenja pertaanja*. bilih tiyang ningali mawi bayar. Yen walandi satengah rupiyah. Cina satus. Tiyang islam sadasa sen. Dene endhas-edhasan wahu sampun jibles kados sirahing tiyang aprikah. Mawi godheg sarta brengos. Tumumpang ing saka pasagi inggilipun saelo. Kadekekaken sekar dipun kutuki. Mawi wonten ingkang dhalangi walandi satunggal nyepeng cemethi. Inggih punika ingkang cacan wicanten kalih endhas-endhasan wahu. Nanging suwantenipun lebet sanget. Yen sampun dumugi sarta tiyang ningali kapurih medal mawi dipun tabubi urgel sarta endhas-endhasan wahu ngrerepi.

Wetaning bango punika bango alit enggelingan menda gembel suku gangsal kaliyan suku tiga. Sukuning menda wahu ingkang sakawan inggih limrah kados sukuning menda ingkang kathah-kathah. Ingkang satunggal anyongot saking walakangan. Dhapuripun inggih ugi kados suku. Nanging welak sarta kapara alit. Ayam wahu sukunipun ingkang kalih inggih limrah kemawon. Namung ingkang satunggal medal saking dhengkul saemper siwilan. Dene ingkang gadhah tiyang arab. Manawi tiyang ningali kedah bayar tiyang satunggal gangsal sen.

Menggah tiyang sadeyan sakalangkung kathah. Nanging ingkang kasade bongsa tatedhan kemawon. Tiyang sade dolanan lare namung sakedhik. Ingkang sade unjuk-unjukan adi sami walandi. Tuwin cina. Ingkang sade sekul ulam panganan sapanunggilanipun sami tiyang islam sadaya.

Wanci jam nem sonten dilah sampun sami kasumet. Nanging katiwasan. Panggung ingkang ler kabesmi. Mraman dhateng panggung sanesipun. Rehning tiyang kathah inggih lajeng saged nyirep. Nanging atepipun telas kabesmi sadaya. Namung kantun ragangan kemawon. Pinangkaning latu boten kasumerepan. Kadugi tiyang ingkang nyumet dilah ing palengkung colokipun dhawahing payon lajeng mobal.

Wanci jam sadasa sekar latu kasumet. Sakalangkung sae tiningalan. Ngantos sajam dangunipun. Tiyang ningali kathah sanget. Nanging kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral boten tedhak mirsani. Sabab panggungipun sampun kabesmen.

Wontenipun pasar gambir punika ajeg saben tahun kados makaten. Namung wontenipun tingalan wonten mindhak sudanipun. Bagus jak mutbadi.

Sami-sami talatahing nagari. Panggenan ingkang kula griyani ing nagari samarang. Punika sakalangkung kathah lemutipun langkung malih mongsa rendheng punika sangsaya sampun kados dipun byukaken. Sakathahing tiyang prasasat boten angsal tilem ing dalu. Ingkang makaten wahu bilih andadosaken lumunturing panggalihipun para sarjananing bra martani kula nyuwun pitedah menggah ingkang kadamel pisarat anebihaken sang lemut wahu punapa. Sanget-sanget ing pangajeng-ajeng kula. Pa.sa.

// kula cumanthaka awit saking tembung pasaja. Angaturi uninga ing para sujana. Manawi wonten lumunturing sih tumetesing barkah minongka pambikaking tutup saestu badhe dodosaken tambuh suka pirenanning manah kula bilih anetepi pangajeng-ajeng. Karsa anegesi suraosipun ungel-ungelan kados ing ngandhap punika. Saengga rumaos badhe kasampetan ing kabetahan kula.

Kadosta	ngumrah	punapa tegesipun lan tembung punapa.
"	adiyah	" " "
"	mas aril karam	
"	kures	
"	tabir	
"	jumrah	
"	tashrek	
"	kisab	
"	bayinat	
"	talut	
"	mambri	
"	bobab	
"	lalim	
"	kiparat	
"	imam	
"	iman	
"	yamim	
"	saleh	
"	burhan	
"	eter	

namung punika atur panyuwun kula. Ewadene.

galahan lami kaping. 21. Pebruari. 1880. Mapi tondha nama. Siswa sarjana.

Pungun-pungun

Kadunging manah kula sakalangkung sanget. Kados dene tiyang kageman. Dene panjeneganipun tuwan ingkang ngaranag bra martani sampun amogok pangudi kula prakawis padhalangan. Dados lajeng sirna pangajeng-ajeng kula dhateng kabegjan ageng ingkang badhe dhumawah dhateng kula kados dene ingkang sampun kula tamtokaken ingkang wahu-wahu. Pangunguning manah kula. Dene teka katanggelan temen priyantun ingkang sinaghahaken dening panjeneganipun tuwan juru ngarang punika. Angajeng anggenipun miyos ing pabaratan bra martani kados adipati lumajang raden arya menak koncar. Wekasan sareng dungkap pupungkasaning ngayuda teka lajeng malih kados raden layang seta utawi layang gumitir.

Saupami anglocataha

[] emen-emen temen jalarate. Kok banjur tinggal mungsuah adegan. Bok ya noleh dhisik taneh. Aja banjur ngenthir bae.

Iyakem cuwengah temen atimu. Priye mono kaiki ngene kiye. E Allah gusti kang agung. Muga-muga nitahna sujana kang karsa nambungi watang putung. Murih regeng lan kasantosaning pabarisan bra martani.

Bagus jaka mutbadi.

Barisipun cidraning lampah wahu saking pamireng kula. Kasade dhateng tiyang sanes. Kados lampah bilih kula badhe culika ing lampah. Mongka wedaling osik samanten wahu saking kula.

Juru ngarang.

Wangsulan dhateng dhateng citra mengeng minta mangreti.

Andadosna sumerep sampeyan bab tembung mujadah. Punika tembung arab tegesipun jurung.

Swala dara. Tukang pangukir.

Candhakipun tembung ing banyuwangi			
Tembung banyuwangi.	Tembung surakarta	Tembung banyuwangi.	Tembung surakarta
Grigis	grimis	gubab	goroh
Ngogrok	ndhodhog	gemblung	niyaga
Manis	legi	kepileng	klenger
Ngrintih	drini	warang	kadhemen panastis
Aron	waras lan mayar	gemeter	dherdheg
Angkuh	anggep	porak	kadhas(lara kadhasen)
Mendelik	mecicil	sugal	songol
Melencat	menculat	mogok	mbungkang
Sagowan	cekothakan	mbangkang	wuda
Ngedhal	ngiwa	nyethut	njiwit
Kidhal	kiwa	methol	nyiwel
Bingkak	dhungkal	nyonlok	nyongkol
Serepeten	½ edan gemblung	napuk	nabok nepeling
Trincing	lencir	priyatin	prayitna
Dhempak gethot	jarot	nguntap	ngengkos

Sarehning tembung banyuwangi ingkang kasebut nginggil teksih kathah sanget ingkang beda tinimbang klayan tembung sala. Saha katranganipun boten cekap bilih kandhev samanten kemawon ing wingking sumedya kula damel buku sarta lajeng kula aturaken panjenenganing tuwan redhaktur. Supados kapacaka ing serayt bra martani. Wah malih tiyang banyuwangi punika. Bilih anembungaken krama punapa-punapa. Ing wekasaning tembung ngangge panambang ake. Dene yen tembung ngoko ngangge panambang aken. Utawi malih tembung punika kaewah penika, peniku, peniki. Nanging ing sastraning saseratan ajeg.

Katranganipun dwija wara wonten ingkang mungel au. Ij. Ij. Punika inggih leres makaten ugi ing sastra inggih ajeg kemawon kados mungel setali. Dados ungelung swara. Setalii (satale). Saha huruf. Ka. Manawi angrupi pasangan utawi paten unglipun. K. kados ing aksara arab kaf. Wonten ugi ingkang ungelipun boten sanget namung sawetawis tembung. Kados ingkang mungel bapak mak bok aliya saking punika meh sadaya ungelipun huruf. K. klayan sanget.

Kacitra ping. 30. Dhesember sinengkalan trustha resi naga tunggal.

Katandhan dwija waktra.

Kula angaturi uninga dhumateng para mitra tuwin karuh. Bilih anak kula estri ingkang mentas kula entas ajal jalaran namung sakit sakeclapan kemawon. Dhuh gusti kang maha agung mugi kendela samanten kemawon anggening aparing cocoba. Amin.

Mitra sungkawa. Mudhi.

Sambetipun akaling tiyang ngestri

// nahan danguning antara. Dhasar nunten den tegi. Tan lyan kang dadya leking tyas pangulon sinedyeng kapti. Saksanenggal lumaris mangkana sadhatengipun pangulon lajeng lenggha. Nunten anjawat aris tembungipun sowan kula ing sampeyan.// pasajanipun kewala. Putra sampeyan pawestri. Dados karaosing manah. Bilih kapijweng galih. Kula suwun pribadi. Pangulu wangsanipun kisanak anak kula. Estri tan patut karabi. Ing andika dene timbangane sanyata.// karana rupane ala. Antuk jalma jika sigid ingkang kados jengandika. Juragan sigra mangsuli. Lah boten leres kyahi. Pangandikanta puniku. Kula sampun sumerep

inggih putranta pawestri. Teka dadak kakathahen pangandika.// wasana gelenging rembag ki juragan aprajangji. Angsung yatra gangsalwelas kampil kangee anggingoni. Yen dados rodha tuwin kapegat lan malihipun angsung kampilan gangsal wragading ningkah ireki. Ki pangulu taman kirang tyas weweka.// sumarma ang[] ibarat sumawana nyalokani. Ywa kanti kaduwung benjang. Ge[] saha ngrabeni. Ing sutanipun estri. Kahe jaka tan mangalbu. Mandar panedha nira. Ing dalu mangke kinapti. Pinanggihna paduka mundhut punapa.// ing saestu kadhatengan sampaun sumelang ing galih. Pangulu anut saha gya ning juragan tandya rakit genira mimahani. Mangke sasampuning wektu. Sigege kang kocapa. Kahe jaka duk kapanggih. Lan estri sutaning pangulu katingal.// warnanya awon kalintang. Pahe kang panggih duk enjing. Mandar sakathahing ala. Ngalumpuk sadaya sami. Aneng estri sutaning. Pangulu ki jaka jetung. Sadalu aneng kamar. Tunggilan lawan pawestri. Rumaseng tyas lir wonten dalem kunajran.// temah mung ayun rahina. Mumuji tatasing ratri. Supados sageda oncat kasusahan kang dhatengi. Lengeng anggagat enjing. Wayah ing sata kaluruk ki jaka tandya mentar. Mantuk datan purun pamit dhatengipun ing wisma ambika dhasar.// nunten ngunjuk wedang kahwa. Tiyang palabuhan tuwin juragan prikonca nira. Sami prapta anyemoni. Mangkaten tembung neki. Kula sakonca sadarum kados boten sambada. Wedangan wonten ing ngriki. Sabab saking watawis kula piyambak.// paduka sawek anandhang. Oneng kalimput ayuning garwa sedheng papasiyan milamba angsung pamuji. Mugi den mujadahi. Dening hyang sipat ngalimun anganjara kabegyan mring sang pinangantyan kalih. Tan antara kasaru ing praptanira.// prawan yu ingkang akarya. Gugujengan dhateng kyahi. Juragan pinrih bingunga. Binalondrokaken wingi. Dhateng ing dhasar malih. Dhemes saleewanipun wiraganing trapsila. Satuhu angrespateni. Lire panging pethet anem patamanan.// sarta saening busana. Angungkuli kang rumiyin kantos sakathahing tiyang. Kang langkung samya ngendeli. Ngadeg aniningali. Lumebeting dyah ing warung. Juragan kagyat miyat prawan lajeng sung pambagi. Wijunging kahe jaka duk tinilar.// saha ing pamujinira. Ing dinten punika mugi. Manggiya gunging kabagjan kasusahan andika. Ki jaka mrengut mangsuli. Kaserepna ingkang dados lepat kula.// dene bok ayu akrya. Kasusahan kula tuwin inggih damel lalampahan gujengan kang tan sayogi. Ingkang liningan angling. Esemeira angacemut tan wonten kalepatan andika dhateng ing kami. Muhung tebeng ing kori dhasar sampeyan.// punika wonten seratan adamel seriking ati. Manawi sampeyan karsa. Ngewahi kakosok balik kula sagah nulungi. Birat redatos ing kalbu. Juragan sanalika. Mendhet uwang mas satunggil sinungaken rencang sarta kapitungkas.// di enggal kowe goleka. Wong ingkang bisa anulis konen gawe tulisan wanguning sastra sing becik kapradaha kang apik dene unen-unenipun temen tan ana akal kaya akaling pawestri. Angungkuli sakeh akaling wong lanang.// prawan anambungi sabda. Gelis mangkata tumuli. Rencang nunten lumaksana. Ngupaya carik wus olih. Winarah lir ing kardi. Kadya ing pitungkasisipun wahu ingkang winahya. Bendara mwang tamu estri. Tan winarna danguning nguparengga.// rampung tan ana kuciwa. Lajeng tinrap sanggingiling. Kori dhasaring juragan prawan tandya canten malih. Lah dika kula purih. Lumampah mring kitha gupuh. Kapanggihya kalayan sakathahing badhut tuwin tiyang ingkang asring remen ambabarang.

Taksih wonten candhakipun. Kintunan saking kadi pala.

Ongka kaping: 11

Kemis kaping. 11. maret
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Bra martani punika mawi wewahan.

Surakarta

Kala kaping. 17. Januari tahun. 1880. Kangjeng pangeran arya gonda sewala. Kadherekaken ingkang putra raden mas sunarya bidhal saking amsterdham. Dhateng ing batawi anumpak kapal api anama. Princes amaliya.

Inggih boten dados punapa. Bilih mongsa kesonga. Tiyang salebetung nagari. Oter kateter getering galih. Anggenipun sami mestani boten gembeng sakedhik tegesipun gembeng. Luh ingkang saking ngontariska kerep dhumawah. Ewadene kabudayaning nagari inggih boten kakirangan amurih santosaning sadaya papan tuwin radinan ageng. Kula nyipati piyambak ing dalem gagnsal dinten awitipun sami angemen-emenaken anggarap radinan ageng. Sawek ragi katingal sae sakedhik kemawon nalika dalu angrintenaken dinten rebo kaping. 11. Maret tahun punika. Luh ingkang saking jumantara dhumawah ragi dangu. Lajeng ingkang garap radinan sami jomblong ningali garapanipun radinan sampun bobrok babrik malih. Awit risaking radinan kataman dening krodhuning lepen pape. Badhe karsa tindak dhateng benawi sawetan kitha. Ananging sang benawi ugi sampun krotha piyambak dados sang ernawa mulek wonten pagriyan ingkang kaleres andhap sitinipun lah punika sambatipun sakelangkung dening kawlas arsa awit pating kacebur yen lumampah. O punika ernawa kang saking ngawiyat boten patosa andres suprandene banjiripun kados makaten dhuh. Mugi-mugi sampun ngantos sanget-sanget gembenging toya ingkang saking ngakasa. Paring amirma dhateng tiyang ingkang apes ing kabudayanipun.

Bawah kabopaten kalathen salebetipun wulan punika. Pacekluk sanget awis rejeki. Tuwin raja krowot sapanunggilanipun mila durjana pandung krowodan saemper nekat tiyang among tani genipun pados tedha. Tingalipun kados bingung. Pating bilulung. Pados tetehan krowot-krowot remeh-remeh. Keng menawi parentah ageng boten tumunten paparing pitulungan kados tiyang alit sanget sayah badanipun katambahan rinten dalu jawah ngrekeh. Lepen-lepen sami banir saklangkung ageng. Ing pangraos para tiyang sampun boten gadhah bayu.

Samarang

Pangadilan landrat angrampungi prakawisipun encik mukhamat arsat anggening purun-purun gagampil atasing pracayanipun sayit mukhamat bin ali musawa. Encik mukhamat arsat dipun purih madekaken sa[] wi sela inten pangaos. 13260. Rupiyah. Tuwin santing mawi sela inten pangaos. 1010. Rupiyah. Wasana barang samanten wahu ingkang sapalih wonten ingkang kaicalaken tuwin wonten kang kagantosaken wondene barang ingkang sapalihipun wahu sampun pajeng. Yatra papajenganipun boten dipun sukakaken dhateng ing sayit mukhamat bin ali musawa. Ananging kadamel anyekap ing parlunipun pyambak awit saking punika pangadilan anetepaken ing kalepatanipun encik mukhamat arsat kaukum pandamelan peksan tanpa rante laminipun. 3. Tahun.

Tiyang cina ting dasuwi ping katetepaken ing kalepatanipun awit saking anggenipun murang pranatuning pak apyun kaukum pandamelan peksan laminipun. 1. tahun saha kadhendha yatra. 1000. Rupiyah. Rumiyn piyambakipun inggih sampun nate kenging prakawis mangkaten ugi kalepataken sarta kaukum.

Tiyang cina nama layu bing hong kadakwa simpen candu peteng. Mongka kayekten ing griyanipun wonten dhus alit kalih isi candu. Nanging pangadilan anggalih. Manawi manawi wontenipun candu ing griyanipun layu bing hong saking tumuwuhing kasengitanipun liyan pramila layu bing hong boten katetepaken ing kalepatanipun malah lajeng kaluwaran.

Ing palabuhan ngriki wonten bahita. Dalah sapirantosipun kangge angusung sarta anginggahaken bailethok nanging ing sapunika dereng kaecakaken ing damel bilih pigunanipun bahita wahu kayekten saged anetepi sapangajeng-ajeng. Saestu andadosaken kasenenganipun tiyang ing bahita. Nanging punapa saged

angusung sarta anginggahaken endhut ing lepen kang ragi tebih. Kadosta lepen bacin ingkang bailethokipun andadosaken amaning seger kawarasanipun tiyang kampung. Ing sapiggitipun lepen wahu. Punika dereng kenging katamtokaken.

Nalika ing wulan nem kathah para khaji. Ingkang mentas saking tanah arab saking tanah sundha. Tuwin saking tanah pagunungan.

Kala ing dinten senen tanggal kaping. 2. Wulan punika wanci jam. 6. Enjing. Wonten lindhu. Ebahing siti saking kidul mangaler. Ing sanalika kathah tiyang bingung. Awit saking ebahing siti ingkang ngagetaken wahu.

Cirebon

Anggumunaken gosehing kawontenanipun tahun punika. Tinimbang tahun kang kapengker. Adat saben bilih tahun baru cina jawahipun rak ngrecep kemawon ing tahun punika boten anjalari ing radinan ageng langkung rame dening swaranipun tiyang dhusun jaler estri alit kang anggatekaken ningali tahun baru. Para jaka anggenipun mangangge bebergasan kados dene nadar. Inggih sabergasipun ing dhusun [] bab tatanggapan inggih kathah kados [] sapanunggilanipun ing masa makaten.[] besiyar. Nanging pun juru tani sanget redatosipundene boten kararaban toya jawah. Bab rigening rijeki dereng patosa angrekaos sanget dhateng ing tiyang kang kirang sugih. Atasing seger kawarasan sae.

Jepang

Serat wartos saking jepang sami anyebutaken bab griya kabesmen. Malah pawertos ingkang dhateng rumiyin pyambak anyriyosaken bilih ing akodhate kabesmen kantos wonten tiyang kathahipun. 20.000 boten angsal pondhokan. Sarta tiyang ingkang anemahi pejah kathahipun. 48. Mengkah kapitunanipun kataksir langkung saking. 3. Milion dollar. Kabesmen ing tukiyu telas griya cacah. 10. 340. Punapa dene griya pamulangan 2. Karetet. 2. Kapal. 6. Sarta titiyang kathahipun. 85. 980 kapeksa umanggen wonten sahandhaping ngakasa. Awit saking boten gadhah griya. Wondene kacintrakanipun titiyang ingkang katut kobong kathahipun. 23. Ingkang kataton saking sulading latu. 50. Tiyang.

Gupremen angadegaken bangsal panjang. Kaprenahaken sacelaking panggenanipun titiyang ingkang kasangsaran wahu. Jagi amitulungi ing titiyang ingkang boten gadhah akrab.

Ruslan

Wonten sawenehing tiyang macakaken wartos sapeter bureh kithanipun ageng nagari ruslan tumrap serat kabar ing paris kados ing ngandhap punika.

Saya lami titiyang angandhut kawatos ambok manawi raja rus tumunten seda. Jalaran para tiyang sami angancam-ancam badhe anyedani sang raja akalayan pistul utawi sarana dhinamit inggih punika ingkang maujud ingkang pambahedhosipun langkung banter katimbang sandawa. Akathah serat-serat sumebar ing ngrika-ngriki ingkang suraosipun boten pantes sanajan pulisi tansah panjaginipun ugi boten saged andengangi pinangkanipun serat wahu. Griya-griya kunjara sami kebak titiyang ingkang kadakwa tumut ing pakempalan awon winastan. Nihilaste. Manawi sang raja amlampah-mlampah utawi ameng-ameng wonten salebetting kitha peter sebureh mawi kareksa dening wadya. Patrapipun wonten ing ngajeng wingking sarta kanan kering. Awit sumelang bok manawi sang raja dipun sedani dening tiyang ambek awon. Para tiyang sae samasa sumerep sang raja ameng-ameng mawi kareksa dening wadya sami agedhegedhegedhe amratandhani bilih eram punapa ingkang dados sababipun dene titiyang ngantos sengit utawi boten sumungkem dhateng sang raja. Para titiyang alit sami asih dhumateng sang raja. Amargi awit saking pandamelipun sang raja ing mangke para nagari ruslan boten wonten rencang tutumbasan malih. Titiyang sugih sami kapitunan ambok manawi punika ingkang andadosaken jalaran anggenipun sami sengit utawi angancam-ancam badhe anyedani sang raja.

Wiwit kaping.2. dhesember tahun kapengker titiyang awon sami andukaken upados supados para tiyang alit sami ambalela akathah serat-serat tumemplek wonten ing tembok-tembok boten kadengangan sinten ingkang nemplekaken.

Anuju satunggal dinten sang raja tedhak ing taman boten mawi kadherekaken ing abdi. Boten dangu wonten saweneh ing rare estri umarek ing pangayunanipun sang raja angunjukaken serat nalika serat sawek katupiksa. Rare estri sampun boten wonten suraosing serat wahu amratelakaken bilih sang raja badhe dipun sedani. Rare estri ingkang angunjukaken serat sampun lajeng kapapdosan nanging boten pinanggih. Manawi abdiipun boten tumut ing pakempalan awon wahu. Amasti rare estri punika boten saged lumebet utawi medal ing taman wahu. Anunggil dinten ing tembok griya pajegen salebetting kadhaton wonten seratipun ingkang suraosipun sami kados serat ingkang katampen dening sang raja saking rare estri wahu.

Para abdi ingkang jagi sami kapriksa aturipun sami ngaken boten sumerep sinten ingkang nemplekaken serat ing griya pajagen wahu. Sadaya ingkang jagi lajeng kaukum dipun gebagi akaliyan panjalin ananging ugi taksih kenceng pamungkiripun.

Saweneh ing kapitining wadya sami kacepeng. Jalaran griyanipun kagenan dhinamit kathah. Satunggiling karetek ageng ingkang asring dipun langkungi dening sang raja dipun pasangi dhinamit nanging enggal konangan.

Kala sang raja anitih kareta latu meh katiwasan jalaran kasawat dhinamit wartos ingkang nembe punika mratelakken bilih satunggiling gedhong salebetung kadhaton ambaledhos.

Kajawi punika ing ruslan sapunika usum griya kabesmen ing kasan wonten griya. 40. Iji kabesmen bebas dados awu. Kitha ing wladhimir ingkang kabesmen sapalih. Kadadosanipun ing wingking tiyang tiyang boten saged andugi.

Para priyantun ingkang lenggahipun siti dhusun badhe kapaosaken dhumateng para tuwan utawi wawangen pamaosipun badhe kaho[] cancutipun ing rembag pra[].

Panjurung

Ing mongsa punika kathah para babah ingkang remen sade gereh tongkol. Manawi mangsanipun dhateng magrobag-grobag anglur urut margi pacinan. Lah kok kados kirang panggaotan dene teka gereh dipun dagang. Punapa boten sumer-sumer padharanipun bilih pinuju gulawenthah angingsep gonda kecing makaten. Gene yen kula nerjuhi langkung punika. Amung kampiran gonda sakedhik kimawon prasasat bindheng jalran saking nglandengipun. Amila inggih pantes kimawon pamireng kula kabar. Rumiyyin kangjeng parentah ageng angawisi tiyang sade gereh tongkol wahu. Awit saupami katrenjuh tiyang kang boten mentalan. Saestu saged angwontenaken sasakiting badan. Apesipun munek-menuk badhe mutuh. Pramila panuwun kula dhateng para babah kang remen bakul gereh. Mugi kapirantosan kemawon supados sampun ngantos gonda saking margi ageng.

Kula pun klemuk.

Rak eca tongga cina niku. Kathah the. Cengkuweh. Gendhis batu. Wah nyonyahipun kinyis-kinyis ngantos wegah parentah aningali thukulipun griya cina ing []cayudan sakiwa tengenipun kados tunggak jarak marajak teka panjenengan anguman-uman dhateng cina. Mundhak disrengeni tongga sampeyan.

Juru gubah.

Madiyun

Ing satunggiling kampung. Watawis wanci jam kalih dalu. Wonten suwantenipun tiyang estri acerik-cerik nedha tulung. Tumunten tanganipun anglayad ing sadhatengipun sajawining griya. Suwqnten ingkang cerik-cerik wahu sampun kendel ananging salebetung griya. Wonten suwanten pating garuneng atetah-tinetah. Mengkah ingkang gadhah suwanten wahu katawis bilih tiyang jaler akaliyan estri. Pun estri wicanten makaten. Mara ta ing jaba kae lo. Ana wong teka anglayad yaiku tinemune wong ora kaopan. Wangsulaning jaler. Rak cangkemu kang kebangeten olehe umbar-umbaran gene adate kok ora kedhahkedhiih. Wicantening estri. Ora kedhah-kedhiih pisan jer ora nujoni ngipi. Wonh lagi ngipi ditindihhi gendruwo. Bareng nglilir polahmu kaya wong mendem kecubung. Mesthine. Kowe kang dak terka gendruwo. Uh wong rakus mengkono. Bener-benere. Wong wis weruh aku geragapan anake kaget banjur nangis ngayang-ngayang. La mbok iya.. ya ora.

Tiyang nglayad ingkang taksih wonten sajawining griya. Sareng mireng ginem makaten lajeng anyandhak lingipun anunten micanten kaliyan gumujeng. Besuk malih digugah dhisik kang. Iinggih talah.

Waliyan

Kula inggih saklangkung nayogyani pamularipun mas tandha sanyata. Bab anggenipun marsudi dhateng tembung kidam lan kadim. Ananging mas tandha sanyata punapa boten ngejeti cariyosipun kangjeng nabi musa nalika wonten wukir tursina. Ewadene manawi namung badhe pirsa tegesipun ing tembung kemawon bok manawi lajeng saged kasembadan ing karsa. Mila kula kamipurun cumanthaka nabag kadarpa ning galih ingkang dahat andupara. Supados sampun ngantos kalimput ing panggalih awit tembung kidam lan kadim punika asmanipun gusti kang maha agung.

Inallah hutangala wa anta minal amini amin amin amin. Abu ayra.

Manawi boten lepat tembung kakalih punika babasaning islam pasemonipun allah mengkah teges tuwin suraosipun boten beda. Kadosta khadim tanpa kawita langgeng. Khadam sampun salami-laminipun.

Juru ngarang.

Mugi para sarjana. Sampun dados rengating penggalih. Rehning kula punika tiyang ceguk bali langet mugi kaparingan barkah saserepan ingkang terang. Bebasan keng kula angge saben dinten punika kula dereng terang maknanipun kadosta bebasan sakpandurat. 2. Bab bebasan solah ajung karangin lo punika kados pundi. kula nyuwun seserepan ingkang terang. Manawi wonten lepat kula nyuwun pangaksama.

Pun balilu.

// dahat rena non manising warti. Caritanira sang swaladara. Tukang pangukir kang aneng. Ing mra martani munggul. Ongka sapta mijil ri kemis. Tanggal kaping dwi welas. Februari tengsu. Sajroning warsa punika. Sambadane ing tembung lang kang winarti. Tuhu karya laela.// tri[]na kang jinarweng pawarti. Juga pambahungnya sasanendra. Ping dwi kehning jalma sejen. Praja kang amanjurung. Katigane srining prajaji. Duk[] jungalira. Sakaten ing dangu. Karya sukeng pamiyarsa. Dadya u[]lla miyatur warti. Sarana sinekaran.// nanging dahat ing [] wun mami. Mring kang sami nupikseng kintaka. aywa cineda wit de[] kukithaling tembung. Tinampiya sumeh ing galih. Karana mila [] kasusastra tuhu. Jalaran janma tan praja. Dumadya niring unggah-ungguh krami. Sonya lukiteng basa.// duk manitra ri respati mani wimbaning lek astha kang candrama. Rabingul awal wawune. Sangkala [] ur. Sariranya sang sri bupati. Pangapusung pustaka. Tan sang sa[]. Kayungyun mung lumaksana. Strenging nala mangiket warsiteng kartining surakarta.// katar tan ton tataning praniti[] ywa menaka. Kayuhananane ngayune. Arja salwir silarju. Arjeng praja anjreh ning janmi. Jumenengnya pamasa. Kangjeng sang sinuhun. Pakubuwana sanga. Sampad prabaning kaprabon martawani. Bawana kawibawan.// ambawani widada dumadi. Wadu wadanya wadya balaba. Bala bur sih sahanane. Nir sangsayang sakayun. Kauyunan ayuning bumi. Durta durniti sirna. Sinrang sinarawung. Wang-wang winangun wing nata. pranartaja tulus tilasing nagari. Tan ana kara-kara.// rasa-rasa karasa salami. Saya lama sangsaya kelingan. Kang surasa pamartane. Tansah kagugu-gugu. Dadya tumrap ing bra martani. Supadi kapiarsa. Ring sang para luhung. Surasane kang wawarta. Paran baya kapanggih ireng panggalih. Ana juga sujanma.// jika akir nur panengraneki. Atmajaning kaum dhodhongkolan. Padesan monca prajane. Kala nira rumuhun. Duk tri warsa ingkang kawuri. Mulude kang tahun dal. Malebeng praja gung. Arsa weruh grebeg tahun dal. Lire arsa weruh tontonan kang menuhi. Tontonan surakarta.// sawusita pamit mring sudarmi. Gya umangkat saking wisma nira. Anunut-nunut lampaha. Wit salami dereng wruh. Ing nagara surakartadi. Antara dasa dina. Nur wus wangsul mantuk. Tongga prapta sami tanya. Kahanane kang tinonton ing nagari. Nur datan pati ngucap.// kemba semune amem kang lathi. Kacihna lamun kaduwung ing tyas. karasa owel enteke. Arta sanguning dangu. Ana juga tatonga neki. Kang wus wruh surakarta. Malah rarenipun. Awisma ing surakarta. Dhasar rada priyayi atanya niti. Kabeh nur kang winulat.// sahuring nur tan duk rintih-rintih. Surakarta tan ana pa apa. Luput saking ciptaning ngong. Serenging tyas sun sengguh. Keh tontonan dene prajadi. Wekasan datan ana. Kang dadya pandulu. Panamung janma kewala. Tan karuhan kehe panda tan pa wilis. Tangganya malih nabda.// tinanyakken jujuding pangeksi. Purwa madya praptaning wasana. Jaka nur nuturken kabeh. Awit denya dudulu. Ironing braja nala kang kori. Manoni wiyo sira. Kangjeng sang sinuhun. Wusnya sang prabu sinewa. Ing sittinggil jaka nur nulya lumaris. Mring lun-alun paranya.// ugi wruh tedak dalem mring masjid. Prapteng kondur dalem sri narendra. sawusnya anuli muleh. Lan malih wartaning nur. Tan lyan mung para satriya. Kang leledhang neng lun-alun sarya nitih. Rata miwah turongga.// mung punika tan wonten dhagedhing. Sang tanya mesem sarwi angucap. Paran kang ko karepake. De kabeh-kabeh wus wruh. Teka pamojarmu asepi. Tan ana titungan. Nur sumahur bekuh. Basa tontonan punika. Rak gendruwon barongan kalawan malih. Rurupan buron alas.// kang kinarya saking bagor tuwin. Kayu randhu dhadhap ing ngangusan. Lan saking kalama amoh. Maka surakarta dhuk. Ing pandalih duk saking panti. Baya saijab-ijab. Gendruwon kehipun. Barongan buron alasan. Dene praja geng surakarta nagari. Bobote praja prajaning wang.// mung kutha lit jeneng ing bupati. Teka kathah rurupan tontonan. Dahat karya sukaning ngong. Duk myarsa wuwusing nur. Kang mangkana sang tanya aglis. antuke palarasan. Saking wismaning nur. Lan tansah ametel jaja. Saking sruning pangampeting guyu neki. Prapta nira ing wisma.// angitung warta mring weka mwang swami. Caritanya nur ingkang den andhar. Wasana ing pamuwuse. Wawarta maring sunu. Lawan garwa kalane nguni. Maksih neng surakarta. Kang samya tinutur. Adarbe dasih sajuga. Pamong putra pwang bunder wastane reki. Sukawati wijilnya.// padedesan tamping pinggir kali. Soring ngardi kendheng prak wana. Samana ing ri kalane. Sajroning pura prabu. Panujwana samuwandering. Tingalan panjenengan. Kangjeng sang sinuhun. Byang bunder milwa mring pura. Wit arsa wruh pasamuwaning narpati. Pan wus ing[] saban.// saluwarnya drawina sag aji. Tedhak malih mring pasewaka. Tan agya lenggah sang katong. Kakanthen astanipun. Lan jeng tuwan risidhen sarwi. Awira-wiri tindak. Mangalor mangidul. Neng paningrating sasana. Kang pradongga tinatab sasendhon lantik. Swara ling ngayut jiwa.// lulurah wagaguna pangawit. Lawan sira ki demang malaya.

Miwah sareh ira kabeh. Priyayi pangkatipun. Babasahan pangangoneki. Paran ya panduganya. Kagengan sang prabu. Gamelan kagem pameran. Sor taratag dununge denira muni. Pasthi punjul sajawa. Mangkono kalumrahane. Wadene ulihipun. Byane bunder saking jro puri. Neng wisma tansah mada. Muwus maring sunu. Dhuh benggamelaning nata. suwarane teka tan karungweng silit. Sinyana apikmana.// cacak gamelane wak kireki. Kakang demang ika luwih endah. Tinabuh rame swarane. Satengah pos wus karungu. Pan mangkono byang bunder kaling. Iku anunggal makna. Lawan si jaka nur. Kaya paran yen kenaha. Pina padha tyase kang manungsa iki. Yen tan tuwuh priyongga.// mung matuhuan iku kang manjing. Ing wardaya labet pinggir wana. Perak wukir sasanane. Nembe wruh ing kadhatun. Mung bedane kang den ugemi. Lawan kang wus salama. Rinungu dinulu. Sepi sareh ing pangrasa. Byang bunder lawan nur iku sawarni. Panjurung titi tamat.

// tondha dasih [] swandra pakelik. Kang maksih dumunung ing ngamonca. Wasana[] ning tabe. Rinenggeng urmat agung. Kaatura tuwan ridhaksi. Lawan sakancanira. Kang samya anambut. Pakaryaning pangecapan. Winantu wengkon tunganeng jro prajaji. Surakartadiningrat.//

Panjurungipun S. D. dereng kapacak awit dereng kober amewahi.

Juru ngarang.

Ongka kaping: 12

Kemis kaping. 18. maret
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Nalika dalu angrintenaken dinten selasa kaping. 16. Maret tahun punika. Ing wanci pukul satengah wolu sonten pojok radinan margi ingkang anjog dhateng puspa kusuman wonten gendra adamel kaget ting tiyang kathah. Inggih punika abdi estri ing salebetting kadhaton kabar mentas kautus sangking pringga dipuran sumeja wangsal malebet lampahing abdi estri wahu boten mawi rencang. Ing mongka taksih nem wah lampahipun ragi gandrung-gandrung kapuwanan punapa malih wanci sireping surya. Lah mangkaten punika amumungu dhateng priya taruna. Ingkang ambeg adigung adiguna. Sareng pun adigung kapethuk kaliyan abdi estri wetawis dipun waspaosaken lumampah tanpa rencang. Sang adigung gambira amerpeki sarta anjejawat lan andhehemu wungsal-wangsul sang wanodya boten saharju pendamel ingkang mekaten punika. Lajeng anandukaken suraos anguman-uman sarta anosotaken sang adigung sareng kataman ing sosot lajeng kroda. Memepeng umangsah prang mangruk sarta anamakaken tabok lan songkol panjeriting wanodya ngantos kapireng angaruhara. Lajeng tiyang kampung sakiwa panengening margi medal sedaya. Ananging tiyang ingkang ambek wenang sampun oncat anusup-nusup silulup ing kalenan lajeng ngical.

Menggah ingkang andadosaken pangungunipun para tiyang ing ngriku. Dene tiyang patrol dereng wonten ingkang dhateng. Yen sampun sami dhateng kados sang ambek wenang saesti kacepeng.

Ing sakidul kilen karetek awisan kaleres bawah kabupaten gedhong kiwa. Wonten satunggiling griya tembok dumunung sapinggiring margi ageng kaenggenan tiyang cina. Griya wahu sampun risak tembokipun remuk meh jugruk. Dumugi sapunika griya wahu boten katandukan ing akal ingkang murih sampun ngantos rebah damel kasangsaran.

Saking kinten kula ing bawah dalem ngriki dereng wonten pranatan ing ngatasipun pambibrah sarta andadosi griya risak ing salebetting kitha. Kados nagari samarang.

Sanajan sawiyah durjana langkung malih durjana ingkang kasebut julig boten wegah angarah darbeking tiyang ingkang kineker wonten salebetting capuri amawi pager rapet sarta santosa. Ewadene para tiyang wajib sampun esah amarsudi dhateng santosaning pager capurinipun amurih sampun kahinan angstokaken pamardining pangagengipun siti utawi polisi. Sampun ngantos pagering capurinipun wahu kadamel ekrek-ekrek kemawon utawi risak boten dipun dandosi ingkang santosa. Inggih sanajan pager wahu warninipun kirang pantes angger rapet saha santosa. Boten kedah kadamel adi ingkang pandamelipun akalayan waragad kathah. Awit nagari boten kakilapan dhateng lampahing ngagesang, wonten ingkang tinitah sugih utawi tinitah mlarat.

Kula rumaos kaweken analusur ingkang dados sababipun dene bongsa kula jawi teka boten pandakan pamituhunipun dhateng sabarang parentah ing nagari pangaubanipun ingkang leres sarta sae. Inggih punika kade[]. Nagari sampun andhawuhaken para tiyang sami apapageran ingkang santosa supados anebihaken reresah. Sabab punapa dumuginipun sapunika boten papager santosa kados nalika sawek wonten dhawuh enggal mongka pangajeng-ajenging nagari bilih sampun andhawuhaken parentah sapihan sageeda kaestokaken sapanginggilipun sampun ngantos parentah ingkang tetela leres sarta sae wahu kaeliraken. Wondening pangagenging siti utawi polisi ingkang kabebahan amardi dhateng titiyang sami kaleksanana papager santosa. Dereng masthi kenging kawastanan taledhor dhateng panindaking kawajibanipun wahu. Amargi ugi taberi titipriksa dhateng kampung bawahipun manawi wonten capuri utawi pemehan ingkang boten santosa pagerpun ingkang kaleres gadhah inggih lajeng kapardi andadosi ingkang santosa.

Menggah tumandakipun padamelan angurug margi ageng ugi mangkaten sanajan sampun sumerep bilih bageyanipun katingal jeblog manwi dereng dipun oyak-oyak dening pulisi. Inggih boten purun amaelu. Punapa wonten pakewedipun tumandang saderengipun kadhwahanan dening pulisi kaping satus punapa ciptanipun mangkaten. hem ya cik ben wong durung ana parentahing pulisi. Karodene anggarap pagaweyan

nagari iku rak becik alon-alon bae. Disengka-sengka amasa anaha uwise ora. Manawi ciptanipun dhasar kados pambatang kula. Punapa bingah kula upamekaken mahesa lembu utawi kapal jawi ingkang sanget kebluk manwi boten katitir ing pecut boten purun tumindak.

Wasana pamuji kula. Mugi bongsa kula jawi sami tansah amituhua dhateng sabarang parentahing nagari wutahing rahiipun sarta ingkang minongka dados bapa biyungipun awit sinten-sintena ingknag pugal dhateng parentahing sepuh amasthi badhe kenging wewelak.

Madiyun

Anyambeti panjurungipun mitra kula ing apdheling ngawi. Inggih punika kados ingkang kapacak ing kabar bra martani ongka. 9. Anyriyosaken bilih ing kitha ngawi. Ing lepen madiyun wonten ladhu toyani[] buthek sadaya mina sami pejah. Jalaran [] pun ingkang makaten wahu kados kemawon kula boten amaiben amargi nalika tanggal kaping. 11. Wulan pebruari ingkang kapengker punika. Ing madiyun wonten jawah ingkang saklangkung deres awit siang jam. 3. Ngantos dumugi dalu jam. 8. Sawek kendel. Sanajan dalam saprika rinten dalu jawahipun kenging kawastanan ngerceh. Ewa samanten boten angungkuli dangu tuwin deresipun kaliyan jawah ingkang kasebut nginggil wahu. Ngantos adamel pilenging para tiyang-tiyang jalaran sruning galudhug woring kilat mwang thathit wewah binarung gumludhusing ngaldaka wilis ingkang anggirisi. Punapa punika ingkang kenging kawastanan karengeng wi�ati inggih punika kabaripun ngaldaka wilis sami jungkrug awit dening kaguntur ing srurieng jawah wahu. Ing wektu punika ing salebetipun kitha madiyun kenging kawastanan banjir bandhang. Ing waradinan ageng ing salebetipun kampung pacinan lebetipun toya $\frac{3}{4}$ kaki. Inggih punika wewah kaeleban saking kalen ing kiwa panengening paradinan wahu toya sawetawis santer mili mangaler anuju ing samadyaning alun-alun mila yen sinat mata kagungan dalem alun-alun madiyun lir pendah saganten. Sareng enjingipun saklangkung eram kula. Aningali ing peken kathahipun tiyang sade ulam eloh wedalipun ing kalen-kalen ing bawah dhestrik kanigara. Tuwin nguteran punapa malih ing lepen catu. Ingkang jalaran pejahipun boten sanes amung kataman ing ladhu siti jugrugen saking ngandaka wilis wahu. Ananging teka gumun malih kula. Dene dhawahipun ing lepen ageng boten wonten ulam ingkang ngantos pejah jalaran saking ladhu wahu. Dene panimbang kula boten kirang saking butheg saking panginten kula bok manawi jalaran ladhu wahu wontenipun ing kitha madiyun boten patos dangu. Wit dening lajeng katungka toya ingkang saking nginggil.

Mangsuli cariyo ngajeng. Kocapa nalika agenging jawah wahu. Wonten satunggiling cina singkek pandamelanipun sade bakmi. Awit enjing piyambakipun ider dumugi sonent sadehyanipun sampun telas lajeng mantuk. Sanajan antukipun singkek wahu samargi-margi tansah kajawahan ewa makaten boten purun kendel ngiyub ing gerdhu-gerdhu turan ing griya. Sabab boten wonten ingkang dipun kuwatosi. Punapa malih sadehyanipun sampun telas wonten ing margi piyambakipun priksa ulam lele wonten ing siti clowokan sarehning kainten kathah. Singkek lajeng cucul rasukan kangee nutupi clowokan wahu. Supados gampil pamendhetipun sampun ngantos saged nyolot klampahan ulam wahu kenging sadaya gunung. 12. Iji. Pun singkek lajeng andumugekaken antukipun sareng dungkap ing ngajeng griya kaget dening gaduhanipun babi ingkang wonten kandhang genjikipun sami pating growek jalaran kaslelep ing toya ingkang megung salebeting kandhang. Kyahi singkek enggal nyelehaken rembatanipun wonten ing ngemper ngajeng. Lajeng enggal anulungi ngentasaken pun genjik-genjik wahu. Ing sadanganipun kyahi singkek mendheti genjik punika priksa. Yen salebeting kandhang wahu wonten ulamipun kutuk saklangkung ageng. Watawis sakentol sareng sampun anggenipun ngentasaken genjik lajeng wangsl sarta nyangking kajeng pilaran kangee gebag ulam kutuk wahu. Klampahan ulam kenging ing wusana sareng singkek badhe malebet griya. Kaget dening gedering titiyang estri ing ngemper. Wingking singkek enggal malajeng ing wingking. Sarwi bekta ulam sarta kajeng pilaran wahu. Mengkah ingkang andadosaken tuwuhing gita punika. Nyonyahipun singkek wahu iris-iris brambang wonten ing ngemper celak tritis ing ngriku anakipun sami udan-udan sarta papalajengan wonten ing tritis demadakan wonten ulam kutuk malih wonten ing toya sangandhaping tritis[] kaget ulam badhe katrajang ing lare-lare ingkang papalajengan wahu. Lajeng sarosa anyolot anujoni ing pangkonipun nyonyah. Saking kaget ulam kutuk colot-colot lajeng gumeder sami dipun tubruk boten dangu lajeng katungka dhatengipun kyahi singkek priksa yen sami anubruk ulam ingkang colot-colot ulam enggal kagebag kalawan kajeng pilaran wahu. Ngantos kenging kacepeng.

O toblas teka anggumunaken ulam wahu. Dene ko saged ngangkah-angkah colot-colotipun anuju ing prenah. Kagunganipun kyahi singkek punapa punika kutuk jaler. Hem.

Wektu sadinten punika pun singkek kathah begjanipun ingkang sadeyanipun telas ingkang kaping kalih. Rambah-rambah aŋsal ulam mila menggah kabegjanipun singkek wahu anyeplesi kados ungeling uranuran ing ngandhap punika.

// wus dilalah karsaning hyang widi. Begja iku nora pilih marga. Mundhuk-mundhuk mara dhewe. Wong ngantuk nemu kethuk analanjar ajak aguling. Nyang tongga digujeg rondha. Apan ngakon dhaup gedhegedhe wismanira. Gya nyang kali nemu inten sakemiri. Nyang omah nemu nyonyah.//

Cina sicayudan.

Yen sageda nyamleng.

Eman sanget boten saged dhawahing pada

Juru gubah.

Kula sampun maos wangulanipun swaladara. Tukang pangkir. Aparing barkah saserepan ing pataken kula bab tembung kamujadahan. Tegesipun jurung. Ingkang punika sakalangkung panuwun kula. Nanging rehning dhawah sampeyan mujadah punika tembung arab. Kula nyuwun serep kurupipunjhim punapa jhe. Saha kurup kalih wahu punapa sami tegesipun. Manawi anggadhahi makhna piyambak piyambak mugi mitra kula paringa barkah kados pundi tatelanipun.

Pun citra mengeng minta mangreti.

Wangsulan tumular pangunguning manah minongka panjurung

// lelenging tyas kamyan tyan pindha mas kentir dupi ulun wikan ing pustaka bra martani ri respati ping sakawan.// wulan maret ongka sadasa marengi wonten kang tondhasta. Panjenengan tuwan mudhi angsun wikan ing pamitra.// amahyaken nadhang gyuh koncatangan dening atmaja kang lagya. Mentaas inggal jtu krami dhuh inggih sinten kewala.// kang myarsa yucti kejegan panggalih tepaning sarira. Nadyan kang waskitiheng westhi angesthi pasthi ning ajal.// nanging wastu kadaut tyas ardaning sih lilih yen linalar. Ulun manga. Staweng puji mring kang manjing kalanggengan.// antuk kasih pangapuranning hyang widi barkahing panutan mangguhana mulyan jati ping dwi ing pamuji hamba.// ingkang kantun yayaha tanapi bibi garwa kadang garwa. Sami manggiha basuki mugi Allah hutangala.// mangsung ngasih kasanengan tyas kang tis-tis mawantu kabegjan minongka lintuning kingkin. Titi panglipur tinengran.// ri bedenjang dwi dasa sthalek marengi ing rabingul awal warsa wawu sangkalaning dwara swarga ngesthi tunggal.//

pan masu cipta.

Katur ing dewa anglayung

Mitra kula ingkang wasta dewa anglayung. Anaresahaken bab wangulanipun dhateng karuh kula pun kumajegos jegos sangking pamanggih ing manah kula wangulan sampeyan punika leres tiyang alit ing padhusunan manawi dipun indhaki tedhanipun saged tentrem tuwin angleberi ing sanes nanging punika bok manawi ingkang winastan pangupa jiwa dede ujuding tatedhan sekul panganan sasaminipun awit pamireng kula sampun rambah-rambah kadarmanipun gusti ratu kula. Tuwin pangrehing praja ingkang angasta pusara kados sampun boten kakirangan kadosta janma ingkang sakit kapatedhan usada. Kiranging tedha janma ing padhusunan kapatedhan arta sarta wos kamurwat sacekapipun kantos dumugining mongsa panen lampah pangreksaning polisi sakalangkung pinardi. Supados saged amambengi lampah juti. Ewa sapunka tansah ngantak-antak dangu sagecipun kalampahan tentrem miwah arjaning padhusunan. Malah mandar asring kacariyos kasusanahaning alit saha wonten padhusunan ingkang kalampahan suwung gemplung. Mongka kisanak kagaliya punapa ingkang dereng katindakaken ingkang saged mikantuki mangke dangu-dangu rak inggih kapanggih nun ingkang dados liding cariyos wahu.

Katandhan kula pun kumawaneh.

Kula sampun maos serat patakenipun ingkang asisilih nama siswa sarjana. Kapacak ing bra martani tahun punika ongka. 10. Menggah ingkang dipun pratelakaken wahu saking pamanggih kula sadaya tembung arab. Ing sasaged-saged kula ngaturi katrangan ing ngandhap punika. Ananging sarehning kula punika kalebet gogolonganipun tiyang cotho ing sastra mogka cumanthak anjawab patakanipun priyantun sujana ingkang klayan sanes pitembunganipun piyambak. Amila manwi wonten lepating panjawab kula mugi-mugi para sarjana kaparinga barkah angleresaken kalintuning panjawab kula wahu. Saha panyuwun kula sampun pisan-pisan yen ta kagalih kumasaged. Ing saestunipun tiyang bodho. Wasana namung nyuwun pangakupama ingkang sakwah.

Kadosta

Ngumrah

panunggilanipun khaji. Rukunipun sami kaliyan rukuning khaji. Kaotipun ngumrah punika boten mawi wukuf wonten ardi ing ngarfah.

Adiyah	pitedah. Bilih idyah tegesipun paweweh ingkang mangginggil.
Masaril kharam	parameyan salebetung wates tanah kharam ing nagari mekah.
Kures	jujulukipun baginda fihir. Luluhuripun kangjeng nabi mumukhamad ingkang misuwur ing kakendelanipun dumugi kangjeng nabi mukhamad sampaun turun kaping kalih welas mila tedhak rasul punika sami kawastanan bongsa kures.
Takbir	bilih mejahi ngain tegesipun pethek bilih mejahi kaf tegesipun angagungaken.
Jumrah	ingkang mawi aksara jim namaning tugu kang sami dipun balangi tiyang minggah khaji. Wonten ing mina. Bilih mawi aksara ze zumrah pakumpulan.
Tasrek	namaning dinten tanggal kaping. 10. 11. 12 wulan besar.
Khisab	etangan utawi kinten-kinten.
Bayinat	tetela. Mila sami winastan bayinat margi saksi punika mratelaaken temen utawi doranipun ingkang dipun sakseni.
Talut	namaning ratu kala jamanipun kangjeng nabi dawud. Asli saking tembung suryani.
Mambri	utawi minbar. Namaning palenggahanipun tiyang maos kutbah.
Bobab	bok manawi leresipun tobat. Tegesipun kapok.
Lalim	anganiaya.
Kifarat	tetebusan utawi ptrapan.
Imam	pangajeng.
Iman	pngandeling manah.
Yamim	leresipun yamin. Tegesipun supata utawi parnah tengen.
Saleh	tiyang ingkang kalakuanipun sae tuwin anglampahi kautamen.
Burhan	pratondha yekti. Ingkang pinaggih ing nalaripun tiyang marsudi ing kawruh.
Eter	bok manawi leresipun ater. Mawi aksara t ageng. Tegesipun paksi.

Kajawi saking punika manawi andadosaken dangan renaning panggalihipun siswa sarjana. Kula nyuwun seserepan ingkang dados kodhenging manah kula. Kadosta ingkang winastan sekar ageng punika sababipun kawastanan ageng kados pundi. Punapa saking kathahing pada lingsanipun utawi saking kathahipun wicalaning wanda saben sapada ageng.

2. sekar tengahan punika kados pundi. Punapa kedah kadunungaken wonten tengah-tengahing anggitan.
3. sekar macapat punika kados pundi. Punapa aslinipun saking monca nagari. Utawi anggenipun winastan sekar alit. Punika punapa saking sakedhiking padalingsanipun utawi wandanipun saben sapada ageng.
4. pathokaning tembung jawi ingkang wonten kramanipun utawi ingkang boten wonten kramanipun punika tembung ingkang kados pundi. Mugi panjenenganipun siswa sarjana lumuntura ing panggalih aparing barkah seserepan. Sarta mugi sampaun kalintu serep. Kula boten sumeda anggogonda arum wonten pabarataning bra martani. Sedyaning manah naming kapingin sasrawungan para sarjana. Angingsep lumebering kasagedanipun. O tiyang ginadhuhuan manah lembon kados kula punika. Sakalangkung sedhiih. Kados dene ingkang kula aturaken ing nginggil wahu. Sanadyan tumrapipun siswa sarjana bok manawi namung kaanggep sapele ewadene tumrapipun ing kula kajawi tataken sampaun boten angsal wewengan. Boten langkung panyuwun kula ing sang murweng pandulu namung katebihna saking manah galak nepsu. Kang awit pamanggih kula panggugahing manah lembon punika sarana golokan kaliyan para mitra. Bilih galak nepsu bok manawi lajeng cupet. Amin.

Kaserat tanggal kaping. 15. Maret. Tahun. 1880.

Marudasta.

Tamatipun akaling tiyang ngestri.

// ing wanci surya diwasa. Tiyang kang babarang sami. Kapuriya lumaksana. Samapta tataning kardi. Yayah ing sabenari. Barang ken ketek lan baung. Kinen samya mara. Dhateng dalemipun kyahi. Pangulu lan andika wonten ngrika.// kinanthi.// katujuwa masanipun. Takala sampeyan lagi. Lenggah kalayan martuwa. Nanging tiyang ingkang sami. Ambarang wahu punika. Kawaraha dipun eling.// dupya non paduka laju. Amung sunga panembrami. Miluting tyas manuhara. Den resep tumrecep kadi. Panggih sanak kapenakan. Sarta gadhaha pandeling.// lah mangkaten tembungipun. O adhi lami tan panggih. Ing semu manggih raha raja. Sawab kabyatane keksi. Sanajan dikaling sema. Ningali kula amargi.// ambarang ketek lan baung. Naming ciptaning tyas mami. Masa puruna anilar. Pakurmataning luluri. Amargi krabat sa,peyan. Pramilane saupami.// kula tekarda tinundung. Saking non asoring kardi. Lah kula masa puruna. Anilar sampeyan awut. Putranipun paman kula. Kula sayoga tut wuri.// kendeling panabdanipun. Dika semuwa prihatin. Lajeng anyebarna yatra. Pangulu ingkang amesthi. Andangun karana nira. Nunten

sampeyan wangsuli.// yektos ramanta ing wahu. Upajiwaniipun naming. Tansah barangken wanara. Lir kang linaksanan dening. Para sanak kula warga. Ingkang paduka tingali.// temah kula pribadi mung. Ing ngaran juragan sugih. Awit saking anggaot. Antuk barkating hyang widi. Saged agagramen barang. Mila ing ngajenan janmi.// sareng kahe jaka sampun. Yitna sakehing weweling. Pratikelan lampah-lampah. Inggih lajeng den lampahi. Dene sampurnaning karya. Tetes tan wonten kang nisip.// kadya ingkang wus tinamu. Kagyat ki pangulu angling. Kowe iku yen mangkana. Dadi teterahing janmi. Kang kulina ambabarang. Wanara turut margi.// dadi tunggalaning badhut juragan tandy mangsuli. Saking gunging tresna kula. Ing putra sampeyan putri. Ananging tan saged selak. Saking asaling luluri.// tan mongga angaku-aku. Miwah tan saged nyelaki. Ing sanak sadherek kula. Pangulu wicanten malih. Tan arus wong kaya sira. Duwe bojo anak mami.// wit aku jeneng pangulu. Minongka ulu-uluning. Samubarang pangadilan. Iya wenang amancasi. Sakeh prakara ning praja. Wondene sajarah mami.// saterah turuntumurun. Sakajeng nabi sinelir. Awit ing ngiku tan yogya. Sun duwe mantu nireki. Trahing pidak padarakan. Wong ambarang ing reh nisthip.// juragan mangsuli wuwus. Lah kyahi pangulu mugi. Engeta yen ingkang putra. Samene uwus karabi. Inggih dhateng jasad kula. Dadya jijimating ngurip.// ing ngatase sarambutipun. Sak ler ulun anggep yekti. Tan kantenan aosira. Mila ulun tan kadugi. Pegat lan putra paduka. najan badhe den paringi.// pamancal kapara kaduk. Ing sa[] jan den paringi. Karaton ing dalem dunya. Teka ulun tan kapengin. Taksih remen sesemahan. Agendhon rukon salami.// wasana krampunganipun. Rujukung rembag prasami. Estu pinegatken ika. Juragan kalih kang estri. Kawasah lajeng pisahan. Juragan suka ing batin.// lajeng wangsl enggenipun. Prawan yu kang mratikeli. Tuwin kang damel gujengan. Menggah jatining larestri. Warnendah kanang susuta. Pandhe geng ing jro nagari.// adan juragan anembung. Dhateng bapakipun bilih. Sutestri yun rinabenan. Pandhe inggih nayogyani. Datun lami dipun ningkah. Rutut denya laki rabi.// tan wonten sangsayanipun. Wilujeng sarta amanggih kasenengan sakaliyan. Sih siniyan lir angganan. Mimi kalawan mintuna. Tan pisah siang mwang ratri.//

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Kula kedah anyariyosaken konduripun pangeran arya gonda siwaya. Ingkang mentas kautus ingkang rama. Dhumaten ing nagari walandi. Kados ing ngandhap punika.

Nalika ing dinten jumuwalah tanggal kaping. 12. Wulan maret tahun punika. Kangjeng pangeran arya gonda kusuma rawuh ing semawis kapethuk dening pangeran tetiga. Arya satunggal. 1. Kangjeng pangeran arya gonda suputra. 2. Kangjeng pangeran arya gonda wijaya. 3. Kangjeng pangeran arya gonda atmaja. Tuwin raden mas arya gonda wardaya. Tuwin wawadana. 1. Raden mas wira asmara. Kanthi panewu. Mas ngabehi jaya suwahya.

Ing dinten setu tanggal kaping. 13. Ugi wulan tahun punika. Wanci jam. 12. Siang. Kangjeng pangeran arya gonda siwaya wahu. Bidhal sangking ing semawis kundur dhumateng nagari surakarta nitih kreta latu tren. 2. Dumugi ing setasiyon geyer. Kapethuk dening. 1. Kangjeng pangeran arya handaya nata. kanthi ajidan upsur kapaleri raden mas panji partaningrat. 2. Kangjeng pangeran arya daya kusuma. Kanthi ajudan upsur inpantri. Raden mas panji puawai nata. 3. Gusti raden mas suprapta. Sami mengagem cara walandi grut tenigala. Kadherekaken mas ngabehi jaya sasmita dhokter jawi mangkunagaran mangangge cara jawi prajuritan. 4. Raden tumenggung jaya sarosa kadherekaken mantri kakalih sami mangangge cara jawi prajuritan. Dumugi ing setatsiyon surakarta. Ing ngriku sampun kapethuk dening kangjeng pangeran arya prabu prawadana. Akaliyan kangjeng pangeran arya surya diningrat. Tuwin para uptepsir-upsir. Putra dalem mangkunagaran. Sami mangagem cara walandi grut tenigala. Andhapipun saking kreta latu. Kaurmatan unglipun mariyem. Gendhing. Irlan seplut. Sakendele paurmatan musik. Para tuwan-tuwan sawatawis ingkang sami methukaken rawuhipun wahu. Lajeng tetabikan kaliyan kangjeng pangeran arya gonda siwaya. Tuwin raden mas sunarya. Sarampungipun suka wilujeng. Kangjeng pangeran arya prabu prawadana. anyarakaken bilih kautus methuk sarta beta kreta. Kyahi sewandana. Pangirit kapal sitni. 4. Iji. Mawi kapaleri. 5. Tindhah grutenigala. Lampahipun ing setaksi. Kreta nomer. 1. Titianipun kangjeng pangeran gonda siwaya. Kaliyan ingkang rayi kagnjeng pangeran arya prabu prawadana. akanthi upsir. 2. Minongka ajidanipun. Sami nunggil sakreta. Kreta nomer. 2. Kangjeng pangeran arya surya diningrat. Tuwin raden mas sunarya. Upsir. 2. Ingkang nunggil sakreta minongka ajidanipun. Kreta ingkang nomer 3. Dumugi kreta nomer. 36. Punika titianipun para uptepsir upsir tuwin para tuwan-tuwan ingkang sami methuk sadaya. Jujugipun ing lebet mangjunagaran. Ing pandhapi mangkunagaran sampun kasadiyanan pinarakken sarta gongsa kyahi lipur tamboneng. Rawuhipun kangjeng pangeran arya gonda siwaya ing ngalebet. Mandhapipun saking kreta sakidulipun bangsal tosan. Kangjeng gusti pangeran adipati arya mangkunagara sampun pinarak wonten ing pandhapi kaliyan mayor raden mas arya braja nata mengagem cara walandi grutenigala. Kadhep kiwa tengen dening antenar sarta upsur ingkang sami mangangge cara jawi. Mandhapipun kangjeng pangeran arya gonda siwaya saking kreta kendel sakedhap wonten ing salebetipun bangsal tosan ngentosi ingkang sami dherekaken wahu. Minggahipun kangjeng pangeran gonda siwaya dhateng ing pandhapi kagrubbyuk para ingkang sami methuk. Kaurmatan gongsa gendhing kapangkapang. Sakendeling gongsa kangjeng gusti lajeng jumeneng. Ormat sebab badhe nampeni tabenipun kangjeng raja tuwin para minister ing nagari walandi ingkang kabeta dening kangjeng pangeran arya gonda siwaya wahu. Sasampunipun kangjeng pangeran maringaken tabe kangjeng raja dhumateng kangjeng gusti. Lajeng kangjeng pangeran sarta raden mas sunarya nyuwun ngabekti ing kangjeng gusti. Sasampunipun ngabekti lajeng lenggahan. Boten antawis dangu lajeng majeng minuman. Kangjeng gusti paring wilujeng dhumateng kangjeng pangeran arya gonda siwaya sarta raden mas sunarya. Sasampunipun kaparingan wilujeng kangjeng pangeran kaliyan mundur ing dalemipun. Ugi nitih kreta kados nalika sowanipun ing ngalebet. Rawuhipun ing gonda siwayan kaormatan ungeling musik sarta gongsa kalenengan. Lajeng lenggahan. Boten antawis dangu lajeng minuman majeng. Kangjeng pangeran arya prabu prawadana nyaosi wilujeng dhumateng kangjeng pangeran arya gonda siwaya. Inggih kangjeng pangeran arya gonda siwaya amangsuli nyaosi panuwun dhumateng ingkang rayi. Lajeng bibaran sami kundur.

Kula W. N.

Nalika ing dinten jumuah siang tanggal kaping. 11. Maret punika ing masjid ageng wonten saweneh ing tyang bongsa koja. Tumut sembahyang jumuah. Salebetipun sidhem para ngulami amirengaken pamaosing khotbah. Pun koja adamel cingak ing kathah nyuwanten anggirisi. Ing ngriku lajeng kaemutaken dening kang kawogan jagi rumeksa. Nanging andarung sedyanipun malah apurun dhateng merbot saking kawekening manah. Koja aumedyanipun sembadani. Enggal kaglandhang medal ing surambi. Saksana koja andukaken diksuranipun. Merbot dipun tempiling malesat serbanipun. Sareng kalih-kalihipun sampaun ruked para tiyang ing surambi sami umyang ubyung-ubyungan pun ambek santosa kenging kapikut reh ayunipun dereng ngantos kalapuraken ing pulisi [] ning guru inggal. Bok manawi saking anggening angosak-osik wawejang ing guru. Sarehning enggal gathukipun mongka pamesuning kawruh wahu sanget dados ngantos saged angewahaken pirantosing badan.

Amila sanajan panunggilaning kawruhipun koja wahu ewon wajib dipun sumerepi. Nanging bilih dereng dungkap saha saged maligekaken pangesthinipun utawi dereng saged amijangaken prayogi sumimpfen mawon nun rumiyin. Amung tumemenipun anggening sembahyang kasengkuta.

Panjurung.

Nalika dinten malem senen pon angrintenaken tanggal kaping. 10. Wulan rabingul akir tahun punika. Raden atma sutirta. Griya kampung ngadi kusuman papan pemahanipun kalebetan durjana pandung sarana amengakaken korining capuri. Pun juti sumeda mendhet kapal ingkang manggen wonten sawetaning griya. Mongka raden atma sutirta mentas saking jagong dumugi griya dereng tilem sarehning dalu punika manahipun karaos boten tetep. Rencangipun tiyang kapurih medal naming kaleresan temen pun juti sawek badhe angedalaken kapal saking gedhog. Tiyang jaler wahu sumerep pun juti lajeng kaelokaken sarta kabledig namung pun pandung teka anunut kemawon sareng enjing kaladosaken dhateng pulisen darpayudan. Pun pandung kadangu pulisi ngaken kemawon sareng sampaun terang pandanganipun lajeng kemawon[] ringan ngaso wonten ing griya gendheng ingkang sakalangkung tertip. Dene gumuning ngakathah tiyang sumeda mandung teka taksih mrabet meretan dhuwungan timangan bebedan.

Kala ing dinten kemis kaping. 11. Wulan maret punika. 1880. Ing kampung pasar pon bawah tumut guna predanggan wonten tiyang miskin lumampah radinan kang kidul margi ugi tumut bawah kang kasebut ing nginggil wahu. Tingalipun tiyang wahu kados nandhang sakit. Kendel ing ngandhap asem celak buk kang mangidul nanging pancen radi rekaos sakitipun pramila ngaso ing ngriku. Lo kok gumun kula punika. Mas gebayan kang bawahaken ing ngriku kok lajeng matrapaken ambek kang dek sura. Tiyang wahu lajeng dipun tundhung sangking ing ngriku. Ananging tiyang miskin wahu tangeh yen badhe kesah sangking ngriku. Jalaran saking weraosaken sakitipun sanget mas gebayan lajeng repot dhumateng pulisi. Lapuranipun yen badhe wonten kere pejah wonten ing bawahipun anyuwun serat kang badhe kadamel nedhani yatra prikonca pakampungan sadaya. Satunggal tiyang dipun purih bayar setengah rupiyah. Utawi panedhanipun jiyadan ingkang punika menapa sampaun muai[] ing kathah. Kadosta mas demang guna predoga punika menapa boten nate mriksani. Kok gebayan mawon gadhah ambek samanten o kok gumun sanget nun.

Panjurung.

Jepara Kudus

Ing dinten jumuah pahing tanggal. 20. Pebruari 1880. Ing kampung kaiman kudus kilen waktu siang wonten estri nama mas mirah kalih sanah. Kinten umur. 2. Tahun. Bucal bathang sawung pejah kajeguraken sumur darbekipun tiyang nama afsarah sumur kawak sampaun boten kangge. Dupi lare kalih jegurken bathang sawung irungipun sami membet bacin-bacin katingali ing lebet sumur wonten bathang kumambang kakinten bathangipun kucing. Sekar asem lajeng alok-alok pancen ingkang darbe sumur wahu sakit gendheng lajeng kacedhuk kalayan prantos kranjang. Sareng kaentasaken dados mayid lare jabang bayi. Mawi mangangge grita sinjang abrit. Glang mote teksir umur. 1 ½ wulan nanging sa[] patipun jalu miyah estri. Sabab sampaun risak. [] pulisi. Saking pakintenipun ingkang [] taksir umur [] nama tradita salidin dhusun pengkol. Sampaun umur. 60. Tahun. Sawiyah elik. Laki pikantuk tiyang sepuh. Lajeng kesah ngulondara bektawetengan. Sareng badhe babaraken. Manggen ing pagriyanipun sadherek estri nama dasiyah. Dhusun pasuruwan kidul jabang bayi medal estri. 3. Dinten puput puser. Lajeng katundhung dhateng sadherekipun. Sawiyah kesah nglompra malih klayan bektawetengan bayinipun kaupados tiyang polisi. Sareng ing dinten kemis tanggal kaping. 26. Wulan kados ing

nginggil. Sawiyah pinanggih mlampah ing margi ageng dhusun wergu dhistik kitha kudus. Lajeng kacepeng kabekta ing kawedanan kapriksa matur blaka suta yen wahu jabang bayi ingkang pejeh salebet sumur anakipun kabekta kalirene lajeng kadulang pisang raja godhogan kasereden lajeng pejeh. Wahu tiyang estri kalapuraken ing nagari.

Darma warsita.

Ing bra martani ongka. 11. Maret punika. Ing ngriku wonten anyebutaken bilih bawah ing kabupaten klathen paceklik sanget awis rijke tuwin raja krowot punapa malih pandung saking kathahipun meh saengga nekat. Lo kabar ingkang makaten wahu punap boten dora. Leres ta ing wektu punika regining uwos wonten awisipun katimbang kalih saben-saben ananging pamireng kula ingkang klayan waca ton temen boten wonten tiyang ingkang ngantos kalirene utawi nedha walur. Punapa malih tiyang padhusunan ugi boten rekaos anggenipun ucal tedha. Denten pandung ing wektu punika kenging kaungalaken sampun boten wonten ingkang awit panagenging kitha klathen inggih punika kangjeng tuwan asisten tuwin sang bupati. Bilih dalu manawi boten kapambeng jawah deres sampun kenging kapesthekkaken manawi tindak rundha piyambak amriksani sadaya tiyang ingkang sami patrol. Mandar inggal punika ing kampung pacinan griyanipun tukang gadhe wonyten pandung menek ing pilar malebetiupn bikak candhela loteng. Sawek mendhet barang ingkang wonten ing loteng lajeng konangan ingkang gadhah griya. Kaelokaken lajeng kemawon pun pandung katungkeban para tandang tuwin priyayi polisi. Sampun tamtu kemawon pun pandung lajeng kenging kapikut. Pamila saking pangraos kula piyambak ing kitha klathen wahu. Sangsaya lami saestu sangsaya mindhak karaharjanipun awit ingkang ngasta panwasa boten kirang palimarma.

Pamujiyarja

Awit dening kula asring asring maos pustaka kabar bra martani. Ing ngriku kathah para mitra kula ingkang sami karsa paring barkah ambabaraken tegesipun tembung-tembung ingkang adamel kawekening manahipun tiyang bodho kados kula. Amargi punika kula lajeng boten pakewet punapa malih purun amastani bilih para mitra kula ingkang sami karsa amedharaken kaputusanipun wonten ing pustaka kabar wahu. Saestu anyelaki ing wiwicalanipun para sarjana ingkang sampun lepas ing kawruh. Ingkang sayogya asunga padhanging manah buteng. Ingkang makaten wahu lajeng adamel tuwuwing kawekening manah kula malih. Ingkang sampun lami kulabudi-budi maksa boten pinanggih. Temahan andaddosaken kodheng. Inggih punika amung tandukipun tembung. Bang. Punap wonten bentenipun kaliyang tembung bra. Punika purbanipun saking tembung punapa. O amung kalebet sapele kemawon sarta boten montra-montra adamel parlu tuwin kehguhing pamanggihipun para lukiteng sastra. Ananging ing ngatasipun tiyang bodho kados kula. Kenging kawastanan parlu ugi. Mila sareng kula kataman tembung ingkang makaten wahu. Ing wusana boten sumerep menggahing palajengipun kula lajeng analongsa. Ciptaning manah kula makaten. E e ingkang kaya aku iki gek diarani uwong apa. Dene kok tuna temen enggonku tinitah dadi bongsa jawa. Teka ora weruh mangerti tembung jawa mangkono bae.

O mila saiba bingah ing manah kula. Bilih para lukiteng sastra karsa maringi barkah babaripun tembung ingkang kasebut nginggil wahu kawrat ing pustaka bra martani.

Pun sebet minta mangerti.

Kula nuwun bokmanwi andadosaken kapareng lumunturing panggalihipun para sarjana. Mugi karsa amaelu anegesi ungel-ungelan kados ingkang kula aturaken ing ngandhap punika.

1. ponca sona
2. ponca suda
3. ponca bakah
4. ponca driya
5. ponca kara
6. ponca naka

O mendah suka sukur kula manawi para sujana karsa anggalih panyuwun ing nginggil punika. Saking rumaos kados badhe kasampetan ing kabetahan kula.

Ing karang anyar tanggal kaping. 24 wulan maret candraning sangkala ruhuring sarira angesthi kawruh.

Pa. Sang.

Cangkriman

// sinten-sinten ingsun. Dadya laranen anglentrih. Yen pinethatan slamanya. Tan wandya tumekeng pati. Pramila enggal usada. Amurih dhatengken mami.// kapan nulya ingsun rawuh. Glak nganggo usada malih.

Anyirep lan mendhem ing wang. Yen datan nganggo ya lalis. Sinten reke bangkit mangya. Namaningsun kang sayekti.//

pethikan supados pepak cariyosipun bra martani

anyariyosaken pangandikanipun dewi dhateng buyut bawandha. Mumulang patrapipun tiyang gigriya. Supados dinuluran ing rijki. Pangandikanipun dewi sri makaten. Heh bawandha yen sira arep kadhuluran sandhang lan pangan paturonira krobongan iku resikana ingkang baresih. Lan sajenana kendhi kang kebak banyune. Ananging wekasingsun marang sira aja sok ngebutake jarik ing wayah wengi. Lan aja anyapu utawa kekelut ing paturon sawuse surup srengenge. Yen sira tetebah sadurunge surup srengenge. Sarta resikana tekeng joganira. Esuk katebahana maneh. Sarta anyapuwa latar sadurunge metu srengenge. Lan maneh buyut bawandha sira ingsun wekas. Aja sok ambukak simpenane bojonira. Ila-ilane boros lan kerep kekelangan. Buyut bawandha matur sandika angstokaken paliwaranipun dewi sri. Sasampunipun paring wulang dhateng buyut bawandha lajeng mulang dhateng biyang somba ing dhusun karalengki. Pangandikanipun dewi sri makaten.

Biyang somba. Yen sira arep kaduluran sandhang lang pangan saben sira arep angejogi beras ing padaringan asajiya sega golong pecel pitik jangan menir. Lan diyan gedhang ayu suruh ayu kembang boreh. Biyang somba matur sandika. Dewi sri ngandika malih. Apa karanane padaringanira teka ana jaba. Sarta kok padhangake. Aturipun biyang somba. Mila makaten awit asring dipun tedha ing tikus. Dewi sri ngandika malih padaringan ana ing jaba sarta kapadhangan ing srengenge iku. Ila-ilane boros. Yen sira susah dening tikus damarira ing padaringan aywa kendhat lan padaringanira sandhingana kalungsu. Sarta kacangcos selan wekasingsun marang sira aja sok naker beras ing wayah wengi. Ila-ilane katekan ama beras kang aran ama saremet.

Taksih wonten sambetipun.

//oo// pungkuren ki wreda kumpra. Ywan tanpa krasonya ing kramaniti. Titi katawuring tembung. Katambang kehing yuswa. Rengen ta heh ki wreda nalika muwus. Gangsul asora saraba. Woring pelotan dumeling.// tiniling ameksahura. Kurang urus ruwet lir wong dalem. Paran dene ana weruh. Mung sinun meng duduga. Pamuwuse ki wreda anguwus-uwus. Mring sujalma kang nanacad. Kenceng argining rijkeki.// prajadi dupeh tinarka. Manungsane samya kirangan bukti. Mene mangan gadhung walur. Ki wreda dera mojar. Ing ngong iki wong wis dawuk sok merkutuk. Ywan myarsa wuwus nanacak. Kamulyane kang prajadi.// umurku sepirang warsa. Uwis kongsi menangi narapati. Nenem asmeng kang sinuhun. Ngong durung wruh sanyata. Jalma surakarta mangan gadhung walur. Bobote duk prang brandhalan. Banget laranging rijkeki.// paran dene jro negara. Maksih ayem tan kurang kang binukti. Kamurahaning hyang agung. Tan wruh sangkaning beras. Saben dinten pirang-pirang prahu. Jujuge bengawan sangkrah. Wong kang nempur den undhangi.// aywa nanempur ing pasar. Menek larang nempura pinggir kali. Sadangan mantep mung suku. Lamun nempur ing pasar. Sadangane sringgit anelung puluh. Punjur suku nora kena. Lamun sinuda sedhuwit.// tur berase iku padha. Ora beda lan beras pinggir kali. Sumarma jalma angelun. Tenana nempur pasar. Mwang warungan sakeh beras padha babrak. Angalenthar lawas-lawas. Melu murah lir ing kali.// iku ramening brandhalan. Surakarta maksih ayem pribadi. Liya praja ting bilulung. Apa maneh ngayugya. Luwi banget kongsi keh jalma anglelur. Meh kaliren pirang-pirang. Sanadyan para prayayi.// paran dene kurang dhahar. Awit nora nana kang beras pari. Dadi tan ana tinuku. Nempur mring lita praja. Ora bisa nagri neki nepung mungsu. Temah kang padha pinangan. Pitik iwen kebo sapi.// bareng iwen tek-entekan. Sakeh tiris uwite den tegori. Pondhohe padha kinremus. Wit tela gantung bebas. Bobonggole tela gantunge pinarut. Ginodhog padha pinangan. Lawas-lawas iku kongsi.// anyandhak sajroning pura. Para gusti puyengan angupadi. Beras saberuk tan antuk. Lamun silih anaha. Nadyan larang bras saberuk arga satus. Rupiyah yekti tinumbas. Paran dene nora olih.// nempur metu datan wigya. Sabab praja dadya ajanging jurit. Malah kabiwareng tutur. Kangjeng ratu utusan. Paring barang warni sengkang agemipun. Ingkang pengaji saleksa. Kinen ngurupna tumuli.// oleha beras sadangan. Wus naramah prandene datan nolih. Kapiteng tyas jro kadhatun. Ruhara tangis ngrebda. Tanpa uwus gumarumung siang dalu. Mangkana wus kabiwara. Saking surakarta nagri.// katga nagri naranata. Surakarta sedyarsa anulungi. Reh maksih enget sang prabu. Kalamun maksih akrab. Gya angutus senapati kang gegedhug. Jeng pangeran purubaya. Kanthi punggawa kekalih.//

taksih wonten cандhakipun.

Ongka kaping: 14

Kemis kaping. 1. April.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Serat kawat saking eropah

Prameswari ing nederlan anggerbini. Saha andungkap mangsanipun ambabar.
Nagari cina ameling dhateng amerikah patruman sanjata kalih yuta iji.
Pangajengipun para serif ing mekah kaparjaya.

Ngawi

Nalika ing dinten slasa tanggal kaping. 15. Wulan punika. Ing beteng ngawi katingal sampun mirantos para upsir saha saradhadhu mangangge agengan badhe anjawari pangasipun saradhadhu ingkang kalepatan amarjaya mawi sangkuh dhateng sersanipun labet namung kabarebet ing epek-epekipun. Enggaling cariyos sareng sampun mungel jam. $\frac{1}{2}$ 8 enjing ingkang mirantos sampun pepak para upsir saha saradhadhu. Tan pantara dangu saradhadhu ingkang badhe kakisas kawedalaken sangking beteng kairing sawatavis saradhadhu saha binarung ungelung tambur. Kajujugaken ing panggenan pangisas.

Sasampuning serat karampungan kawaos lajeng anglekasi pangisas wahu. Patraping pangisas makaten saradhadhu wahu mawi ngadeg sangajenging gumukan siti lajeng kadrel klayan sanjata. 8. Iji tebihipun namung. 8. Tindak tan pantara dangu. 8. Iji sanjata mungel saradhadhu ingkang tampil ukuman lajeng pejeh ngenggen anamung ingkang dipun gumuni dhateng sadaya tiyang kendel saha tatagipun ingkang kakisas wahu nalika badhe anglekasi pangisas upsir. 1. Sumedya badhe nutipi maripatipun anamung ingkang badhe kakisas amangsuli boten susah dipun tutupi. Sumedya badhe sumerep lampah ing mimis ingkang badhe dhumawah ing dhadhanipun.

Nalika tahun kang kapengker kula amaos serat bra martani. Angwartosaken ing tengahing wana ketongga bawah dhestrik jagaraga kabupaten ngawi. Wonten tiyang sumedya badhe jumeneng narendra. saha sampun amirantos ing dadamel nami raden surya alias mondra guna. Cekaking pawartos tiyang wahu. Sampun kapikut dening ingkang bupati. Saha ing mangke kula mireng pawartos yakin miturut serat karampungan sangking parentah luhur tanah jawi. Kakarsakaken kabucal saking tanah jawi kapapanaken panggenan wonten ing pulo ambon. Saha klilan ambekta anak rayatipun tuwin mawi kapatedhan pensiyun dening parentah luhur. Ing sawulan. 15. Rupiyah. O kok adil palamarta temen parentah luhur punika dene tiyang sampun katingal sumedya damel aru biru ing nagari mawi tansah kapatedhan panggesangan.

Panjurung.

Siyam

Kawertos kangjeng raja ing siyam badhe linggar lanana saking nagarinipun apapanggiyan kaliyan raja ing amonca.

Sapundhating wulan april sang raja bidhal saking bangkok nayaka ngatasing paprangan tuwin nayaka ngatasing prakawis sajawining nagari badhe anguntapaken tedhakipun sang raja. Kajawi punika sadherek dalem sang raja tuwin abdi dalem ageng-ageng kathah ingkang badhe andherek. Saking bangkok tedhak ing triyes laju dhateng ing weneng (ostenrik) tumunten anglangkungi lepen rein anjok ing nagari nederlan. Saking ngriku tumunten tedhak ing londhon laju dhateng amerikah. Kinten tanggal kaping. 10. Juli. Wangsul saking amerikahdhateng ing paris madrit lisabon dredhen rome sarta ing naptes saking ngriku lajeng tedhak ing singgapur. Tumunten wang.sul kondur ing bangkok.

Nagari cina

Serat mila ingkang mentas dhateng ambekta wartos saking nagari cina. Ingkang pantes kagiyaraken ing serat kabar. Wartos wahu anelakaken malih ing ngatasing kaladakan tuwin kakencenganipun paprentahan cina.

Para maos serat kabar amasthi taksih enget bilih sawatawis wulan laminipun satunggaling cundaka cina ingkang apangkat ageng sarta undhagi wah titi taberi kapatah dhateng peter sepureh anjabel tanah kulja ingkang ing ngajeng sampun kenging nagari rus.

Miturut watekipun bongsa kulit pethak cundaka wahu anggenipun anglampahi ayahan akalayan saliring pamundhi. Piyambakipun adamel kabingunganing para punggawa ing rus ingkang wegig sarana pratingkah kalakuan ingkang boteng kenging dinugi dugi pikajengnaipun. Cundaka angentosi satunggiling wektu ngantos ngalempakipun bala cina wonten ing watesipun nagari ingkang badhe kajabel akalayan santosa. Sarta anujoni masa sae lajeng anjabel tanah kulja saking para punggawa rus saha mawi amameraken bala cina ingkang ngalempak wonten ing wates tuwin malih ambayar arta kange angesoki balonja ingkang kawedalaken dening tiyang rus wonten ing ngriku. Saha nagari cina sisih ler amasthi kabikak kange padaganganipun tiyang rus prajangjiyanipun katandhan asta dening raja aleksander wonten karatonipun ing lipadhiyah. Saking cariyos boten watawis lami dereng ngantos kati[] ing nagarinipun.

Wonten ing peking cundaka boten katampen akalayan kabingahan saking kabar awit saking anggenipun mantuk tanpa angsal dhawuh ing timbalan ugi wonten ingkang cariyos bilih awit saking pangreh nagari dereng kapareng dhateng suraosing prajangjiyan wahu.

Tiyang ing peking angraos bilih prajangjiyan wahu boten ngantos adamel kauntungan dhateng cina.

Riringkesanipun. Cundaka kadhwahan duduka ageng. Inggih sanajana anarungi prakawisipun ananging sareng kaelid-elidakn pakantuking papriksan saya adamel awrat dhateng cundaka. Awit tiyang pancen nedya ngupadosi kalepatanipun ing ngatasing prakawis wahu ingkang minongka pandakwa sekertaris li tuwin so. Satunggiling abdinipun sang raja apangkat ageng ingkang ngupadosi kalepatanipun saking criyosing tiyang cundaka kapatrapan paukuman pejah. Sarta prajangjiyan kaliyan rus badhe katampik.

Satunggiling cundaka ageng ingkang kaaji-aji sarta kineringan dening karajan ageng teka kalolos saking pangkatipun saha kapatrapan paukuman pejah. Awit saking punika tiyang amasthi mangretos bilih kanepsonipun nagari cina dhapur kapameraken dhateng nagari rus ananging manawi kawontenanipun mangkaten kados pundi sababipun dene nagari cina ingkang salami-lami andarbeni paningal lepat kaangge anjagi kabudidayanipun ing mangke teka anandukaken patrap sasar susur mangkaten nedya memengsahan kaliyan tangganipun ingkang langkung santosa. Bilih nagari rus sasatron kaliyan cina. Prajangjiyan wahu amasthi badhe katulak.

Panjurung tedhakan saking salompret malayu.

Kula sampun maos serat patakenipun ingkang sisilih nama minta mangreti. Kapacak ing bra martani tahun punika ongka. 13. Nyuwun katrangan dhumateng para sarjana. Tembung. Bang. Kaliyang tembung. Brang. Punapa wonten sanesipun utawi purbanipun saking tembung punapa. Saking pamanggih kula tembung. Bang. Utawi brang. Wahu. Ugi sanes. Tembung bang. Purbanipun saking tembung. Timbang. Tegesipun sisih. Tembung brang. Purbanipun saking tembung. Sabrang. Kadosta bang kiduling benawi tegesipun sisihing benawi kang kidul. Manawi brang kiduling benawi. Anedahaken bilih sakiduling benawi wonten sabrangan malih.

Awit saking kirang terang seserepan kula. Bok manawi pamanggih ing nginggil wahu sakedhik leresipun kathah nalisiripun. Namung nyuyuwun dhumateng para sujana mugi karsaha angleresaken saha kanthi paringa pangaksama maring mudha punggung.

Pa. Sa.

// kinanthi mongka pamangsul. Cangkriman kang tumrap mungging. Bra martanyongka tri welas. Ing mangke kula nguncapi. Pambatang kanang cangkriman. Tike sajatine pasthi.// dene pambatang puniku. Rehning kang asung pamindhi. Manungsa punggung kaliwat. Bok manawi analisir. Tan lyan sagung pangaksama. Punika ngong arsi-arsi.//

Candhakipun pethikan cariyosipun dewi sri

Dewi sri lajeng malebet dhateng padaringan sarwi ngandika nimbalii biyang somba heh biyang somba. Wadhah beras iki teka ana kalobote. Sirikan pedaringan iku aja kowe dokoki kalobot lan sega aking utawa katul ila-ilane asring katendhagan beras.

Sasampuning ngandika mangkaten dewi sri lajeng dhateng dhusun kali marka. Pangagenging dhusun punika wasta buyut randhima. Saweg pinuju ngunduhu sasekaran dewi sri ngandika heh randhima. Pategalanamu gon kembang iki prayoga pagrerana andong. Buyut randhima sakalangkung ngungun kadhatengan dewi sri. Wasana dewi sri lajeng ngandika miwiti amekasi. Anyariyosaken ing lampahanipun

buyut randhima lajeng sangsaya karuna. Wekasan lajeng tumenga ing wiyat andodo[] makaten. Hong hyangi kangadardeng pangempwanulan mudya amundhak pa[]. Tegesipun makaten. Dhuh dewa kang asih ing ratu kawula. Mugi [] supados ngapuntena ing putra kang nglalu ing kalih[].

Kawuwusa dewi sri lajeng dhateng ing dhusun boga. Anjujug lumbungipun buyut warahas saweg pinuju dhudhah pantun ing nglumbung. Awit kadhudhah sami katedha ing ngama saremet [bubuk bang] semahipun wasta niken pitengan. Dewi sri nganduka makaten.heh pitengan aranira iku. Araning ratuning bubuk bang. Sira sun lih jenengira aran niken mar. buyut warahas angaliya buyut muksala. Dewi sri lajeng mumulang montra makaten.

Hong palacat murcaruwat kalasuha. Hong sri mandel maguren kelamaswa amontra rongan dhaga. Iku sarana nekem bang sulasih kinukup ing tangan karo. Mantranana kaya ika mahu. Banjur kasebar-sebarna ing pari nglumbung yekti ama bubuk bang sirna kabeh. Ama dening goning lesung dokokana eyub-eyuban sarta resikan. Yen wiwit nutu kothekan. Bubar nutu iya kothekan. Awit kothekan iku agawe bungah ing atiku.

Wasana dewi sri lajeng apapanggih kaliyan ingkang rayi raden arya sedaga. Akarya dhedhekah wonten ing wana mendhang agung. Lajeng kaparingan nama padhekahan sri ngawanti. Mangkana sri maha punggung sareng miyarsa sasabdane dewi rukma wati. Yen ingkang putra raden sedaga lan dewi sri sampun dhedhekah wonten ing sri ngawanti. Lajeng nuduh punggawa ingkang lemes luwes nama radyan nitiran kinin animbalii ingkang putra sakaliyan. Cekaking cariyos raden sedaga lan dewi sri sami mopo boten kersa.

Mangkana sri maha punggung sareng miyarsa sabdane dewi rukamawati. Yen ingkang putra raden sedaga lan dewi sri sampun dhedhekah wonten ing ngawanti. Lajeng nuduh punggawa ingkang luwes lemes nama radyan nitiradya. Kinin animbalii ingkang putra sakaliyan. Cekaking cariyos raden sedaga lan dewi sri mopo boten kresa. Mangkana sri maha punggung sareng miyarsa aturing punggawa lajeng angandika. Dhuh anakingsun si sedaga lan sri. Teka kapi temen amutungi wong atuwa. Apa ngarah sri anglungsungi kaya ula sawa. Si sedaga apa andadak kongsi nusuh kaya manuk sriti. Pangandikane prabu sri maha punggung punika boten yen angesotna ingkang putra. Mung saking kakening panggalihipun kemawon. Ananging paribasan sabdaning pandhita pangandikaning ratu. Yekti kasembadan awit saking kalebdaning tapa brata. Ing ngriku karsaning dewa sri dados sawer sawa. Raden sedaga lajeng dados peksi sriti. Ing nalika punika anuju tengah dalu teksih salebete anendra. Sareng bangun enjing dewi sri lan raden sedaga sami salin paningalan pakaranganipun katingal wana. Tiyangipun sami katingal sato kewan. Mangkana lajeng sami kesah asowang-sowang. Para buyut para umbul ing sri ngawanti sami madosi musnane dewi sri lan sedaga nanging boten pinanggih.

Kuneng kawuwusa ingkang kenging papa cintraka dewi sri lan sedaga dhatenging purug sowang-sowang an. Cariyosipun dewi sri ingkang rumiyin lampahipun kalunta-lunta tan buh ingkang sineja. Ngantos dumugi paminggiring nagari wiratha. Kendel wonten pasabinaning dhusun wasutikara. Punika pangagengipun tuwa buru anama kyahi wrigu. Semahipun anama ken sangki. Anuju sawek garbini sepuh. Cariyosipun kyahi wrigu punika ing ngajeng puruhita dhateng resi wisama. Sarta wineling makaten. Heh wrigu sira bakal pinaringan anak dening dewa. Yen kabeneran gawa begja lan sarana iki kalukunen ing banyu yoga. Banyu yoga iku warna papat.

1. banyu saking bumi
2. banyu saking langit
3. banyu saking thuthukulan
4. banyu saking sipat nyawa

iku winor dadi sawiji. Kinarya ngaluku sarana iki. Nuli inumen lan somahira. Yen katrima somah ira bisa meteng. Sira marenuya lan somah ira. Ingsun arsa mangsit ing sira mungguh kadadehane sutanira. Anamung ngulatana ula sawa kang agatra sumping pari sawuli. Yen wus antuk resik ana nuli panggona kang resik utawa gematenana apa barang pakaremane.

Cekaking cariyos sasampun angsal sawer sawa mangkana niken sangki ambabar estri. Kyahi wrigu kalangkung suka. Sareng sampun resik jabang bayi lan niken sangki lajeng kyahi wrigu tilem.

Taksih wonten sambetipun.

Candhakipun utusan ing surakarta dhumateng ngayogyakarta

// kang sami prawireng yuda. Bupati geng lenggha kaparek kering. Wus sinebut sudibyanung. Arya jaya dinigrat. Jroning ngaprang brandhal landyan arya unggul. Saben mangsah wudhu ing prang. Dene ta

ingkang satunggal// tumenggung tondha nagara. wus kawilang sura mahambeg wani. Punggawa kakalih wahu. Ingkang kinen rumeksa. Mring jeng pangran lawan sarereyanipun. Kalawan malih binektan. Nematus wadya prajurit// titindhiah kulnel sajuga. Mayor kalih samya sinebut wani. Kolonel paparabipun. Arya cakra winata. Titih ing prang sinebut kadya taptanus. Sri naranata ing yunan. Dene mayor kang kakalih// satunggal puspadipura. Raden tirta winata kang satunggil. Kalih wus samya sinebut. Sami prawireng yuda. Raden puspa dipura ing nguni sampun. Wudhu prang tan antuk lawan. Dene ingkang den tindhahi// wadya satus jayeng ngastra. Wonten malih mongka kundhanging jurit. Leresan tan aning ratu. Dyan aryajayaningrat. Suteng patih jayaningrat kang rumuhun. Ibune putri narendra. jayaningrat dibya sekti// apethel ngadoni aprang. Nadyan datan ingutus mring sang aji. Remen makuwon ing dhusun. Wonten malih kinondha. Pabarisan madura titindhahipun. Awasta aryajayengrat. Kang baris wonten semanggi// wolungatus wadyanira. Dulang mangap pra samya sureng westhi. Arya jayengrat puniku. Kaleres kaponakan. Dening kangjeng pangran purbaya kang ibu. Sami darah ing madura. Marma tan kodur ing jurit//oo// raden aryajayengrat dupi miharga. Kalamun kangjeng gusti. Pangeran purbaya. Ing ngutus mring sang nata. akintun wos mring mantawis. Arya jayengrat. Gupuh denya ngundhangi// wadya bala kinen sanega ing ngaprang. Sumeja ambantoni. Marang jeng pangeran. Wit dahat sandeyeng tyas. dene mungsuh turut margi. Wadya madura. Kang tinilar sapalih// putranira dyan aryajayaningrat. Tengga baris semanggi. Dyan aryajayengrat. Semona sampun budhal. Lampah ira andhingini. Wadya madura. Ginelak munggeng ngarsi// kawarna ajeng pangeran purubaya. Babektan wus miranti. Tigang atus grobak. Kang sami isi beras. Satus grobag isi daging. Bumbu mwang lisah. Kang satus grobag malih// wus nya pepak babektan anulya budhal. Wadya gung winitawis. Trileksa rong nembang. Muntap ngebeki papan. Tengara munya tinitir. Wadya madura. Dadya cucuking baris// kawan atus sikep talempak peremas. Siji tan mawi bedhil. Dyan aryajayengrat. Dhangah munggeng turongga. Wuri kang para upati. Sang senapatya. Ing tengah kang den geni// kang ngampungi dyan aryajayaningrat. Tondha nagara sisih. Yata lampah ira. Duk prapteng ngara-ara. Ler ing sanggung mungsuh uning. Yen wadya bala. Surakarta lumaris// titindhinya berandalan nama pangeran. Nata praja ing nguni. Wasta denmas papak. Siga ngundhangi wadya. Kinen methuk ing ngajurit. Ywa kongsi liwat. Sakehe kang kikirim// wadya brandhal saregep murih jarahan. Yata den tengarani. Brandhal sareng mangsah. Gumregut surung tumbak. Wadya madura nadhahi. Tumbak-tinumbak. Samya mahambek wani// wong madura tandange lir ngrimong krora. Gumulung ngamuk wani. Tan nolih ing wuntat. Nyurung numbak amedhang. Saweneh nuduk ngakahi. Tan arsa benggang. Ruket sukaning jurit// titindhinya wong madura nama demang. Macan wulung satunggil. Kalih tambak yuda. Dhapure gagah-gagah. Anregaken wanti-wanti. Wadya brandhal. Keles kosik katitih// duk dineder pangarsane larut dhadhal. Mulat mungsuh lir belis. Tan uningeng pejah. Gibrah-gibrah anumbak. Pangran nata praja uning. Yen wadya nira. Larut tan mongga pulih// langkung kurda siga umangsah mangsara. Ginarbeg mager sari. Samya wong pilihan. Satus kang munggeng ngarsa. Sadaya asikep krebin. Sarengnya nyata. Gumrudug wanti-wanti// wong madura keh rebah keneng sanjata. Ing wuri ngamuk ngukih. Nanging katadhahan. Pengkuh wadya berandalan. Surake mawanti-wanti. Umyang gumerah. Mawor swaraning bedhil// mwang sambating kanin satemah ruhara. Kang prang ruket wus lali. Pangran nata praja. Mahambeg sudireng prang. Nengah lawunge kumitir. Sinagtis numbak. Tan kongsi amindhoni// wong madura mengkap pangarsane dhadhal. Arya jayengrat uning. Yen wadyane rusak. Duka siga umangsah. Arya jayengrat respati. Dhapure gagah. Lir kakrasana ringgit// sinembadan abusana prajuritan. Ngagem songkok rinukmi. Akalung rante mas. Panjang ubet ping tiga. Rante kancana asaling. Duk jaman kina. Kalung manjangan wilis// prabawane singa-singa kang ngagema. Rante kancana musthi. Tan pasah ing praja. Tuwin mimis tan pasah. Arya jayengrat mangarsi. Nitih turongga. Besus kudane nyirik// rante retna gumebyar munggeng nging jaja. Nut obahing turanggi. Wong madura surak. Wrueh gustine umangsah. Kang lumayu sami bali. Yata pangeran. Nata praja ningali// siga tanya mring abdi lah iku sapa. Wong madura linuwuh. Dhapure sembada. Lir wayang kakrasana. Patut tandhing lawan mami. Padha mingkira. Sun pethukne pribadi// wonten malih kang mangsah sangking ing kanan. Ginarbeg ing prajurit. Samya sikep tinggar. Weneh sikep talempak. Magersarine marapit. Pangarsanira. Mariyem ponca warni// titindhinya andhangah polatan tatag. Wonda sedheng respati. Lir bambang irawan. Nitih kuda mendhapan. Songsonge kertas wilis. Seret parada. Tajem pasemon wani// pangran nata praja tumingal tetanya. Sapa mangsah ing wuri. Kang metu ngiringan. Nganggo mriyem lilima. Kang umiring becik-becik. Wuri anggabag. Keh temem mangsuh iki// kongsi jejel ing wuri bentet wurahan. Kang dadi senapati. Apa iku sunan. Ratu ing surakarta. Ingkang ngawaki pribadi. Lurah pacalang. Telik umatur aris//

taksih wonten candhakipun.

Ongka kaping: 16

Kemis kaping. 15. April.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Sarehning wonten ingkang karsa andika. Bilih babad utusan dalem dhateng ing yogyakarta wonten ingkang geseh. Mugi para sepuh ingkang angrimati babadipun utusan wahu. Pamisarju anedahaken gesehing anggitanipun emad bilih tansah karimatan kemawon.

Juru ngarang.

Surakarta

Nalika kaping. 11. April punika. Sastra sanjaya umur. 24. Tahun carik kabupaten klathen wanci dalu badhe tilem meling dhateng ingkang estri. Yen wanci pukul gangsal enjing kapurih gugah. Margi sangking criyosipun badhe kekesahan sareng pukul gangsal dipun gugah klayan ingkang estri. Sastra sanjaya jaler lajeng tangi sakedhap anunten tilem malih. Naming pun sastra jaler lajeng trus pejah. Tilar dunya mantuk ing jaman kalanggengan saknalika ngaturi wuninga tuwan dhokter. Anaming sadhatengipun tuwan dhokter sampun kalajeng pejahipun denten layon lajeng kakubur ing ngastana wedhi. Saha kinurmatan ing tangis umyang. O boten kados bok sastra sanjaya. Dereng dangu kapejahan ingkang rama. Sakpunika kapejahan bojo. Ing mongka anak taksih sami alit-alit mugi-mugi bok sastra ing wingking mangjihya raha raja. Amin amin.

Kula pun emeng.

Cublikan saking guyubaning guru sakolahaning kabupaten bawah dalem ing surakarta. Gendhing niwelan seplut.

// puji jinarwa ing kitha. Kabupaten dening. Harjaning kang wahya daya. Saha pratiwanung. Mudham begya ta mawegig. Sangkep waraningkang. Susilarah ayu. Miwah rare kasamadan. Paliwara anung.

// subrongta mring wigya iku. Sinahuwa Jenak. Marang panggaweyan kobra. Rukun marang konca. Siswa miwah guru ingkang Salugunya dadya. Papanutan miwah dadya lalanjaranira. Buka denya nira.

// barkah ing ngatuwa padha. Pinuji saumur. Mongka dadya nyata wigya. Sapa kang sampulur. Kauntunganira pasthi. Katon ing ngaluhur. Beja kabayangan. Sira daban dadi batur. Parabot ngaluhur.

// mongka kita mulyanira. Budi condhong dening. Tanggap marang mitra. Saha tatamu sirarju. Pira bara dening boja. Mawa manis atur. Pasaja wacana. Sumeh mawa ngemong pada. Raked dadya mashur.

Pun kabula.

Madiyun

Ing nalika tanggal kaping. 4. Wulan april 1880. Angleresi dinten pekenan ing kitha madiyun kathah tiyang bawah dhistrik gorang gareng magetan ingkang sami dhateng ing peken wahu. Mlampa mantukipun mawi anglangkungi lepen madiyun ing tambangan dhusun made gonda. Mongka lepenipun pinuju ageng. Nalika anambangi purugipun dhateng peken ananging rahayu lampahipun wangsul sareng antukipun saking peken kinten kam. 10. Siang amanggih cilaka bahitanipun kerem wonten ing satengahing lepen. Awit bahita wonten ingkang risakkilap salah satunggal wonten ingkang borot kilap pedhot anggenipun angandhong. Mila sareng katempuh ing toya ingkang saklangkung santer lajeng kemawon kerem.

O mila yen sinat mata. Isi bahita lir pendah rukmi timbulung toya.// tingku ramyang kalangkung kawelas asih. Sagung para janma. Kang aneng satengah kali neka-neka sambatira.// ana sambat tulung-tulung minta urip ana sambat anak. Ana weka sambat bibi. Weneh sambat kaki nira.// sowang-sowang. Genira ngupayeng urip. Janma wadon priya. Ana laju anggondheli. Maring lambening kang palwa.// weneh keli. Nulya nuju agraning prang. Kang tumlung narmada. Siga denya anggondheli. Pan kukuh panggondhelira.// janma priya kanang sami bangkit nglangi. Nulya nglangi enggal. Amigir sadhawah neki. Adangu lon ana ngetan.// de cinatur. Kwehning barang ingkang keli. Warna tutumbasan. Tuwin barang liyaneki. Kang kumambang aneng toya.// rinjing tampah. Kamarang tan api senik. Cething tumbuk lasa. Ayam bebek tuwin mori. Kiper atan picita.// jagung gambas. Terong kopek tuwin. Glathik kluwihi kacang cina. Klobot sedhah tempe bungkil. Tempe dhele kluwak klapa.// lombok kates. Jeram gulung keprok tuwin. Manggis lawan duryan. Lenya barang tan winarni. Kang kelem aneng ing toya.// data tita. Rerenggane barang keli. Kocap kananggyota. Anulya tinarik minggir. Mring sagung awak bahita.// kaleksanan. Kanang palwa

bangkit minggir. Nulya sami mentas. Sagunge prajanma sami. Kang gondhel tan aneng gyota// kocap malih. Kathah ingkang tulung sami. Bekta tembo sampan. Nulungi kang sami keli. Pituwin kang gogondhelan// neng pucuk pring. Untunging sadayaneki. Kang bangkit ketututan. Dereng silem ing dhatenging. Tembo atanapi sampan// panrah ayu sadaya binekta minggir. Nanging ana ingkang. Taman katulungan dening. Wus silem dhatengnya tandang// paningriku gumuruh ing suwaraning. Titir mwang kenthongan. Apan ing saurat kali. Yaiku asung samita// lamun wonten bancana sujanma keli. Enggal dhateng ngira. Para tandang sakabehing. Priyayi lan prentah desa// nulya samya madosi sajroning warih. Panggenan ulegan. Tuwin papan saliyaning. Kang kinira sinangsangan// taman panggih wit saking goranya kali. Anulya binlancang. Mangandhap saurute[] Data tita. Sujanma ingkng madosi[] ta ing ngari isenen paing. Lek tanggal ping ponca. Wanci siang tabuh kalih. Janma nambangi lwah knonga// uning lamun wonten bangke jalma keli. Anulya cinandhak. Winawa mentas mring gisik. Tiniti janma wanodya// maksih rare. Kinten umur nem blas warsi. Samana wong ika. Repot dhumateng pulisi. Yen sampun candhang kunarpa// pinariska dening sagunging pulisi. Sarta atetela. Tuk katrangan lamun mayid. Sing tambangan made gonda// de tebahnya. Kacandhaknya kanang mayid. Watawis tri epal. Sing sananya duking keli. Yeku dhusun made gonda// pan kinata. Pulisi tuk trangan yakin. Janma ingkang pejah. Sing tambangan dhusun madi. Gonda gunggungnya pan ponca// ngingsa mene. Dereng panggih sadayaning. Pan lagya sajuga. Yeku kang sinebut nginggil. De pulisi dereng pegat// angupaya kapanggih ing kanang mayit. Titining ruwiya. Lek dwi welas wulan april. Katandhan bok mas yatimah//

Kangjeng raden adipati panji surya kusuma. Bopati sepuh ing samarang kagungan damel mantu angimah-ngimahaken putranipun putri nami radyan ajeng ardini. Pikantuk kaliyan putranipun suwargi kangjeng raden adipati ary condra dinengrat bopati rembang nami radyan mas ajijuk kutadah ing nalika dinten ngahat wanci jam. 1. Siang ijab kabulipun wonten ing pendhapnipun kangjeng raden adipati ing peloran samarang kaseksen dening pra tamu kang sami rawuh walimah. Baakdanipun ningkah kemanten jaler wangslul ing pondhokipun ing pansiyunan kulektaran suryanegaran pra tamu sami dhahar walimah. Sontenipun kemanten jaler kaarak nitih kretanipun kangjeng bopati saking kulektar medal ing ngalun-alun mubeng ing kampung cina. Kairing pra priyayi. Magang-magang tuwin lurah sami numpak kuda jejeri ing ngiringan ngajeng. Wingking kreta kemanten wah ramenipun konca lurah saimba ngiring jendralan jam tabuh. 6. Langkung dhatengipun ing dalem peloran panggih gandheng asta lenggah ing puwadhe. Pra tuwan-tuwan tuwin pra nyonyah sampun sami rawuh mriksani panggihipun penganten lajeng sami dhangsah ingga jam tabuh. 1. Dalu dawek sami bibar pra tuwan nyonyah. Salajengipun kadugekaken nayuban kang beksa rumiyin temanten jaler. Lajeng raden behi patih sapiturutipun wadana sak pengandhap ingga enjing ngebyaraken nanging kang langkung suka bingahipun amung magang kabopaten samarang mas dwija tenaya. Tuwin bekas juru tulis wadana gubuk parikanipun gendhing udan angin wewahan kidhik pengrengga kawula wektu panggihipun penganten kados ing ngandhap punika.

//oo// yen sinawang citranipun kalih. Gawek ingkang tumon. Ing nalika lenggah ing puwadhe. Awak mimba ing pangantyan ing nagri. Madukaraneki. Nenggih kramanipun// dyan irawan lan putri niraji. Adya raka katong. Sang susila wahu kakalihe. Kusumayu dewi siti sari. Tan meda ing warni. Salah juganipun// sasat listya gambar ingkang mungging. Kaca estu jumboh. Kadya murna yen kinedhepake. Pan kasiden kasatuanekei. Marma sagung janmi. Amemuji umyang// mugi-mugi bendaraku iki. Lulusa jajodhon. Den sihana para sanak kabeh. Tuwin tebihna sangkaning sakit. Kacelakna mugi. Ing kabejanipun// mandar bangkita sumiweng gusti. Kangjeng kang bupatos. Dimen wewah inggih pasihane. Sarta enggala amomong siwi. Mendah sukaneki. Kalihe darengsun// nularana maring kawulaning. Tumulya tuk jodho. Aywala mamanggung mamanggung dhudha bae. Anging elok kaya jasat mami. Pinet mantu janmi. Yen dereng tuk payung// pamujeng wang ing siang mwang ratri. Ing hyang sukma ka[] jeng nabi makuthane. Nulya antuk pasihane gusti. [] singa srameng ingsun// tampil[].

Sambutan kula maring. Yayah lawan umi. Wit kathahe klangkung// tuwin boga miwah sandhang neki. Tumrap ing karengong. Mujarambat mring kulawargane. Dyang pineta mantu ing sujanmi. Kang saged ngrongjungi. Karubedaningsun// liwat saking kawula puniki. Kaparingan jodhon. Saking yayah umi karilane. Sapisan tuk putrane dyan panji. Ping kalih dyan patih. Mesa sami lampus// iba-iba sukanireng ati. Tuk mulya mangkono. Meh umirib bendara kemanten. Ingkang sampun kajarwa ing ngarsi. Mugi sanak mami. Paringa pangestu// tan lyang ingkang kasebut ing nginggil. Benjing lamun boyong. Pangantyan mring rembang nagarine. Wilujenga ing samargi-margi. Lan tumekeng panti. Manggihya rahayu//oo//

Raden behi sasra dikraja mantri ulu-ulu abdeleng demak samarang kagungan ingon-ingon peksi gaok seklangkung denejinak cumbunipun kanamekaken pun lamgen. Saben dinten saba mantukipun asring babekta cakir. Cepuk kacik kacip sapanunggilanipun mekaten ugi menawi tetanganipun sami mepe.

Dhendheng gereh sapanunggilanipun sring dipun colong pun langen dados ing mangke tetangginipun bilih mape punapa-punapa. Katutunan irik utawi kre kapok sampun ngantos dipun cucuk kabekta langen malih. Wah untung sanget kang kagungan ingon-ingon.

Sampun tiga sakawan wulan punika ing ngriki wonten tontonan. Bayi sirah ageng. Ingkang anontonaken tiyang cina ing kranggan sinten ingkang badhe malebet ningali bayar sedasa sen kathah jaler estri tiyang kang ningali. Omongipun tiyang kang sampun ningali warni-warni. Mestani bayi damelan saking karet utawi pancen bayi estu. Sawicanten kang semanten wahu lagi elok. Dene sanes-sanes pemanggih paningalanipun tiyang pyambak-pyambak. yen kula midhangetaken salah satunggilipun tiyang anggenipun gadhah pemanggih pyambak-pyambak meh saingga paben tukaran ing sawetawisipun dinten kula lajeng malebet ningali bayar sedasa sen. Ing ngriku bayi sirah ageng kadelehaken ing bale-bale amben griya wingking pinuju tilem. Dipun tenggani satunggal tiyang estri. Antawisipun kang kapurih jagi. Sareng kula wawang wahu bayi lagi judheg boten waged amastani damelan utawi estu. Mila kula manah manah leres pemanggihipun tiyang pyambak-pyambak.

panjurung.

Serat wangslanipun bagus jakab mutbadi dhateng sanadiwirya. Kapacak ing bra martani katiti masan kaping. 8. April tahun punika ongka. 15. Amratelakaken salaminipun tumuwuh dereng saged sumerep tembung ingkang leres saha sae. Manawi angugeri lukitaning ukara. Pitembungan mangkaten punika raosipun anelakaken. Jaka mutbadi dereng saged angyektoni pathokan leresipun ing tembung satunggil-tunggil. Kados ingkang sampun katerangaken ing serat wyakarana jawa. Utawi tembung ingkang alus. Dene manawi boten angugeri lukitaning ukara. Agadhah raos anelakaken bilih jakab mutbadi sampun saged angyektoni. Panataning ukara ingkang leres sarta sae. Tuwin dereng nate amaos anggitan ingkang panggantheing ukaranipun leres saha sae pitembunganipun.

Menggah pitembunganipun jakab mutbadi mangkaten wahu. Kenging kula wangsluli kalih prakawis. Sapisan. Manawi jakab mutbadi anggadahi kaniyatan sumerep tembung ingkang leres sarta sae. Utawi saged adamel ukara ingkang leres saha sae wahu. Kedah anggagosa. Sarta angyektoni dhateng anggitan dadamelanipun para ingkang sampun kaanggep pinter dhateng kasusastran. Ingkang kaping kalih. Manawi jakab mutbadi ngaken dereng nate sumerep ukara utawi pitembungan ingkang leres saha sae. Kula aturi amaos serat angker wawatonipun ku[] nederlan indiya. Tetedhakan saking basa nederlan. Ingkang nedhak panjenenganipun suwargi tuwan karel prederik winter juru basa ing surakarta. Ing ngriku jakab mutbadi saestu kaweleh ing selakipun.

Para tiyang ingkang sampun kalebet mangretos dhateng kasusastran sami sanget angalembana ing ukara tembungipun serat angger wahu. Anggenipun patitis sarta sae. Utawi boten wonten ingkang balero. Kilap bilih jakab mutbadi angkuli panjenenganipun suwargi tuwan karel prederik winter atasing kasagedanipun dhateng kasusastran.

Jaka mutbadi yen teteuya mangkaten. Kajengipun kados amratelakaken bilih pandameling ukara jawi. Boten wonten pathokanipun. Amirit sapituruting pitembunganipun jakab mutbadi. Kenging kula wangsluli kalih prakawis. Sapisan. Andadosna serepipun jakab mutbadi. Bilih pathokaning ukara ingkang leres punika amasti wonten. Nanging saserep kula dereng wonten titiyang pinter ingkang suka pitedah kados dene pathokanipun leresing tembung. Inggih punika wyakarana wahu. Sagedipun tiyang adamel ukara leres amung jalanan saking talatosipun anggasas sarta angyektoni anggitanipun para tiyang ahli budi ing kasusastran. Kadosta panjenenganipun suwargi tuwan karel prederik winter sapanunggilanipun. Ingkang kaping kalih. Lagunipun tiyang adamel anggitan sampun masthi benten benten boten kenging kapathok. Ananging panataning ukara tuwin tembungipun amesthi kedah sami leres.

Surakarta tanggal kaping. 1. Wulan jumadilawal tahun wawu. Ongka. 1809.

Katandhan manungkara ing kadipala.

Atur wangslan

Awit saking adrenging manah kula. Kumajegos badhe angaturi panjawab dhateng pitakenipun mitra kula pun adreng minta mangreti. Ingkang kapacak ing bra martani ongka. 15. Nedha priksa tegesipun tembung caraka basa. Wiwit akara. Ha. Dumugi akasara. Nga. Mila saderengipun kula ngaturi panjawab atur kula mugih katebihna saking panyedanipun para sarjana. Dene kula tiyang bodho. Paksa badhe angucupi panjawab dhateng pitaken ingkang kalebet pagya.

Dene atur panjawab kula. Clebang-clebung kados ing ngandhap punika.

Caraka basa wahu. Tembung kosok wangslul lugunipun tembung caraka. Wondening tembung caraka wahu awit ha dumugi nga kula perang dados. 4 gatra. Ing dalem sagatra. 5. Kecap princinipun kados ing ngandhap punika.

Ha	na	ca	ra	ka	tegesipun wonten kengkenan
Da	ta	sa	wa	la	tegesipun ibat leres
Pa	dha	ja	ya	nya	tegesipun sami digdayanipun
Ma	ga	ba	tha	nga	perang sampyuh

Katrangan punika. Saking wedaling pameresipun manah kula piyambak boten mendhet katrangan saking serat punapa. Mila kula dereng bangkit babaraken sinten ingkang gadhah kengkenan kalih wahu. Tuwin sinten namining kengkenan satunggil-tunggilipun tuwin prakawis punapa ingkang dipun rebat dene ngantos perangan awit dening kula katunan sanget bab gancaripun serat-serat mila inggih katenta amung kandhev samanten panjawab kula.

Ewa makaten bilih kula sampun angsal seserepan ingkang minongka wawaton menggah katrangan babaripun panjawab kula sakedhik wahu. Ugi kula sagah ing wingking ngaturi jerengan saking mula bukanipun.

Awit dening panjawab kula wahu. Kula amesthekaken bilih nalingsir saking wawaton mila kula amung angajeng-ajeng panjawab ingkang miyatani.

Katandhan pun sebet alias[]

Kula sakalangkung mangayu bagya akaliyan suka pirenaning manah jalaran anggen kula ningali serat panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama bodho druwo. Mitrnipun badranaya. Kapacak ing bra martani ongka. 8. Tahun punika. Mila inggih leres mitra kula bilih katimbang anggalih cangkriman langkung prayogi amirengaken cariyos ingkang santun-santun. Punika taksih wonten ingkang ngungkuli prayoginipun malih. Inggih punika anggalih pathokaning tembung tuwin patraping panyerat. Ananging laraping mitra kula kados boten remen cangkriman. Ing wasana mitra kula bodho druwo teka kapengin mirengaken batanganing wangsalan anggitan ing kusuma dilagan. Mila panuwun kula mugi mitra kula sampun kaduk tyas abela tampi. Kula nyuwun seserepan menggah badanipun suraosing cangkriman kaliyan suraosing wangsalan punika punapa. Mekaten ugi mitra kula mugi amratelakna pisan tegesipun tembung cangkriman kalih wangsalan wahu kados pundi. Utawi tembung punapa.

Dene wangsalan ingkang sampeyan gelaraken wahusanadyan kula punika sawaliking sarjana tur sayektosipun dereng pisan-pisan sumerep regemengipun batanganing wangsalan wahu. Ewadene sarehning kula punika dhasar remen cangkriman mila ing sasaged-saged tumut ambatang. Wawatonipun namung kinten-kinten. Mila inggih kula tamtokaken kathah lepatipun. Boten langkung panyuwun kula mugi para saged karsaha angleresaken. Sanadyan patraping panyerat kula punika ingkang lepat mugi kaleresna.

// ela-ela karya (tustheng resi raja) punika sangkalanipun kala kaanggit ing tahun jawi ongka. 1794) jeng pangeran aryas kusuma dilaga. Lagaweng tyas sanityasa.) kangjeng pangeran aryas kusuma dilaga datan pegat panggalihipun legawa. (metsu kendra) amendhet sukaning panggalihipun sang ratu. (kang sinuhun jeng sultan ing ngaksi gonda. Karsa mundhut lalangen sindhen badhaya.) ingkang sinuhun kangjeng sultan ing ngaksi gonda karsa mundhut lalangen sindhen badhaya. (mongka lambang sasmita basa srenggara.) ingkang kadamel pralambang sasmitaning tembung angarih-arih ing pawestri. (marma mangke sumengka atur pustaka. // mila ing sapunika kangjeng pangeran sumengka angaturaken cariyos. (sanga prabu tedhak lawan para garwa) maring taman sri wedari purna.) sang prabu arjuna sasrabahu ing nagari mahispati karsa tedhak dhateng taman sri wadari akaliyan para garwa dhomas. (duk tumingal menget saniskareng cipta) kala sang nata tumingal langening sanalika ing panggalih enget kala dadiosipun taman punika kalayan dipun cipta. (gagad bangun kataman asmara tontra) repet-repet wanci bangun enjing sang nata katandukan kasengsem ing panggalihipun. (tyas kalulut oneng ring sang paniswara) panggalihipun lumampah awit saking oneng dhateng ingkang garwa. (tumameng jro tilem muwus manuhara) saksana sang prabu mangsah dhateng salebeting pasareyan sarwi angandika manis surum.

Citra bawa panengran paksi tidharsa	Rehning semu katawengan tyas duhkita
Bayi kadhasih	Pungkas tambang sardula wismeng narmada
Aksamanta yayi marang dasihira	Puput baya
Nayenggita. Hima mantra ing ngaldaka	
Semu tedhuh	

Wangsalan	
Sida karya. Prabaweng maruta monda.	
sampun silir	
Mangke sampun kalakon saliring karsa.	
Tepus panti. Kana bawonda supraba.	
ukur karenan	
sokuring tyas suka rena anarima	
musparuru. Sastra purwaning rumpak	
pudhak pada	

Kalimputan pangubayaning manjanma

garwa nata mendhak nembah ngestu pada

Panjarwa kula ing nginggil wahu leres utawi lepat kula anyumanggakaken. Kajawi saking punika kula inggih gadhah wangsalan. Sarehning kula dereng terang teges batanganipun mila panuwun kula mugi mitra kula bodho druwole karsa aparing keterangan sanget ing pangajeng-ajeng kula. Dene wangsalan kula namung kalih. 1. Manik arja. Wigenana wang asmara. Dipun lana aja cidra ing ngubaya. 2. Niti sruti. Gurnita wedhi malela. Siring ngati nora duwe tingal loro. Panyuwun kula dalah tembungipun mugi kajarwanana pisan. Wasana sagunging kaurmataan kula katur ing mitra kula bodho druwole. Sinerat ing dinten rebo tanggal kaping. 30. Wulan barmahat tahun 1596 utawi kaping. 26 wulan idar. Tahun 2191.

Katandhan mitraning tiyang kathah pun srowol.

Boten namung tumrap dhumateng kula kemawon kados dhumateng para sanesipun inggih sakalangkung amikantuki. Bilih ingkang amanjurung punika. Karsa anggiyaraken kawontenanipun etanging sangkala. Ingkang kaangge ing titi mangsanipun panjurung punika.

Juru ngarang.

Ing sarehning mitra kula ingkang asisinglo nama. Pa. Sa. Sampun amaringi berkar saserepan menggah dhateng kawekening manah kula. Bab tegesipun tembung bang. Tuwin brang. Ingkang punika sakalangkung atur panarimah kula. Tuwin suka pirena kula. Lir pendah panggih bedhang ingkang sampun lami kakinten taman bangkit pinanggih. Jalaran sangking pangraos kula piyambak menggah paringipun saserepan mitra kula wahu bok manawi sampun anyeplesi. Ewa semanten sumongga para lukiteng sastra ingkang anggalih dereng panuju. Inggih nun.

Katandhan pun sebet atur panrimah.

Wangsulan dhateng pambatang cangkriman

// tihardhya panuhuning sun de wonten karsa praduli. Ing ngong kang asor nging pedah. Batang menggah wasta mami. Juga gunging pangaksama. Sinuuwn mring kang ngarani.// tike yen masthi nameng sun dereng urus maksih tebih. Mugi ta rinahasnyakna. Wendran datan tate bukti. Tikeya tan nirwaluya. Panjuga jalma tinagih.// kapencutira angudud tike yen prapta tan arsi. Sinirep pinendhem nulya. Menggah ta kula sayakin tan jasmanining ngagesang. Lalis tan tinuwi mami.//

mugi kabatanga malih.

Ongka kaping: 17

Kemis kaping. 22. April.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Sanadyan ing mongsa punika regining uwos sampun kathah saduanipun ewa sumanten para tiyang miskin ingkang sami ngemis tedha dhateng kampung. Tansah anglur. Sumelanging manah kula bok manawi anggenipun angemis wahu amung kaangge warana kemawon sajatosipun sumedya anggemeni barang ingkang kalimpe. Manawi temen makaten saestu badhe angwontenakenkirang karaharjaning pakampungan. Amila saking panuwun kula dhateng para lena. Prayogi sami anretibana panjaginiing barang darbekipun. Amurih sumingkira kasusahan miwah kasangsaran ingkang kedah kasandhang. Para priyantun pulisi pakampungan mugi karsa amulataken prayogi sami pupur ing saderengipun banjut.

Dereng lami griyanipun mas ngabehi sasemita ing kampung kratongan wanci dalu kalebetan durjana pandung sarana ambabah. Kenging barangipun warni-warni regi. 60. Rupiyah slaka. Durjana konangan sanalika kabujung sarta kaelokaken nanging boten kacepeng. Saha dereng ngantos wonten tiyang tongga tepalih ingkang dhateng tandang. Sareng pulisi gedhong kiwa anampeni palapuran prakawis punika. Lajeng dhateng titi pariksa sarta anggledhah ing griya ning tongga tepalihipun mas ngabehi sasemita. Nanging boten saged manggih barang cihna tuwin pirantos ingkang kadamel anglampahi kadurjana.

Kawartos sareng pulisi anggledhah ing bawah pulisi pangrembe amanggih pethi gumlethek wonten margi alit ing riyadiningraton ingkang kaaken darbekipun tiyang ingkang kapandungan wahu.

Panggenanipun tiyang ingkang kapandungan kalian margi kampung pinanggih pethi wahu amung led margi ageng. Mila saking panginten ingkang mandung wahu dede tiyang tebih.

Sareng griyanipun mas ngabehi sasemita mentas kalebetan tiyang durjana pandung. Saben dalu tansah kataman banggal boten kantenan sangkanipun dipun dhedhep inggih meksa boten saged andengi sinten ingkang ambanggaki wahu. Ingkang gadhah griya tuwin tongga tepalihipun saben dalu meh boten saged ngaliyep manggung anggasas tumanduking banggal wahu saweneh ing tiyang nginten bilih ingkang ambanggali wahu dede manungsa. [] bangsaning lelembat ingkang manggen ing wit gayam. Lah punika para tiyang lajeng tumuwuh gugon tuhonipun ananging para tiyang ing kampung ngriku tuwin ing kiwa panengenipun mugi sampun ngantos lena. Utawi amargi ajrih lajeng atilar griya ngili dhateng tongga. Ingkang ambanggali wahu liya manuswa boten wonten saestu pandung julig angangkah[]. Taksih anjangkung wonten ing ngriku.

Lingga manuswa swara sato

Kula mentas anyipati lare jaler. Ing sadagonipun wonten peken ageng. Anggenipun pariman punika. Namung angathungaken bahunipun kemawon kula gagas-gagas punapa lare bisu. Dumugi panggenan anggen kula kendel inggih makaten namung angathung kemawon sasampunipun kula ulungi yatra pun lare lajeng kesah. Sareng kula noleh kula mireng swaraning cempe. Kados ingkang katilarembokipun kula waspadakaken teka lare wahu ingkang nyuwaru makaten kula lajeng pitanglet dhateng para tiyang ingkang sami celak kula. Pancen lare wahu bilih nyuwaru lakar makaten boten terang ingkang gadhah anak tuwin griyanipun ing pundi.

Sampun sawatawis tahun laminipun margi ing pakampungan jayengan wekas kidul ingkang sisih wetan tansah kaleban dening lumebering toya mili saking kalen sangajenging dalem jayeng pranatan punapa dene sidhatanipun mangaler saking margi wahu ingkang anjog plataran jayeng pranatan inggih anjembong. Kados boten nate kaambah ing tiyang. Mongka sanadyan margi alit kalebet sungapan ewadene ingkang ngampil pangawasa pakampungan boten manah tumanduk ing isarat ingkang amurih margi wahu kesed kaambah ing tiyang. Mangkaten malih saking margi ageng ingkang anjog ing dalem jayeng pranatan sangsaya anjembong.

Camboran

Wonten mantri gadhah rencang awasta pun lucu. Kakengken tumbas rek mawi kaweling. Manawa kowe tuku rek iku. Kudu kocoba direkake dhisik endi kang murub iku kang becik pun rencang nunten kesah dumugi ing wande. Andhawahaken yatra reginipun rek sak wadhad. Lajeng dipun cobi pundi ingkang murub dipun damoni tuwin kasanesaken ingkang boten murub dipun bucal sareng sampaun ingkang sami murub wahu dipun wangslaken ing wadhad. Kabekta mantuk kaaturaken ing bendaranipun katampen nunten kabikak namung isi tegesanipun rek rencang kadangu wangslanipun kula rak namung maligekaken dhawah sampeyan kemawon boten kirang boten langkung. Bendara lajeng angucap iya bener. Mungguh olehku marentah mangkono mahu. Mung arep dak gawe ayoba bae. Apa ponca driyamu wus gumolong dadi siji manah.

Bilih andadosaken kapareng ing panggalihipun mitra kula ingkang kula ajeng-ajeng sih katresnanipun dhateng ing kula inggih punika ingkang sisilih nama citra mengeng minta mangreti. Kula nyuwun kawelasan[] sarta suraosipun ungel[]

Anjajawah angebun-ebun enjing. Guru bakal guru dadi jarwa suta. Jalmara jalma mati. Dhuwung kinatah. Udan sinemeni. Gluga sinusur sari. Tembang rawat rawat. Sela karang. Siti payah. Anguladara. Sumangkeyan. Ambahu kapidi. Kasandhung watang. Cala pita.

Tembung gangsal welas bab ing nginggil wahu sanget ing pangajeng-ajeng kula ing katranganipun. Anjawi saking punika kula purun-purun pitaken punika bilih gentos dipun takeni kula anamtokaken boten saged asung katrangan awit saking sangeting busuk kula. Boten langkung mugi kalebura kalepatan kula wonten sagantening pangapunten.

Sardula wikridita. Ing reksumuka.

Cangkriman

Sakawan aksara ingkang amujudaken nama kula kalih aksara ingkang ngajeng wastaning satunggil tanpa warni tanpa dhapur. Padununganipun ingkang tartamtu tigang prakawis kasebut ing wekasan saben-saben wonten amung ing awang-awang kalamongsa kemawon dene ingkang sarwa tumitah yen tanpa satunggil wahu. Boten saged gesang. Tur gambiranipun asring aniniwasi. Amung wontenipun ing griya boten [] olah. Manawi boten sinolahaken. Kalih aksaranipun ingkang wonten ing wingking wastaning satunggil ingkang dumunung salebetung siti. Sarta karemenan ing tiyang sajadag tuwin pinarsudi kapanggihipun dene ingkang ngupadamel sutanggil punika namaning pangupajiwaniipun anyangking aksara kalih ing wingking wahu wetah ing wasta kula namaning panggenan ing tanah jawi. Ingkang wonten priyantunipun ageng anyepeng panguwasa inggil piyambak ing ngriku. Katandhan raden minak jingga.

Ambok manawi andadosaken dhangan lumunturing panggalihipun mitra kula nawung kridha. Kula nyuwun seserepan wardinipun kawi namung sapada ageng. Sekar prawira lalita. Panggihan bra martani tahun 1972. Uran-uranipun pun kaskaya. Kala jamanipun prabu wakil basuketu ing wiratha. Ingkang anuwuhaken kodheng mengeng benggeng ing manah. Sampun kula tawekaken para lukiteng sastra. Nanging anggenipun anegesi kula maksa dereng mangretos.

Amila bok bilih nawung kridha kapareng karsa anegesi kawisapada wahu dalah suraosipun. Sangking rumaos riribeding manah kula kasirnakaken dening mitra kula nawung kridha. Ingkang sayogya amadhangaken manah kang peteng. Sanget ing pangajeng-ajeng kula.

// dewa dinam jagad sarwam. Mantra dinamtat dewa tatang mantram brahma dinam. Brahma masma dewata. Ri tat sawi tuwari dyam. Swarga diwaswa dewata dima idiyonodinam. Pracondha yitwa dewata.//
katandhan. Marda walagu.

Para priyantun ingkang sami mirengaken mugi sampaun anggugujeng. Dene kula teka anerambul tumut-tumut urun obor dhateng marudasta ingkang sawek kapetengan panggalihipun saking bab sekar ageng tengahan macapat. Dene anggen kula angsal seserepan ingkang badhe kula gelaraken wahu saking tiyang ingkang momong dhateng ing kula kala kula taksih alit. Ing samangke pamomong kula wahu kacelukna mabok emban karna. Cariyosipun dhateng kula mekaten.

Sekar ageng punika mula bukanipun ingkang nganggit prabu windhayaka ing nagari medhang kamulan kala taksih anama raden aji kusuma. Dene gancaring cariyos mengakten. Kala jumenengipun ratu ing nagari giling wesi punika kadhatengan parang muka ratuning danawa. Ajujuluk prabu girisa. Putranipun kawan dasa kalih sami kakung sadaya. Patutanipun saking ingkang prameswari dewi nasika rini. Sareng sang prabu girisa dumugi ing nagari giling wesi lajeng kapapg ing yuda. Dening ingkang putra ratu ing giling wesi wahu. Inggih punika raden aji kusuma. Sasirnanipun sang raja girisa tuwin gawa dewi nasikarini. Para putra lajeng sami mangsah ing ngayuda. Majeng piyambak-piyambak. Sinten ingkang

mangsaing pabaratan dipun pitakeni namanipun dening raden aji kusuma. Dene namaning para putra wahu boten wonten ingkang benten kaliyan nama[] raden gonda kusuma. Kusuma wicitra. Salajengipun ing ngriku raden[] panggalih sairnanipun[] nata ingkang jujuluk[] garwa putranipun sadaya. Lajeng kaanggit dados sekar ageng punika. Raden aji kusuma tuhu wasis ing samubarang. Angungkuli para pujongga. Sareng ing sanes jaman raden aji kusuma jumeneng nata wonten ing nagari mendhang kamulan ajujuluk sang prabu windhayaka. Mila nggitanipun sekar ing samangke winastan sekar ageng awit saking anggitaning ratu. Utawi winastan sekar kawi. Tegesipun sekaring pujongga kang awit anggitanipun tiyang sinebut wasis angungkuli para pujongga. Sasesadanipun sang prabu windhayaka para pujongga sami nganggit sekar piyambak-piyambak amirid saking sekar ageng wahu. dene sekar anggitaning para pujongga wahu winastan sekar tengahan margi panganggiting sekar wahu wonten ing jaman tengahan sasampuning wonten sekar ageng saderengipun wonten sekar alit. Mekaten ugi inggih winastan sekar kawi sabab punika anggitaning pujongga. Ananging ing samangke prasasat sampun boten wonten ingkang mastani sekar kawi namung kawastanan sekar tengahan kemawon. Dene wontenipun sekar macapat punika wiwit saking jumenengipun sang prabu jika susuruh inggih punika brawijaya ingkang sapisan ing nagari majapahit. Ing ngriku pundi ingkang kawical saged dhateng ing gendhing inggih nganggit sekar inggih punika sekar macapat utawi sekar alit. Mila winastan mekaten awit sekar wahu anggitaning tiyang alit ingkang cupet budi kirang seserepan.

Dene patakening marudasta bab pathgokaning tembung krama lan ngoko. Ing saestunipun inggih kathah tembung krama kang tetela rinimbag saking tembung ngoko. Mawi ewah sandhanganipun swara. Utawi pungkasnipun. Kadosta lungguh. Dados lenggah. Pitaya dados pitados. Sasaminipun. Ananging pangrimbaging tembung krama wahu boten wonten pathokanipun kajawi namung kalimrahan. Dene tembung krama kang boten wonten turutanipun saking tembung ngoko punika bok manawi pancen dede tembung jawi. Kadosta tembung pitik dados ayam punika saking tembung malayu. Menggah pamedhar kula ing nginggil wahu mugi sampun andadosaken panggalih siswa sarjana.

Kajawi saking punika kula nyuwun barkah seserepan dhateng abu ayrah. Menggah tembung abu ayrah punika ing saderengipun sampeyan damel silih nama tegesipun punapa. Utawi saking tembung punapa. Bilih dede tembung jawi kados pundi patraping panyeratipun. Aksaranipun punapa. Mugi aabu ayrah lumuntura ingkang sih aparing wangsluan isi keterangan sanget ing pangajeng-ajeng kula. Pa. Sa

//oo// durma. 1760//oo//

// punika sindhen badhaya katawang// raka pakainira sampun atengara. Sira puniki kari. Angling jayeng sekar. Lah bapa tengoroha. Tumulya tengara nitir. Sumreg atata. Saparanya ngajap sih// alancingan pethak alus kampuh jingga. Sabuk pathola wilis. Akris cintreng mas. Sengkang maniking toya. Binapang ing mas angrawit. Sekar cepaka. Gagonda amrik mingg// akakace cindhe binggel mas rinengga. Ya urap-urap sari. Jamang masti natrap. Ing retna adikara. Asumpong swarna lan rumbing. Sumyarsana bra. Sumregan dadya amrik// mendhak nembah kenongan// semang-semang asareya let guguling. Dewa dharat apit=apiting gapura. Kedrawasan guguling aglar ing jogan. Ning wong agung susuhanan// sapa baya kang welasa ing brangti. Pandaming rat kusuma dinanurwenda. Kawastara nanging sira ing papreman. Ning wong agung susuhanan// danu madya ambara lalish jiwa. Dene samar aweta anuwun pada susuhanan// lewane yen prapta geteri ati. Miyang galit. Rondhone sira tilara. Dene lirih salira sapa darbeya. Ning wong gung susuhanan// poma-poma yen babar ajang lisiri. Tuduhena gen manira angawula. Sun anuhun pada baya. Sumbalinga yen katona dado lara. Dadi edan amung katon susuhanan// kapan baya wong agung babo sun apanggih. Ing papremaning wong agung. Bale atma tunjung alit sinaroja. Lamun kang ngentumuntur pundi paranya// saturune wong agung babo ing papraman. Pramadya tangis ni bok dhingur sinawisa. Sara gatemah wiyoga. Tan apanggih yen nora sorana jiwa// nunten mendhak nembah muni kenongarang// taksih wonten sambetanipun.

Tamatipun pethikan cariyoipun dewi sri

//oo// nalika nira samana. Sarpa sawa marimpeni. Mangkana delinging sabda. Heh kaki wrigu suniki. aywa sira sajeni. Canthoka ingsun tan sarju. Lamun semabdeng praga. Lan somah ira ni sangki. Asajiya kembang boreh suruh gedhang// diyan pangilon lan dupa. Iku bok manawa kaki. Dadyaken kabegyanira. Utawa sutanireki. Ingsun angsung wewangi. Sira ketan iku patut. Ing dalem pitung dina. aywa sira turu wengi. Aturuwa kalamun rika kewala// iku minongka pangreksa. Marang sutanira estri. Supaya dadya paliyas. Ing beka rencaneng wengi. Kyahi wrigu duk nglilir. Dahat denya pungun-pungun. Myarsa wasiting sarpa. Nulyeng jangkeh kang tutuwi. Samya angsung wastra boga lawan narta// yata wahu cinarita. Gegere ing suranadi. De sang dewi tisnawatnya. Kamanjanma tanpa mawi. Paliwara wawarti. Nulya wahu sang hyang guru. Angutus sang hyang kala. Kinen godha jabang bayi. Sutanira kyahi wrigu siraketan// awit saking

katitisan. Marang dewi tisnawati. Hyang kala nya lumaksana. Sakala amalih warni. Srenggala ajag dadi. Duk samana kyahi wrigu. Ing wanci siang nendra. Sarpa samarimpensi. Marang kyahi wrigu mangkana lingira.// heh wrigu kawruhanira. Ing mengko surup hyang rawi. Sutanta bakal ginodha. Hyang kala ingkang dhatengi. Dinuta hyang pramesti. Malih warna rupa asu. Ing mengko sagung lawang. Ngirasaratana kaki. Obongana welirang sajroning wisma.// oborana ing balarak. Iya kaping tri sawengi. Sarta sira sasajiya. Sega punar iwak ati. Unggyaning jabang bayi. Mwang gantalya kongsi kantun. Pasangana paesan paturoning jabang bayi. Sandhingana papaon kelut sapu sada.// damar ira aywa kendhat. Ing mengko surup hyang rawi. Iderana wismanira. Sarta mateka pupuji. Mantranana kadyeki. Klanama siwah yeh iku. Niscaya raharjeng rat. Sutanta yekti basuki. Kyahi wrigu dupi tangi saking nendra.// nulya age linaksanan. Sagung wasitaning wangsit. Yata sang gregala ajag. Dupyarsa nanduken kapti. Kewran denya umanjing. Mring wismane kyahi wrigu. Kaweken jroning nala. Denira sami nangkani. Daten bakit mangjing kongsi prapteng enjang.// kaselehr merang hyang kala. Gya muksa marek hyang giri. Matur reh saba dinuta. Mangkana sang hyang pramesti. Hyang brama kang tinuding. Kinen godha angriridhu. Hyang brama malih warna. Denyarsama sang pakarti. Pan sakala arupa sapi gumarang.// kyahi wrigu duk samana. Ing wanci siang aguling. Kapati denira nendra. Sarpa sawa marimpensi. Mangkana sabdeng wangsit. Wruhanira kaki wrigu ing mengko sirep janma. Ana ingkang prapta malih. Sang hyang brama amindha sapi gumarang.// arsa ngrencia sutanta. Mengko sagung kori-kori. Tutulakana ron nanas. Lonthengana ireng putih. Gamping kinarya putih. Kang kinarya ing reng angus. Lan sira angobonga. Kulit barambang ywa lali. Jroning wismakaping telu oborana.// lan dagane sutanira. Sajenana tumpeng abrit. Iwake mung kumuluban. Sajenana kadi kang wis. Lan mubenga kaping tri. Neng jaban wisma nireku. Mangkene mantranira. Hong brahmangra sioyehi. Maswaedu niscaya karaharjeng rat.// kyahi wrigu satanginya. Nulya ngleksanani wangsit. Sang gumarang sampun prapta. Kewran denira samanjing. Wis saking den sarati. Mwang winantu mantra luhung. Kongsi prapta byar enjang. Gumarang muksa tur uning. Sang hyang guru dupyarsa kalangkung duka.// nulya tumedhak priyongga. Duk makuthila hyang giri. Pra dewa umiring samya. Duk masa senenging kapti. Tan kawarna ing margi. Lampah ira sang hyang guru. Kyahi wrigu samana. Ing wanci siang aguling. Sarpa sawa mangsit mangkana ling ira.// heh wrigu wruhanira. Mengko wanci bangun enjing. Sang hyang maha dewa prapta. Duk makuthila hyang giri. Pra dewa samya ngiring. Aduk masato wana gung. Yamadipati dadya. Kidang ujung weneh dadi. Wedhus prucul. Hyang brama duk menggumarang.// hyang kuwera malih warna. Tikus jina dasa genjik. Sang hyang prit anjala ingkang. Dadya kukilam prit putih. Hyang siwah mongka dadi. Manjangan randhiranipun. Sang hyang kala anukma. Sona warnane ngajrihi. Ingaranen srenggala belang wayungyang.// sang hyang rodra mengko dadya. Arupa lembu andini. Hyang surya kang malih warna. Walang anggas yayah kadi. Wil angrik gigirisi. Celeng temabalung hyang wisnu. Sang hyang bayu anukma. Andanu sang kala srenggi. Hyang narada ingkang dadya candho kapas.// hyang condra mengko anukma. Kucing condra mawa putih. Lir kapuk kang winusonan. Ing mengko sang hyang basuki. Anukma salin warni. Dadya sarpa sawa kakung. Dahat krura mangakak. Manembur wisane mandi. Yen dinulu lir tetesing kang dahana.// sagung ingkang para dewa. Wus sae kapraya sae. Den winarsa angrencia. Poima den prayitneng westhi. Kabeh lawanging panti. Sinungana sarat iku. Rondhoning apa-apa. Mwang rondhoning widarari. Ing dagane sutanira sajenana.// sega ireng iwak toya. Lan mantranana kadyeki. Mwa suyana marta swana. Aswha dadya basuki. Niscaya tanpa dadi. Sutan tatemah rahayu. De sagung para dewa. Kang samya amalih warni. Ingkang arsa ngrencia mring sutanira.// saratana kadi saban. Sabarang reh aywa lali. Sarta saidrering wisma. Ing jaba urut taritis. Prenah luhuring kori. Kenthengana den atepung. Sarana lawe wenang. Dene papagering panti. Semburana dringo bengle kang warata.// sarta nganggo mantranana. Mangkene ucapping puji. O hong hyang hyang siwah boja. Abuyana kita marti. Sunama swaha bekti. Kabeh niscaya rahayu. Kang aneng wismanira. Lawan wekasing sun malih. Ing sawengi mengko aywa salah karya.// yen ana barang katingal. aywa sira mamateni. Krana iku kawruhana. Alad-alade hyang giri. Nalikarsa dhatengi. Mawa panganjuring laku. Sawur kala kuthana. Kang mijil saking jasmani. Iya iku ratuning sabarang wisa.// ingkang dadya sarap sawan. Rupa salirning dumadi. Sanadyan iku rupaha. Lemut yen sira pateni. Sutanira sayekti. Bakal keni rencana gung. Sarate mung bagekna. Ping tri sawengi ywa lali. Lan sambaten arane kala kuthana.// praptane kang sarap sawan. Ping tri sawengi asrenti. Dhihin wanci surup surya. Iku bagekna tumuli. den ririh ing pamuji. Mangkene tanduki tembung. Aganglo sang riswa. Kakes dyahayu akwiki. Hya ngayu. Gya sira nuli anggosoka.//

dene kang sira gosok areng nanging katutana mawa. Lungantaa aywa mawa.

Dene kang sawiji tekane tengah wengi. Bagekna mangkene ahangko sang niriswat kangkes dyahayu. Akwiki hya ngayu. Mulihatko sareng kang tan ana mawa. Lunganta yun gawa. Dene kang sawijine maneh. Teka wyah byar rahina. Bagekna mangkene. Ahangko sang nariswa. Kakek sedya ayu. Awiki sedyarayu.

Awiki ywa ngayu. Mulihangko sakareng kang tan mawa. Lungan gawa lapoma deneling goning bagekake dhewe. Ping telu sawengi.

Kang dhihin sang nurisma

Kapindho sang niriswa

Tumuli sang nariswa

Manawa bagekake den santak kaya dene wong anggetak iku sagunging sarap sawan ing kono padha lumayu. Ora ana padha wani marek dadi rahayu sutanira. Dewi sri ngandika malih anak ira saben surup srengenge dilatana embun-embunane lan pusere. Sarta epek-epeke awit kang kiwa. Miwah dalamakane karo. Iya awit teka kang kiwa padha kapting telu genira dilati. Niscaya rahayu sutanira. Lan wekasingsun marang sira yen sutanira turu aywa sira aras yen durung pupak puser. Lan aywa ciweli pipine lan aywa sira emperaken kang wus ora ana. Ila-ilane ora bulus yen sira turut satuturingsun yekti tulus pak pandhuwur.

Sadaya puji kasebut nginggil punika dereng mesthi leres.

// mugi sampun cineda ing galih. Krana kendel pamacaking kata. Wit saking kangelan dene. Pakaryan ingkang parlu anglampahi ayahan gusti. Kang wajib lineksanan. Tan kengang umingkuh. Muhung bok manawi benjang. Sampun rampung anglampahi karyeng gusti. Angaturi sambetan.//

Ongka kaping: 18

Kemis kaping. 29. April.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Saweneh ing tiyang sugih ing bawah kaparak tengen kawartos tampil serat singlon bilih griyanipun badhe kakecu. Mila ing mangke lampahing rundha patrol kenceng. Sarta panggenan ingkang samar-samar sami dipun jajah.

Ing sapunika peken kalathen sakelangkung genipun kathah kere ngemis tiyang ingkang sami wawadeyan ngantos kesel anggenipun mangsuli dhateng kere ngemis wahu. Punapa malih kang dados gumuning manah kula wonten kere teksih lare alit. Kadugi ngumur kalih tahun wujudipun lare wahu jaler. Boten kantenan naminipun tuwin boten kantenan bapa biyungipun sarta griyanipun sabab saben dinten sami dipun rubung tiyang tuwin sami rare kathah. Dipun tangledi naminipun sarta griyanipun dereng saged mangsuli ingkang genah. Jalaran taksih alit sanget dene menawi langkung wonten margi ageng kapethuk kapal tuwin karea dereng saged nyimpang. Sabab sangking dereng mangretos dhateng pringgabaya. Eraming manah kula. Lare semantan kok pisah kaliyan bapa biyungipun punika kados pundi. Dene sapunika wos sampaun mirah. Nalika dinten jumungah kliwon wanci jam sanga enjing. Kangjeng rahaden adipati sasra nagara. tedhak kabopaten kalathen rawuh ing setatsiyun kapethuk para priyantun pulisi sami nitih kuda. Mangangge prajuritan bidhalipun sangking setatsiyun dherekaken karea sami sesanderan mas pengantus mangundiyasa. Mlinjon ngantos dhawah sangking kapal ngantos dheyek-dheyek gegeripun wanci pukul sekawan sonten kondur dhateng nagari. Dhatengipun sepur teksih kadherekaken prayantun pulisi kados kala wahu. Mas penatus ingkang dheyek-dheyek teksih dherekaken anaming wonten wingking tebih mawon.

Yogyakarta

Nalika tanggal kaping. 15. Wulan maret ingkang sampaun kapengker. Ing dhusun grombyangan kadhestrikan pakem wonten saweneh lare wasta pun lanang kagugi umur. 13. Tahun ing wanci injing kesah dhateng wana sumeja ngarit rumput sakdumugenipun wana sumerep kalen asat sarta kathah ulamipun ing ngriku sampaun tamtu bilih andadosakeh bingahing manah. Lare nuruting kalen saya minggah saya kathah. Dangu-dangu sumerep rong ingkang wiyar sak antawis. Wo. Inggih punika ronging ulam sangking gambiraning manah boten sumerep bilih [] ning panah sima. Sareng pun[] sumerep ing lare[] pendah jingga dunoman.//oo// bagus sima sareng umyat mring sujanma. Siga manubrukeni. Sirah ingkang janma. Dhawah plakapidara. Saking getering kang ati. Tan wruh sangkanya. Sang sima kirik-kirik.// bagus lan[] kala engeting driya. Lamun angasta arit sima binacokan erahnya deleweran sirahnya sima kang keni. Kraos kabranan uwal nya nira gigit.// amung udheng kinemah ginuwang. Sang sima meksa ngungkikh. Ri sang bagus lanang. Saya enget wanteyan bangkekan sinabet keni. Bagus atadhah. Gantya asilih unghik.// macan ge[] abikut pangamukira. Bagus lanang kruda ngrik buntyata kang sima. Cinekel tan bisa wal asta kanan ngasta arit namung tan ngucap macan tinitir wani.// ting saluwir ting carum pleng tatonira. Ususnya kowar-kawir. Jinawil aritnya. Tigas pancing sekala. Bagus sima angemasi. Puriknya wanya. Gus lanang kempis-kempis.//

Darma warsita.

Madiyun

Inggal punika ing dhusun sibayi dhistik caruban wonten dsatunggal tiyang wasta irontika. Sampun amejahi semahipun wondening awitipun kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Anuju satunggil dinten irontika kalayan semahipun sami kesah bara nyambut damel dhateng badhe wradinan karea brama. Sareng sampaun sami nyambut damel ing ngriku. Ingkang estri nglampahi awon (cidreng lulut) sareng ingkang jaler mireng lalampahanipun ingkang estri mekaten lajeng kaajak mantuk dupi prapteng ngenu ing satengah ing wana pringga. Semahipun inggih bok irontika. Dipun tempiling

sangking wingking mawi wadung ngantos kaping. 3. Kenging sirahipun lajeng kundhah ing pratala. Ngandhak-andhak kapidhara. Ananging dereng prapteng lena. Awit ponang uswa taksih wisaha. Namung wandanipun tansah kuthah ludiramekaten ugi pun irontika meksa dereng purun krodhanipun tansah manginggit-inggit manah tan dya manambut ing sela ingkang agengipun sakuwawining tiyang satunggal mahatma kineprukaken ing mudranipun lajeng kaprawasa amisani pejah tanpa ngalesed.

Wondening sareng irontika sampun anandukaken pandamel ingkang makaten wahu lajeng kapanggih kalayan satunggal prawan wasta saripah kinten umur. 15. Tahun inggih punika anakanipun bok irontika ingkang dipun kaningaya wahu sumeda kesah dhateng peken lajeng pitaken dhateng pamanipun sebab punapa dene gadhah pratingkah ingkang anggigiris makaten. Dene wangulanipun irontika bab punika pyambakipun boten susah nedha sumerep malah dipun weling supados sampun ngantos wawarti dhateng sanes tiyang menawi ngantos[] badhe kapejahan []. Sampun kujarwa ing nginggil. Prawan wahu lajeng anglarugaken tampahipun dhateng peken kalayan nandhang sungkawa. Katawis semu duka ciptanipun. Ing sahantukipun sangking peken pamanipun sarta mayiding bibi sampun sami boten wonten kantun tilas kimawon pun prawan lajen mantuk sarta samargi-margi tansah atawan tangis mandya udrasa. Sareng dhateng ing griya penangisipun sangsaya angaruharabapa biyungipun sareng aningali anakipun dhateng saking peken atawan tangis sakala kredyat tamelap margiyuh. Lir pindah sinamber ing gelap tuna. Tinebak ing sima lepat sarta inggal pitaken semu gugup minta jarwa punapa ingkang dados sababing panangisipun prawan anakipun wahu lajeng cariyo kalayan anangis amratelakaken sadayaning lalampahan ingkang sampun dipun sumerepi. Kados ingkang kasebut ing nginggil wahu.

Sareng bapakipun sampun tetela pamirenging cariyoipun anak lajeng inggal-inggalan lapur dhateng pamarentah. Sakala pulisi andhatengi ing panggenanipun panganiayan wahu. Ananging sampun sami boten wontenipun kantun tilas kemawon lajeng kaupadosan ing kiwa tengenipun boten dangu kapanggih sampun kapendhem ingkang boten patos lebet. 2. Kaki. Wasana dipun dhudhuk lajeng kapendhet sa[]kapriksa ing pulisi sampun salersih. Lajeng kapasrahaken dhateng ahli waris sarta lajeng kapetak kalayan sae-sae kados punapa mesthinipun. Waktu punika pulisi angupadosi dhateng ri sangbek anihaya wahu. Wasana kapanggih wonten ing bawah panaraga. Lajeng kabekta mantuk kalayan ristan sareng kadangu pulisi amatur balaka kemawon anga[]raken kalayan prasaja sadaya lalampahanipun kados ingkang sampun kasebut ing nginggil wahu. Ing sapunika pun irontika sampun kadunungaken manggen ing panti gupermen sarta siang dalu kajagenan ing para abdi prajurit kilap kadosanipun ing binjing.

Ri sang warta kudarpa.

// wonten pamanggih kula ingkang kedah kula lahirkaen ing pabarataning pustaka warti. Boten teka badhe malela ing kawegigan muhung saking kiranging pamanggih. ,ila badhe rumaos ageng ing kabegjan kula upami panyuwun kula barkah saserepan ngandhap punika wonten ingkang kasdu anderrahrah swanipun inggih punika wardinipun sekar ageng ingkang kawastanan lebda jiwa. Ing ngandhap punika ungel-ungelanipun.

// mina tembak kayu gung kang nongga bumi. Manik sotya taman tan mungging sarira. Sakehya gumati dene swara geni. Datam mawi palwa. Miwah toyta lebda jiwa.

// kaserat tanggal kaping. 11. Candrama jumadilawal warsa wawu. Tengraning sangkala. Wila sita gagana kunjana para. Katandhan buja kirana.

Minta mangreti

Bok manawi andadosaken lumunturing sihipun mitra kula sebet aliyas tumbrong. Kula nyuwun seserepan wardinipun tembung pagya. Kados ingkang kasebut panjawabipun mitra kula dhumateng adreng minta mangreti. Anjarwa sutani patakenipun bab caraka basa. Kapacak ing bra martani tahun punika ongka. 16. Ingkang punika sanget ing panyuwun pangajeng-ajeng kula mugi mitra kula tumbrong andhangana panggalih karsa anegesi pataken kula ing nginggil wahu.

Kaserat ing pacinan tanggal kaping. 11. Wulan jumadilawal. Ing tahun wawu. Sinengkalan. Trasi balur mangsanaku. Katandhan pun sebet sarwa ninthing.

Minta jarwa

Bok manawi andadosaken lumunturing sihipun para lukiteng sastra [] seserepan tembung saengga punika punapa tembung jawi tuwin[] tegesipun ingkang mathok kados[] saengga wahu. Kadosta. Saengga jam tabuh utawi saengga ngantos dadospejahiipun. Saengga pun anu. Sasaminipun. Lo punika punapa boten gadhah teges pyambak pyambak.

2. tembung sawantawis. Dunungipun ingkang leres kados pundi. Utawi sapinten masthinipun sawantawis wahu. Margi kathah kemawon para titiyang wicantenan utawi wonten ing serat mawi tembung sawantawis. Kadosta watawisipun. Namung sawantawis. Swantawis dinten. Boten namung tumrap tembung tigang prakawis punika kemawon. Sanadyan barang arta sasaminipun sami kenging ngangge pitembungan sawantawis.

3. tembung ijeman. Tegesipun kados pundi.

O namung sapele kemawon. Ananging sarehning saking jubel jugul cutheling manah. Gadhah rumaos kados kalajeng boten sumerep tegesipun manawi boten nyuwun pitedah ing para sarjana ingkang sampun putus ing kawruh. Amila saking pamuji kula mugi-mugi para sujana karsaha anggalih panyuwun kula barkah seserepan ing nginggil wahu. Sanget ing panyuwun kula.

Katandhan pun cubluk jaluk wuruk.

Kula sampun anyumerepi panjurungipun ingkang asisilih nama srowal-srowel. Kapacak ing khabar bra martani ongka. 16. Ing wulan warsa punika. Anjarwani wangsalan iyasan ing kusuma dilagan kados pamintanipun mitra kula ingkang sisilih nama pun bodho druwo. Rehning ingkang gadhah panuwun dereng angaturi wangslan dumados kula angaturi urun panjawab inggih namung nunggil misah sawarawis kalih pamedhar sampeyan kilap leres lepatipun kula sumangga sami kagaliya dene ingkang kula serat naming ingkang geseh kalih pamanggih sampeyan kemawon.

1. marma mangke sumengka atur pustaka mila ing sapunika kapi adreng angaturaken serat
2. maring taman sri wedari paripurna dhateng taman sri wedari sampun dados sangkep boten kirang
3. duk tumingal menget saniskareng cipta gagat bangun kataman asmara tontra
3. ing nalika sang prabu aningali enget ing panggalih sadaya dumados wungu ing panggalih enget ing asmara
4. tyas kalulun oneng ring sang paniskara ing driya kalunta denya kangen ing Garwanipun
5. tumameng jro tilem muwus manuhara manjing ing pasareyan angarih-arih
6. citra bawa panengran paksi tidharsa aksamanta yayi marang dasihira warna kang mukti punika prayayi
7. pungkas tambang ikal ikalan. Kalimputan
8. puspa ruru sastra purwaning rumpak garwa nata mendhak nembah ngestu pada dados puspa ruru punika pamanggih kula sekar ing

kang sampun dhumaawah ing siti piyambak winastan wargi. Kajawi punika baba pataken sampeyan wangsalan kalih bab punika sampun dados cuwaning panggagalih temen kula dereng mangretos jarwanipun. Menggah gen sampeyan apitaken punapa bedanipun cangkriman kalih wangsalan ingkang punika saking pangraos kula yen kagalih suraosipun meh sami ugi. Namung kaot wangsalan wahu kedah ingkang wonten ing kaujudanipun saha boten mokal. Tuwin mawi madosi ingkang pikantuk suraosipun. Sareng cangkriman namung angeli pun kabatang kemawon saujud-ujudipun sanadyan ingkang nglengkara inggih prayogi kadamel cangkriman. ing wasana kula nyuwun pirsa menggah panjurung sampeyan ingkang mungel wulan barmahat tahun 1596 utawi kaping. 26. Wulan badar tahun 2191 mugi mitra kula pun srowal-srowol anggsunga tegesipun wulan tahun ingkang kasebut nginggil wahu. Sanget ing pangajeng-ajeng kula. Ti ti kaserat kaping. 15. Wulan jumadilawal wawu ongka 1809 katandhan sutadi

ing khabar bra martani ongka. 13. Wulan maret ing warsa punika. Wonten ingkang sisilih nama pa. Sa. Minta dhateng para sarjana tegesipun tembung ponca sona leresipun ponca sona. Ponca driya. Ponca naka. Ponca suda. Ponca bakah. Ponca kara. Rehning para sarjana dereng wonten ingkang karsa medharaken tembung wahu punika. Dados kula cumanthaka angaturi panjawab bok manawi condhong yen taksih nalisir mugi katebihna ing sarusiku.

1. ponca sona punika ing jaman kina kasebut aji kadayanipun upami jalma kang darbe aji wahu pejeh amargi sangking prang utawi awit pandameling jalma. Sanajan kulitipun pecah daging pegat rah andeledeleg balung putung otot pedhot. Risaking badan wahu saged mulya 1. Yen dhawah ing kisma. 2. Yen kataman dahana. 3. Yen kasilir ing samirana. 4. Kasorotang diwangkara. 5. Manawi katetesan bun.
2. Bab ponca driya punika nepsu gangsal prakawis kados cariyosipun dhalang manawi anyariyosaken bima punika mawi cacet poleng bang bintulu aji lelima kuning ijem abrit cemeng pethak

3. Bab tembung ponca naka punika ugi panyandranipun dhadhalang dhateng werkodara. Ponca gangsal kuku lalandhep tegesipun bima angungkabi kasagedan gangsal prakawis 1. Kadigdayan. 2. Kaprawiran. 3. Kaluhuran. 4. Kawicaksanan. 5. Kautaman.
4. Bab tembung ponca suda ingkang dipun pralambangi makaten wahu inggih punika kalimrahanipun manungsa gesang ing ngalam dunya. Ingkang manawi sampun ngumur. 60. Tahun lajeng kadunungan duda gangsal prakawis. 1. Suda kakuwatanipun. 2. Suda kanikmatanipun. 3. Suda kabagusnipun. 4. Suda ing kasenenganipun. 5. Suda ing kaengtanipun.
5. Bab tembung ponca bakah inggih punika tiyang paben jalaran gangsal prakawis. 1. Arebatan pawestri. 2. Arebatan siti. 3. Arebatan raja brana. Rebatan kawruh. 5. Rebatan kaluhuran.

[)
sapanunggiulanipun. 3. Asarana gada[] 4. Mawi dadamel[]bangsaning lelandhep. 5. Asarana balang bandhem bentur sawat.

Ingkang kasebut ing nginggil punika leres lepat kula sumangga namung punika saserepan kula. Ti ti
P. D. M.

Panjurung katur ing mitra sardula wikridita

Bab pamintanipun mitra kula ingkang kapacak ing pustaka bra martani ongka. 17. Ing sawatawis kula ngaturi jawab bok manawi pinuju condhong kados ing ngandhap punika sumangga.

1. anjawah sonten. Jawah sonten punika rarabi. Angebun-ebun enjing. Ebun enjing punika awun-awun. Dados kadamel paribasaning nglamar putri yen dhalang ngringgit punika.
2. Guru bakal guru dadi. Punika paribasanipun para nata ingkang sami nampeni upekti sadaya ingkang kabawah kajawi ladosanipun ingkang sampun katamtokaken cacadha pundhutuning narendra warniya kajeng selo ingkang sampun dados-dadosan miwah ingkang taksih badhe dandosan.
3. Paribasan jarwa suta. Punika tatiyang wawarah dhateng kadang warga ingkang boten mawitebeng barang suraosipun kawantahaken. Upami kados anjarwani dhateng anakipun piyambak.
4. Babasan jalma jalma mati. Punika gugon tuhonipun titiyang bongsa jawi. Yen mastani barang panggenan angker tuwin gen pangalapan. Sami ajrih angambah kakinten adamel tiwasing manungsa.
5. Dhuwun kinatah punika jangkepipun dhuwung tinatah tinatu rengga. Tegesipun dhuwung rinengga ing sarasah jene.
6. Tembung rawat rawat jangkepipun pangucaping dhadhalang kaengge gineming ringgit kedah mawi karna binadhung lidhah sinambung ujaring sumbiwara. Tegesipun tembung punika laguning swara. Rawat-rawat. Ingkang kapireng dereng tamtu kacanthel ing manah. Awit pamireng saking timbal-tumimal wiwara makaten wahu dipun upamekaken wiraosing bakul ingkang asasadayan saestu kathah doranipun sarana genipun mamrih angsal kauntungan.
7. Udan sinemeni punika upamu jawah ingkang anarajang wanaa pajaten. Saestu ingkang kaprenah celak wana wahu myarsa swara kumrusuk nanging jawahipub boten dhateng panggenan ngriku. Mila kadamel paribasan swara swaranipun pindha jawah sinemeni dados babasan wahu mendhet ramening swara jawahipun boten dhumawah ingkang dereng kula aturaken jarwanipun sawek kula manah-manah tembe bok manawi saged ngaturaken malih. Katandhan mitra paduka pun citra mengeng.

Wonten tetembungan ingkang kaweken panggrayanganing manah kula anarbukani. Inggih punika teges saha mangsudipun tembung dinten pipitu. Septu. Akat. Isnen. Slasa. Rebo. Kemis. Jumungah. Punapa dene pekenan. Legi. Pahing. Pon. Wage. Kaliwon.

Mila mugi wontena lumunturipun para sarjana ambabaraken tetembungan wahu. Badhe rumaos ageng ing kabegjan kula upami wonten ingkang karsa ambirat katawenging manah kula wahu. Wasana sanget pangajeng ajeng kula. Katandhan retna suwarni.

Candhakipun sindhen badhaya

// baguse wayu asanambang. Dhe. Sindura pinipis pindho susuhanan. anglawat kathah garwane susuhanan. dhe. Sosotya aglaring mega. Susuhanan kadi lintang kuwasane.// anangis tumengeng tawang. Dhe. Kadya lintang pakartine panembahan. Tanuhastra kadi ta agni urube. Kantar-kantar kiyahi yen mati ngendi surupe kiyahi.// sisindhen badhaya laela.// ela-ela pamengkuning reh sapraja. Ri sangkala pawa karo wiku raja. Ri sang bima kalanira puruhita. Mring sang durna minta sampur neng dumadya. Duryodana ginubeling praharinya. Rempek tur re sakeh ing sata korawa. Aminta apitulung sang dwija wara.// lajeng minggah.// pinituwa sadaya pepeg ing ngarsa. Drona prabu mondra kadipatyeng wongga. Dhanyang drona saguh mring sang kurunata. Anyirnakna marang sira arya bima. Aja lawan aprang sirna sangking cidra. Tan

antara praptanira arya sena. Dyan jumujug mendhak nembah mring sang dwijwa.// nunten mendhak nembah mungel gendhing gambir sawit.// mawur ing tyas maha prabu duryodana. Cipta welas marang sira arya bima. Dhe. Gya umatur pandhu putra mring sang dwijwa. Punapa pestu ulun kinen ngupadosa. Wiku nabda adreng temen karsanira. Dhe. Liwat angel panggonane toya marta. Neng jro guwa liwat pringganing kang marga. Yen sirantuk prawira tirta nirmala.// lajeng minggah.// pan sampurna prasasat ongga jawata. Kamulyanta angluwihi sabuwana. Nora ana aji ingkang ngungkulana. Pasthi sira dadi unggul ing ranangga. Ngulatana aneng wukir condra muka. Dyan umangkat samarga ing ngiring bajra.// ladrang.// adan prapta prahara gora walikan. Bayu meses dene krodhane sang sena. Dhe. Keder mider condra muka kaederan. Wus binubak wrug sarug rebah belasah. Dhe. Kadya gelap swaranelengsing ngarga. Sindhung riwut sarta mawut kaberasat. Dhe. Kagyat myarsa sang rukmuka rukmakala. Sru kapileng kapempeng[] lih mambet gandane sang arya. Dyan umangsahe pinarbu[]. Dhe. Bima kroдра muwus dhik dityarsa baya. Wus pintha[] pejah. Dhe. Wangke sirna mulihha saling jawata. Indra bayu[] nya suka. Dhe. Apupudya dewa kalih mring sang arya[] ya jayeng ngalaga.// lajeng katawan.// dhe.[] deg tepining samodra. Mangumulat tumon trunaning ngudaya. [] sangsayeng tyas. ketang warah ing kaka. Tuhu darma [] sang drona. Dhe. Yen wangsla arda merang ing dumadya. Su[]tra madyeng samodra. Dhe. Mung kaetang kang toya marta[] putra cancut maleteng samodra. Dhe. Wemanaput ing ngongga[] emuting tyas amateg jala sengara. Dhe. Tan anatara prapta[]nawa. Taksaka gung manembur wisa lir warsa. Dhe. Dyan sinahut[] put kang ongga. Angresing tyas sang arya cipta palastra. Dhe. []tyas pinanduk ing ponca naka. Nembur nawa pejah dening arya bima.

Taksih wonten candhakipun.

Ongka kaping: 19

Kemis kaping. 6. Mei.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Bilih anuju tingkasing jawah. Ing dirgantara katingal trang angilak-ilak. Prayogi sanget anggrap radinan ageng bebanipun piyambak-piyambak. Pikantukipun boten kasesa bilih wonten grimis. Jalaran dene sampun andungkap wulan mei teka teksih wonten galudhug saha mawi kepyur-kepyur. Etang meh tigang mongsa boten mawi ketiga.

Ingkang kalih dene radinan ageng ingkang anjog dhateng tempen punika kula dereng nate anyipati anggarap andadosi amurih sae. Punapa boten wonten ingkang gadhah kuwajiban mokal. Dene nalika wonten grimis sakedhik kemawon kareta kula langkung ing margi ngriku meh bibrah. Jalaran rodha kasilep ing jeblogan babar pisan.

Nagari Cina

Serat pawartos kawat ingkang nembe dhateng punika. Boten patosa kathah cacariyosanipun bab ing nagari cina. Ananging manawi ginagas gagas ing saleresipun kados anamtokaken perangipun nagari cina kalayan rus.

Tatkala kitha kandhahar dipun jabel malih dening gupremen cina mawi utusan pyantun ageng jujuluk gono dhumateng rus ing nalika samanten pance sampun anentremaken jalaran saking bedhaminipun. Ananging wonten pawartosipun amara sandi. Manawi gono agadhah patrap salingkuh kalayan rus. Malah pawartosipun gono sampun kaplaksana sarana katigas murdanipun wonten ing peking. Manawi yektos mangkaten kados pundi anggenipun cina badhe boten abonda yuda kalayan rus.

Bintang timur

Pawartos ingkang angojahaken prakawis sedanipun raden saleh woten ing serat kabar yafa bodhe mangkaten kala kaping. 23. Wulan april ing wanci enjing raden saleh wungu saking anggenipun sare boten karaos kataman ing sasakit punapa-punapa. Boten antara dangu raden saleh karaos sariranipun lajeng seda. Wonten saweneh ing tiyang ingkang ngabaraken mengkah ajalipun raden saleh wahu kala taksih sarasipun sampun cariyo piyambak manawi piyambakipun kapandamel ing sanes. Malah dereng antawis lami raden saleh anggadhai pandakwa dhateng rencangipun kawastan amandungi raja darbekipunya. Kalampahan rencang wahu dipun ukum ing nagari sarana pandamel peksan mawi rante laminipun. 6. Tahun. Kawartos bojonipun rencang ingkang kaukum wahu sakit manhipun dhumateng raden saleh. Embok manawi punika ingkang angracuni mongka wawalesipun.

Tujunipun ingmangke kayektyian manwi pawartos saking pa[] pun tiyang mangkaten wahu lepat awit saking pratelanipun tuwan-tuwan dhokter kakalih ingkang ngusadani raden saleh wahu cariyo manawi sedanipun raden saleh boten amargi saking racun ananging kenging kawastan sabab saking sakit kadadak mengkah sasakitipun wahu ing tembung walandi dipun wastani sakit aderslah.

Slompret malayu.

Para prayantun ingkang sami anyambutaken dhateng tuwan impe. Ingkang sampun tilar dunya. Kula aturi nunten amratelakaken dhumateng kula. Utawi angaturna pratelanipun ing parentah. Bilih boten wonten kalampahan panuwun kula. Saestu badhe pakewed anggenipun anampeni bayaripun.

Juru basa

mudhi.

Asli sarta sesebutan

Kula kerep anampeni serat pakintunipun para karuh kula ing amonca. Suraosipun amratelakaken bilih ing naganipun piyambak-piyambak wonten prayantun satunggal kalih saha saminipun sami ngaken raden-radeng mas utawi raden panji. Mongka pance boten wenang angangge sesebutan wahu. Karuh kula apitaken sababipun dene nagari teka boten amambengi ingkang mangkaten mongka ing cerak angger ing ngatasing paukumanipun tiyang jawi sasaminipun angawisi dhateng tiyang ingkang angangge nama tuwin sesebutan ingkang dede wajibipun.

Seratipun karuh kula wahu asrung kula pacak ing serat kabar. Saking sedya kula kangege angenegetaken dhateng tiyang ingkang anerak papacak ing angger wahu.

Kula boten praduli dhateng tiyang ingkang pance sampun wajibipun angangge sesebutan raden mas utawi raden panji sasaminipun wangslu sareng wonten tiyang ingkang anyahak ngangge sesebutan wahu. Amasti andadosaken semangking manah. Jalaran tiyang turuning alit angaken turuning ageng. Utawi turuning prayantun angaken darahing ratu. Sarta lajeng angegungaken sarira akanthi ladak anedha dipun ajeni sarta angangge pangawal ingkang dede leresipun.

Nagari kados boten angeneiti. Bilih patrap mangkaten punika sampun dipun undhangaken sarta kapacak wonten ing serat angger paukuman aakalayan terang ungelipun kados ing ngandhap punika.

Bab kaping. 191

Sing sapa katon ing ngakeh anganggo panganggone pameran para priyayi militer sarta sipil utawa nganggo tetenger paurmatan kang ora kawenangake. Apa dene sapa kang nyahak nganggo tetenger[] cen amung dadi panganggene para[] sarta sesebutane luwih dhuwur sak ing dhe[] pipa ukuman nyambut gawe jiyadan tanpa kara[] tes. 6. Sasi tumeka. 2. Tahun.

[] saking pamiren kula tiyang ingkang nerak papacak wahu a[] kalaranipun boten saking kaujadening nagari[] king boten wonten tiyang ingkang gugat.

[] kang nerak papacak wahu sampun kerep kula pacak ing serat[] dos amambengana. Ananging seseratan ingkang tumrap ing[] kapaedahipun amung amengetaken dhateng tiyang wahu. [] wajib anggugataken prakawis punika ing ngarsa pangadilan []

] juru ngarang srti kabar. Ananging tiyang ingkang anyipati piyambak[] utawi panerak ingkang dipun waosaken sarta ingkang pu[] wan ing ngarsa pangadilan. Bilih boten wonten tiyang ingkang [] taken ing pangadilan amasti awis-awis tiyang ingkang kadakwa []

[] pahi panerak mangkaten punika. Awit para priyantun welandi a[] ingkang nyumerepi sesebutan tiyang jawi satunggil satunggil ingkang [] pun dados wajibipun.

[] nawi ing ngatasipun tiyang jawi wonten pranatanipun ingkang dipun wastani [] ing tembung welandi birgerleksetan asal usulipun prayantun bongsa jawi satunggil-tunggilipun amasti gampil kasumerepan awit birgerleksetan wahu. Amemuti namanipun tiyang satunggil-tunggi[] namaning bapa biyungipun.

Sanajan ing mangke pratelaning asal usul mangkaten wahu dereng wonten anaging saking gadhahipun kangjeng gupermen pangagenging paresidhenan kawaijbaken anguningani asal usuling para prayantun jawi sadaya. Taksih wonten cindhakipun.

Birger leiken setad punika tegesipun cathetan ingkang kaasta pangagenging nagari. Amratelakaken asal-usulipun tiyang satunggil satunggilipun. Juru ngarang.

Saking dahad dening kumacelu kula. Sinaruwe ingkang sampun angambar aruming gonda sumebar katubing maruta bra martani. Kadamaning panggalih ing para marta ring samuaning pamitran kang sama-sama. Saestu ning cipta kula tan lyan kumedah uparing panjenenganipun mitra kula ingkang asisinglon nama. Pa.sa.

Ingkang punika mugi karsaha anebihaken ing sarusiku. Kumapurun kula sumengka anyuwun sih. Parenga lumuntur paring barkah katrangan bab sandhangan kalih welas punika.[e] [i] [o] [] [] [] [kra] [kre] [nya] lan aksara. Re. Le. Utawi sastra murda. Na. Ca. Ka. Ta. Ta. Sa. Sa. Pa. Pa. Ga. Ba. Tuwin ongka. 1. 2. 3. 4. 5. 6. 7. 8. 9. 0. Punapa dene sastra swara. A. I. E. O. U. sadaya wahu mula bukanipun ingkang damel sinten. Tuwin tegesipun wastaning sandhangan wahu satunggil-tunggilipun punapa.

Punika kula ugi sampun asring tetaken dhateng sanak sadherek tiyang sepuh. Ingkang sampun kalebet lukiteng sastra. Ananging dereng saged manggih ingkang adamel lega paring katrangan. Mila samangke kedah kula sumanggakaken ing panjenenganipun mitra kula. Pa. Sa. Bok manawi kapareng karsa aparing sih dhumateng tiyang kacupetan kadi kula punika.

Katandhan pun adreng minta sih.

Ingkang manawi andadosaken kaparenging panggalihipun para sarjana ingkang sami kulina ing pasamuhaning serat bra martani. Mugi karsa aparing barkah katrangan. Sanadyan timbang sapele tur adhakan. Ananging saking cupeting budi kula kedah myuwun barkah dhateng para sarjana. Mugi karsa aparing saserepan menggah manggening tembung ingkang kados ing ngandhap punika.

[]

lan. 8. Miwah. [] 10. Mwang. 11. Bilih. 12. Manawi. 13. Yen. 14. Sarehning. 15. kala. 16. Nalika. 17. Ki. 18. Kyahi. 19. Priyayi. 20. Kadhaton. 21. Kraton. 22. Karaton. 23. Tembung kawi. Awigna mastu nama sidham.

Sampun namung punika ingkang kula suwunaken barkah wijang-wijangipun kados pundi. Inggih boten kasesa panyuwun kula wahu. Prayogi kadamela samben kemawon saselaning pandamel ingkang parlu. Saking panyuwun kula pundi ingkang sampun kapanggih tumunten kapacaka wonten ing bra martani.

Katandhan pun sebet minta jarwa.

Ing nagari surakarta ngriki. Sakwontenipun serat pawarti sastra jawi. Winastan juru martani. Ngantos santun nama bra martani. Dumuginipun ing samangke. Sampun kalebet lami. Saha sampun kathah angwedharaken sakathahing kawruh. Utawi angleresaken patrap-patraping sastra. Punapa malih teges tegesipun tembung kawi. Tuwin sanes sanesipun. Ananging dereng wonten para sarjana ingkang angwedharaken tegesipun wastaning satunggil-tunggiling panggenan ing tanah jawi. Tuwin gancaring ing nama wahu. Kadosta. Banten. Batawi. Krawa. Kreyangan. Carebon. Tegal. Pakalongan. Samarang. Japara. Rembang. Surabaya. Pasuruhan. Prabalingga. Basuki. Banyuwangi. Banyumas. Bagelen. Kedhu. Surakarta. Ngayogyakarta. Madiyun. Kadiri. Tuwin panggenan sanes-sanesipun ing salebeting tanah jawi. Saha tegesipun namaning priyantun ing jaman sapunika. Ingkang punika manawi andadosaken dhangan lumunturing panggalihipun para sarjana. Bok angwedharaken kados panuwun kula wahu. Mugi katuruta saking denta ywanjana. Lajeng kapacaka wonten ing bra martani. Supados amewahi regengipun. Sangetsanget ing pangajeng-ajeng kula.

Katandhan kyahi kawak. Juru maos pustaka warti.

Bok manawi andaddosaken lumunturing sihipun para lukiteng sastra kula nyuwun saserepan tegesipun namaning serat serat kawi. Utawi serat jawi. Kados ingkang kula pratalakaken ing ngandhap punika. Manik maya. Maha Dewa Buda, Budawaka, Mahabrawa, Sumantaka, Arjunawijaya, Ramayana. Mahabasawa. Manumanasa. Purwananda. Ariwanda. Asmaradahan. Dewa brata. Bandha laksana. Darma sarana. Pandhu papa. Gorangsa. Bale gala-gala. Kunjara kresna. Malawi ususan. Pandhawa dana. Gathotkaca saya. Partayanya. Palgunadi. Dewa ruci. Manik arja purwaka. Wiwaha. Bomantara. Bomantaka. Bratayuda. Krimataya. Yudayana. Aji nirmala. Darma sunya. Niti sastra. Angling darma. Bandung. Sindhula. Panji angreni. Panji jaya lengkara. Panji priyembada. Panji paniba. Panji semawung. Baron sakendher. Damar wulan. Surya ngalam. Jugul mudha. Papali. Surti. Jaya lengkara wulang. Niti praja. Raka kapa-kapa. Sewaka. Wulang reh. Sana sunu. Jaya baya. Rengganis. Panji murtas mara. Kudanara wongsa. Centhini. Pawukon. Katuranggan. Sasana prabu. Hidayatullah. Seh teka wardi. Prana citra. Ambiya. Iskandar. Menak. Asmara supi. taju salatin. Nawawi. Bustam. Johar sah. Mursada. Bayan budiman. Ahmad muhtamad. Khabar kiyat. Seh malaya. Jaka salewah. Darma warsita. **[list checked against original and corrected, 20/08/04]**

Ingkang punika mugi wontena lumunturipun para lukiteng sastra ambabaraken tegesipun namaning satunggil-tunggiling serat wahu. O saiba bingah ing manah kula. Bilih para lukiteng sastra karsa maringi barkah babaraken tegesipun namaning serat ingkang kasebut nginggil wahu. Kawrat ing pustaka kabar bra martani.

Katandhan pun sulanjari minta mangreti.

[]
[] macapat. Ingkang makaten wahu sakalangkung panuwun kula saaha andadosaken suka pirenaning manah kula. Kaang awit panjawabipun siswa sarjana sanadyan sampun pasaja []lih panjarwa wahu namung saking dugi-dugi angawur. Ewadene pamanah kula inggih sampun kathah saemperipun. Langkung malih sareng kula maos serat panrambulipun ingkang sisilih nama. Pa. Sa. Tumrap ing bra martani ongka. 17. Ugi anjarwani sekar ageng. Tengahan macapat. []ta asung keterangan saking sual kula bab tembung ngoko lan krama. Punika manah kula lajeng padhang anarawang upami tiyang kapetengan wonten ing margi lajeng wonten ingkang mitulungi obor. Iba sapinten kemawon panarimah kula dhateng sang ambek welas kang awit panjarwanipun. Pa. Sa. Wahu sadaya saking pamanggih kula sampun anyeplesi ing salugunipun. Mila ing mangke manah kula sampun marem. Ewa samanten kula nyumanggakaken para sage bilih wonten ingkang mastani kirang patitis mugi lajeng kaewahana. Boten langkung panyuwun kula dhateng priyantun kakalih wahu mugi sampun kangege samanten kemawon anggenipun karsa paring wulang dhateng ing kula.

Dene sulaipun siswa sarjana bab tembung yamim nejahi.[m] enget kula tembung ngarab boten wonten. Punapa dene saben kula mireng tiyang raraosan mawi tembung yamim wahu kula timbang kaliyan warganipun inggih anggadhahi teges supata. Mila lajeng kula wastani tembung ngarab ingkang []

panyeratipun kang awit kitab kasus ilmu lugat anyebutaken tembung yamin mejahi [n] tegesipun supata kaliyan parnah tengen.

Supata kalihan pernah tengen punika. Patrapaipun kados pundi.

Mataya marudasta
Juru ngarang.

Candhakipun sindhen badhaya

// adeg-adeganing badhaya// ana mangguh sang arya jroning samodra. Ruci dewa warahaken masuka. Dhe. Saprapthane jro garba datan padriya. Dewa ruci manguwuh koningalan. Dhe. Awang uwung pukulun ingkang katingal. Tan antara dewa ruci katon ana. Dhe. Byar kawuryan busana ajwala mulya. Sutapita reta. Kresna. Kang katingal. Dhe. Yeku ingkang dadya durgamaning kang tyas. den waspada pamurunge reh dumadya. Dhe. Yekang seta eningding driya raharja. Wus rumasuk sawulange ruci dewa. Dhe. Yeka samya sang sena lan ruci dewa. Wus umedal sang arya sangking ing garba. Bayu putra tur sembah minta aksama. Dhe.// sisindhen badhaya sumreg// sumreg kang bala lumaris. Bubare sangking samarang. Asri tinon gagamane. Akeh warnane kang bala. Wong sabrang lan wong jawa. Swarane atri gumuruh. Kadya umbaking samodra// tuhu yen prabu linuwih. Terahing ratu kusuma. Kedhep ing wadya balane. Ratu ambeg palamarta. Putra ing []lya gonda. Lelona andon prang pupuh. Anglurugi karta sura// []sikanira nerpati. Susunan paku buwana. Prawigya pekik warnane. Tuhu yen ratu kusuma. Lalana adikara. Nitih kuda ules ge[]pung. Binusanan abramuncar// kenongarang// andika[]mu ing tyas lamun asih. dening sasmita yen kawat gata ing locana. De[] meses sasmitya kathah uninga// tingalan polah kawula punika. Darunastra pangiketing duratmaka. Sumbaling ngayon katona dadi lara. Dadi edan baya// sapa baya kang ngawelas ing brangti. Eka sastara kitepa yudasmara. Tunggal karsa sedheng sun kamulenan. Yen kamulenan baya// kapisanu celore den wor liringe. Srenginkarsa alun-aluning sayana. Karepane semune yen ladenan. Ye[]denana baya// undhung-undhung den undhung den ajak lunga. Pu[]gi wanarantaka winahita. Adhuh winahita baya. Kena guna la[]ku lara kawongan// poma-poma asihai ing dasihira. [] trawisa parang jajaning wanodya. Adhuh mati kangen ing susunan kawu[]. Kangen gusti manira kawlasan. Dasihira angawula nuwun pada[].// mendhak nembah ladrang// laladrangan angangsu kakemben cindhe. Wong ika carmareka sandhang lawe mongsa wohan. Re[]june pijer ngliling wayangane. Wayangane// asikara wot lulu den sirati. Wong ika gayung sumur. Woh ijo agonda dur[] sun rungu[] asasambat[] gung tan wruh ing westhi. Wong ika ancar gedhah[] wong tiwas dadi rarasan[]. Mugi sira asihai ing ka[]drang malih// padha[]drang angladrang karem asmara. []bisikana prabu wanara. Lah baliya tole [].// lewane yen prpta geteri ati. Wong ika[]thi ruwit godhonge. Kapakena yen gambira mring []wang yen dalu tan pegat kepi// wong ika bale []wa pinathik. Sun salimur ameksa katon ing sira. []sa angestu pada// sisindhen badhaya kuwung-kuwung. []jwunge anelahi pramudita. Kisma wiyat suraya jayenga []ja wingit amurwa mondra kusuma. Duhkiteng tyas sri maha prabu[] kaoncatan raras si dyah katuridan. Mentar menget pa[]wirejan. Amung ketang dyah adi muleting driya// tyas[] tumunturing santar kentar. Dalu mijil katon katonton resmining wulan. [] loro ngapit rengganing sasongka. Rangu-rangu amirangrong karungrung[] miyat ingkang trenggana moring sesongka. Tyas kumenyuk ketang ri sang ma[] rimang// mendhak nembah muni gendhing gendreh//

taksih wonten candhakipun.

Ongka kaping: 20

Kemis kaping. 13. Mei.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Candhakipun bab asli sarta sesebutan

Kula boten sumerep punapa para pangagenging nagari sami ange[] aken dhawuhipun kangjeng gupremen ingkang mangkaten wahu akalayan [] temen ananging kula sumerep bilih ing mangke jaman kathah tiyang ingkang nerak ungelipun bab kaping. 191. Ing serat angger paukumanipun tiyang jawi sasaminipun kados ingkang sampun kapratelakaken sana[]na tiyang ingkang nerak wahu ginantungan paukuman awrat.

Langkung malih para alit sami boten saged ambentenaken pangkat kalenggahanipun priyantun satunggil-tunggil awit saking aslinipun inggih punika saking pangintenipun tiyang alit. Sadhengah ingkang gadhah pangkat punika tedhak turunipun tiyang ageng (bongsa luhur) saha saya inggil kalenggahanipun inggih saya inggil utawi luhur aslinipun mongka ing mangke kathah kemawon turunipun tiyang tani ingkang sinengkakaken dados priyantun. Awit saking panginten mangkaten punika turunipun tiyang tani ingkang taksih andhap kalenggahanipun kasebut [] sareng minggah pangkat kasebut raden den enggenipun tiyang alit wahu anyebut mangkaten jalaran namung kagendeng ing kaajrih-ajrih utawi kaeringan tiyang ingkang kasebut mas utawi raden sanajan sampun rumaos bilih dede wajibipun inggil angglegek kemawon malah katampen kalanay suka renaning manah lami-lami temahan kelantur. Sarta lajeng purun ngaken bilih turuning ageng. Sapunika kathah tiyang alit ingkang angluhuraken ngatasing kasagedan sarta kautamenipun dene kula langkung angajeni turuning tani ingkang wegig saha sae watak kalakuwanipun katimbang tedhaking ngaluhur ingkang bodho sarta awon watak kelakuwanipun.

Dereng lami satunggilipun tiyang ingkang putus ing kukum anggadhahi pirembag langkung prayogi kangjeng gupermen angedegaken pakempalanipun para tiyang ingkang asli. Damelipun anguningani bongsa jawi darah ing ageng ingkang dados priyantun utawi nyepeng padamelan sanesipun utawi malih ingkang anganggur.
(slompret malayu)

Kasebut nginggil punika ing mangke kados inggih dereng wonten pamintanipun ing parentah akalayan kenceng ngatasing seseutanipun ingkang kinula wisudha dados prayantun awit saking aslinipun pyambak-pyamak.
Juru ngarang.

Surakarta

Ing nalika dinten saptu kaping. 8. Wulan mei tahun punika. Wonten prayantun nitih kareta. Langkung ing radinan ageng adi pala dereng tebih lajeng kapethuk tiyang numpak kapal kathah. Wetewis langkung saking kalih dasa. Ananging tiyang kang numpak kapal wahu mentas sami angguyang kapal ke[] jwis warni-warni. Wonten ingkang lagaran wonten ingkang kendhali pangon tuwin kendhali tampar. Ujuding tiyang lare tuwin tiyang sepuh. Mekatena para tiyang ingkang numpak kapal sareng kapethuk kalanay prayantun kang nitih kareta tiyang kang numpak kapal boten wonten purun nyimpang [] palipun dipun trajangaken kalanay nyander. Kirang kedhik kemawon [] kalih prayantun kang nitih kareta wahu. Pinujunipun prayantunipun ambeg paramarta. Sareng karetanipun badhe katumbuk ing kapal kathah lajeng prayantun karsa nyimpang kareta dipun pinggiraken malipir ing margi ageng. Makaten punika. Leresipun tiyang kang numpak kapal kang wajib sumimpang. Sabab wajibipun kareta lumampah ing tengah radinan. Dados ingkang boten nu[] tiyang kang numpak kapal sedaya punika. Upami kareta wahu lajeng boten purun nyimpang. Kabandhangna kemawon saestu yen angsal angidnas tiyang tiga utawi sekawan.

Ingkang kalih dene ingkang kagungan kuwajiban ing margi ageng ngriku punapa boten prayogi anggeneten. Tuwin amambengana. Sarta pangawisan dhateng tiyang angguyang kapal purun-purun sawenang-wenang makaten punika. Inggih menawi boten nambuk lare dolan ngradinan tuwin lare kang sami ngundha layangan. Sabab kapal kathah lampahipun ngebaki radinan temah mutawarosi.

Kudus

Sangking maunahipun ngulami ing nagari kudus sampaun pinten-pinten warsa laminipun ing mesjid yasanipun ingkang sinuwun ing muryapada anggenipun ical sangking cariyosipun tiyang sepuh-sepuh icalipun mesjit ing muryapada wahu jalaran saking kawelagang ing dahana. Mila ngantos pinten-pinten warsa. Boten kaadegan ing masjit malih. Margi ali waris kathah ingkang kamaratan boten saged ngiyasani menggah adekipun masjit malih saha sami ajrih wilalatipun margi dereng wonten ingkang mudha ngalim mangretos damel pirukunan dhateng tyang ing kampung-kampung miwah ing dhusun-dhusun tan api ing ngardi-ardi. Nalika ing tahun be ongka. 1808 salebetipun tahun welandi 1879. Kyahi khaji muhamat saleh ing kampung damaran. Kudus pikajeng angetingalaken kasagedanipun pirukunan dhateng tiyang ingkang sami ahli ibadah dandosi mesjit. Ing muryapada. Inggih kadadosan nalika punika pinten-pinten tiyang ingkang dhateng urunan. Wragadipun kadosta. Kajeng gamping. Gendheng. Utawi arta. Pituwin rupi wos sekul ulam masan menda sawung ingkang kahatmaraken gesangan. Saha malih lampit. Lampu gantung. Bekakasipun salat ing masjid sasampunipun angaden. Masjid ing muryapada. Katingal amanipun ngaldaka muryapada. Kathah tyang ingkang dhateng salat. Ing masjid malih mandar bilih ing dinten jemuuh pahing. dhateNgipun tiyang kang kajat nyadran ing pasareyan pituwin tiyang ingkang nidhah bar jemuuh ing muryapada. Atusan malih ewon. Sabakdanipun adamel masjid. Ing muryapada. Taksih nunggil ing tahunipun. 1808.

[]]. Ugi risak kabesmi jalaran brama utcengipun diya[] lampunipun tiyang jagi pasareyan kagondhol [] wahu latu nyaladi ing klambu lajeng kobar. Ing mangke [] utawi dipun damel griya cungkup malih wondenten [] win bekakasipun medal sangking pirukunanipun tiyang-tiyang [] kathahipun ingkang sami ngaturi sumbangan ingkang juru pe[] simpen ngiras dados basanipun inggih ugi tuwan khaji [] rekipun kyai kaji muhamat samsuri ing kampung da[] sangking katranganipun sumbangan rupi kajeng balok jati uwang [] cat praus klambu plisir sakpanunggilanipun malah langkung [] kirang. [] kramatipun walidholai. Ing mangke griya cungkup wahu sampaun [] lga kenanging sampurna sadaya ingkang kange mustakanipun cungkup. Namung [] jeng kapraus jene. Ingkang kina menuripun wahu jene-jene saesku [] kang nyumbang jene kathah. Kados nyekapi kange menuripun musta [] yan ngriku.

Ing mangke sadaya penggarapan kalerehaken margi wonten ngaral ingkang mreloni. Wonten sajuga kaji. Ingkang nyumbang kajeng. Balok jati kajeng wahu kacepeng dipun tahan pulisi. Margi kajeng saking colongan. Kaaken tiyang mandhoripun welandi. Ing pathi. Kapriksa ing pulisi rol. Ing kantor nagari kudus. Kyahi kaji . 2. Bas. Wahu menggah katranganipun anggening tami sadaya pasumbangan []. Utawi tyang kang sami sidhekah kajeng jati. Punapa juru penampi pikantuk serat pratondha kajeng kyahi. 2. Aturanipun boten saben tami sumbangan lajeng katampi klayan krona alah. Kimawon saking timbanganipun kyahi. 2. Wahu galat margi sadaya barang-barang namung katampi klayan trima kasih banyak. Boten purun suka wuninga dhateng pulisi. Kampung ngriku. Utawi pratela dhateng dhestrik. Ingkang bawahaken mila ingkang kekucem saking maunahipun. Kados pikantuk tulahipun kyahi mustakajini.

Saking karampunganipun malah huaklam. Ing mangke taksih ngregantung ing prakewis.

Darma warsita.

Panjurung Mendhak-mendhak kalingan katon

Menggah panjawabipun manungkara ing kadipala. Kados ingkang kapacak ing bra martani tahun punika ongka. 16. Sanget andadosaken getering manah kula. Dene mawi angemu eru ing panggalih. Sanadyan manungkara sampaun anilakaken limpading kasusastran sampaun saged mastani tembung ingkang leres saha sae. Ewadene was-was ing manah dhateng maksuding tembung kula. Mila samangke kula wangsuli sarta kula wijang-wijangaken ingkang dados esthining manah kula kados ing ngandhap punika. Dene anggen kula gadhah wicanten. Salami kula tumuwuh dereng sumerep tembung ingkang leres saha sae punika saking anggen kula boten saged mastani. Sawarnining tembung ingkang tumrap ing kidung miwah serat ider-ider tuwin serat tanpa sekar. Ingkang leres saha sae punika ingkang kados pundi utawi kados punapa. Sarta kula inggih boten saged mastani tembung ingkang lepat saha awon. Inggih sampaun pinten-pinten derat ingkang saseratan tuwin ingkang cap-capan meh sadaya sampaun kula tupiksan.

Nanging maksa boten saged mestani pundi ingkang tembungipun leres saha sae utawi ingkang lepat saha awon. Saben wonten ingkang kula kinten leres saha sae utawi lepat saha awon lajeng kanggeg. Dene sareng kula pintokaken dhateng riyang sanes ingkang sami kawical sa[

] boten wonten ingkang mufakat. Dados boten wonten ingkang kenging kageg.

Mila tansah andadosaken kodhenging manah kula.

Dene anggen kula mastani ukara jawi punika boten wonten pathokanipun namung manut sasenenganipun piyambak-piyambak kemawon. Kacihna saben serat anger ingkang damel tiyang sanes traping ukara miwah tembung tuwin sastra inggih boten sami. Kados serat-serat cap-capan ing surakarta. Semarang. Ngayogyakarta. Betawi. Miwah tanah nederlan punpa malih serat ingkang seratan. Boten susah kula pratelakaken sadaya bedaning tembungipun satunggal-tunggaling serat. Ngalamatipun kemawon kapisanana. Kados manungkara inggih lajeng saged anggalih bilih atur kula punika sayektos.

Wondening manukara mastani kula dereng saged angyektoni pathokan leresipun ing tembung satunggil-tunggil kados ingkang sampun kapratelakaken ing serat wyakarana jawa utawi tembung ingkang alus punika kasinggihan sanget. Menawi kula sageada angyektoni tamtu lajeng saged mastani tembung ingkang leres saha sae utawi ingkang lepat saha awon. Kula inggih sampun sinahu wyakarana jawa punika [] mawi kula gurokaken ing tiyang pinten-pinten ingkang sampun [] kawical mudheng ing kasusastran jawi. Ewadene meksa kados tiyang manjing ing guwa geng wanci dalu tanpa dilah. Colok utawi obor sanadyan tiyang ingkang sami kula guroni wahu inggih makaten ugi. [] kula lajeng gadhah pamanah serat wyakarana jawa punika ingkang pirsa terang namung ingkang nganggit piyambak utawi putra wayah miwah abdi santana pawong mitranipun ingkang sami rinaketaken. Tumraping tiyang sanes kados tanpa damel.

Sarehning manungkara sampun amastani ingkang kados makaten wahu. Dados kula lajeng gadhah panyana manungkara sampun putus sasuraosing serat wyakarana. Mila panuwun kula mugi karsaha amadhangi anggen kula kapetengan amaos wyakarana. Kadosta tembung polinis gembung. Sandhangan. Wyanjana. Aksara. Dantya. Tulawa. Murdanyawod. Lingga. Andhahan. Camboran. Kriya wacaka. Wi[]sana. Wisesa nalingga. Wisesa nalingga andhahan. Wisesana bawama. Wisesana bawaka. Ikiyri. Kriya wantah. Wisesa bawaka. Bawa wacaka. Daya wacaka. Karana wacaka. Tanggap utama purusa. Sambawana. Kekriya. Guna. Adiguna. Sambawaning tanduk. Sambawaning tanggap. Ajyaning kekriya. Punika sadaya sami andadosaken bebeging manah kula. Boten pisan-pisan saged ambudi werdinipun. Menawi kula cundhukaken kaliyan tembung ingkang sampun limrah teka lajeng salencia sanget. Punapa malih ingkang pancek dereng kaprah kados tembung polinis wahu. Mila pingajeng-ajeng kula mugi manungkara karsa amerdeni satunggil tunggilipun. Sabab saking punapa tinembungaken makaten. Kados pundi wijangipun ingkang tetela.

Kalih dene malih manungkara. Saupami wonten bubujengan. Sirah kados sirah ing sima. Gulu kados guluning sangsam. Badan kados badaning kancil. Suku kados sukuning peksi. Buntut kados buntuting kapal. Punapa wastanipun.

Bilih tutusa eler katancepaken ing siti. Punapa kenging dipun wastani pathok.

Menawi pancek sangsam punapa saged mungel kados sima. Utawi ber kados peksi.

Saking pangraos kula tiyang balilu. Upami tigang prakawis punika teka anyeplesi kaliyan serat wyakarana jawa. Katondha [] pun ngalamating serat wyakarana jawa wahu wonten [] makaten. Door Winter en Wilkens. Saking sanjanging mitra kula walandi sastra punika tegesipun tuwan winter kalih tuwan wilkes ingkang kagungan anggitan serat wyakarana punika. Dados katelak ingkang damel wawaton utawi pathokaning basa jawi wahu priyantun walandi. Dede tiyang jawi. Panggagapan kula anggenipun kagungan reka daya anganggit serat wahu kapiritaken tembung walandi. Saha malih punapa inggih yektos manungkara panjenenganipun tuwan kakalih punika sampun sampurna sagedipun dhateng tembung jawi angungkuli tiyang jawi sadaya.

Taksih wonten candhakipun.

Candhakipun sindhen badhya

//oo// gendreh-gendreh tyasira kentir sumilir. Kadya mesat sumiyut sangking jro pura. Cumalarot pratistha tibeng lor wetan. Sirem-sirem amrawaseng diwangkara. Riris aris meres rarasing wardaya// geter pater munya sru sasmiteng kilat. Aliwreran thathit tenang sayeng rimang. Prabawane ngadoni anjayenging prang// lajeng ladrang// adan prapta maruta ngirit wisaya. Sanga brongta rumaras kekesing driya. Apuyengan dahatrudahing wardaya. Kasangsaya ri sang pinarjayeng rimang. Kapan baya nguswa raras ing pusputa. Supaya nir larasmara// singawastra rengganing tembung nawala. Tutuman endi mene suda wiyoga. Darmawita sujana angumbar karsa. Amrih marta ing driya amingkis krama// bayem gate

tenayamadya wiratha. Marihanteng wit bringta tanpa wetara.// manis rengga satriya ing nglesanpura. Setyanana yen laliya marang sira.// bayantaka satriya kang pinardika. Mati angles yen sira tanpa limarma.// palareta satriya ngungkuli jaya. Sun bang ebang amisesa jroning pura. Nadyan prpta wanita dingendraloka.// salintingal tuture wong mentas jaga. Nora lipur yen dudu samng maweh rimang. Kelap-kelap thathit kang mungser ngudyana. Sun pariksa dene sira nora ana. Yen onowa baya sung ngusada bringta.// lalu mongsa padusunanlemagut yuda. Yen kasep paweh bantu lara asmara. Jayeng toya putra nata ing cempala.// sapa baya ngejuma tyas aruhara. Barat sirat pasewakan jro nayaka. Wus kapusus ing driya mung nganti sira.// made atma pamrih ing basa srriegara. Kangeningsun tan kena den ririhena. Mangunarja kang tinut sebarang karya. Kalakona pantes rewang awibawa.// sariseta dene wong agung cangkrama. dene ngepuh sih manira tan katara.// nata dewa kursi lawak sikil denta. Amung sira kang dadi paraning tresna.// sisindhen badhaya anduk.// sareng anduduk pareng aloka manah. Tan kewran jayeng gati. Angamuk anyakra. Kinarocok ing watang. Wadana jaja krep kanin. Pating paluncar. Rudira kanan kering.// rahaden jayeng gati kena ing gelar. Aneng rengganing ngesthi. Palana lalawak. Sahastra sikeping prang. Duduk sarampong marapit. Calana seta. Kang raka amngke mijil.// oo // mangke mijil akampuh babo sutri wilis. Wong agung babo ela-ela. Dhe. Lata kresna kang kinarya sacangkraman. Titibane lata kawula wong agung. Sumbalinga yen katona dadi lara. Dadi edan baya.// kaduk manis sapanen bala bur gendhis. Dhe. Wisangkara gula drawa pinathika. Gula drawa atandhing atemah tirta. Sumbalinga yen katon dadi lara. Dadi edan baya.// babar layar dhuh mas ayu ing palayaran. Bok lara ing palayaran. Alara denira nangis. Anangis pinggir pasisir. Sarwi ca[] cawuk tirta. Lan aniting wedhi lembut. Panalulur-lulur suku. Kudu[] maring jothang. Ing jothang larang tambangan. Tambangane lara dhenok.// mudhik milir perahune nora [] juragan sun milu saparanira. Tekeng paran suk[] suka urupena.// lajeng mendhak nembah ladrang.// [] ran polahe kang kari. Patrawi saparang jajanning wanodya [] ti kangen susunan kawula. Lah kantun kang asawang ruming sa[] ta pajaa-pajaa ing wardaya. Sampun kangen kawula mongsa lawasa [] ra lawas nanging sira keng kaesthi. Sarah madukalpa kabasa streng[] ingsun ywan lama mati angarang. Puspa lulut sekar adi ngonta [] asih ingsun kalintapan amung sira.// sindhen badhaya gandra [].// wus ubaya kelawan prabu wenara. Ragutama denyarsa [] ngalengka. Ubayane kapindra sudaning warsa. Samya nahut sgung we[] gawa. Ing rembuge anglurug mongsa ketiga. Wus mangkana wangslul sang narendra putra. Angantosi aneng wukir malihawan. Lan kang ra[] ra arya sudarsana. Sapraptane malihawan winursita. Anging agon[] ngirit gandaning sekar.// mendhak nembah muni gendhing gandrung mangungkung.//

taksih wonten candhakipun.

Ongka kaping: 21

Kemis kaping. 20. Mei.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Putranipun kaliwon ing karang anyar dhawah saking uwit temahn iganipun malesek ing mangke dipun pulasara abdi dalem dhokter jawi jaya sasmita ing mangke nagaran sampun kathah sarasipun. Dhokter wahu lakar sampun kathah katatalanipun pancen sagedhakeng kawruh pamestren.

Yogyakarta

Dereng wonten sampunipun anggen kula ngalembana gemeh ripah ing peken nagari ngayogyakarta. Kadosta dinten jumunah wage punika kaping. 7. Mei. 80. Wanci enjing ing peken ingkang sisih wetan ngriku kathah tiyang meken ketela pendhet kentheng. Wedalipun saking padhusunan asrep ing manahipun para kawula alit bok bilih saged anuntuni mirahipun ing ngrejeki.

Kintunan

darma warsita

Kala ing dinten rebo tanggal kaping. 5. Wulan punika. Tiyang wasta sadikrama. Bahu ing dhusun tambak kabupaten adikarta menek uwit kalapa ingkang inggilipun. 60. Kaki sadumuginipun ngginggil cepengan papah. Kaleres ingkang dipun cepengi papah sampun gapuk dilalah dumugi ngapes sadikrama mere. Lajeng dhawah ing siti. Suku tengen utawi tangan tengen sami putung boten dangu sadikrama nembe dhateng jaman kamuksan.

Darma warsita

Rembag prayogi

Wonten tiyang jaler kalihan tiyang estri sami sowan ing pangadilan kadangu tiyang jaler lajeng matur kauningana tiyang estri punika semah kula. Sanget anggen kula resep tresna dhateng piyambakipun ewadene sowan kula ing pangadilan kula badhe anyuwun pegat kalihan semah kula. Awit kula karaos sedhiih manah kula. Amargi semah kula punika gadhah bendana manthuk bilih aningali tiyang tamtu lajeng anganthuki. Tiyang jaler ingkang angsring-angsring kalintu panampinipun makaten wahu lajeng kaanggep sasmitaning minta langen resmi. Saben kula medal dhateng ing radinan kalihan semah kula. Tamtu lajeng kakinthil para nem-neman mandar asring wonten ingkang kamipurun anyelaki nandukaken tatembungan pangrungrum. O inggih leres sadaya aturipun tiyang jaler kula wahu. Ananging tiyang sampun kodratulah kados pundi anggen kula saged amantuni. Kalampahan bilih kala medal dhateng ing radinan kalihan laki kula. Supados kula sampun ngantos manthuk. Kula dipun cangkalak endhas kula dipun tangsuli angsal cangkalak wahu. Supados sampun saged amanthuk aturipun tiyang estri.

Pamancasipun jaksa makaten. O iku gampang banget anyirnakake anthuke rabimu. Kowe padha aja metu ing lurung yen [] teng dhedhet andumuk irung. Dene yen kowe katamuwan iku si[] mulad rabimu warahana padha lungguh ungkur-ungkuran.

Menggah pinika prayogi sanget tumrapipun dhumateng para tiyang. [] king sami kapanjingan watak butarepan.

Candhakipun wangsluaning jaka mutbadi

Kula sampun nate mireng para priyantun jawi ingkang sampun sinebut pujongga ageng dening ngakathah sami raraosan prakawis tembung jawi. Pamanggihipun asring boten rujuk. Tansah parebatan kemawon dados boten wonten ingkang kenging kaanggep leres. Awit tete[] leres wahu mufakat ing ngakathah. Boten ngamungaken pamanggihipun tiyang satunggal kemawon.

Menggah pamanggih kula. Tembung pathok punika tegesipun uger-uger utawi pikukuh utawi kajeng tinincepaken ing siti. Pathokan tegesipun kados pathok.

Saupami mahesa kacancang ing pathok. Pamanggih kula. Kajengipun ingkang nancang supados sampaun angloompra malebet ing pakebonan angrisak tataneman. Utawi bilih badhe kadamel medamel sampaun cumawis. Boten susah ngupadosi. Kados makaten ugi pathokaning tembung. Bilih uwal saking pathokan tamtu lepat. Wangsul tembung jawi kados boten makaten. Kadosta tembung. Tukunen jaran ing ngalun-alun. Kalih. Jaran ing nalun-alun tukunen. Ukara kakalih punika pangraos kula teka sami kemawon kajengipun. Sareng tembung. Ing ngalun-alun ana jaran tegesipun teka lajeng kosok wangsul. Satunggal pitaken satunggalipun suka serep. Nanging sumerepipun bedaning teges namung waton laguning pakecapan kemawon. Bilih tumrap ing seratan tamtu dereng namtokaken tegesipun. Utawi tembung. Bok dikrono taneh. Sanadyan sastra. [b] punika boten dipun bukani ing sastra [m] nanging tiyang ngungelaken tamtu angembeng nungswara. Lah kados pundi anggenipun saged mathok. Kados makaten malih tembung jawi ing tanah tegil. Banyumas. Bagelen. Kalih samarang. Japara. Rembang. Tuwin surabaya. Pasedhahan. Prabalingga. Punapa dene tembung jawi banten cirebon. Banyuwangi. Kados boten saged manut paugeraning tembung surakarta kaliyan ngayogyakarta. Dados tetela tembung jawi wahu tanpa pathokan. Namung angguru cara tatanipun piyambak-piyambak kemawon. Punapa malih prakawis sastra. Sastra ageng kaliyan sastra alit boten wonten sanesipun. Namung amurih ungelipun kemawon.

Kapanjangan bilih kula andhara sadaya ingkang anyantosani wicanten kula kados ingkang sampaun kasebut ing nginggil wahu. Embiok manawi ha[] kang maos bra martani sanesipun. E[] dukara dereng marem ing manah dhateng Atur kula ingkang []. Teksih gegeki wicantenipun. Saestu lajeng ku[] sadaya. Angger panjenenganipun tuwan ingkang ngarang bra martani [] sarta angiliani.

[] manungkara amurih kula anggasasarta angyektoni dha[] pun para ingkang sampaun kaanggep pinter ing kasusastran. Sa[]rengipun kapurih inggih sampaun sakalangkung anggen kula ang[] angyektoni. Ewadene meksa dereng sumerep ing [] saha sae punika ingkang pundi utawi ingkang kados punapa. [] manungkara suka pitedah kula kapurih amaos serat ang[] tonipun kukum ing nederlan indiya. Ingkang tinedhak saking [] nederlan dening tuwan karel prederik winter juru basa ing surakarta [] sampaun pinuji para tiyang ingkang sampaun mangertos ing kasusastran. Dene tembungipun patitis sarta sae. Boten wonten ingkang balero. Ingkang makaten punika kados inggih sayektos bilih para titiyang ingkang kawical mangertos ing kasusastran tuwin tiyang monca nagari utawi pasisir kados pundi. Punapa inggih saged angalembana. Kados boten. Sabab tanduking basanipun sanes. Kula sampaun nate mintokaken serat angger wahu dhateng para tiyang jawi ingkang saking monca nagari miwah pasisir ingkang kawical priyantun tuwin tiyang alit. Teka kathah ingkang boten dipun mangertos suraosipun. Ingkang mongka serat angger wahu perlu kangege ing tanah jawi bawah ing kangjeng gupremen kajawi surakarta kaliyan ngayogyakarta. Bilih tiyang jawi bawah gupremenan kirang fahamipun dhateng serat angger wahu punapa inggih teksih tetep nama leres saha sae. Kados boten. Bok manawi malih lajeng marabi sastra mengeng.

Cuculikan. Bab kaping. 9. Kaca. 3. Ing serat angger wahu. Mugi manungkara karsa anerangaken maksudipun. Amargi kula dereng sumerep kajengipun kados pundi.

Atur kula sadaya wahu. Boten pisan-pisan kula sumedya amancah utawi amaoni tuwin angungkuli anggitanipun ingkang sampaun kasusra limpad ing kasusastran kados panjenenganipun tuwan karel prederik winter sapanunggilanipun. Namung jalanan saking cubluk kula kemawon. Boten mudheng dhateng kasusastraning pujongga ageng.

Ing wasanipun. Pangajeng-ajeng kula. Sadaya atur kula wahu. Mugi sampaun andadosaken pangunggutungguting manahipun manungkara. Kaanggepa kados dene gunungan putra ingkang taksih pelo. Sampaun gadhah panedha wicanten dereng teteuh. Saha karsa amedharaken pamanggihipun ingkang kalayan suka renanening manah. Supados cethaha anggen kula wicanten. Dados bilih gungan saged genah.

Ing betawi kaping. 5. Wulan mei. 1880. Bagus jaka mutbadi.

Sakalangkung anuwuhaken suka pirenaning manah kula. Ing mangke pabarataning bra martani kathah ingkang sarju olah lukiteng sastra. Sanadyan kokosodaning panggrahita anuwuhaken indhaking kawruh. Ewadene para mitra kula ingkang sami sarju anglahiraken pamanggih. Utawi asring karsa mancasipun manggih ing liyan mugi sampaun ngantos anandukaken tatembunganipun lare jothokan sami poyokan awit punika ingkang badhe anggelakaken panggalihipun para ingkang maos. Kalihan malih jika mutbadi kula aturi anggenahaken angger ingkang kasebut nginggil punika. Punapa angger ingkang kaangge amancasi prakawis ing pangadilan landrad (inlandsch regt) punapa angger khukum tumrap dhateng bongsa jawi. (strafwetboek voor inlanders) juru ngarang

Arjaning driya

Sinarjonan ing mitra kula kang sisilih nama cubluk jaluk wuruk.

Patakenipun mitra kula kang tumrap ing bra martani ongka. 18. Minta jarwa sajarahipun tembung. 3. Bab. 1. Saengga. 2. Sawantawis. 3. [].

Kalilana kula sumengka urun jarwa. Tembung saengga punika pamanggih kula yasan inggal ugi saluguning tembung jawi. Apit anggadhai wardi makaten. Sa. Punika. Sawujud. Engga. Punika tembung wancahan jangkepипун kedah ing ongga. Tegesipun sami kaliyan wujuding badan anu. Mila atraping tembung kedah angemper-emper. Kadosta. Elaring peksi punika saengga wulesing kucing. Ananging manawi salebeting rangkahing karaton dalem boten purun angangge jalaran teksih teksih sae saha sakeca tembung. Angemperi kados. Namung manawi para tiyang passir muayan sami resep panganggenipun.

Bab. 2. Tembung sawantawis punika tumrap dhumateng pamawrating dugi kang kaedalaken ing ngelesan ing ngatasipun mahujud utawi kang tanpa ujud kadosta upami cariyos sawantawis dinten tuwuhipun tembung sawantawis wahu jalaran pangangkahipun badhe boten langkung saking sawulan utawi boten badhe lami. Dados tembung sawantawis punika kedah mawi kanthi badhe mangsudipun dhateng maujud utawi wiwilangan awit lajeng amratelakaken ing nguntawis kathah utawi sakedhikipun dene tumrapipun dhateng pikajeng pamawrating kathah kadosta sawantawis kathah punika pamantawis dhateng sawenehing mahujud utawi kang tanpa ujud wahu langkung sangking murwat.

Amung punika kang kula jarwani. Menggah panderah kula wahu manawi dereng kacondhongan prayogi kauntar nama lih dumugining babar. Sarta kula amasrahaken dhateng para wegig mugi narbukanana tembung ijeman.

Kaserat tanggal kaping. 28. Jumadilawal warsa wawu. Tengaraning sangkala. Terong suwung
madyaningsun.
Katandhan bja kirana

Sarehne mitra kula ingkang sisilih nama srowak srowol 2. Pa. Sa. Ing samangke boten saged manjurung jalanan sawek kathah padamelan ing parentah ingkang wajib linampahan mila ing mangke kula ingkang kapurih amangsuli seratipun mitra kakalih 1. Sutadi 2.. P. D. M. sami tumrap ing bra martani ongka . 18. Tahun. 1880 punika. Menggah seratipun mitra kula sutadi sampun kula uningani terang. Bab kawontenanipun kawi ingkang sampeyan jarwani wiwit ongka. 1. Dumugi. 5. Punika sampun tetela bilih sulaya ing pamanggih kang awit tembung kawi punika asring gadhah teges kalih tuwin langkung. Mila boten parlu kula andhar. Namung panjarwa sampeyan ongka. 6. Citra bawa. Sampeyan jarwani warna kang mukti punika priyayi punika punapa inggih sayektos bilih priyayi utawi kapriyayen punika warni. Mitra kula srowal srowol inggih meh kemawonmekaten panjarwanipun ananging lajeng kaengetaken dening bok emban karna. Kacriyosan bilih priyayi utawi kapriyayen tuwin bukti utawi kamukten punika dede warni. Dunungipun warni punika namung wonten ing warni cemeng pethak sapanunggilanipun. Mila panjarwanipun srowal srowol mengkaten citra bawa citra. Warnining tiyang. Bawa. Wiwitan. Dados wiwitan warnining tiyang punika bayi. Wangsul mukti winastan warni wahu rak inggih mokal lah punika lajeng anduwa dhateng pamanggihipun mitra kula sutadi piyambak bilih kawontenaning wangsulan punika kedah ingkang majud sarta boten mokal. Dene panjarwa sampeyan ongka. 7. Pungkas tembung ikal-ikalan punika yen pamanggih kula ikal-ikalan wahu inggih sampun sanes jinising tambang. Mila boten kenging winastan pungkasing tambang. Dene panjarwa sampeyan puspa ruru sekar kang sampun dhumawah ing siti winastan pudhak. Kajawi saking punika menggah pamanggih sampeyan bab sanesing cangkriman kalih wangsalan bilih kapara yektos mengkaten kula nyuwun babar pisaniipun tembung kalih bab wahu asli saking tembung punapa. Pangraos kula sampun sami karaketan panambang. Mugi mitra kula paringa keterangan sanget ing pangajeng-ajeng kula. Dene pamintanipun mitra kula sutadi bab etanganing tahun digyanus sarta tahun askandar. Inggih ing sanes dinten kulangaturi katrangan.

Dene serat panjarwanipun mitra kula. P. D. M. ugi sampun kula uningani. Sadaya panjarwa sampeyan kula ugi sampun anayogyani. Dene ingkang kula sulayani namung kalih bab. 1. Tembung ponca driya. Pamanggih kula leresipun ponca indriya. Tegesipun pamanggih kang gangsal. 1. Pamanggih ing netra sumerep dhateng warni. Kang cemeng lan kang pethak sapanunggilanipun. 2. Pamanggih ing talingan sumerep dhateng swara kang sanes-sanes. 3. Pamanggih ing grana. Sumerep dhateng gonda kang arum sapanunggilanipun. 4. Pamanggih ing tutuk sumerep dhateng raos kang manis kang pahit sapanunggilanipun. 5. Pamanggih ing panggepok sumerep dhateng panas asrep sasaminipun.

5. tembung ponca suda. Leresipun ponca wisudha. Tegesipun gangsal kalulusan. Inggih punika etanganipun lahiring rare. Kaetang saking neptuning dinten sarta pekenan kala lahir wahu. Kadamel ambadhe gangsal bab ingkang badhe lulus dumunung ing rare punika. 1. Begja cilaka. 2. Pinter busuk. 3.

Pulung drajat kapriyayen. 4. Sugih miskin. 5. Watek awon tuwin sae. Punika anggitanipun para saged ing jaman kina.
Marda walagu.

Saking pamundhutipun priksa mitra kula pun sebet sarwa ninthing bab wardinipun tembung pagya. Punika bilih boten kalintu tegesipun pakewet. Tumbrong.

Ing sarehning pustaka kabar bra martani ongka. 18. Wonten mitra kula ingkang sisilih nama cubluk jaluk wuruk. Minta ing para lukiteng sastra 1. Bab asli tuwin tegesipun tembung saengga. 2. Dunung leresipun tuwin sapinten masthinipun tembung sawantawis. 3. Tegesipun tembung ijeman. Mila ing sasaged-saged kula atur panjawab bok manawi anocoki. Inggih taksih nalingsir mugi katebihna saking panyeda. Kadosta.

1. saengga. Punika pancen sanes tembung jawi. Ananging tembung malajeng. Jawinipun ngantos. Amila yen kamanah sayektos bab tegesing tembungipun mitra kula tigang prakawis ingkang kalebet pitakenipun kados ingkang kula cetha ing ngandhap punika lajeng sanes-sanes teges kadosta saengga jam tabuh. Tegesipun dumugi jam tabuh. Saengga ngantos dados pejahipun tegesipun kalampahan ngantos dados pejahipun. Saengga pun anu. Tegesipun ngantos pun anu.
2. Sawantawis. Punika leresipun sahantawis. Dene masthinipun sahantawis wahu. Prasasat boten wonten masthinipun ananggih inggih kenging kadugi-dugi. Boten nebih-nebihi. 5. Kirang langkunga boten kathah. Sabab ing sahantawisipun saeka. Kalayan sadasa. Benten kaliyan tembung sawatawis kadosta watawisipun. Punika tegesipun kintenipun.
3. Ijeman tegesipun punapa pikajengan ingkang kawadahahaken ing sanes kang mongka wedaling pikajengan wahu. Boten pinacak ing nuwala dhateng ingkang masthi kasukani. Ananging rembagipun amung katuwuhaken kemawon dhateng tiyang ingkang kapurih nimbalaiken.

Ing wasana kula. Nyuwun berkah seserepan dhateng para sarjana bab kodhenging manah kula anggasas tembung ingkang saben-saben kasambah kula angge pawicantenan tuwin ingkang tumrap ing serat-serat awit dening saking cupeting kanalaran kula. Katenta dereng bangkit anggayuh menggah ing sacethanipun kadosta.

1. tembung	kumacelu	kados pundi tegesipun
2. "	kumapurun	" " "
3. "	kumayu	" " "
4. "	kumenes	" " "
5. "	kumajegos	" " "
6. "	kumethak	" " "
7. "	kumedah	" " "
8. "	kumingsun	" " "
9. "	kumawaneh	" " "
10. "	kumacula	" " "
11. "	kumaruk	" " "
12. "	kumenyut	" " "
13. "	sahudara	" " "
14. "	anggur porat	" " "
15. "	ulam sardhin	" " "
16. "	nila wredi	" " "
17. "	sruru menila	" " "
18. "	nagari atasangin	" " dene ko kanamekaken makaten tuwin prenahipun ing pundi.
19. "	bawah angin	" " dene ko kanamaekaken makaten tuwin prenahipun ing pundi.
20. "	tri buwana	" " punapa kenging kawastanan jagad tiga ingkang sarta ing sapunka punapa taksih kenging kasebutaken makaten.

O namung sapele kemawon ananging sarehning jubel jugulcutheling manah. Gadhah rumaos kados badhe kalajeng boten sumerep tegesipun manawi boten nyuwun sih pitedahipun para sarjana ingkang sampaun putus ing kawruh. Amila saking panyuwun kula mugi-mugi para sujana karsa anggalih panyuwun kula berkah seserepan ing nginggil wahu sanget ing panyuwun kula.

Katandhan. Retna wuragil.

Candhakipun sindhen badhaya

// dahat kambuh kabranan tyase angarang. Lir kinucung mring bathara kamajaya. Suruping baskara angimbuli bringta. Peteng dhedhet panglonge maweh kung rimang.// ing gagana lintange katon sumebar. Neka warna asri tejaning kartika. Cumalorot kang sarpata pak maruta. Enget ing dyah ukelnya abra pusrita.// petak jaja angungan dahat asmara. Panglong tiga antara mijil kang wulan. Rempu kang tyas mulat gebyare kang songka. Kawistara bendana sangka bendana.// meh rahina sadalu kabyatan unang. Lir antaka ing ngenggon akurah waspa. Sirat wetan wijile sang diwangkara. Wus samketa kapidraha tata bela.// lajeng ladrang.// adan bubar sangking gunung malihawan. Lir samodra wutah kwehning kapi bala. Tri gumuruh kadya rebah ing ngakasa. Guntur ketug prapta reh kagiri-giri.// sarawuhnya sri mahadipa mahendra. Mawurahan geger sining wana sumyar. Buron mabur manuk muni lir manangis. Kebekan wreka dhasih munya kaswasih.// kewran denemangungsi mangasig-asih. Kawlasasih walantaga [] .monang ngajapsih minta sih asih. Pratiwa wreha []. // wanaran dherpa sang tepining jaladri. Saparpatane guna [] sarakit. Bayu putra tur uninga awot sari. Wibisa [] ta ngestu pada.// kaparcaya sang arya wus sinudara. I[] maweh utama. Sareng nedya seseban pinggir pasisir. [] yapana brangira.// mring ngalengka kalang-kalangan samodra. [] rendra kasusu onengging garwa. Ngembat raras duduka marang same [] nah mubyar kadya surya satun tiba.// ing samodra mawalina [] hara. Kang bramastra anrus dhasaring pratala. Apuyengan geger isi [] dri. Grah gumuruh rugruh agraning parbata.// onta boga ba[] tas pethinya. Hyang baruna kagyat palayuning naga. Sigra mentas leng[] luhuring toya. Hyang baruna nembah matur minta jiwa.// sindhen badhaya dara dasih.// dara dasih kadi sinawung asmara. Lameng gu[] malo alamalu harsa. Welas mara wewekase barinluga. Balik [] wangkang tinilar tan basuki. Ongka warsha ranu mijil bomantara.// wus alawas kang kari among kunjana. Nadyan pawananging ing wanggam sih asih. Lan tan arsa tumibeng ambara. Pupus pati tan kundur adarbe karsa.// lajeng badhaya mendhak nembah mungel kenong tiga harang.// dalu kangen ingkang lalis. Reden dipariptajah nawi apraja ima. Wi[] lawas kang tinilar kari edan.// amangun kung ata jinadhah lan guling. [] ting mongsa setya tambuh ing wecana. Atelasan yen sampun anuwun pada.// madanayun dening sun arsa apanggih. Layon wastra dening ringgit majalengka. Kaya ngipi angangge gelang saranira.// sira lang [] kawula kari hantaka. Asma yuda manyura kuda musthika[] sun gubel [] sadudu sasama. Kumawa waha mitra wong agung mukti. Ja[] wana jempana munggeng dirada. Kapok mara sina mitra nora lana.// warandosa ingsun tan binotan liring. Toya reka pantun aglar ing leleran. Bendonana yen waniya dadi dosa.// nunten bedhaya kendel mungel gendhing kinanthi.// taksih wonten candhakipun.

Ongka kaping: 22

Kemis kaping. 27. Mei.
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Paribasanipun bongsa walandi makaten cilaka iku tekane ora ijen lalampahan ingkang anyeplexi paribasan wahu. Mentas kadadosan ing samarang. Wonten nyonyah dereng lami kapejahan ingkang jaler. Amargi kacokot kucing. Pinuju wanci siang anakipun jaler kalih sami malancong. Ingkang sepuh umur sadasa. Ingkang enim umur enim tahun lare ingkang sepuh wahu nunten adus ing lepen ingkang enim anenggoni wonten ing pentasan boten dangu lare ingkang adus kalelep lajeng kalap sareng dipun antawisaken kakangipun boten manthungul ingkang enim nunten angungkudi sandhangnipun kabekta mantuk dumugi ing griya sandhangan kaebrugaken ngajenganipun pun biyung. Sarwi sanjang bilih kakangipun adus ing lepen kalelep dipun antawisaken boten manthungul-manthungul suwawi sami kagalihha piyambak karaosipun pun biyung. Amiyarsa wiraosipun pun lare kados makaten mentas kapejahan lakinipun nunten katitih sangsara anakipun kalelep temahan pejah. Andungkap dhatengipun ing lare. Bangkenipun lare ingkang pejah ugi dumugi ing griya. Saiba ta duka ciptanipun. Dhuh tindakipun gusti kang sipat murah sipat asih tumanduk ing titah boten kenging kagayuh.

Panjurung

Bilih mongsa terang ing jawah mangkaten punika. Ing salebetting nagari katingal temen gemah ripah loh jahnawi. Wah durjana sampun boten patos wonten. Awit kencenging paprentahan adamel tata tentreming nagari. Sabab ing sapunika ing sawernining radinan taterusan ingkang anjog dhateng pagriyan sadaya mawi kadekekan ineb gebyagan. Bilih dalu kori lajeng katutup. Yen wonten tiyang badhe lumampah mawi dipun pariksani dening tiyang patrol kang wonten ing radinan ageng. Saha pager-pgering pagriyan sampun sami dipun sentosani. Dados tiyang durjana kangelan anggenipun badhe lampah juti. Lasar ing mongsa punika kathah temen para tuwan tuwin para cina. Saha prayantun jawi sami yasa padaleman lampah glidhigan bayar dintenan. Wusana tiyang durjana sami milahur glidhig kemawon sampun boten kirang ingkang dipun tedha. Wah rejeki barang tatedhan kang tinumbas kalebet mirah sadaya. Makaten punika sampun prayogi sanget patraping nagari. Amung sakedhik sawernining radinan ageng bilih kirang anggenipun nyirami katrajang lampah ing tiyang kang anglur rinten dalu. Punika baledugipun mabul-mabul ngantos nyepeti mripat ingkang kalih dene sadaya prayantun ingkang ambawahaken pakampungan mugi engeta bilih sakathahing payon griya sami garing. Kakencengna sampun lena ing bancananipun ri sanga bathara brama.

Wedyarja.

Gebyaging ineb wahu wiwit wanci punapa. Tuwin bilih sampun mineb patrapipun []lebet medal kados pundi. Menggah baledug makaten sirnanipun bilih dipun sirami. Sinten kang sepet maripatipun inggih punika ingkang kawogan anyirami. Ananging karsa sampeyan larapipun badhe sampeyan buhaken dhateng pulisi. Punika boten.

Rehning tiyang pakampungan watakipun sampun anjiblesi lare. Ingkang taksih pantes anglagena. Pulisi kedah juweh ngantos dipun laksanani ing sadhawahipun bilih boten kalampahan inggih sami dipun plaksanaha. Kados lare bilih kalepatan sampun lampah emong tinemong. Awit temahanipun badhe anglentharakken sadaya pranatan.

Yogyakarta

Kabar tiyang ingkang nami. Rana arja griya ing kampun sayidan nalika ing dinten malem selasa tanggal kaping. 11. Mei tahun 1880 punika kepadungan. Kabar telas-telasan kirang langkung gunggnung sadaya pengaos. 250 rupiyah.

Ewadene lebetipun pandung wahu sarana mawi babah bebatur ing griya kaleres ingkang ler rana arja whu sawek pinuju tilem ing griya ngajeng pramila pun pandung sareng saged lumebet griya sak kajeng-kejengipun anggenipun mendheti barangipun wahu.

Kedah kula cariyosaken menggah nalika ing dinten malem senen pahing tanggal kaping, 10 dalu griyanipun tiyang nami sura miruta ing kampung sura karsan kalebetan tiyang durjana pandung. Ananging ing wektu wahu sura miruta teksih melek dereng tilem nalikanipun durjana pandung babah bebaturing griya ingkang kepering kilen leres pasirahanipun sarta pandung wahu sareng babah tuwin anggakabaken gedheg saha lajeng badhe bubut udhengipun ingkang dipun angge. Sarehning pun sura miruta priksa. Trekah ing durjana mengkateng wahu lajeng sebawa kimawon wong ora duwe apa-apa gus. Salajengipun pun durjana wahu midhanget sebawa wahu. Lajeng kesah kemawon sami wilujengipun.

Darma warsita.

Surakarta tanggal kaping, 15. Mei. 1880.

Wiyosipun sahudara tuwan ingkang ngarang serat kbra martani. Bilih kapareng saha wonten selanipun papan. Mugi karsa amacak ing seratipun sahudara. Bab pitaken kula ing ngandhap punika.

Pinuju dinten kula sami jejagongan kalayan para mitra kula. Wonten ingkang cariyos bab tiyang ngawula kawastanan. Pangawak ayam pethak mulus. Punika saking pikajengipun kados pundi. Bilih saking pamanggih kula sae sanget sabab ayam pethak mulis wahu. Saking pamanggih kula resik sarta nate kaupadosan. Sae kadamel bibitan. Sarehne saking pamanggih kula kirang trangipun. Bilih kapareng kula nyuwun kajarwakna ing seratipun sahudara kang sampun kawentar ing kathah.

Tiyang ngawula punika manahipun ingkang pethak ingkang mulus. Tegesipun pethak sugci. Mulus tanpa ciri. Punika ingkang kenging kadamel sarana. Yen boten makaten boten kangege pangawulanipun. Utawi ayam pethak mulus punika larak dipun upadosi kadamel sidhekah.

[] kawat saking nederlan [] ning kareta asep
saking madiyun anjog ing su [] kalilan.

[] anyariyosaken nalika sang hyang wisesa anitah [] liyan
langit. Ingkang nganggit empu widayaka. Inggih pu[] saka.

[] dewa buda. Anyariyosaken nalika sang hyang guru jumeneng [] ngarca pada.
Ingkang nganggit empu puya ing nagari memenang [] meneng nata prabu gendrayana.

[] budawaka. Nyariyosaken kala sang hyang guru mranata agami. [] nganggit
empu yogi swara anakipun empu puya. Kala [] ljenenganipun prabu jaya baya.

Serat sumanantaka. Nyariyosaken kala sang hyang wisnu jumeneng nata ing ngarca pada. Ingkang nganggit empu mona guna.

Serat arjuna wijaya. Nyariyosaken lampahanipun ratu sabrang ing mahespati. Ingkang nganggit empu panuluh ing nagari memenang.

Serat ramayana. Nyariyosaken ratu sabrang ing ngayudya. Akaliyan ratu ing ngalengka. Ingkang nganggit empu puya.

Serat maha basawa. Nyariyosaken karaton ing wiratha ingkang nganggit empu tanirat ing nagari memenang.

Serat anu manasa. Nyariyosaken resi manu manasa. Ingkang nganggit empu jongga ing nagari memenang.

Serat purwa nanda. Nyariyosaken karaton ing ngastina [] ingkang nganggit empu tanirat.

Serat ariwanda. Nyariyosaken lahiripun bagawan abiyasa. Ingkang nagnggit empu panuluh.

Serat asmara dahad. Nyariyosaken kramanipun bagawan abiyasa. Ingkang nganggit empu salukat kalih empu karma jaya. Ing nagari memenang.

Serat dewa brata. Nyariyosaken resi bisma. Ingkang nganggit empu widayaka.

Serat bandha laksana. Nyariyosaken sayembaranipun dewi kunthi ing mandura. Ingkang nganggit empu ragarunting. Ing nagari memenang.

Taksih wonten candhakipun.

Batangan cangkriman

Kawontenanipun cangkriman punika sanadyan sampun kabatang kalayan patitis ewadene ingkang gadhah cangkriman inggih taksih saged amabeni. Anggenipun damel cangkriman wahu pancen sampun dipun angkah bok manawi wonten ingkang kadugi ambatang. Kenginga lajeng dipun paben. Kadosta cangkriman remeh lengkok sunder kabatang celeng menggok asu nyander limrahing ngakathah pambatang mengkaten

wahu sampun leres. Suprandene ingkang gadhah cangkriman rengkeng dereng trimah. Sareng kapurih batang piyambak batanganipun lajeng dipun simpangaken. Amila kathah para priyantun ingkang boten remen cangkriman kang awit cangkriman wahu tanpa wawaton tur boten wonten faedahipun ingkang migunani. Ananging sanadyan makatena kula inggih purun ambatang cangkrimanipun raden menak jingga. Tumrap ing bra martani. Ongka. 17. Tahun. 1880. Dene batangan kula banyumas inggih toy a jene. Pambatang kula wahu manawi taksih kagalih nalingsir mugi raden menak jingga amratelakna sababing nalingsiripun. Anjawi saking punika kula ngaturi bibingah dhateng raden panji menak jingga. Mengkah ingkang kula aturaken punika dede cangkriman tumrapipun kenging winastan badheyen. Tur yen saged ambadhe wonten faedahipun ingkang migunani. Boten katah-kathah namung gangsal bab. 1. Barang ingkang ageng piyambak. 2. Barang ingkang alit piyambak. 3. Barang ingkang tanpa wiwitan tanpa pungkasan. 4. Barang ingkang tanpa wiwitan mawi pungkasan. 5. Barang ingkang tanpa pungkasan mawi wiwitan mengkah gangsal bab wahu. Radeb menak jingga kula aturi ambadhe punapa sapamanggihipun . Sinerat ing paluh omba tanggal kaping. 28. Wulan neisan tahun askandar. 2191.

Raden wiryasmara.

Candhakipun utusan ing surakarta dhumateng yogyakarta

// Nora ngrewes binedhilan. Bareng wis mari kasupit. Dareme na[] Minger banjur ngamuk wani. Bature kabeh bali. Gumrubbyuk [] ngamuk punggung. []. Lumayu ana [] ngi. Ingsun katut katunjang tan bisa misah// ingsun iya nora kalah. Lan temene nora wedi. Lan arya jaya diningrat. Mung rada wegah ing batin. Mengko sapa kang wani. Amungsuh si arya iku. Yen bisa ngalahena. Agedhe ganjaran mami. Yata matur lulurah ing kajineman// tilas pethut kecu kawak. Pak tamblek umatur aris. Kawula ingkang asagah. Ganjaranipun punapi. Pangran sigra nahuri. Yen bisa mateni tuhu. Mring si jaya diningrat. Ingsun ganjar dadi mantri. Lan sun ganjar dhuwit telung atus reyal// pak tamblek sigra anyandhak talempak minger andhelik. Andhodhok amping-ampingan. Galengan dhuwur tan kegsi. Ciptanira ing batin. Mengko yen dyan arya langkung. Selak nuli tinumbak. Mongsa wurunga babarji. Sabab tumbak wasiyat ing ing nata prajan// gegeghug nama ki macan. Landhep ampuh miyatani. Mangkana raden mas arya. Jaya diningrat udani. Yen ana mungsuh dhelik. Dyan arya ngandika arum. Marang putra pulunan. Thole den angati-atি. Ana mungsuh arep anyidra maring wang. Ika ampingan galengan. Putra pulunan udani. Sigra kikinthil neng wuntat. Manggul karbin matur aris. Bapak lamun marengi. Kula bedhile puniku. Dyan arya angandika. Menek tan babar pisani. Parenekna sun bedhile dimen modar. // putra pulunan tur sembah. Sarwi ngaturaken karbin. Lan trangginas narik pedhang. Ngampingi munggeng ing kering. Ngetap kudane nyirig. Prayitna nira sinamur. Nadyan maksih taruna. Wun ginulang ing ing prang wasis. Nadyan putra pulunan dahat sinihan// mangkana radyan mas arya. Kudanira cinamethi. Mrih celak kang arsa nyidra. Lo lo kang ngewinitawis. Sarwi mapan ken karbin. Sedheng ing panyipatipun. Pak tambleg tan uninga. Lamun sinipat ing bedhil. Duk mancungul endhas ngungkuli galengan// sinarengan sinanjata. Pesating mimis patitis. Tumiba ngisoring mata. Bablas terus tan mindhonai. Pak tambleg dupi keni. Anjumbul niba niba gumebyug. Jepapang wus palastra. Matane moler sasisih. Dyan mas arya jaya diningrat ngandika// Ah lupiter pambedhil ing wang. Putra pulunan wot sari. Aturnya kenging punika. Jepapang sampun ngemasi. Dyan arya anahuri. Em yen ingsun iku lupiter. Matane kang sun arah. Jebul ngisor matakeni. Kang mangkono durung patitis temenan// mangungan gong yang kepala. Putra pulunan nuweni. Mring gening ingkang palastra. Tatu deniling-ilangi. Mung elat sajeriji. Lan ideping matanipun. Sangsaya ngunguning tyas. kacathet dalemeng batin. Yen ngucapa si bapak cilik prawira// mongsana bisa niruwa. Kaprawiran kaya iki. Mimise tan kena oncat. Dene mung kurang sathithik. Dinalih nora keni. Gya putra pulunan wangsul. Prapta ngarsa tur sembah. Bapak mung kirang sakedhik. Lawan mata saking watawis kawula.

Taksih wonten candhakipun.

Tamatipun pasindhen badhaya

// saya nengah denya adus. Lara-laraning kinanthi. Kasreg roning terate bang. Tinubing maruta midid. Kagyat dening iwak molah. Aamong sakelalar keli// ganggeng ngirim-irim arum. Tunjung mirut nganan ngering. Delegya ngerong ing kisma. Lulumute angalingi. Kayu apune anamar. Kataweng unthuking warih. // kinanthi sida lan banyu. Kuntal patelesan kentir. Rinangsang-rangsang tan kena. Cinandhak cindhak nginggati. Ywan ginayuh gayuh tuna. Amubeng madyaning warih// temah mentas sinjang rambut. Lir indhang-indhang malatsih. Emane lara tan dreman. Kayungyunan mangun-mangun sih. Yen kinambang layonira. Kasarah neng parang rugmi// sun kakembange wong ayu. Sun kakembange wong adi. Kenong nga[] sumarsana. Argula gambir malathi. Anrus gandaning kusuma. Baya dhahulat dhatengi// sun

wawastrane wong ayu. Sun wawastrane wong adit. Diwongga cindhe pusrita. Majethi raras kumitir. Kapan baya sinawunga. Ing karsa rumesep ing sih.// sun memanuke wong ayu. Sun memanuke wong adi. Merak lawan atat kembang. Prakutut puter lan ori. Munya rum-arume ngajap. Ing dasih kabyatan kingkin.// sun kekayune wong agung. Pantes kayu nagasari. Pangayubaning wong brongta. Minta usada kaswasih. Kataman dening maruta. Sumilir angirit sari.// sisindhen badhaya bujangganom.// asasmita kusuma andaya prana. Sasolahnya kaesthi ing jagat raya. Mustikane ngindra loka janaloka. Duk miharsa kalana jaya pusrita. Tyas kadahut rempu kang manah asmara.// amung ketang kusuma andaya prana. Saput netra sirna rarasing wardaya. Tan wrin purwa sru dening manwung brongta. Layu-layu lengleng mangun ramayana. Kasat mata sinewa langen kung rimang.// nunten mendhak nembah rambah malih.// kasidhenan wangsalan. Dhe.//oo// dhuh kang anglanglang jumantara. Baya cina purung aneng ngonta rigas. Wus tumitah anugesma kusuma daha.// wukir jatpan puspa kresna ing astana. Satuwuhe dasihnya minta apura. Pacangkraman jahnawine wong mamenang. Praja lida pantarane wong lumajang.// ukumena kawula apari peksa. Puput jiwa lojine wong pasuruhan suka rena mati ginembongan mara.// tepis iringing daha kari mamenang. Sampun rengat dasihe yen labuh jiwa. Wus kaesthi kusuma jroning supena.// yen tulusa kinembang ing pramudita. Kawismaya pamengkuning sanagara. Puspala ta upaya kinembar rupa. papatahe kang anawung nungsa rengga.// oo// adan pasangkalana sampun busana. Mintak sama mring garwa amurweng laga. Samya marma eman manawa antaka.// saha bala mangu rengu karentengan. Sirep ingkang wiyati dening jawata. Tumon ingkang kalengkaning jagat raya. Pinarwasa ing wardaya mangunengan.// saputing tyas sang retna musthika ning rat. Mawalikan mulek ing driya wiyoga. Aru ara puyengan ing sura laya.// katamaning ing tyas puyeng mawuyungan. Kusumeng dyah karuna dening ngatmaya. Sasambate luwara sangking rencana.// mendhak nembah lajeng katawang.// rencanane migena ing ngariloka. Rangu-rangu ronggeh nolih marang garwa. Rasa-rasa rumasa pamularira. Ngiwarangin awirangrong sru mangarang.// layonira sekar adi kang minongka. Jimat ing prang pamunah ing reh angkara. Tingalan solah ing dasih mandaya. Marih jaya migena sangking tyasira.// netra nira lir amurbeng andakara. Lelana ring ripu pinanduk ing cipta. Pun kalana dermi nawung yuda brata. Ing ngayuhan pembengkasing satru kala.// ngusadani karunaning ngindra laya. Sangking sira waluyaning nungswa praja. Sari-sari sumawur sangking wiyati. Riris sumyar amukasi ela-ela.// sampun tamat. Saben saben kasidhenan katurut kadya punika. Kang minongka lelangen ing pasamuwan.//

Ongka kaping: 23

Kemis kaping. 3 Juni
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun winci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Ing mangke saking pamireng kula lampah ing rundha patrol ing salebetting nagari surakarta. Sakalangkung kenceng. Manawi tiyang lumampah ing winci dalu tanpa ambekta lalu upet amasti kacepeng dening tiyang lagi patrol utawi tiyang rundha. Sarta mawi dipun galedhah. Sanajana ambekta lalu upet bilih lampahipun anyalawadi. Inggih lajeng kacepeng. Kabar priyantun pulisi ingkang kenceng piyambak punika pulisi kadipaten anom kerep anyepengi tiyang ingkang lampah samar-samar.

Kawertos bilih wonten tiyang saking monca nagari dhatengh ing surakarta. Pulisi mesthi kedah nyumerepi. Manawi tiyang wahu lampah samar lajeng kaladosaken dhateng nagari.

Awit saking lampah kencenging rundha patrolsapunika tumanduking kadurjana kendhak.

Saupami lampah ing rundha patrol ajeg kencengipun saestu badhe anyirnakaken lampah kadurjana ananging saking pamanggih kula ajeg kenceng punika angel lami-lami lampahing rundha patrol wahu amasti daluya malih. Para rundha kathah ingkang boten lumampah. Tiyang patrol amung ngalih tilem kilap bilih kangjeng parentah ageng tansah pamardinipun sinten ingkang andaleya kapatrapan samurwatipun.

Kala rumiyin manawi wonten tiyang nglampahaken garobag numpak ing grobagipun wonten salebetting nagari. Amasti lajeng kacepeng. Sapunika kathah kemawon ingkang sami numpak sarwi ura-ura. Boten wonten ingkang nyaruwe. Mila leres pangandikanipun tuwan juru ngarang. Sanajana saweneh ing nagari sugih papacak pranatan sasaminipun manawi boten ajeg katindakaken kalayan kenceng saestu tanpa damel awit ingkang dados ciptanipun tiyang alit mangkaten em ya cik ben.

Ing bra martani ingkang medal nembe punika. Saking kaemutan kula kados wonten ingkang nyariyosaken bilih para tiyang sampun sami papager santosa. Punika wonten gesehipun kaliyan seserepan kula. Awit ing mangke taksih kathah ingkang dereng tumindak papager santosa. Awit saking pulisi kirang kenceng pamardinipun parentah saestu boten anguningani awit sampun kajibahaken dhateng para pulisi.

Katandhan. B.

Kirang langkung wonten sadasa tahun punika laminipun parentah boten kendhat anggening amranata sabarang lampah. Ingkang badhe angindhakaken raharjanipun praja. Menggah dhawah rundha nwatu skaing kaengetan kula sampun lami. Ananging lajeng kendho wekasan lajeng sirna. Dados ing mangke parentah namung ambangun pranatan lami kemawon bilih parentah saestu arsa amurih raharjaning praja. Punika gampil sanget. Ku[] cumandhaka anyaosi tuladha. Ing pambirat [] ing kawula ingkang sami daleya. Kadosta paukuman pu[] lih. Ingkang anglingsemaken dhateng ingkang dipun ukum tuwin [] girisi tumandukipun dhateng ing liyan. Para saradhadhu ing []

[] angsring ange[]ken dhawahipun ing nginggil punika ukumanipun [] gening ingkang mawi cirinipun prajurit kasuwek-suwek wonten ngajenganipun para kancanipun sadaya. Bilih sampun saradhadhu ingkang kaukum makaten wahu. Lajeng kagusah. Mawi kaundhangaken dhateng ing gelenganipun para saradhadhu sadaya. Bilih tiyang ingkang makaten kalampahanipun boten pantes kaabdekaken menggah saged kalampahanmakaten kados para kawula badhe boten wonten ingkang daleya. Ing mangke saking pamandeng kula bilih mentas anampeni pranatan panganggeipun dhateng parentah sami ugi kalih andhateng lare beka.

Juru ngarang.

Ing wulan punika bawah dhistrik kutha klathen sakelangkung kathah tiyang gadhah damel mantu. Denten ingkang katingal suka seneng saha raharja namung kyahi kaum naib sabab anggenipun amundhuti srakah langkung sangking kathah. Kadosta tiyang alit mantu penganten kapundhutan srakah gangsal rupiyah.

Sanesipun uba rampe. Penganten bekel kapundhutan srakah sedasa rupiyah sanesipun ubarampe. Pramila menawi tiyang alit ingkang boten gadhah. Badhe imah-imah tamtu susah sanget. Ingkang menawi boten wonten prenatan utawi wawaleripun ing parentah kapolisen kyahi kaum taksih mundhut sak kajeng-kajengipun piyambak bab srakah wahu andadosaken susahipun tiyang ingkang boten gadhah.

Ing samangke kutha klathen kampung ngepos sangking karsanipun ing parentah ageng dipun dekeki kunjara. Badhenipun griya wahu sakalangkung ageng. Ing sapunika sampun lekas dipun cengkali. Saha para tiyang ingkang badhe tumandang ing damel katingal sakalangkung rame.[

] ingkang awit anandukaken
kawruh pamisah. [] gih aniru barliyan menggah barliyan tiron wahu []
] westanan bilih boten wonten gesehipun kalih [] atos mancorong tuwin
galebyaripun namung[] taksih alit-alit. Ing mangke para saged taksih [].

[] raden adipati ariya dinagara kaganjar. Kali [] nipun rinder. Ing gelanganipun nederlan seleyu. Ing so[] amaringaken ciri wahu. Pasamuhanipun mawi karengga ing ke[] rakit ing ngalun-alun. Sarehning mendhungipun sampun guma[] saking pamrayoginipun ing ngakathah. Kembang api wahu kasuled [] pindhah kemawon sarehning makaten wahu pambaledhosipun [] ten sarenti. Dados wonten kapal rakitan ingkang kaget saha [] bandhang. Ngantos anunjang tiyang sakawan. Temahan satunggal pejah ing enggen ingkang tiga sami labet tatu sanget. Katimbang kalih [] jejelipun tiyang ingkang sami anonton mongka namung tiyang sakawan ingkang anandhang bilahi. Inggih kenging kawastanan wilujeng.

Jampi tiyang kalebetan wisa

Bilih tiyang manggen tebih kaliyan mestri. Kadosta tiyang wonten ing [] utawi wonten ing pareden dados boten saged ang[] mestri. Mongka sakitipun tiyang wonten patrapipun ing [] ken kados kalebetan wisa. Punika lajeng kadamelna wedang [] godhong awar-awar. Kinten-kinten satekem kathahipun gol[] bilih wedang sampun manget-manget lajeng kaombekna. Sak cangkir [] ombekna telas tiyang ingkang kalebetan wisa [] tur saking padhaharan dados boten saged [] menggah sampun kalampahan makaten lajeng kaombenana wedang kopi ingkang keras kacamboran kalihan pethak ing tigan ingkang taksih mentah. Menggah ing kawruh pamisah pethaking tigan punika kadamel anawaraken dayaning wisa.

// Wong anom kasmaran luwih. Medhar carita lan tembang. Yeku duk jaman kunane. Ana ratu ambek siya. Marang kawulanira. Kongsi prakawulanipun tan ana siji-sijiya.// kang asih mring sri bupati. Malah angalup tan pegat mugi yuswane sang katong. Cinupeta dening allah. Nahan ingkang kocapa. Ing rikala sanga prabu. Alengkah neng pasamuwan.// mungging dhadhampar mas adi. Sinowan rekyana patya. Pranayaka mwang mantrine. Mranata parentah praja. Tan dangu ana janma. Malbung lampah ira gupuh. Agus sinebuting aran.// kalawan anyekel keris ligan saking sedyanira. Ayun nyedani sang katong. Nalika para punggawa. Andulu ana janma. nyalawadi lampahipun. Kagyat angadeg saksana.// sumahab kadya parjurit. Ngabanan panggut lan rong wang. Sadaya biyantu mangrob. Anyekel agus kang sarta. Angrebat keris ira. Rehning wong siji kinrubut. Dadya datan bisa polah.// wuse binonda tumuli. Binekta mring ngarsa nata. sang prabu andangu age. Samangkana sabdanira. Heh agus gonmu teka. Ing kene angliga dhuwung. Kang dadi sedyamu apa.// agus matur datan wigih. Dhuh gusti kauningana. Menggah gyan ulun tumameng. [] ngriki tanpa cacala. Nyepeng curiga ligan. Saking kaniyatan ulun. Badhe nyedani paduka.// ing nalika sri bupati. Miyarsa atur mangkana. Kontreng liring gung dukane. Jaja bang mawinga winga. Sarta enggal dhadhwah. Anelasana si agus. Mring abdi singa ngara.// duk wahu agus miyarsi. Dhawuh timbalan jeng nata. gya munjuk ihan ature. Gusti kawula sandika. Nglampahi paukuman. Kawrat kang ayun dhumawuh. Marang ing badan kawula.// mwang kawula tan duweni. Sedya samendhang kewala. Nunun sih ing sang katong. Supadi ing ngapuraha. Ananging wonten uga. Kang dadya panuwun ulun. Gih punika kadang kula.// estri pembajeng yun krami. Wus dungkap dinten panggihnya. Kasedyan kawula badhe. Urun buhu arerencang. Tondha jumurung suka. Kang mijil sing tresna tuhu. Sumarmanta jeng paduka.// ratu kawasa linuwih. Bering budi paramarta. Adil mring kawula kabeh. Angrentahna kawelasan. Akarsa paring lilah. Mring panuwun ngong puniku. Kula mawi aprasetya.// salebetting tigang ari. Ulun pasthi wangsl sowan. Nampeni ukuman layon. Mrih sri nata nwalang driya. Jangji kula punika. Mawi tinanggung mitrengsun yen ulun cidreng ubaya.// tan wangsul sowan mariki. Salebetting tigang dina. Estu mung nyumanggakake. Pejahing mitra kawula. Kinarya agegantya. Nalika sri miyarsa tur. Ring agus aris ngandika.// ya agus

ingsun nglilani. Kang dadi panuwunira. Mara ta mangkata age. Nging yen cidra jangji nira. Sun datan darbe karsa. Meneh angethok gulumu. Amung mitramu kewala.// ingkang bakal sun pateni. Adadiya lirunira. Yata agus mangkat age. Anemoni mitranira. Pinurih ananggunga. Kang dadi prajangjinipun marang kangjeng sri narendra.// sumitrane mituruti. Kalwan suka pirena. Mwang enggal sowan sang katong. Amasrahaken jiwanira. Dupi wahu sumitra. Tinutup neng kunjara wus agus andugekken lampah.// mentar mring sudara estri. Lampah ira gegancangan samana wus prpta ing don na ing kono suka-suka. Lawan kadang pra mitra. Duk tekeng ri jangjinipun agus saksana umangkat.// wangsul ing ngarsa narpati. Nahenta ingkang kinondha. Nalika agus lampuhe. Antuk saparo ning pura. Datam antara lama. Ing ngawang-awang kadulu peteng andhedhet limengen.//

taksih wonten candhakipun
katandhan kramadiwirya.

Punika vandhakipun utusan surakarta dhumateng yogyakarta

// dupi mungeling sanjata. Anjumbul sumarmi kenging. Sakngandhaping kang maripat. Ugi mungel let sak driji. Dyan arya ngandika ris. Thole iku wuruk ingsun. Aja ngarepi sira. Yen oncat tibaning mimis. Nadyan kurang sarambut iku tan kena.// ngungun kang sami miharsa. Mangkana malih winarni. Kang lagya ayun-ayunan. Pangran nata praja myarsi. Yen pak tamblek wus mati. Binedhil matane butul. Arya jaya diningrat. Tuhu kalamun patitis. Pangran nata praja mesem angandika.// jer si tamblek sok gemampang. Kemeki kudu ngayoni. Mring arya jaya diningrat. Lah saiki sida modir. Tumbakku apa misih. Ki macan jupukken gupuh. Mengko menek binandhang. Kang dinuta melayoni. Kawuwusa jeng pangran netep turongga.// umangsah mandhita lempak. Gumrudug wadya tut wuri. Yata dyan arya jayengrat. Wong madura den abani. Prayitna anadhahi. Para lurah wus mangayun. Wadya lit giyak-giyak. Gibrah-gibrah sami bekik. Treyak oring kok dhintoh cucuh-cucuhang.// sigra dyan arya jayengrat. Mansah lawunge pinandhi. Kinetap kuda adheyen. Mrepeki pagut pangaksi. Arya jayengrat angling. Wuwusira tembung mlayu. Lamun tembung madura. Mungsuhyu datan mangreti. Wuwusira nanging tinembungken jawa.// heh heh mungsuh sapa sira. Dene kudu kumawani. Amethuk mrih tandang ing wang. Baya sira bosen urip. Apa nora miharsi. Yen arya jayengrat [] wu. Gegedhug ing madura. Payo ing kene prang tandhing. Singa tiwas gya pangeran nata praja. Marepak sarwi ngandika. Tembungnya melayu sami. Yen sira tambah maring wang. Pangran nata praja mami. Senapati linuwih. Heh jayengrat aja mingkuh. Tandhing prang lawan ing wang. Arya jayengrat marpeki. Ngembat lawung jeng pangran prayitna tadhah.// lawunge dupi lumarap. Ginebang ing lawung keni. Kungkikh tan tumibeng jaja. Jeng pangran ganti nglarihi. Tinangkis lawung nguthik. Gebang ginebang adangu. Kudanira puteran. Kang ngayuda lir tinandhing. Sami wasis ing ngaprang sura sudira.// tan ana ingkang kasoran. Wadya lit suka nyuraki. Gumuruh ambal-ambalan. Lan kendhang gonging tinitir. Tan ana kang marpeki. Sabab tan pareng tutulung. Marma wadya madura. Sedaya sami nimbangi. Tan tutulung sami tanjak tetayungan.// angleter surak-surak. Weneh maleleng ningali. Mring tingkahe sami prang. Kang saweneh bisik-bisik. Mangkana denira ngling. Lah iku padha wong bagus. Tandhing prang tan kuciwa. Mengko baya menang ngendi. Eman temen yen salah siji matiya.// heh pak kacung angur sira. Matiya nora praduli. Pak kacung sumahur sugal. Lah becik kowe pak sarip. Modara andhingini. Ingsun gawe pakan asu. Pak sarip panthelengan. Pak nasar sigra anyapih. Heh wong edan cocode urab-uraban.// mengko yen krungu mring lurah. Mesthi padha den gebugi. Abecik padha jogeda. Ngong tabuhi cara bali. Gansane uwis muni. Sigra sami nyandhak lawung. Angguyu ting cekakak. Sami ngigelan menyanyi. Wong madura yen ngelik ulone dawa.// binarung saruni kendhang. Kang joget suka sisirig. Saruni ngrangkep tengeran. Yen lurahe unggul jurit. Gobyogan wanti-wanti. Ing ngemper lir kala ganjur. Tengeran nata prajan. Angklung bedhug terbang suling. Karya timbang yen sami gambuh kang aprang.//oo//
// prangira temah dangu. Tingkah bawa datan asor unggul. Sabab pangran nata praja yen nglarihi. Tan kena tinangkis lawung. Krep tibeng jaja kemawon.// panujune atemuh. Yen aywa ateguh yekti ajur. Sabab rante menjangan wilis nyawabi. Saben tinumbak gumadhug. Dyan arya sumarma tanggon.// arya jayengrat bendu. Pamalese pijer tan pakantuk. Saben numbak tinangkis lawunge kuntit. Gung sinurak wantu-wantu. Wong madura ting pelompong.// tan ana darbe guyu. Sabab gustine tan bisa unggul. Gamelan serunen dhedhep tan muni. Kang muni mung bedhug angklung. Kendhang tarebang ginobyog.// temah kang pyarseng pungkur. Yen dyan arya asor yudanipun. Yata arya jayadiningrat mangarsi. Sangking turongga tumurun. Ngasta mariyem ki bangkong.// sinipatken mring mungsu. Wadya nata prajan kasalamur. Pijer surak-surak suka weneh bekik. Ki bangkong muni jumegur. Mimise ngeneni sakeh wong.// kang ngrompol kabar rubuh. Keneng mimis mati kang nem likur. Sabab pacar wutah kang kinarya mimis. Mimis kenceng lan pinambur. Sumembur sumyur manempoh.// pinidho mwang ping telu. Watarantuk janma pitung puluh.

Wadya brandhal puyengan lumayu gendring. Larut para mantri katut. Giris [] keh macethot// jeng pangran meksih kantun. Wus kesian dening kang wadya gung. Dereng kendel denira prang meksih uthik. Dyan arya jayengrat gupuh. Para lurah kengeroyok// wong madura mangayun. Pangran nata praja kinarubut. Mager sari nata prajan angalingi. Tumbak-tinumbak mawor suh. Akeh mati ting geloso// mwang kanin gumarumung. Pangran nata praja dupi dulu. Yen wadyane wus larut lumayu tebih. Pangran nata praja mundur. Kuda kinetap mancolot// milargya nander mamprung. Wong madura surake gumuruh. Pangran nata praja dhasare wus miris. Sayah yudanira dangu. Binubuh dening ki bangkong// wadya gusis maledug. Kasarengan diwangkara surup. Tinetegan mundur sapih kang ngajurit. Dyan arya jayengrat mundur. Saha wadya wus makuwon// mwang senapati sampun. Amakuwon pasanggrahan sagung. Tilas gening mungsuh [] panran nata praja wahu. Laju minger mring jati nom. [] jangipun. Sagung kintunan wus samya laju. Kang umiring [] ing margi. Nging mengsa tan gagu-gagu. Anebih samineno[].
Taksih wonten cindhakipun.

Ongka kaping: 24

Kemis kaping. 10 Juni
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Salebetipun wulan april ingkang kapengker punika. Para rare ing dhusun clolo baya lali sami angen lembunipun wonten ing sapinggaing jurang gandhul sareng lembu sampun katinggal aring para rare lajeng sami ngarit sawatawis nguni pun ing jurang gandhul kaambah banjir ladhu. Tuwin sela ageng sami kentir. Ingkang suwaranipun gumaludhug anggigiris. Ewadene para angen ugi boten sumelang amirengaken swara ingkang kapiyarsa wahu. Bok manawi anyipta badhe boten anuwuhaken sangsara. Mila amung sengkut pamundhutipun rumput kemawon sareng dumugi ing wanci para angen sumedya agiring lembunipun wasana dipun purugi ing panggenaning lembu sampun pinanggih sepen saksana para angen sami angupadosi urut sapinggaing jurang. Ing ngriku wonten rare awawartos bilih anyumerepi lembu sami keli. Andherekaken lampahing ladhu ingkang saking ardi marapi wahu. Sareng panurutipun dungkap ing pinanggih lembu sampun sami pejah.

Tiyang anama tadiry. 2. Setra setika. Ing dhusun padan {baya lali} wanci enjing mendhet tasik wonten ing lepen sacelaking griyanipun sareng sampun ngalempak tiyang kakalih wahu sami kendel wonten ing pereng. Sarta boten watawis dangu perenging lepen ajugrug sarehning kawon trangginas kalayan jugrugging padhas tiyang kakalih sami kadhatengan takdir katangkep ing padhas sirna wujudipun kalajeng apalastra.

Tiyang anama kramadongsa. Ing dhusun pahingan {bayalali} wanci dalu panuju tilem kaget mireng sabawaning lembunipun ingkang wonten salebeting kandhang sajawining griya. Ambekos saksana lajeng medal ing ngriku sumerep gaduhanipun pedhet ngumur. 4. Wulan kapikut ing sima. Sareng sumerep bilih ingkang gadhah pedhet medal sima trengginas palajengipun sarwi nyangking pedhet wahu. Ingkang andadosaken gumuning manah kula. Dene pun kramadongsa teka anggadebus sareng pun sima sampun ngaciprat palajengipun sanadyan lembunipun kalajeng kabekta. Ewasamanten mawi sasungaran mangkaten padha yen podhoha. Kowe arep ngayoni si kramadongsa. Ta kira masa dadiya. Rangkepa papat macan ajaha inggal angoncati isih tak karepake.

Nalika tanggal kaping . 15. April ingkang sampun kapengker. Wanci jam. 12. Dalu. Demang niti wijaya. Ing tras {bayalali} kaget mireng sabawaning tiyang andhodhogi kori sarana anyuwara mangkaten asu celeng asu celeng. Sanalika demang niti wijaya tangi. Sareng kawaspadakaken sampun tatela bilih swaranipun sang ambek [] ngi. Inggih punika durjana kecu. Ananging demang niti wijaya [] nedya angilangaken sumelanging manahipun awit [] bilih boten saged mangaten sabab sampun san [] kori [] nipun amargi pagering griya saha pandha [] tuwin [] gedheg sap tiga ingkang pirantosipun sakalang []

[] santosa. Sadaya kori ugi gebyog kajeng mawi gedheg [] punapa malih mawi slarak kajeng karangkep tiga. Sanalika wahu demang niti wijaya lajeng lajeng dhateng kori kang dipun dhodhogi sang ambek pangroda wahu. Salarak sami dipun kencengaken sang ambek pangroda ugi taksih sengkut pandhodhogipun demang niti wijaya lajeng wangsl dhateng griya anggugahi anak rayatipun kailekaken medal kori butulan sareng anak rayat sampun sami ngili demang demang niti wijaya wangsl malih sumedya ananggulangi pun ambek pangroda wahu. Wasana sarehning sampun rumaos kaweken badhe lebetipun sang ambek pangroda sami angelesi lampahipun amargi selak kasaru kathahing para tandang. Kocapa salebetipun demang niti wijaya wahu wira-wiri tiyang jagi patrol tiga [] ruket amangsah sang ambek pangroda ananging ing sarehning karoban mengsaah tiyang jagi patrol anjalari kaseser yudanipun mila boten saged mikut pun ambek cakiling.

Kula sampun analesihaken pamaos kula serat kabar slompret malajeng wedalipun settu wulan april kapengker punika. Saestu andadosaken cuwaning manah sedanipun prabu dhadhung awuk kalanganen dalem mahenda. Ingkang kakendelanipun angedab-edabi punika.

Amila pamuji kula mugi kyahi demang ing sela {ngampel} lajeng anyadiyakna bilih taksih gaduhanipun mahenda. Ingkang wujudipun anggigiris. Bok manawi sasurutipun prabu dhadhung awuk wahu ingkang memper. Pinten banggi kakendelanipun sami. Amung mahendanipun demang sela punika. Ananging kuciwa dene sampun rambah-rambah wonten ingkang nembung katumbas kyahi demang teka kenceng panggondhelipun. Kula sumelang bilih pejah dalah gaduhaning segawon ingkang ageng punika. O babage duwungipun neh.

[] pun wangulan katranganing serat.
Nyariyosaken lahiripun pandhawa. Ingkang nganggit [] ing nagari memenang.
[] nyariyosaken sedanipun prabu pandhu. Ing [] pu mayungga. Ing nagari memenang.
[] nyariyosaken prabu basudewa. Ingkang nganggit empu [] memenang.
[] gala-gala. Nyariyosaken pandhawa dipun besmi. Wo [] ingkang nganggit empu jongga
[] jara kresna. Nyariyosaken jumenengipun prabu kresna ing dwa []
ingkang nganggit empu mona guna ing memenang.
[] malawi hurusan. Nyariyosaken kala babadipun ing ngamerta. [] nganggit empu paradhah
ing memenang.
[] pandhawa dana. Nyariyosaken pandhawa nglampahi tapa. [] kang nganggit empu tapa
wangkeng.
Serat gathotkaca saya. Nyariyosaken lahiripun gathotkaca. Ingkang nganggit empu panuluh.
Serat partayanya. Nyariyosaken arjuna krama dewi sumbadra. [] empu kanwa. Ing memenang.
[] nyariyosaken arjuna angguguru [] durna. [] empu karmajaya ing memenang.
[] ci. Nyariyosaken wrekon dara angguguru dhateng [] nganggit empu widayaka.
[] arja purwaka. Nyariyosaken pandhawa [] dipun [] ten ing ngastina. Ingkang nganggit empu
widayaka.
[] nyariyosaken arjuna tapa anama winta raga. [] nganggit empu kanwa.
Serat yuda nagara. Nyariyosaken pandhawa sami suwita wonten nagari wiratha. Ingkang nganggit empu
kalongan ing memenang.
Serat bomantaka. Nyariyosaken pejahipun boma. Ingkang nganggit empu boga guna.
Serat brata yuda. Nyariyosaken prangipun pandhawa mengsa korawa. Ingkang nganggit empu sedah ing
memenang.
Serat krimataya. Nyariyosaken muksanipun begawan abiyasa. Ingkang nganggit empu panuluh.
Serat yudayana. Nyariyosaken prabu yudayana. Ingkang nganggit empu kalongan.
Serat aji nirmala. Nyariyosaken lalampahanipun prabu aji nirmala. Ingkang nganggit empu jatmaka ing
jaman nagari memenang taksih panjenenganipun prabu jayabaya.
Serat darma sunya. Nyariyosaken sakathahipun ngelmi buda. Ingkang nganggit bathara panyarikan kala
jaman nagari medhang kamulan nalika panjenenganipun nata sang hyang wisnu.
Serat niti sastra. Punika serat piwulang. Ingkang nganggit prabu widayaka inggih punika aji saka. Kala
jumeneng nata ing nagari medhang kamulan.
Serat angling darma. Ingkang nganggit adipati ing semawis.
Serat bandung. Nyariyosaken prabu saka ing prambanan ingkang nganggit kyahi panjang jiwa ing mataram.
Serat sindhula. Ingkang nganggit panembahan ing madura.
Serat panji angreni. Ingkang nganggit ngabehi yasa dipura kapisan.
Serat panji jaya lengkara. Nyariyosaken dewi kirana dados ratu ing bali. Ingkang nganggit ngabehi kerta
diwirya ing nagari surakarta.

Taksih wonten candhakipun.

Candhakipun cariyo ingkang sampun kapacak bab kasetyaning pamitran

// Tan dangu gumrojog riris derese kadya sinuntak awor lawan barat gedhe. Unining gludhug tan kendhat. Gleger-gleger weh kontrag bantala saisinipun gelapnya nyamber tumama.// marang kakayon geng inggil jumebret sabawanira. Kaya ngombak ngombalake. Marang toyaning samudra. Banyu kali bangawan talaga mwang sendhangipun kadi kinebur kebura.// calerete tanpa lirip sumebyar karya kumesar. Liweran obar-abire. Kumusuh kang samirana. Anerang wreksa wruksa. Akarya sol sempalipun wit kalawan epang-epang.// sabawanira kang riris barung unining gurnita. Baledheg sarta angine. Ngebeki jembaring jagad geter yekeng gagana. Kutu walang taganipun ing laut miyah dharatan.// geger puyengan lumaris salah tunjang tan karuhan angungsi saking sadyane. Mring gon kang tebih babaya. Nalikane samana. Nyenyet kahnalan donyeku. Kadya yun jaman kiyamat.// jalanan deresing riris saliring talaga sendhang. Kali-kali bengawane. Kalen-kalen mwang susukan toyane samya bludhag ngelebi glaring bumeku. Ilane santer kalintang.// gantya si agus minarni. Sabi-sabi salumampah. Amungkah mudhun gununge. Malebu ametuwania. Nunusup bobondhotan nyabrang kali-kalinipun tan lama lampaque prapta.// direng gagisiking kali. Kang langkung jero mwang jembar. Angalangut sabrangane. Sru santer ilining toya. Agus wegah anyabrang. Ngenteni tambangan prahu. Kongsi dangu datan ana.// krana wong tan ana wani. Nglampahaken prahu nira. Watir yen kerem temahe. Udane sangsaya arda. Si agus duk samana. Kekes munthil lampahipun nyipta bakal katiwasan.// ngemasi sajroning westhi. Katemuning manah ira. Ri saksana ambruk jongkeng. Nungku mumudya mring allah. Kang datan kasamaran nunuwun ing kawlasayun aparinga pitulungan.// bisa sowan sang aji. Anetepi jangjinira. Lawan malih supayane. Mitrane tan karusakan. Wit dening cidra nira. Wus semu mudya manungku. Marang hyang maha kawasa.// sinungan teguhing budi. Angebyur kali saksana. Anglangi sakawasane. Saka parimarmaming hyang. Lakune bisa teka. Sabranging kali puniku. Dan lumampah gegancangan.// ing manah uwas linuwih. Bok manawa lampah ira. Praptaning pura wus kasep saka wayah patembaya. Pamatraping ukuman kocap nalika puniku. Kathah wong begal umedal.// saking sajroning wanadri. Tanya mring agus saksana. Apa kang sinedya bae. Agus amangsuli sabda. Ki sanak kawruhana. Sun iki tan duwe tuhu. Barang darbek rega sigar.// mung kari nyawa lan dhiri. Tur wus sun aturke pasrah. Marang gusti sanga katong. Sarta si agus carita. Lalakonireng angga. Begal wlas sapamrihipun sarta enggal angculna.// wit yen mati aneng margi. Saka panggawening begal layak ta ing wekasane. Tan bisa prapta ing pura. Sowan jeng naranata. Nyaosaken pejahipun kaya kang dadi ubaya.// lan mitrane sida mati. Kang jalanan cidranira. Nging wong begak datan darbe. Kawelasan angeculna. Si agus duk samana. Ametu kanepsonipun ngrebat gagamaning begal.// pra begak tinempuh wani. kang telu mati kabranan liyane lumayu genjret wangkul mring sajroning wana. Datatita kocapa. Bathara surya wus dhuwur. Cahyane panas kaliwat.// si agus sayah linuwih. Ngelak kapengin mring toya. Kongsi salit gorokane. Rumasa wegah nutugna. Lakune prapteng pura. Si agus anulya ambruk jengkeng ngucap marang allah.// mangkana ujarireki. Dhuh gusti wahu paduka. sampun tutulung maring ngong. Nekakaken sabranging lwah. Nguculaken kang sarta. Sing tanganing begal wahu. Mala []

Jduka.// tutulunga ulun malih. Paringa toya kinarya. [] gukan bae. Wit ulun sanget kasatan labet sru kabaskaran yen kawula kongsi lampus jalanan anandhang ngelak.// sayakti cidreng ubanggi. Tan nyadhong ukuman pejah. Wuse mangkana ucape. Agus myarsa swareng toya. Tumruh saking talaga. Tan doh sing gonira lungguh. Mumudya marang hyang suksma.//

taksih wonten cindhakipun
katandhan krama diwirya.

Punika cindhakipun utusan surakarta dhumateng ngayogyakarta

// sabab turut delanggung. Ing ngundhangan tan kalilan rusuh. Kikintunan pinrih laju mring nagari. Yata kapiharsa sampun. Dening jeng ratu kadhaton.// yen sunan akikintun. Uwos tuwin sakucumbini[]. Dahat suka ngalembaneng ngrasa urip. jeng ratu utusan methuk. Wadya kumpeni sak klonol.// bekta mariyemipun. Prajurit jawi ingkang tinuduh. Panembahan mengku rat puniku wakil. [] jeng sultan meksih timur. Rineksa tan keni miyos.// wadya [] man kang ngepung. Kitha samwa ing ngundhangan mundur. Pangran dipa nagara tunggling []ris. Parentahnya wantu-wantu. Kinen ngendelna kemawon.// rahajeng sunan tutulung. Mring sadherek amurih rahayu. De aprang seje gon langkung prayogi. Mangkana satemah rukun. Ku[]lih winiraos.// wus prapta kang pakintun. Grobag ang[] umanjing kedhatun. Para putri suka-suka srep ing galih. Pangran purbaya pinethuk. Binekta maniing kedhaton.// jeng ratu sugun-sugun. Lan ngaturken langkung denya nuwun. Panembahan mengku rat amboja kalawan kinen bage gupuh. Sagunging kikintun uwos.// [] reh saprajagung. Lir punagi samya amemangun. Ngadi wrena samya busa[] tesi. Mwang sakeh gongsa tinabuh. Mrih suka kanthining dhayoh.// oo// ascaryeng tyas para tamu. Dhasar keh satriya pekik. Santana ing surakarta. Kang umiring mring jeng gusti. Pangran

purbaya sinuba. []ngaja ing sakapti.// nagari ngayogya bagus. Pacangkraman adi-adi. Kang wasdta pulo kenonga. Rinengga kalangkung asri. Sesekaran tutuwuhan. Lan ing ngisen para putri.// kinen busana ngriridhu. Mring pra tamu sigit sigit. Agabagan arantaban. Agego[] amrik mingging. Yayah waranggana swarga. Sinangaja siang ratri.// sumar[] kadya puniku. Reh dene karobaning sih. Lir tarugaring angarang. [] mangkya kataman riris. Panjrah ingkang labuh kapat. Kayungyun lungga[]semi.// sumirat kadya kukuwung. Tuhu lamun busanani. Sagung ingkang pacangkraman. Ngdyana miyah pasisir. Para punggawa ngayogya. Kinen samya anyaosi.// panambrama mring tetamu. Sakarsa-karsa[].

Jeng gusti pangran purbaya. Siniwakeng para putri. Katresnan gung []. Dede tangising prihatin.// awit tangising gege[] ora nyana ora ngimpi. Yen sinuhun surakarta. [] kadang kaswasih. Kasangsayeng lupa boga. Dhuh kang mas pangran[]. Punapa wales ulun. Mring putra jeng sri bupati. sinuhun []. Dene apitulung urip. Kang mas nagari ngayogya. []liren meh lalis.// lir mina tinilar ngranu. Sakeh [] jenting. Tan kenging tumanggah lupa. Meh nglalu sakehing jalmi. [] ngasmareng laga. Tan ketang mengsa nikeli.// jeng pangran []. Bok ratu karseng hyang widi. Kang tulung umat kalapan. [] sethithik. Dene nagri surakarta. Nguni pailan pri[]. Laranging beras kelangkung. Bareng jeng sri narapati. Karsa tutulung. Nuli beras prapta gili. Embuh songka kana-kana. Pirang-pirang prahu []. Bangawan sangkrah jinujug. []. Dhiajeng marang ing sira. Manira nora tinuding. Karsa [] nata. arsa utusan bupati.// marma manira lumaku. [] sun pribadi. Wit welas marang ing sira. Eman-eman wong jekining[] muwun awit lapa. Marma tan etung wak mami.// lumaku a[]. Menek sira uring-uring. Si kakang pangran purbaya. Apa [] panggalih. Darbe ari kawals arsa. Jeng ratu mesem miharsa. Malerok lan nyampe pupu. Jiniwit alirih-lirih. Kang jeng [] tadhah. Angeses sarwi ngesemi. Yayah kadya kasembadan. Lara [] putra lan putri.// putri kang celak tumungkul. Kang tebih sami []. Pating kalesik rerasan. Dhuh ta iki kangjeng gusti. Prayagung ing surakarta. Pamiyarsanipun dumeling.// pangran purbaya puniku. Jare [] tani pribadi. Ora arsa sosongeran. Dene iku angga[]nik. Mangandika manohara. Kaya jaka duk birahi.// dhasare [] jeng ratu baut. Mamalat kalbu mamet sih. Dhasar wong ayu sembona. Gandel luwes marek ati. Sapa kang nora kasmaran. Wong priya pating gariming.// yen lumampah gandrung-gandrung. Kaya wayang mungeng kelir. Neetrane jahit angraras. Liringe angilat thathit. lir padho []. Kapileng singa nadhahi.// mongsa bisowa lumaku. [] llamun bangkit [] kudu anyenyawang. Mring tangkep kang milangeni [] mane gelis rondha gustiku jeng ratu iki.// taksih wonten candhakipun.

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Nalika ing sabtu dalu angrintenaken dinten akhad ing griyanipun tuwan van biren ing manangka kalebetan durjana kecu. Malebetipun kecu ing capuri gampil sanget awis tiyang jagi sami boten agulangi. Malajeng sadaya. Namung demang ingkang tumut angereh ing manah. Punika sanget ing trangginasipun pramila pantes yen nagari karsa aganjar. Dununing griyanipun boten tebih kaliyan griyanipun tuwan van biren sareng mireng sabawanipun durjana andhodhog konten lajeng angetengi sanjatanipun wuluh panganten mawi pacar wutah. Anglarag dhateng griyanipun tuwan saha angajak rencang satunggal kinen ambekta waos mawi dipun warahi yen sanjata sampun mungel kaping kalih. Angulungna waos wahu. Ananging sareng sampun anamakaken sanjatanipun katolih rencang boten wonten pramila lajeng wangsal angungelaken bendhe. Sanadyan kacihna saking tabetipun rah kecu wonten ingkang kataton ananging meksa nemen anggening konten ngantos saged malebet ing griya. Saged ambejat lamari satunggal ewadene unduripun boten ambekta barang. Enjingipun pulisi atiti pariksa. Saged anyepeng tiyang sakawan ingkang anyalawados saha anglacak ketesing rah manggih bangke wonten ing sabin nandhang tatu pacar wutah sarta gulu tabel kakekrek.

Kala wulan ingkang kapengker abdi dalem pangagenging dhistik jati nom {bayalali} sampun amikut tiyang anama wongsa wijaya. Ing dhusun gayam {karta sura} sarta kagledhah salebeting griyanipun kapanggih bekakas seratan warni-warni. Ing sajawining griya sacelaking griya kandhang kapanggih wujud cap cacah. 3. Iji. Miwah gincu kawadhahan ing cepuk dene ungeling saseratanipun cap tiga wahu. Ingkang satunggal kasebut panewu dhistik ing grogol ingkang satunggal panewu dhistik ing masaran ingkang satunggal panewu dhistik ing kedhung gudel ananging tatela cap wahu palsu. Kacihna wujuding saseratan boten saged terang. Wondene purwanipun angsal katrangan kados ingandhap punika.

Teliking dhistik jati nom amratelakaken asring-asring wonten raja kaya peteng ingkang kasade wonten ing peken jati nom amargi sampun mawa serat lulusan sarta cap inggih punika saking pakretinipun wongsa wijaya wahu. Para durjana ingkang sampun amimitran kalayan wongsa wijaya. Saben pamandungipun angsal raja kaya anedha serat lulusan dhateng wongsa wijaya. Sarana bayar arta. 5. Dumugi [] rupiyah saksana dipun sukani serat lulusan sarta mawi ka[] but ing nginggil wahu salah satunggal raja kaya lajeng kasade dhateng [] di-pundi masthi pajeng. Jalaran para pulisi ingkang jagi []

Igewa bilih lulusan cap palsu. [] cu abrit mila lajeng kacepeng kados kasebut ing nginggil wahu.

Ah. Ingkang andadosaken cuwaning manah sakedhik dene pun wongsa wijaya. Sareng kakunjara wonten ing kadhistrikan jati nom saged murca dumugi sapunika dereng pinanggih. Mongka kacepengipun wongsa wijaya wahu badhe kathah paedahipun ing ngatasing tata tentrem. Dene wujudipun wongsa wijaya kainten umur. 40. Tahun dedeg andhap badan sedheng. Kulit kuning rahi bunder brengos pilingan gethek suku belang. Bilih wonten ingkang kapranggul prayogi kaandhieg.

Mangkaten malih para pulisi ingkang jagi peken sarehning sapunika wonten rarekan mangkaten saben anguningani pajenging raja kaya ing peken kedah amratitisaken capipun.

Nalika ping. 22. Wulan ingkang kapengker. Tiyang anama setra drana ing dhusun morisan {bayalali} dalu angubengi tanemanipun pantun ing sabin ing ngriku sumerep wonten saweneh ing pawestri abikut nyethuti pantun setra drana saklangkung kagawokan ngantos sawatawis dangu anggenipun mratitisaken pangunguning manah dene pawestri nembe ambangun krami teka angagengaken tekadipun purun anyolong pantun. Ananging sang pawestri saya sengkut pamendhetipun pantun setra drana boten saged nahanaken manahipun saksana pawestri kapikut dalam angsal-angsalaning pantun sapocong. Lajeng kaladosaken ing dhistik samekta busananipun kalung dhadhung cinengkalak. Dupi kapriksa ngaken nama bok sadikrama. Ing majasta. Sarta ngaken mila ngantos nyolong pantun ing wanci dalu jalaran saking kablebedi malarat.

Ing samangke dhusun bawah kabupaten bayalali sampun brinik-bribik kaambah sasakit kasrepen saha panas sanadyaan para tiyang sami amastani sasakit wahu sampun limrah saben sabibaring panen pantun slamet ananging bilih katungka jampi kenine adatipun lajeng saged mendha.

Ing nalika tanggal kaping. 27. Ruwah bok resa sentana griya ing dhusun klathen sangking mlaratipun tilem wonten ing jogan kaliyan anakipun alit-alit sareng wanci jam. 12. Dalu wonten saawer dumung sangking kebon dhateng jogan lajeng nyakot tanganipun tengen bok resa sentana. Sareng kraos yendipun cakot ing sawer. Bok resa sentana. Bengok nedha tulung sarta lajeng boten emut dene tongga tepalih sak nalika sami nglayat wahu sawer teksih kekanthil panyakotipun dhateng bok resa sentana wahu. Sawer lajeng sami dipun pejahi. Resa sentana sakpunika badanipun sakojur sami abuh sadaya. Sarta mawi nandha sakit budheg ingkang punika para sarjana aparinga barkah. Jampenipun tiyang dipun cokot ing sawer.

Ing nalika tanggal kaping. 8. Pasa punika wanci pukul. 3. Siang wonten kuli sangking setatsiyun kalathen. Ambekta pethi blek beskuwit kabekta dhateng pacinan kalathen. Sareng dumugi margi ageng. Kaleresan kapethuk babah buyut li bwan swang tukang pak ing klathen wahu kuli kadugi nyalawados lajeng kacepeng kaladosaken dalah saktiyangipun kunjuk ing parentah ageng. Wahu pethi sareng wonten ngarsanipun parentah kapriksa kabikak. Isi candu. 128. Tahil. Langkung. 10 mata. Dene kuli ingkang bekta punika kakinten boten memper yen gadhaha punika. Lajeng kawangsulaken dhateng setatsiyun. Dene babah bwan swang wahu sampun kacihna kawekelanipun genipun nyepeng pak dalem. 4. Tahun boten kirang satunggil punapa. Tuwin sampun kasosra ambeg santosa alusing buda. Boten tampik amimitran mila para babah ingkang nem-enem mugi angirib-iriba kados ingkang kasebut punika. Wahu candu sakpunika parentah sawek ngupadosi katranganipun ingkang tamtu gadhah candu wahu.

Surabaya

Ing kabupaten. Wonten rare kakinten ngumur kalah dasa dinten rare wahu sirahipun kakalih. Badanipun sarwa sae sadaya. Ananging sawatawis dinten rare wahu badhe kabekta dhateng ing griya pamulasaranning tiyang sakit badhe kapriksa dening dhokter ingkang sampun misuwur kawigyanipun anyatakaken purwanipun.

Ing kampung ngemplak kretapaten wonten saweneh ing tiyang jawi darbe ayam anakipun ayam wahu sukunipun sakawan wujudipun sukuning kakalih iji dumunung limrah ing panggenan ingkang kalah iji dumunung wonten wingking sarehning kalebet aneh ugi andadosaken tatingalaning ngakathah.

B. T.

Warni-warni

Tahun punika winastan tahun akbar. Inggih punika ingkang pinunjul piyambak saweneh ing tiyang ingkang sami tawab dhateng mekah anuju tahun punika. Ganjaranipun tikel pitu. Mila ing samangke kathah para tiyang ingkang minggah kaji saanak rayatipun.

Wulan ingkang kapengker punika ing bawah kabupaten kendhal tiyang minggah kaji jaler estri nem sepuh gunggung. 300. Iji. Mongka bayaranipun anumpak bahita saking samarang dumugi ing jodah satunggal tiyang apesipun. 110. Satus sadasa rupiyah. Salebetipun wonten ing bahita bilih anyewa kamar ongka. 2. Amasti bayar. 375. Rupiyah. Dumugi sapunika taksih anggili kemawon para tiyang ingkang anedha serat pas dhateng kabupaten sumeda tawab dhateng ing mekah wahu. Sarwi anelakaken arta badhe sangunipun. 102 rupiyah. 50. Sen utawi 125. Ringgit.

Wondening para tiyang ingkang sami badhe minggah kajeng wahu. Kirang. 1. Tuwin 2. Dinten saking angkatipun lajeng angumpulaken para mitra miyah para kulawarganipun rarengganipun awarni-warni. Wonten ingkang tahlilan wonten ingkang maos serat prajangji. Saweneh ati lawat mahulut sesenengipun piyambak anggenipun asuwilujeng dhumateng kang sami nedya amangun tekat suci.

Serat pawartos saking nagari cina anyariyosaken apitaken dhateng nagari rus punapa nagari rus badhe saged angbeki mimis latu wonten ing nagari cina. Bilih boten mangkaten bab pangepongipun wahu saestu amung badhe anuntuni karugiyaniipun para tiyang bongsa kulit pethak ingkang dagang wonten salebeting nagari cina.

Serat kabar jawa kasete anyariyosaken ing nagari manjiriya ing ngajeng mimitran kalayan []. Sapunika mimitran kalayan [] ten. 12. 000.000. kirang paidah tumrap ing nagarinipun piyambak. Mila gupremen rus bilih saged ngangge wadya bala wahu ingkang piliyan saestu badhe tambah santosanipun wonten ing samodra cina.

Gupremen rus sampun santosa sanget anggenipun sumeda anggepuk nagari cina. bahitanipun prang ingkang sampun dumunung ing samodra cina. 13. Sanesipun bahita prang ingkang sangking nagari jinggit asiya. Minim badhe katambahan malih bahita prang saking nagari prinse bogarge.

Tamatipun bab agamining tiyang pulo bali

Yen sumpah tanah. Ing ngriku amung ngombe sarana toya nglantingen dene toyanipun terkadhang mendhet toya sumur padewan saweneh mendhet ing lepen kemawon menggah temahanipun kacriyos boten sanes pundi ingkang dora saestu amanggih cilaka.

Sawarnining tiyang bali. Bilih ngajal layonipun dipun obong. Ananging manawi tiyang alit amung sakedhik wragadipun sarta rerengganipun inggih alit.

Wondening bilih panjenenganipun raja kakung ingkang seda. Wrgadaipun langkung saking kathah. Aamargi saking sawarnining sinjang-sinjang ingkang kadamel rerenggan awarni sutra sadaya. Kajeng-kajeng amben-ambenan mawi dipun cet miyah kapraos punapa malih para garwa selir asring kathah ingkang tumut bela obong. Dene patrapipun makaten.

Ing salebetipun pirantos obong kadandosan wahu estri ingkang sami badhe bela. Ing saben dinten boten sahsah kawulang sawarnining montra-montra dhateng raja pandhita. Tuwin dipun cariyosi sadaya wijangipun agami kamuksan kacriyos tiyang bela ing laki punika denten kamuksan manggih sawarga agung ingkang tanpa kinten-kinten sarta kekel salaminipun. Tur boten pisah klayan raja ingkang dipun belani. Denten lumebetipun obong makaten. Wahu estri mangangge sandhangan ingkang sarwa sae. Sarta inggal-inggak tuwin suci-suci. Bilih brama sampun mulat-mulat estri wahu lajeng minggah ing ondha deling. Ingkang inggilipun sami kalayan badhe. Yen sampun wonten nginggil mawi mlampah-mlampah sarta mesem-mesem tanganipun tengen nyepeng jungkat tanganipun kiwa nyepeng pangilon alit lajeng jajungkatan sarta angilo. Noleh aningali ing brama lajeng mesem. Amargi brama ingkang mulad-mulad wahu katingalipun warni toya. Saking dene agenging kahantepanipun sarta bingahing manah katonton dening tiyang kathah. Mila adamel pratondha eklasing pejahipun sareng sampun dumugining mosa. Raja pandhita lajeng angabani kados adatipun estri ingkang badhe bela. Lajeng inggal-inggal nyandhak paksi titiran prekutut sarta pangilonipun dipun selehaken. Tumunten raja pandhita angabani malih. Sang estri lajeng enggal mandeng brama. Boten antawis dangu lajeng anjlog paksi titiranipun dipun culaken lajeng mabur. Ing ngriku sadhwahing sang estri ing brama wahu enggal-enggal dipun sirami lisah kalapa pinten-pinten wadhah. Brama sangsaya mulad-mulad. Inggih punika tiyang estri kasebut setya masetya dene manawi kathah tunggilipun tiyang estri ingkang badhe setya lebetipun ing brama gentosan dene patrapipun boten sanes mongka manawi raja ageng ingkang seda. Saestu tiyang estri kang maset kathah. Alitipun 2. Iji. Ageng dipun. 15. Iji. Malah carakan panakawan ugi wonten ingkang asring tumut setya masetya.

Saking bab estri ingkang sami setya wahu. Sanajan makatena ama[]gi sami bingah mirengaken wijangipun agami kamuksan langkung ageng ganjaraning dewa. Dhumateng tiyang estri ingkang setya ingkang kaping kalih angraosaken susah. Bilih randhaning raja boten kenging semah ing salaminipun gesang. Sarta boten kenging kesah-kesah saking salebetung puri. Kang mongka garwa seliring para raja ing tanah bali punika. Kalebet kathah ngantos 30. Ageng. 60. Iji.

Wondening tiyang alit-alit ing dhusun sasaminipun inggih asring kathah estrinipun setya dhateng ingkang jaler patrapipun ageng alit boten sanes. Pramila tiyang ing ngriku punika awis ingkang sugih. Amargi tiyang obong ingkang miskin [] wragadipun ngantos telas. 500. Ringgit ewa makaten saben tiyang saged mrugadi. Saking dene tumemenipun kanthi prihatos anggenipun ngupados wragad.

Ingkang saupami tiyang ingkang sanget kamlaratanipun mongka tiyang sepuhipun ngajal inggih dipun pendhem rumiyin dhateng sema. Ananging pamendheming layon kedah dipun arak ingkang klayan suka-suka. Sanajan botena gadhah pisan inggih selang sambut dipun lampahi. Demadakan inggih wonten ingkang ngendel pamendheming layon mujur ngaler ngetan sasampuning kapedhem lajeng dipun sembah kaping. 3. Lajeng sami katilar mantuk.

Manawi ahli warisipun sampun gadhah wargad wahu bangke dipun dhudhuk sawarnining tosan kapendhetan sadaya. Dipun wadhahi ing bandhosa. Tumunten kabesmi. Ugi kados dening ing nginggil wahu wragad tuwin patrapipun.

Ingkang saupami sampun kalamen sanget kang mongka badhe kaobong. Boten susah mendheti toyanipun amung kadamelaken gambar sarana saking kambengan dipun endha tiyang lajeng dipun []nami. Dipun cipta-cipta warisipun ingkang sampun ngajal tumunten dipun basmi.

[] tiyang ajal ingkang pejahipun jalaran manggih paukumaning raja. Jalaran saking [] ten kenging dipun besmi tumunten yen dereng laminipun. 11. Tahun. [] pun inggih amung kagambar saking kambengan kados ingkang kasebut nginggil punika. []

] ingkang sampun sami kasebut nginggil wahu sadaya amendhe[].

[] ingkang turunan kitab saking jaman kina. [] mastani rontal agami. Saking karanganipun sanghyang wisnu tuwin empu kreta. Ingkang wonten ing tanah bali.

Sawarnining rontal agami. Kadosta rontal agami paukuman rontal kamuksan makaten sasamenipun. Punapa malih rontal cariyos ingkang mawi sekar. Kadosta rontal wirwa. Wiwaha. Rontal rami. Rama. Sasaminipun saseratanipun sadaya sastra jawi. Ananging wonten sanesipun ing warni sakedhik sarta sastra bali punika tumrapipun wonten carakan namung. 18. Iji makaten. Ha, na, ca, ra, ka, ga, tha, ma, nga, ba, sa, wa, la, pa, dha, ja, ya, nya. Dados ingkang boten wonten sastra kalih. 1. Sastra da. 2. Sastra ta. Ananging ing rontal-rontalipun inggih wonten sastranipun. Da tuwin ta. Nanging pakecapanipun ing lesan sami kemawon sastra. Da. Inggih kecap. Dha. Sastra ta inggih kecap. Tha. Denten anggenipun mrabedakaken sastra. Da tuwin ta. Manawi tumrap wonten ing rontal tembung kawi-kawi. Yen tumrap wonten ing tembung krama boten wonten sanesipun. Da inggih kecap dha. Ta inggih kecap tha. Mila tiyang bali sastra da punika kawastan dharambat sastra dha kawastan dha madhu. Dene sastra ta kawastanan tha dhanthi. Sastra tha kawastanan tha lathip. Menggah sastranipun suwara. 5. Kadosta. A. o. u. da. ta. Dados sastra da lan sastra ta punika lumebet ing sastra swara. Mila anglebetaken ing sastra suwara. Amargi da lan ta. Boten lumebet wonten carakan.

Wondening sandhanganipun sastra sami kemawon warninipun ananging anggenipun mastani sandhangan wahu sanes kaliyan jawi.

Kadosta	surang (ng)	Tiyang bali mastani megung macelek
"	cakra (kra)	" " megung
"	(h)	" " bisah
"	nya	nanya
"	layar (r)	surang
"	pangkon	mathegul

anjawi saking punika. Boten wonten sanesipun ing warni miwah naminipun denten bab ongka angkanipun boten sanes.

Menggah sawarnining rontalipun tiyang bali wahu. Kacriyos kathah ingkang kawikeling. Tuwin kawi bumi kawinipun piyambak dening sekarpun kathah ingkang sami ngangge sekar ageng pramila tiyang saged sastra. Masthi sumerep tembung kawi tuwin sekar ageng sasaminipun.

Adhuh sang para sarjana mugi-mugi karsa paring barkah kawelasan dhateng kawekening manah kula. Dene ingkang andadosaken bundheling manah amung saking bab petang wondene senepanipun kados ing ngandhap punika.

Wonten tetiga tiyang awasta pun a be se. punika wahu tiyang tiga sami tilem sedaya. Ing wusana tiyang wasta pun dhe dhateng. Sarta ambekta wohing dhuku. Who dhuku lajeng katilaraken dhateng ingkang sami tilem boten dangu pun A tangi. Sareng priksa wonten dhuku lajeng kapara tiga leres tan mawi langkung. Ingkang sak duman tumunten katedha sareng sampun nedha lajeng tilem malih. Dene ingkang kalih duman wahu sareng pun be tangi ugi kapara tiga. Katedha ingkang sak duman lajeng tilem. Selajengipun wahu tiyang tiga sami tangi sedaya. Dene dhuku saktirahipun kapara tiga jejeg tanpa mawi nyuwil. Amung punika ingkang kula suwunaken priksa. Anggenipun bekta dhuku pun dhe. Sapinten. Sarta kados pundi anggenipun ambage. O punika rehning kula sanget balilu saestu badhe andadosaken sanget bingahing manah. Saha ing seklangkung langkung panuwun kula dhateng ingkang welas paring keterangan.

Katandhan tember

Panjurung

// tuhu dahat arseye tyas mami. Miyat warta bra martani ongka. Tri dasa juga. Miyose. Wonten ingkang manjurung. Agung gita silih ing nami. Nimpung namah arjeng rat. Rat karaketipun. Mung nguwudharing duhkita. Pra sarjana. Kang sumrambah bra martani. Laela prameng sastra.// krana mangky. Wimbaning pawarti. Wetah saking mijil juru gubah. Tan sinung rereng rarase. Saking pra prawiragung. Kang manderah rahswaning kapti. Temah kintaki warta. Mesum sumehipun. Wit saking samat sarjana. Lagya jingjang tan kawarta mrih arjanting. Agriding upama lata.// lunta-lunta. Kang taru taritip. Atap kapang kang singaron aglar. Gelasar ruru erone. Marmanta para agung. Bagya muga lestari mungging. Bra martani anggiyar. Lalayaring kayun. Yuwananta dimen dadya. Darsananing kang para cupeting budi. Budaya kawidadan.// tar len mangky. Sarko reng tyas mami. Minta kasdu darweyanta para sarjana seneng sunare. Agelar rasa madu. Mandum wigya. Mring [] gi. Mangayun-ayun wigya. Sastra basa sadu. Titi sampating []. Saking kita jajaka wiwara manik. Tondha sujakirana.//

Candhakipun cariyos sawalaning mahenda kaliyan sima tutul

// Brata sena rikat ing panatap ira. Teponging marga pati. Mong nolih ageng grang. Tutuk ira angablak kuku ngrangab mingid-mingid angalad-alad krodha nira tan sipi.
// wikitida labet dening kaprejaya. Ing tyas suu ngigit-igit nya bisa males saha munah satru jaya. Tan ketang temah katitih. Angger kelakyan ngereg sirahing tandhing.
// nanging sigra katungka timbalan nata. mahenda kang sisilih. Nama singgun kara. Kinen nengah ing yuda. Kasinga tandyu pinuruh. Lumebu marang grobog ira wus manjing.
// tan antara wahu sira singgun kara. Prapta ing ngayap dening. Para pamongira. Cinulaken saksana. Neng madya papan piranti. Ajagi lengan siyaga yitneng westhi.
// tan sah ngungak panah ingkang marga dipa. Gambira nolah nolih. Anulya kang singa. Winenganen wiwara. Gora sabd ageteri. Sang singgun kara. Atatag datan gingsir.
// dupi mulat marang sira marga dipa. Krurayanira luwih. Gya minger kapita. Anatap mungsuh ira. Tinitir awanti-wanti. Temah palastra. Anjer babah ing siti.
// agumuruh surake kang wadya kalang. Lan para kang ningali. Umung barung lawan unining kang pradongga. Tabuhan ayayah kadi. Ngayuh ngawiyat ngombul kene arja ladri.
// tan dya wonten dhawuh timbalan narendra. pinrih ngedalken nuli. Ri sang singgun kara. Ri sampunnya umedal dhawuh nglebetken mong malih. Pra gandhek samya. Sigra-sigra angambil.
// marga pati wus caket papan paprangan dhawuh timbalan aji. Baru klinthingira kinon nglebetken marang. Pangabeanan wus amanjing. Jegreg umiyat groboging marga pati.
// anjanggirat janggilengan ngungak-ungak mapanaken kang taji. Pusaka ampilan aran pangurah mengsa. Madhilengne trangalirik pra tandhek samya. Murih wimbaning warik.
// marga pati kagyat umiyat apkendra. Gora sabda ngajrihi. Amringis tutuknya. Ingisis jathanira. Sanitya sang grenggaro mrih. [] da lumajar. Anging sang baruklinthing.
// teteg tatat angadoni ngadilaga. Gandheh sigra nyogoki. Kang singa nya medal magala nyahut menda. Tadhah sira baru klinthing. Taji marjaya. Tutuk mong mili getih.
// dhoko jengkeng marga pati nya tinatap lempeng kanan kang kenging. Gantya napuk nyakar. Ngruwек kuku sarosa. Ginudag mong gantya gigit geget apanggah. Caruk rok silih ukih.
// kanin taji marga dipa suu lumumpat mencok ing nginggil krangkeng. Sinogok saksana. Anjog mudhun anjangkah. Jangkah-jinangkah aganti. Mubeng puteran gantya amet anith.

Taksih wonten candhakipun.

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Kisas

Punika tembung arab menggah tegesipun patrapanping nagari ingkang katandukaken sumerep pamales dados ingkangkeng dipun diyati utawi kenging katebus piawon amejahi utawi anatoni tiyang. Ing tembung arab winastan janayat punika kenging patrapan kisas utawi kenging dipun diyati. Pramila saking pamanggih kula bilih tembung kisas kaangge anjarwani patrapan pejah punika dereng pikantuk sanadyan tembung wahu sampun kalantur kaangge. Amurih keplokipun ing dhawah kalayan lalampahing kadi pun patrapi. Punapa boten kagalih prayogi. Bilih ing tembe tembung kisas kasantunan tembung sawantah kemawon.

Terus ing byantaranning sarira saged. Juru ngarang

Kula mireng terang bilih nagari anggalih prayogi. Supados saged wangslu tentreming wanci dalu. Para awon ingkang asring angranggep dedamel saha anandukaken tatembungan asu celeng. Sami badhe kapatrapan ukuman pejah.

//oo// sinawung sinom pamalad dhanganing tyas angaturi. Manjuru mring tuwan ingkang. Mangarang srat bra martani. Mongka tambah pawarti. Wartaning surakarta nung. Mas umum sutanira. Mas ngabehi wana pati. Unggyanira amasang bakungkung angsal.// srenggala rimba cacahnya. Sajodho priya lan estri. Bok manoweku srenggala. Kang winastan ajag anjing. Nanging weneh mestani. Sona wawar rupanipun wulu bang kadi kidang. Nadyan karna angemperi. Mung pasemon sisikutaning kang angga.// meh tan siwah lan srenggala. Kang winastan sona anginmung beda rembyat ikunya. Inggilira wahu anjing. Ingukur astha wlasdim semu dlondeng badanipun dene samangke sona. Sinaosken konjuk maring. Narpat maja kang ginadang madeg nata.// titi konjuk ingkang sona. Dite sangkaraning sasi. Puwaso wawu tinengran sewu wolung atus luwih. Sasanga gustus kaping dwi likur angkaning tahun sasra thatus kang tenggak wolung dasa kang lumaris srat panjurung katandhan tuhu wawarta.//

pawartosing kathah parentah kabupaten bayalali sampun saged anikud para durjana ingkang sampun anacak ngecu griyanipun demang niti wijaya ing dhusun tras {bayalali} kang kocap wonten ing kabar bra martani ongka. 24. Malah pun julig sampun kapriksa rol kabupaten kaleres minggah ing pangadilan dalem pradata ageng. Kilap kadadosanipun.

Tur punika sawek nacak kemawon dereng ngantos angsal barang. Ewadene sarehning amintir pangudining pulisi ugi meksa angsal katrangan.

Nalika yanggal kaping. 4. Wulan punika. Para tiyang ingkang sami nyambut damel wonten ing pabrik bangak wonten patrap ingkang angaget-ageti ngantos saged anjalari lampahing gilingan wondening purwanipun kados ing ngandhap punika.

Tiyang kuli kakalih ingkang sami nyambut damel kuli gendhis saking jedhing ler-leran gendhis kaesok ing puteran saringan sarehning panyambutipun damel sampun amempeng sayah saha arip jalaran sampun jam. 5. Enjing. Lampahipun mawi anglangkungi setreng lulang ingkang tumemplek ing rodha kang mubeng lir pendah kikitiran adatipun para kuli saben anglangkungi ngriku sampun waspada anglangkahi setreng wahu. Sarehning sampun ngantuk dados kirang waspada setreng kang mubeng kaidak pun kuli kang mikul kaleres lajeng katut ing setreng dhawah malumah. Ponang setreng tan nedya ngendeli lampahipun ingkang sakalangkung wanter. Katemahan gigiring kuli kabenet wiyaripun ngantos. 2. Kaki. Panjangipun. 1. Kaki. Sanalika pun kuli kantaka. Dene kancanipun kuli ingkang mikul gendhis kaleres ing wingking ugi kageblag boten kagepok setreng. Ananging kabagiyan manculating pikulan amapek sirahipun ngantos kenger. Katemahan anandang kantaka. Gendhis ingkang kapikul amuncrat angebeki sang kuli kakalih. Sanalika wahu tiyang ingkang sami nyambut damel ing salebetung pabrik agugup bilulungan amargi sepening saserepan dene kuli kakalih sareng kantaka. katempuh ing babaya punapa. Dupi sampun kapratitisaken kuli

kakalih lajeng kagotong kaaturaken uninga dhumateng tuwan ingkang anguwasanipun ing ngriku. Sarta lajeng kaparingan jampi. Kilip wasananipun.

Punika bilih para gugon tuhon sami amaratah mastani mangkaten lah mongsa wurunga. Wong adate yen giling masthi nganggo pasamuwan wasana saiki ora nganggo barang-barang mula akeh kang kabaman kabaya.

Salatiga

Nalika malem dinten salasa tanggal kaping. 10. Wulan punika griyanipun demang kreta serana ing presil goli. Dhistrik tengaran kinten jam 12. Katempuh ing babaya kadhatengan juru pangroda. Durjana kecu. Kakinten tiyang. 8. Iji. Para pangroda praptanira samekta latu obor jujug ing satengahing griya pandhapi. Ing ngriku tiyang anama pak tabir ingkang lagi pandhapi wahu. Saweg nembe sakeca anendra. Dipi kasulaking latu obor. Saha kagyut swaraining para pangroda. Anjanggirat sumeda lumajeng. Para pangroda tansah anggelaraken aksujanipun anyapta balih pak tambir nedya ananggulangi lampahipun saksana para pangroda lajeng anamakaken dadamelipun alu sarana kapenthungaken tinitir dhumateng pak tabir. Saking bantering pamupuhira pak tambir tan saged anggulawat sanalika kantaka.

Demang kreta sentanadupi amiyarsa sabawaning para pangroda. Ingkang wonten ing salebetting griya pandhapi. Sakamantyan guguping tyas mijil saking wisma anjaranthal saksana sisingidan. Para pangroda lajeng angejegi salebetting wisma. Abikut pamendhetipun barang dumugi sasedyanipun gugung angsalangsalanipun arta. 1100. Rupiyah. Kajawi ingkang warni barang dupi sampun dumugi pamendhetipun barang. Para pangroda asigra-sigra unduripun rarengganipun obor taksih lastantun saking pirenaning manahipun pratondha wilujenging lampah. Para pangroda awon ngangur cangkinganipun obor katemplekaken payoning griya pajagen sanalika mubal griya satunggal telas.

Anyarengi dalu wahu wonten saweneh ing bekel ing bawah dhistrik baran lumampah kapethuk sang para pangroda. Pun bekel sampun waspada bilih ingkang kapethuk punika para pangroda. Ing ngriku pun bekel angungasaken kawanteranipun amapakaken para pangroda kalayan tanpa dadamel. Saksana para pangroda apanggah lajeng anandukaken dadamelipun waos. Pun bekel tangkis cikat anampeni waosing pangroda kenging karebat pisah kalayan landheyanipun para pangroda boten anggrahita bilih landheyan ingkang katandukaken wahu tanpa waos mila sangsaya mempeng anggenipun anamakaken landheyan wahu. Pun bekel tadhhah tan nedya miris kataman ing landheyan sarehning pun bekel sampun alempo-lempe saha kenging pinarjaya sawatawis dados kaseser yudanipun awit karobing kathah. Para pangroda angles palajengipun anyipta bilih pun bekel sampun palastra

Nalika dinten rebo pak tambir kalajeng palastra. Awit sakit nalika katempuh ing pangroda wahu.

Mongka nalika dhatengipun para pangroda wonten tiyang kapalan. 10. Utawi. 12. Iji. Ingkang pinuju mondhol ing griyanipun demang kreta serana. Ananging sami boten purun tandang. Saupami tiyang . 12. Wahu purun tandang saestu saged amikut para pangroda. Pancen pantes tiyang ingkang makaten punika kapatrapan paukuman.

Wondening samangke wadana tuwin asisten wadana ingkang ambawahaken mempeng amratitisaken gumelaring nalar kados kasebut ing nginggil sarta sakalangkung pangudinipun katrangan.

Kendhal

Nalika tanggal kaping. 28. Wulan ingkang kapengker. Tiyang anama bok mirah ing kauman gadhah anak ananging wujuding jabang bayi tanpa sirah. Kang kaleresing sirah ugi wonten wujudipun anamung gepeng lonjong lir sirahing bulus. Ingkang andadosaken cuwaning manah dene jabang bayi umur. 3. Dinten lajeng palastra.

Lembunipun raden adipati. Ingkang kadunungaken ing dhusun sidamukti. Pedhetipun darbe buntut kakalih. Dados kagunganipun raden adipati wahu lembu ingkang aneh sampun kaping kalih. Ingkang rumiyin lembu manak pedhetipun medal kalih.

Samarang

Tiyang anama bok melas gagriya ing dhusun tegal kangkung. Dhistik srondhol nalika dinten senen jam. 8. Enjing darbe anak jabangipun bayi medal. 3. Iji. Ingkang kakalih jaler ingkang satunggal estri. Wondening ingkang estri wahu kenging kawestanan aneh. Jalaran kupingipun awiyar wiying mripatipun sami kalayan bundering arta sen tigang dhuwitan mila para tiyang ingkang celak ing ngriku kathah sami aningali. Sarta anyukani arta sakuwasanipun dhumateng bok melas wahu.

S. M.

Nalika dinten rebo wulan ingkang kapengker. Lurahing dhusun tempurung dhistik singen kidul kadhatengan babaya juru pangroda durjana kecu kakinten tiyang. 15. Iji. Barangipun ingkang kenging kabekta gunggung argi. 8000. Rupiyah. Enjingipun pulisi singen kidul lajeng saged amikut saweneh tiyang saking dhistik manggar. Saha lurahing dhusun pe grogol tuwin sadherekipun lurahing dhusun be dhistik singen lor. Inggih punika saking pangudining pulisi ingkang sampun sami kadakwa angecu wahu.

Ing dintenipun kemis pulisi ing singen kidul amikut malih tiyang kalih iji. Ingkang satunggal saking dhusun pilang lor dhistik singen kidul mawi anandhang tatu. Saha kagledhah salebetung griyanipun kapanggih cihna kancing darbekipun ingkang kakecon sanalika durjana lajeng kalebetaken ing griya pamulasaraning tiyang sakit ingkang satunggal tiyang saking dhusun balo dhistik singen lor. Saking pangudining pulisi inggih punika durjana ingkang sampun angecu wahu.

Dintenipun saptu ugi sampun amikut malih tiyang saking dhusun balo. Amargi kaembet durjana kecu ingkang sampun anadhang tatu wahu. Dene durjana ingkang nandhang nalika kapriksa amratelakakenbilih ingkang marjaya dhumateng piyambakipun punika tatela kancanipun piyambak kakinten tiyang tandang. Amargi kala angkatipun angecu sampun mawi pratondha. Sadaya para pangroda sami akakalung janur kuning. Wasana antukipun tengeranipun janur kuning sampun asirna. Amila kacipta bilih sanes kancanipun saksana kataman ing dadamel kawaos saha kalinggis miwah kapopor ing sanjata.

Wondening pun tatu sasampunipun mentas pinarjaya saking boten saged ana-anaken sasakitipun ngantos anemahi ambruk wonten ing margi. Dupi sampun saged malampah lajeng asingidan ingkang sakalangkung parimpfen sanget. Kapikutipun punika amargi mirit saking aturipun para durjana ingkang sampun kapikut rumiyin.

Mangkaten malih kabayan ing dhusun pe. Grogol. Nembe punika ugi kapikut amargi kacihna sirah saha gigiripun tatu.

Surabaya

Rare ingkang darbe sirah kakalih. Ingkang sampun kasebut ing serat kabar ingkang sampun kapengker. Katranagan umuripun rare wahu saweg. 21. Dinten aslinipun saking dhusun gunung kendheng surabaya. Sakalangkung kathah para tiyang ingkang aningali. Sarana mawi ambayar satunggal tiyang. 50. Sen. Ing dalem sadinten kalempaking arta boten kirang saking. 500. Rupiyah. Para tuwan saha para bongsa sanesipun salebetung nagari ngriku utawi saking monca nagari anggili numpak kareta latu parlu aningali rare sirah kalih wahu.

Sakalangkung bingah marwata siwi. Dening ing pustaka kabar bra martani ongka. 31. Wonten mitra kula ingkang manjurung paminta. Kang supados para sarjana karsaha amaelu malih anjateni bab tegesipun tembung-tembung ingkang adamel kawekenipun manah punggung. O saiba anggenipun badhe wewah gandhes mesesipun ing pambaratanipun bra martani. Bilih pangajeng-ajeng wahu saben kasambadan. Mongga ta ki sanak sami kagaliya kang kalayan pangesthining tyas panyipta dama. Katimbang ngarang bab criyos criyos sasamenipun ingkang sakedhik pikantukipun tur dahat rekaos nalika badhe murwani anganggit ingkang kawontenanipun boten nyipati piyambak sarana narutus tataken tuwin andhedhes kalabetipun badhe angsal kabar ingkang terang. Ingkang makaten wahu saestu anyelaki ing suda wewahipun benten kaliyan karsa amurwani ngarang paring jarwa werdinipun tembung-tembung kadosta ing nginggil wahu. Ingkang wasis anambahi kawigyan kapung kalih sinebut moncer sresek ing panggalih. Kula gadhah atur ingkang makaten wahu gek sampeyan ngandika makaten wong wis ora monyos dhewe ngono gawene sok bumbon-bumboni. O manawi makaten kula lajeng dherdheg wel-welan.

Katandhan jaka radita swara.

Ing bra martani ongka. 34.

Panjuring saking klathen ingkang anyariyosaken kasangsaranipun bok resa sentana griya ing klathen. Kacokot ing sarpa dumung ingkang andadosaken abuh ing badan sakojur. Miwah kawewahan karnanipun kalih budheg sadaya. Inggih saking sumrambahipun wisa wahu. Sareng kula maos gancaring cariyos wahu sekala enget ingkang sampun kacariyos ing dalem serat kabar tahun. 1865. Bilih wonten tiyang kinging wisanipun sarpa. Klabang. Kalajengking utawi tawon. Punika kajampenana. Bedholanipun patikan klayan meniran. Patrapipun makaten. Samongsa sampun angsal patikan kaliyan meniran sekalih-kalihipun kapendheta dalah oyodipun utawi rondhenipun sampun ngantos kabucal. Lajeng kakumbaha ingkang resik. Sasampunipun resik lajeng kageceka ingkang rubyuh rubyuh kimawon sampun ngantos ajur sanget punika tumunten kagodhoga wonten ing kriyuk wadhad wedang dipun toyanana toya ciyu arak bilih panggodhogipun sampun kawatawis rumasuk pun patikan klayan arak wahu. Mongka kawawanga.

Panggremetipun wisa bilih sampun malebet ing dalem badan tiyang wahu perlu kaunjukan bilih sampun ngunjuk panggodhogipun kalajengna. Samongsa sampun katingal buket carubipun gecekan patikan lan arak wahu tumunten kaentasa. Lah punika sasampunipun manget-manget lajeng kausapna dhateng labet ingkang dados margining wisa. Utawi bilih badan sampun abuh sadaya inggih lajeng kablonyo hna sadaya dhateng badanipun tiyang ingkang kawisan wahu.

Awit saking angsal kula pamireng dumugi sapriki watawis sampun kaping. 5. Kapara langkung kula jampeni punika andadosaken mulyanipun. Mila kula mrayogekaken bok resa sentana kajampenana kados atur kula ing nginggil. Kapara ingkang sampun-sampun kajampi makaten wahu. Kangge jampi tiyang ingkang asring gadhah sakit wuntak erah inggih saged tulung.

Wasana saged saras utawi boten kula nyumanggakaken. Awit ing ngatasipun titah sampun pinatah patah panjang welakipun.

Karang turi kaping. 22. Agustus 1880.

Katandhan pun rongga karangrang.

Batanganing cangkriman wohing dhuku. Ingkang kabekta pun dhe.

Tanginipun. A. dhuku kapara tiga. Sadumanipun. 27 iji. Kakantuna kalih duman wahu cacahipun. 54 iji.

Tanginipun be. Kapara tiga. Sadumanipun. 18. Iji. Kakantunan kalih duman wahu cacahipun 36 iji.

Tanginipun se kapara tiga malih. Sadumanipun 12 iji. Kakantunan kalih duman wahu cacahipun 24 iji.

Sareng titiga sami tangi a be dhuku kapara tiga. Sadumanipun. 8 iji. Dados etang kula dhuku ingkang kabekta pun. Dhe. Kathahipun. 81 iji.

Katandhan atmajaning tukang kerok. Kasidin aliyas trawongsa.

Panjurung wangsulan

Kula sampun anupiksni ing bra martani ongka. 34. Ingkang nembe kapengker punika. Ing ngriku wonten pangadhuhipun prayantun ingkang asisinglo nama tember. Menggah ingkang kaadhuhaken wahu saking kawekenipun ing bab petang. Kados ingkang sampun kapratelaken.

Ing mangke kula tumarutul angaturi katranganing etangan wahu. Amrih manawi kapareng condhonging panggalih dados jalaraning pamitran ing ngandhap punika pratelanipun

Kathahing dhuku ingkang kabekta pun D. 81 iji.

A pandumanipun ingkang sapisan . 27. Inggih punika karsa pratiganing. 81. Ingkang kaping kalih. 8. Inggih punika sapratiganing kakantunanipun dados gunggung. 35. Iji.

B pandumanipun ingkang sapisan. 18. Inggih punika sapratiganing. 81. 27 utawi. 54. Ingkang kaping kalih. 8. Inggih punika sapratiganing kakantunanipun dados gunggung. 26. Iji.

C pandumanipun ingkang sapisan .12. inggih punika sapratiganing 54. 18. Utawi .26. ingkang kaping kalih. 8. Inggih punika sapratiganing kakantunanipun dados gunggung. 20. Iji.

Ananging cacahing dhuku ingkang kabekta pun. D wahu boten kenging kaugeran. 81 iji kemawon awit kenging ugi kajawab 162. 243. 324 sapanunggilanipun ingkang nyamleng ugi kaedum kados dene ing nginggil namung. 81 iji wahu ingkang sakedhik piyambak

Saking dening punika. Leres utawi lepat kula nyumanggakaken dhateng pun tember.

Anjawi saking punika. Kula tansah angajeng-ajeng ing sih wilasanipun para wigya ingkang karsa andhanganaken paring jarwa saking kaweken kula ing tembung-tembung ingkang sampun gumelar ing bra martani ongka 31. Katandhan mrasudi. Dene ngantos sapriki teka dereng wonten ingkang karsa paring kawelasan. O para dikbya. Asanget sanget panuwun kula dhateng para luktur sastra menggah kajarwanipun ing tembung-tembung dahat dados kawekenning manah kula wahu. Langkung malih kula nyuwun barkah dahteng pun tember. Mugi karsaha anggalihaken jarwanipun tembung-tembung ingkang sampun kasebut sadaya. Ti ti.

Kaserat ing semarang kaping. 17. Siyam. 1809. Katandhan mrasudi.

Pambatang cangkriman

//oo// kanthi taklim wantu-wantu. Pajampuwa tumpa maring. Mas tember ingkang katandhan wahyaning kaning palupi. Pun patik sampun nupiksa. Serat jandika kang mungging.// bra martani angkanipun tri dasa sakawan kaping. Nawa wlas gustus punika. Surasane kang palupi. Paduka minta katrangan mring sarjana bra martani.// iyeku prakawis dhuku. Kang kabekta pun dhe dadi. Pinten gunggunge sadaya. Kang mangkaten mugi-mugi. Ing ngaksama unggyan hamba. Cikat calak meksa milim.// ywan saking pamanah ulun gunggung kawan atus tuwin astha dasa langkung sadha. Menggah pangetanging patik damela cacah wandasa. Punjur wol wya kaping tri.// dados gunggung satus catur. Dasa sakawan kang luwih. Tan dya pinarad wihasal pitung dasa langkung kalih. Laju ping tri dados sira. Rongatus sat welas luwih.// cacah

kang samanten wahu. Gya pinara cacah kalih. Angsal satus langkung astha aping tiga dadi. Tri atus dwi dasa papat gya pinara cacah kalih.// dados gunggung cacahipun satus sawidak lan kalih. Samanten wahu ping tiga. Dados kawan atus luwih. Wolung dasa punjul ira. Nenem sampun boten luwih.// dhuh mas tember lamun durung. Cocoking pangetang patik laan taman saged agancar. Mugi paringa saksami. Dhumatenging badan kula. Dhuh para wigya ing tulis.// ing mangke tadrenging kalbu. Bebeging wardaya ingkin kumedah nyuwun katrangan. Dhumateng para tinangkit. Kang sampun labda mangetang. Metang sualansakedhik.// kadiparan wigyanipun. Janma kathahnya sadesi. Amerang tigan sadasa. Janma juga antuk siki anging mangkok wadhahira. Maksih tigane satunggal.// titi purnaming pangapun. Cinitra ri buda kaping. Dwi dasa wulan ramelan wawu sangkalanan warsi. Trus luhur ngesthi cangkriman tondha driya saranami.//

Malarsih

//oo// raraping tyas sanitya samardi. Amarda wadur arde wardaya. Denya sonya kasamade. Ro kajatining kayun gagaraning angkara kardi. Jaja dhaha midhadha. Yamantaka wuyung. Sudira dagda mandaryta. Trutruhing tyas katresan sujana sebit naluri liring baya.// wuryaning reh anyondra pawestri. Cundhukira budaya cindhala. Kang kasatmata tindake. Pasal juga panuwus kang winata candraning estri. Mangarad durga kerap ripaning tyas komyus masalah sileng selaga. Lamun estri lumaku magung manceni. Mangun arjeng busana.// kuwsa kuwsa mardi kang sumisih. Kendhonireng gelung ginagapan pinidih pider dumepet yen sumekan ngalunthung. Winancenan kala lumaris murih mamerak driya. Sandeyaning kalbu. Punika pandurga kerap lililinggane langgehan ongatan tan yogi. Perak keneng pitenah.// kamunahan ardaning pameksi. Priya yatna kayungyuning solah.. agya nandukken sayane. Pasal kalih winuwus durga gidrah araning estri. Ngastuti watekira. Ring basa tan arum remen awa wawan sabda. Marang priya prayane yakti yumanis. Mamanas nising driya.// tan weweka weweking sabda ris. Rinarasa datan pama maras denarah ruru asihe. Kakenanenging kayun dangu-dangu priyanira ris kontap ardaning driya. temah mangun wuwus pamawase wus waskitha. Tan kithalthel pamenthang musara budi. Tuminuhe katawan.// wang-wang mingis engesing pamingis wadon wahu purwaning lenggahan tan pisan-pisan andhimpe. Pantaraning kapupuh. Arsa kedhep midhodheng liring. Marang priya punika. Nanging wektu wahu. Kaleban labdaning basa. Kasuk dening soroting sabda wor manis rumab karasa brongta.// priya wahu wigaring panganggit datan samar semuning wanudya. Kang kakena nengu nenge. Yeku temahanipun ngrusak driya tanpando niti. Wanudya durga gidrah. Tan yoga tinemu. Ganti tri warna winarta. Durga ngaglah puniku bawaning estri. Kalamud wus busana.// sangkep sagung busana mathinthing. Nulya nenther menthele methanthang. Dimen katon wiragane. Gumuna wong sawegung. Rinasana ayu linepih. Puniku tuhu dadya. Wisayaning kalbu. Eblise sesemu suka. Antuk marga sanjaringing sadu budi. Nulya masang pipikat.// kamayaneng angganing pawestri. Sinung dhesthi pamularing dhustha. Priya kang tumingal age. Nalika keneng wahu. Guna sayaka mayan sandi. Sunduk ardaning driya. Koyup ing pandulu. Daludak arda nirdagda. Temah ngudi maduning kumuda wangi. Mangarang karurungan.// jroning brongta amatek kang ngeblis sansaya gung kukunjana papa. Temah ngudi kalakone. Yakti paminta iku. Datam liwar pasthi tinampi. Mring pamengkuning arda. Dewa tatu kangkung. Nulya mosik mring wanudya. Temah bareng bawuring rantan wiyadi. Pasthi prapteng puwara.// ganti pasal catur kang kawarti. Durga more araning wanudya. Wadon tan tegen ing gawe. Gupitaning pamuntu. Mantar-mantar muntir ring pikir. Karem lungan asanjan kalawannya nyatur. Ala beciking sasama. Lanjeh juweh juwita patut jiniwit karem kinaruh brongta.// srowang srawung kapengkok ing jalmi. Priya kanang tan pasemah samya. Tan wigih kuwagang gape. Gunem wuruk-winuruk tanpa maras angrasa risi. Misih resep wacana. Kongsi kaduk-kaduk dinuduk datan nglagewa. Gagawangan wawadi dipun wangkisi. Kusuting lakinira.

Takih wonten cindhakipun.

Ongka kaping: 36

Kemis kaping. 2 September
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Panjenenganipun kangjeng tuwan residhen atampi serat kawat ingkang suraos aparing uninga bilih sang iswari ing nederlan ambabar miyos putri.

Surakarta

Kuyla midhanget kabar. Salebetipun wulan agustus ingkang kapengker punika. Kangjeng parentah ageng. Utusan prayagung kaliwon salebetipun nagari. Dhateng ngayogyakarta. Ngupados keterangan anggenipun bawah residhen surakarta kaambah durjana kecu. Wasana saking sangeting pambudinipun sanadyan sampun sirna lacaking durjana. Ewa sumanten saged angsal keterangan. Sarana nyepeng tyang miwah bebenggol ingkang sampun kasusra kawegiganipun anglampahi ngecu. Wondening kathahipun tiyang ingkang sampun kacepeng sadaya. 8. Kalebet bonggol ingkang jujuluk bindi atmaja. O pamuji kula mugi sageda kalampahan bab pranatanipun pangadilan amatrapi ukum pejah. Dhateng sawarnining dyrjana kecu. Dene menggah tatimbanganipun nami bindi atmaja. Bilih punika sarana kajiret jangganipun.

Kintunan.

Nalika dalunipun dinten jumungah kaleresan malem salikur wulan siyam tahun punika. Tiyang salebetipun nagari jaler tuwin estri kathah temen ingkang sami anggadhahi pratingkah angeningaken badanipun. Wonten ingkang nepi dumunung wonten ing ngastana bathangan. Wonten ingkang nenepi wonten ing siti inggil amuja ing mariyem nyahi setomi. Menggah pakabaranipun panepe salebetipun nagari kalih panggenan punika menawi dipun sesuwuni kerep padugen ing sapanedhanipun tiyang kang wreni-wreni. O inggih talah. Kok mangkaten tiyang jawi punika. Boten pisan-pisan andarbenana panyuwun dhateng kang murba ing jagad. Inggih punika bilih tiyang jawi ingkang bodho gugon tuhon. Ingkang ragi mangretos larasipun meh kados nyenyambut dhumateng kang sumare ing ngriku. Ing mongka wiraosipun tiyang sepuh menggah asalipun ingkang sumare wonten bathangan punika kacariyosipun kados ing ngandhap punika.

Ing nalika nagari surakarta dereng dados nagari. Taksih wasta dhusun ing sala. Ing ngriku pinuju mongsa rendheng. Ing dhusun sala kataman banjir sakalangkung dening agengipun ngantos sawernining griya sami kasilep boten katingal wuwungipun ing sarehning tiyang jawi gugon tuhon lajeng sami angupadosi punapa ingkang dados sabab dene mawi kadhatengen banjir langkung saking murwat tuwin langkung saking saben banjir. Lampahipun anggenipun ngupadosi sabab wahu sami numpak bahita. Angideri pawengkon ing sala sankrah kalurahman sadaya. Ing baturana ingkang sanget piyambak lebetipun ing toya. Kabar ing baturana punika kung akal bakal wasta ki batu satunggal wasta kirana satunggal katepah namanipun tiyang kakalih dados satunggal ing baturana. Punika ki batu kaliyan ki rana sungkawa sanget amargi pagriyanipun risak dening toya banjir ngantos pinten-pinten dinten boten surut toyaniipun. Ki batu kaliyan ki rana. Sareng bahitanipun dumugi ing bathangan manggih bangkening jalma jaler wanci sampun sepuh kumambang wonten ing ngriku tanpa kesungsang punapa-punapa. Lajeng ki batu kaliyan ki rana opyak angundhangi sekathahing tiyang kung sami numpak bahita wahu. Sareng tiyang sampun ngumpul lajeng karembag dipun wastani bathang punika ingkang mawa gara-gara banjir ageng. Sabab kaitik bathang sampun pinten-pinten dinten wonten ing toya boten bosok tuwin ngabuh-abuhi. Kalih boten purun kentir kabekta ing banjir. Lajeng kacobi bathang wahu kakesahaken saking ngriku kasorogaken dhateng bengawan kentir sakedhap dalu wangsul wonten ing ngriku malih. Punika anggenipun ngesahaken ngantos rambah-rambah meksa wungsal-wangsuk kemawon. Lajeng ki batu kaliyan ki rana apunagi. Bilih toya banjir wahu waget asat saha wilujeng sadaya. Bathang kapetak wonten ing ngriku kadamel sae sarta kapundhi-pundhi selamenipun. Ing

wusana toya lajeng asat sayektos dene bathang lajeng sumeleh wonten ing ngriku punika. Lajeng dipun leksanani kakubur saha kamumule ing tiyang kathah. Lajeng katelah sapriki. Saha kawastan ing bathangan. Menggah aslining boten wonten ingkang nyerepi kadalah tiyang tapa.

Panjurung.

Cangkriman

// araningsun catur wanda. Sengsem mring busana langking. Wasis ing panguluh braja. Sarta newanter ing budi. Karyeng wang awrat luwih. Linabuhan lara lampus deluguning raning wang. Dene tembung tanah jawi. Nanging tembungira bongsa ing eropah// katelah ing basa jawa. Kanang dwi wanda ing ngarsi. Dadya wandayaning ngaprang. Deta dwi wanda ing wuri. Dadya raning piranti. Panggawe maksiyatipun suwawi den batanga. Sinten byaktaning ran mami. Titi tondha ulun pun siswa kusuma//

Ing bra martani ongka. 27. Kemis kaping. 1. Juli ing ngriku wonten panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama dyan ajeng siti. Saha mawi rinenga ing sekar kinanthi. Suraosipun aminta katrangan sasmitanipun pawestri titiga ingkang sami kedanan dhateng juru beksa. Denten saking pamanggih kula makaten. Pawestri ingkang satunggal asung sasmita amingkis nyamping. Punika griyanipun boten tebih kaliyan kori ageng. Ingkang asung sasmita ngoyog-oyog payudara punika palataranipun ing griya wonten tanemanipun tiris gadhing. Denten ingkang asung sasmita kirab-kirab rema. Ing wingking ing griya kataneman pucang. Namung punika pamanggih kula leres lepat kula sumongga.

Anjawi saking punika ing bra martani ongka. 28. Kemis kaping. 8. Ugi wulan juli. Ing ngriku wonten panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama bagus minta kena. Suraosipun aminta katrangan dhateng mitra kula jaka mubtadi. Ing sarehning ngantos sak priki bagus jaka mubtadi dereng karsa amaringi wredinipun dados kula acumanthaka ngaturi jarwanipun leres lepat kula namung nyumanggakaken dhateng mitra kula sekaliyan wahu. Menggah saking pamanggih kula makaten. Kadosta. Suksma. Punika gadhahi teges nenem. Lepas. Lembut. Alus. Samar. Dewa. Nyawa. Suksma wisesa. Tegesipun dewa misesa. Suksma ringidhep. Tegesipun lepasing tingal. Suksma ngambek leresipun bok manawi suksma ringambek. Tegesipun lepasing budi utawi tulusing budi. Namung punika pamanggih kula. Saha kula nyuwun gunging pangaksama dhateng mitra kula jaka mubtadi. Dene kula ngrumiyini karsanipun.

Jara maya.

Panjurungipun kiyahi nganglang jagad boten kapacak awit ing pabarataning bra martani. Sanes papanipun tiyang angarang-ngarang konca. Bilih panjenengan panceen karsa anedhaki. embok inggih macak katuwuhipun lungiting panggrahita panjenengan supados lumeber dhateng para punggung.

Panjurungipun mas agus gecot ugi boten kapacak tiyang pados yatra punika inggih kedah angedalaken yatra.

Juru ngarang.

Ing ngandhap punika candhakipun cariyo pethikan saking serat dhalang basa malaya. Ingkang sampun kapacakaken ing bra martani dening panyalin basah ing lamongan nalika tahun. 1878. Sapunika pamethikipun dipun sambeti malih dening mitranipun panyalin basah ing lamongan ingkang paparab manungkara. Ananging pamacakipun mawi dipun wangsuli malih wiwit sekar asmarandana. Supados urut cariyoipun.

//oo// nayaka waktra wot sari. Tandu murwani carita. Alon teteh ing ngature. Inggih jeng sri naranata. Nalika jaman kina. Wonten raja nagri hindhu. Kang kaloka ing buwana// kranten jaya wijayanti. Ing ranangga ngrurah rowang. Meh tan ana timbangane. Puwara keh ratu liyan. Kabawah ing mahraja. Saking sor kamayanipun. Wingwring tyas konjem bantala// kasangsaya dayaning sri. Sinungan kawicaksanan. Kretarta ing kawruh kabeh. Atasing pangregep praja. Laela mring kawula. Mila den sihi trus kalbu. Dening wadya lir sudarma// de ta sang minulya aji. Dha bikelim jujuluknya. Ireku tansah mandriye. Prasida arjaning praja. Senenging kawulanta. Samiya amolih untung. Tebiya saking sangsara// sakehing kitha kaaksi. Sarwa sri rerengganira. Mwang kathah dipongga katong. Sedhiyan ing nganggo aprang. Bala tantaraning sang. Kathah prakoswa dibyanung. Sudira tanggongning yuda// dhabikelim narapati. Langkung sugih raja brana. Bondha bandhu karatone. Lamun kasudana nira. Kawilisa sadaya. Byak tatana purnanipun. Kinarang ing gitarengga// saluruh karajan aji. Kutha praja langkung pelak. Akathah pakampungane. Agemah tata prayoga. Tiyang alit samuha. Bala burbak sananipun win becik tan kukurangan// sanggya lurung geng jro nagri. Tan akaton wong miminta. Sumawana tiyang kere. Jalaran

ing bab pariman. Linarang datan kena. Wong mawa bubrah mwang lumpuh. Lare lola tiyang wuda.// mwang tiyang sepuh kang sakit. Jompo ing panambut karya. Wus pinancipa pancene. Samyta pinaringan pangan. Sandhnag arta balonja. Dening kaadilan prabu. Taman kirang ing pangruksa.// sang nata tan pisan apti. Angluhurken jeneng ira. Atasing kanityamane. Muwah tan limut sapisan. Marang pangro sagara. Kang para data sadarum. Kanimpuna lan sadyana.// pangukume marang abdi. Gedhe cilik tan bineda. Utawa bahu kapine. Santyasa waton kasidyan. Wang-wang ingkang kawarna. Rikala sang prabu lungguh. Munggeng dhamparing karajan.// niti radya mwang bupati. Saereh ira pratiwa. Sadaya samya sumiweng. Ana ing ponca karana. Kula yadu akathah. Kang sowan ing jro kadhatun tarab neng ngabyantarendra.// tantara sri narapati. Andhawuhken pangandika. Kinen karya pista gedhe. Lan ngagyaliyan praja. Nimbali prabu diman. Lan tiyang akim sadarum. Pinrih mumulya ri haya.// ri wusing para tetami. Ingkang saking monca radya. Samapta sowan kadhaton. Sang nararya nulya lenggah. Manggihi pra tetmwa. Masung panembrameng rawuh. Kanthi rum arta tisabda.// tan sapangu sri narpati. Alalma paring sasmita. Lumekas bujana andon. Sumaos kang pasunggatan. Amirasa sadaya. Mwang adi ing warnanipun. Neng tiyasa rukmi slaka.// ing tatkala jroning bukti. Tinatap langening praja. Yeku kwehning unen-unen. Lagunya mamalad driya. Raras karya wulinga. Marang sagunging tatamu. Kang lagye camam bujana.// sawuse sadaya sami. Katek bujana don suka. Bubar dhahar gya sang raja. Karsa awawanan sabda. Lawan para tetamwa. Ing bab ikmat lawan kawruh. Atanapi kabecikan.// antara pra tamu sami. Ana sajuga wacana. Kang lwihi becik gupitane. Atas ebering budyeka. Pan wus winahyeng kata. Ywan eber budi puniku. Sawastu becik priyongga.// wit tyang ageng alit sami. Wreda tanapi taruna. Bangkit amitontonake. Kamurahaning wardaya. Sajatining kadyeka. Asih samining tumuwuh. Sarta tinrima ing allah.// rinaos-raos sang mulki. Yen rembuge kang kawahya. Bener lan becik dadine. Milar wasinet wasita. Nata nulya mangagya. Marang sajugabdinipun. Mambu kaper bendhaharan.// arta pirang-pirang kethi. Barang kancana salaka. Kang molek-molek warnane. Lan sotya nawa retrnendah. Kathah sami kapradhah. Singper bendhaharan wahu. Sigra pidrail sang raja.// marang kabeh tiyang miskin. Tuwin titiyang warondha. Lan janma jompo mwang rare. Lola miyah parawi pra. Janma ngelmu samuha. Sajroning nagri sang prabu. Tan asiki kaliwatan.// sawuse sri nata mbagi. Kang punang dwana wimala. Tan dya akon dur ngadhaton. Tumama ing pajungutan. Ri saksana anendra. Ing reh wardaya sang prabu. Manyotarda kalepatan.// dumadi sajroning guling. Sakedhap-kedhap nyupena. Nihan kang katon impene. Ana wong motasam teka. Cahyane mara kata. Mahestha purnama enu. Anabda marang pamasa.// lah maraja dhabikelim. Rehne rireke paduka. weh saharse mring wong akeh. Tan ngeman mring kasudanan byak tar daber budyanta. Makwambar sasung sireku. Pradaninan kamurahaning.// sira ari benjing enjing. Durunge angkara praba. Karsa anith kudage. Nujuwa ngetan kewala. Yekti mangke paduka. manggihi raja brana agung. Yayah barang tanpa una.// sajatine prawi eki. Irantuk wimbuh kamulyan. Kaluhuran ngebatake. Anganungi para raja. Sagenaping buwana. Tamating supenanipun sang sri agya wungu nendra.// antya sru trustha ing galih. Sigra ngarcana ing suksma. Kaya adat ing sabene. Pendhak wayah gagat enjing. Ngucap sokur ing allah. Saksana sang maha mulku. Ayun lumiriging karsa//

taksih wonten cindhakipun.

La belle jardiniere

Wulan dhesember ingkang kapengker. Hawaning kitha pareis sakalangkung asrep katimbang kalayan ingkang sampun kalampahan wonten indhakipun ewadene wonten bandara saking tanah surakarta. Inggih punika kangjeng pangeran ariya gonda siwaya. Angleresi wonten ing tanah ngriku amirsani toko-toko titianipun kareta kabikak ananging uga sampun angagem busana ingkang saged anulak asrep sarta pangagemipun lir tuwan-tuwan ing tanah rus lajeng malebet ing toko label syardinier. Inggih punika toko ingkang sampun kasusra ing tanah prasman saksana ing ngriku panjenenganipun kang pangeran katampen kalayan pangabekti ing sapangkatipun. Kangjeng pangeran ariya gonda siwaya lajeng amirsani sadaya dagangan ing gudhang-gudhang. Ing panggenan anyambut damel tuwin ing kantor -kantor. Lajeng pangeran gonda siwaya. Lajeng amundhut ukuring agem-ageman ingkang ceples kalayan sariranipun. Sasampunipun lajeng andhawahaken dhumateng tuwan ingkang mandhegani pandamelan ing ngriku. Supados anusulna agem-ageman wawelinganipun dhumateng ing kitha naples. Punapa malih amundhut pratelan wawaton reginipun barang ing toko ngriku.

Menggah serat pratela wahu. Ingkang ugi mawi dipun iseni gambaring agem-ageman tuwin gambaring barang. Ingkang kadamel dening para saged bilih wonten ingkang mundhut kalayan serat ingkang sampun kabayar wragadipun sinten-sintena inggih lajeng dipun aturi. Dene ing wawenkoning tanah indhiye mugi amundhuta dhumateng tuwan van hunt ing batawi.

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Surakarta

Nalika ping. 29. Wulan ingkang kapengker. Ing salebetung kitha baya lali wonten tatingalan inggih punika sidhekahipun ciyo kapara bongsa cina. {prebutan} manggen ing sangajenging griya kamar bolah. Ewon tiyang ingkang sami ningali awit ingatasng dhusun kagolong kirang titingalan dados saminipun lir tiyang aningali garebeg wiwitipun angrebataken jam. 5. Sonten patrapipun ingkang sami ngrebat sakalangkung rame asilih ungkikh. Ing ngriku wonten sawatawis patrapa anggumujengaken inggih punika wonten sawenh ing tiyang sawek menek panggungan sumeda angrebat pareden ingkang dumunung sanginggiling panggungan panyepengipun maleset lajeng dhawah. Sareng tangi udhengipun sirna kasebrot ing durjana. Sanalika wahu sawenehing demang pulisi dhistik kitha bayalali. Ingkang kawajiban ajagi. Dipi andulu durjana ingkang anyebrot udheng sampun malajeng. Saksana trangginas anututi sumeda kapikut prapta sangajenging griya kamar bolah durjana katubruk ananging kalintu saweneh tiyang ingkang pinuju anigali andhedhodhok wonten ing kalen kagyatipun tiyang ingkang katubruk anjola demang pulisi kajegur ing kalen ngantos sawatawis dangunipun alenger-lenger jalanan badanipun sadaya kataman ing padhas miwah sela busana nira malesat sadaya. Kaengatanipun nedya anututi malih wasana durjana sampun angles palajengipun sampun boten kantenan sarehning rumaos kalingseman demang pulisi lajeng mantuk sarwi agereng-gereng.

Tatela demang wahu saking anggenipun anetepi kawajibanipun ngantos anandhang kasangsaran kalingseman.

Ingkang sami andadosaken pangunguning kathah dene wektu punika akathah para tiyang ingkang aniningali. Teka ayem kemawon boten purun amitulungi. Saupami wonten ingkang purun anggape mitulungi durjana amasthi kapikut tur para pulisi selang sir agen upas sasaminipun akathah ingkang ajagi titingalan wahu ewadene wonten raresah makaten kemawon boten saged kacepeng. Punapa boten sami darbe kawlasan dhumateng tiyang ingkang kasebrotan niyatipun saking wisma sumeda angrebat ngupados tatedhan pinten banggi angsal bandera sutra ingkang kathah papajenganipun wasana pangrebatipun boten angsal punapa-punapa udhengipun asirna. Amung angsal tondha dene rambutipun reyab-reyab akuthah rontogan sekul sasaminipun anjegigis paringisan para tiyang ingkang aniningali sami suka seneng andulu wujudipun.

Pamuji kula mugi pulisi dhistik ing ngriku amempenga pangudinipun murih kapikudipun tiyang ingkang adamel resah wayu. Amargi bilih kenceng pangudinipun amasthi saged angsal katrangan jalanan kala durjana malajeng wahu kathah ingkang anyipati wujudipun tandhanipun saantukipun demang ingkang nembe kalingseman mawi anguring-uring tangganipun ingkang pinuju ningali ngantos katumbuk durjana ingkang lumajeng ayem kemawon boten purun tandang. Malah amung gumujeng panganggeipun titingalantur punika ugi babahuning pulisi. Pantes tiyang mangkaten punika kapatrapan paukuman samurwatipun.

Amargi bilih punika boten kaudi ing tembe bilih wonten tatingalan malih amargi tambah raresah jalanan para durjana tuman para ingkang wajib lagi ugi kathah sumbrananipun mongkang anggenipun parentah anamtokaken anjagi wahu supados anjalari tentrem wasana boten amarlokaken pamurih tentremipun ananging amurih okil ingkang tumrap ing sariranipun piyambak sarta ing kasenenganipun.

Katandhan konca pabrik bawah malang jiwan.

Sampun tigang dinten punika wonten tiyang bongsa arab dhateng kitah bayalali. Ambekta kewan unta. Satunggal ing ngriku kathah tiyang ingkang sami aningali. Mawi bayar satunggaling tiyang. 3. Dhuwit. Tiyang ningali ing dalem sadinten-dintenipun boten kirang saking. 1000. Iji. Amargi salaminipun sawek sapisan punika wonten baburon unta ingkang ngajawi.

Wreksa asem ingkang tumuwuh sakilening loji bodheh salaminipun sampun kasusra boten kenging para tiyang miwah rare angambah ngriku jalaran angker sanget saweneh ing dinten wonte rare kinten ngumur. 12. Tahun angarit mendhet rumputipun ing ngriku. Sahantukipun rare wahu lajeng macicil cariyosipun anyalemong {kasurupan} mangkaten. Aku iki demang klungsur kang rumeksa ing wit asem aku rak wis kondha aja ana wong wani nyang ngomahku. Mula saiki tanduran kopi kene dipangan ngama sabab omahku ora kajen coba dipagerana masthi sirna amane akeh wetune.

Wektu punika biyungipun rare wahu lajeng lapur dhateng tuwan ingkang nguwasani ing ngriku amrasajakaken kasebut ing nginggil sanalika tuwan andhawuhaken angresiki sarta amageri sakiwa tengening wreksa asemsarampunge papager rare waluya lir nguni-uni. Tandhanipun samangke ama kang tumrap ing taneman kopi ugi kathah sudanipun saha wujuding taneman godhong-godhongipun ijem mindhak sae. Kilap badhe pawedalipun.

Lah punika kados pundi mongka para tiyang dhusun boten pisan anyirnakaken gugon tuhon wah lajeng wonten nalar kados kang gumelar ing nginggil wahu saiba anggenipun angesthi. malah samangke pawartosipun wreksa asem wahu lajeng kadamel pakaulan kapundhi-pundhi.

Samarang

Tiyang anama. M. ing kampun kaliwungu. Nembe punika mondhek ing kampung kranggan dalunipun tumut ngaos darus dhateng ing langgar. Amargi piyambakipun angaken dados santri. Sareng para tiyang ingkang sami darus sampun bibaran salong tilem ing ngriku. M. kantun piyambak lajeng manthuk anyangking sandhanganipun tiyang. 4. Ingkang sampun sami tilem saha amendhet kurang ingkang mentas kaangge darus asiga wedalipun sawek dumugi kori sajawining griya lajeng kapikud dening tiyang kang sami lagi.

Lah lalampahan mangkaten wahu badhe anuwuhaken sujanaipun para tiyang. Mongka ingkang sampun kalimra griya panggenan suci langgar masjid saha saben ing wulan siyam kaangge pakumpulan darus para tiyang saking dhusun miwah saking kitha liyan sami dhateng sasenengipun piyambak para wajib ingkang ambawani pakumpulan wahu boten parlu saben-saben amratitisaken amargi sami ngupados karyan ingkang langkung prayogi. Wasana wonten patrap mangkatenwahu.

S. M.

Magelang

Nalika ping. 17. Wulan ingkang kapengker tiyang anama jaga semita. Panatus ing dhusun tanggulanganin dhistik munthilan prabalingga. Ingkang sampun amisuwur kagungan ambeg raresah tumrap pawestrining liyan ing dinten wahu nuju anampeni dhawuh saking asisten wadana. Angerikna rencangipun kuli nyambut damel anggarap margi ageng. Jaga semita sakamantyan sukaning manahipun sumedyo angencengaken anglangkungi kados ingkang kadhawuhaken saking parentah. Amargi anjalari tuwu ing manah melik dhumateng pawestrining kuli ingkang sami nyambut damel angagengaken sokuring panrimah sasat angsal wangenan saking parentah. Jaga semita wiwit soneten sampun boten saged anendra awit saking bebeging tyas angajeng-ajeng tumuntenipun enjing. Estrinipun ngantos kagawokan dene adatipun saben bakda ngisa sampun anendra. Nuli kainten jam. 4 enjing. Jaga semita sampun apamitan kalayan estrinipun bilih badhe agugahi para kuli kapurih bidhal anyambut damel estrinipun kaget dene taksih dalu teka badhe ambidhalaken tiyang nyambut damel wangsulanipun jaga semita dhateng estrinipun boten kakirangan adat para kakung bilih darbe sedya mangkaten punika. Saksana jaga semita lajeng amidheri dhusun wawengkonipun andhawuhaken bidhalipun para kuli boten kenging dipun wangsuli. Para kuli saking sami ajrih ing lurahipun sanalika lajeng sami bidhal.

Wektu punika wonten saweneh ing kuli anama sasemita. Estrinipun amoncol ing warni. Dupi sasemita sampun bidhal jaga semita lajeng amalebet griya awor tilem kalayan bok sasemita. Sarehning sami kakinten pancer sampun lengganipun dados tan sulaya sasedyanipun mengkah patrapaing jalu lan estri kapanggih ijen sampun kados adat boten kakocapaken.

Nalika punika sasemita jaler ingkang seca tuhu ing lurahipun bidhalipun saweg dumugi sajawining dhusun dereng tebih. Karaos kirang sakeca ning manahipun lajeng wangsul mantuk dumugi sajawining wismanipun duk umiyat dilah salebetung griya pejeh wonten sabawabipun tiyang jaler estri pating gareneng. Sasemita lajeng amratitisaken dupi sampun waspada tatela lurah jaga semita ingkang sampun ambedhang semahipun sasemita taksih kathah engetipun lajeng anglahirkaen manah suci.

Lurah pancer kula pun weruh salawase manawa bojo kula sampeyan dhemena. Sanajan kang nglakoni saben-saben supata anemeni pamukire. Ananging mungguh prakara kang boten bener niku karsane sing kuwasa boten kakilapan kang krungu kabar niku boten desa ngriki mawon nadyan liyane desa pun gumyah

krungu kabeh. Ananging kula dereng weruh yakine lagi sapisan iki. Awit mokal geni niku tanpa kukus ananging sarehning tatela bojo kula dhewe kang ala mula kalakon sabab padha karepe. Ampun nganti kadawa-dawa sampeyan mantuk mawon bojo kula lajeng kula pegat awit gampang golek bojo karo golek lurah. Yen kondha kula diarani lemeran kula pengakne lawange. Lajeng sampeyan medal.

Ing ngriku korining griya lajeng kawengakaken sasemita lajeng malebet griya anenggoni wonten sacelaking patilemanipun ngantos sawatawis dangunipun jaga semita ayem kemawon boten amangsuli boten sumedya kesah. Sasemita lajeng mendhet dadamelipun berang kabekta medal kaasah. Dupi sampun landhep lajeng malebet griya malih sarwi angrarepa ing lurahipun kang ambek sura. Kados pundi lurah karsa sampeyan dene anggen kula ngasah berang punika boten badhe kula tamakaken sampeyan ananging badhe kula tamakaken bojo kula piyambak jaga semita ugi ayem kemawon malah boten ebah saking patileman dalam estrinipun. Sasemita lajeng boten saged anahanaken manahipun saksana berang lajeng katamakaken ananging sarehning peteng dados ingkang kataman berang sukunipun jaga semita meh tatas rah sumambarat angebeki salebeting wisma. Jaga semita pisah kalayan estrinipun sumedya lumajeng anaging sampun boten saged jalanan suku kang pinarjaya wahu rakaos dados palajengipun kalayan barangkang. lajeng kaTulungan tiyang kathah tongga tapalihipun para tandang dupi sumerep wujudipun jaga semita ambarangkang sarwi reyab-reyab akuthah ludira. Sami anjetung karaosing manahipun boten mantala bilih sedya amikud.

Estrinipun jaga semita sanalika guguping tyas dupi sampun pratitis nalaripun getun sirna asemu bingah. Enjingipun lajeng kalapuraken dhateng asisten wadana. Saha dhateng kawadanan sasampuning kapriksa lesih prakawis katur ing kantor magelang. Karampunganipun jaga semita sasampunipun kaundur sangking pangkatipun lajeng kapatrapan paukuman nyambut damel paksan wonten ing yasanng nagari.

Tatela jaga semita wahu tiyang ingkang kirang engetipun anggenipun darbe patrap sawenang-wenang tumrap estrining liyan salaminipun wahu. Dumo para rencangipun sami narimah. Jalaran dados pangageng piyambak wonten ing dhusun ngriku. Ananging boten angrahita bilih sanghyang kang murbeng jagad kang badhe nuwuhaken nuwuhaken wawalesipun sapunika sampun pinareng kalayan wangsanipun palenggahan sirna anampeni paukuman terkadhang estrinipun masthi lajeng nedha pegat apesipun wonten wisma lajeng angimbangi ngupados kasenengan piyambak.

Surabaya

Ing dhusun dhulon dhistik porong. Wonten satunggal uwit kalapa mawi epang. 6. Wondening satunggaling epang ugi wonten wohipun.

Pitulungan jampi dhokter

Kangjeng tuwan dhirektur sampun unjuk atru ing kangjeng gupremen supados para priyantun jawi saben sakit angsal pitulungan dhokter sajampinipun ingkang boten mawi bayaran.

Bab punika bilih kepara yektos kangjeng gupremen kagungan panggalih mangkaten wahu saestu kathah maedahipun tumrap ing para abdinipun ingkang nembe kasangsaran.

Amargi salugunipun ingkang sampun kalampahan para priyantun ingkang nemahi sakit wahu sangsaya tambah rakaosing manah. Awit badhe nedha pitulungan dhokter sajampinipun boten saged kalampahan jalanan saking cupeting waragad.

Wonten prayantun ingkang saged anyekapi waragatipun bilih anemahi sakit lajeng anedha pitulungan dhokter sajampinipun punika dhokter jawi ingkang tebih kalayan dhokter walandi asring maleset katulak amargi ing parimatanipun pinuju sepen jampi saha bekakas ingkang parlu kapitulungaken katemahan lajeng angundang dhukun jawi ananging awis ingkang saged lajeng waluya. Awit awis para dhukun mawi ingkang sampun sakalayan ngilmunipun. Boten kados bilih kapitulungan dhokter. Manawi sampun kapratitisaken wujuding sasakit lajeng kaparingan jampi. Kajawi takdir boten watawis dangu amasti lajeng waluya.

Mangkaten malih ing ngatasipun dhokter punika menggah pitulunganipun boten angamungaken dhumateng para ingkang sakit ananging ugi amitulungi dhumateng para tiyang saderengipun sakit amargi sok tiyanga amituhu awawaleripun dhokter amasti kalis ing sasakit.

Apramila mugi wontena sih kawlasanipun kangjeng gupremen dhumateng para abdinipun kalampahanipun kang kocap ing nginggil

Mangkaten malih para dhokter jawi ing kadumunung ing apdheling atebih kalayan dhokter walandi punika mugi sageda santosa parimatanipun jampi saha bekakas saparlunipun supados saged sampurna saben amitulungi sampun ngantos kuciwa.

S. M.

Prang rus kalayan cina

Pinten-pinten pawartos ingkang angwedharaken bilih wadya bala rus sampun apacak baris wonten ing watesing nagari cina. Nembe punika ing kitha petres bereh ruslan angsal pawartos malih gesehipun kados kang kacariyos ing nginggil nalika kaping. 13. Juli tahun punika. Bahita asep anama apana bidhal saking kitha sanghu ambekta serat pawartosipun nagari cina. Bilih badhe prangipun cina kalayan rus punika warninipun boten kadadosan.

Ing samangke watesing nagari cina ugi wonten paprangan ageng. Inggih punika tiyang cina agami islam ingkang ambalela panjenenganipun sang prabu cina. Para brandhal wahu angaken bilih sampun amimitran kalayan gupremen rus.

Wondening prakawis ing kitha kulja. Ingkang anjalari kalintuning pamanggihipun gupremen rus kalayan gupremen cina. Ingkang anuwuhaken nalar badhe ayuda. Menggah purwa wasananipun gumelar kados ing ngandhap punika.

Caraka ing ngajeng cina anama kingho. Ingkang sampun kadhawuhaken karampunganipun katetepaken dosa nyakwawenang nalisir ing panjenenganipun sang prabu cina. Kados ingkang tumrap ing serat prajangjiyan ing pandamelipun awawaton pranatanipun gupremen cina ingkang sampun kalimrah caraka kingho kedah kapatrapan paukuman pejah. Sanadyan tumandukipun paukuman punika amargi saking kalepatanipun caraka kingho piyambak ananging gupremen rus wonten sulayaning saserepaning panggalih. Saderengipun kaleksanan paukumanipun kingho. Samangke gupremen cina amatah caraka cina anama pangeran teseng. Asowan panjenenganipun sang prabu ing rus angrembag prakawis kitha kakalih wahu ambudi sirmuning nalar ingkang anjalari rekaning mimitran owel sanget saupami ngantos kalajeng rengunipun amargi gupremen cina kalayan gupremen rus anggenipun amimitran sampun antawis. 200 tahun dene patrapan ingkang tumanduk punika amargi amung dumunung kasisipanipun caraka piyambak mila gupremen rus mugi sampun kalintru ing pamanggih. Mila kongho taksih kakendelaken wonten salebeting kunjara. Anggenipun amatrapaken paukuman angentosi praptanipun pangeran teseng saha wasananipun.

Pangeran teseng sumeda anggekaraken nalar punika sadaya. Dhumateng gupremen rus ananging ugi badhe kapacak wonten ing serat prajangjiyan inggal.

Dhawuh pangandikanipun sang prabu cina. Prakawis punika abadhe kaundhangaken ing nagari liyan supados sampun ngantos andadosaken kalintuning saserepan.

Ongka kaping: 38

Kemis kaping. 16 September
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Nalika tanggal kaping. 10. Wulan punika kangjeng pangeran ariya surya atmaja. Kagungan damel resepsi. Amarengi tingalanipun tahunan kangjeng tuwan residhen kadherekaken para tuwan-tuwan mardika tuwin militer. Kangjeng gusti pangeran adipati anom kadherekaken para kangjeng pangeran putra saha santana dalem sami anjenengi. Konduripun lajeng bibar wanci jam kalih dalu. Para tamu katingal samirena. Tuwin boja krama boten angciwani. Menggah ingkang angladosi dhaharan saking pamireng kula tuwan be ing kampung kadipaten anom.

Nalika dalu badhe angrintenaken setu kaping. 11. Wulan september tahun punika. Ing kumidhi wonten titingalan ingkang kalebet aneh saha damel gumuning tiyang kathah. Inggih punika sang wegg juru sulap ingkang prapta enggal saking nagari prasman. Akarsa anggebyakaken kasagedanipun ingkang anuwuhaken pangungun. Patrapipun ingkang katingalan kados ing ngandhap punika.

Ingkang kadamel bubuka

Sang wegg angasta sinjang sarung. Ingkang boten wonten isinipun buntelan punapa-punapa. Lajeng sarung wahu kauningakaken dhateng sadaya ingkang ningali saha lajeng kakebutaken rambah-rambah tetela yen tanpa isi. Sarung wahu sareng sumpun lajeng kasuntak ing lemek babut ing jogan. Sarung lajeng medal tiganipun sakawan iji. Nunten sarung kawalik saha kasuntak medal tiganipun malih gangsal iji. Lajeng sarung kakebutaken rambah-rambah lajeng medal tigan malih wolu tuwin sanga. Sadangunipun wedaling tigan kang saking sarung boten kirang saking tigang dasa. Wujudipun tigan ayam saha ageng-ageng. Lah punika sumpun nuwuhaken gumun. Bilih kakinten tigan semanten kathahipun ing pundi panggenanipun saestu katawis marongkol. Ing mongka boten katawis.

Sasampunipun sulap tigan lajeng rambah malih. Sang wegg angasta gendul mawi tutup prop. Namung satunggal. Lajeng gendul kaselehaken wonten meja kilen lajeng ketutuhan kemrakas parimpen. Dene meja ingkang wetan wonten tutup kothong. Lunkanging meja wetewis wonten kalih dasa kaki. Tutup wahu lajeng kauningakaken ing kathah tetela satunggal isi satunggal kothong. Punika gendul waget ngolah-ngalih wonten kilen ngalih mengetan wungsal-wangsul sadangunipun ngetan mengilen.

Sasampunipun lajeng rambah malih. Wadhadh kothong sareng kasuntak medal kurungan peksi. Lajeng kauningakaken ing kathah. Punika kurungan lajeng kawangsulaken ing wadhadh saha katutup parimpen sang wegg lajeng anyepeng pestul ingkang sumpun kaisen sendawa. Sareng pestul wahu dipun ungalaken jumebreting pestul anyarengi kalayan wedaling peksi kang sangking salebetung pestul peksi lajeng mabur kalangan wonten nginggil makaten dene pun wadhadh kang parimpen wahu sareng kabikak kurungan ical peksi ical.

Lajeng rambah malih wadhadh gepeng tipis kados wadhadh buku salembar lajeng kauningakaken ing kathah buku tetela kothong. Sareng wadhadh kaselehaken ing meja. Waget medalaken pakeyan cara welandi saha peni. Ngantos sabopongan.

Punika wonten patrap sarambanan anuwuhaken engesing manah. Nalika saweg badhe amisesa rare ing kang wanci pasongan. Rare wahu badhe kaperagat jangganipun kadamel sarana ingkang dipun westani koreban kados larasipun nalika nabi ibrahim anyambeleb putranipun kang wasta ismangil lah punika sareng kaleksanan lare wahu estu kapragat wonten ing ngabahan punika sadaya ingkang ningali tuwu darunaming

manah yayah lumunturing waspa. Awit aningali ing patrap langkung kawlas arsa. Dene pratingkahipun nalika rare wahu badhe kainggahaken ing ngabahan kados ing ngandhap punika.

Sang wegig angundhangi dhateng sadaya tiyang jawi ingkang sami aningali jaler tuwin estri. Wiraos tembung malayu. Bilih prayantun jawi boten tegeg tuwin gila gigu. Aningali rare ingkang badhe kasambeleh. Sami kaaturan lenggah mungkur tuwin tukup tingal ananging ingkang aningali sumeja anegenaken ing panggalih malah anjinggleng.

Punika patrapaipun

Sang badhe amisesa jumeneng wonten sangarsaning abahan warni meja inggil. Lajeng lare wahu kaundang medal saking kamar piyambak lampahaipun sampaun laras sungkawa. Lare lajeng cumaos ajeng-ajengan kalayan sang badhe masesa. Lajeng lare kadhawahan katembung bilih badhe kadamel koreban kapuruh sampaun lenggana. Tuwin eklasar ing pejahipun. Sang lare dahat sungkawa angririntih medal waspanipun saha tumungkul. Sang amisesa kang geg sanalika. Lajeng kagags ing gati. Estu kadhawahan minggah ing ngabahan. Lare lajeng minggah katingal kawlas arsa lajeng tangkurebaken wonten ing ngabahan. Kacandhak sirahipun estu katigas ludira muncrat murda pegat. Ingkang ningali kucem sadaya. Sasampunipun sirah kacangking kauningakaken dhateng kang ningali sadaya. Ing wusana sirah lajeng kapasang ing gembung waget pulih saha gesang malih lajeng dipun ken wangsal dhateng kamar. Ing wingking teksih kathah sulap kang ngebat-ebati. Dereng kaleksanan.

Nalika ping. 1. Wulan punika tiyang anama kasan benawi ing bendhan pengging. Wanci enjing amenek wreksa kenonga. Amendheti sekaripun nedya kasade amargi kala samanten anuju perpegan papajenginan sekar dados pamendhetipun kapara dipun enjingi. Sarta kasesa badhe kadadak kange sidhekah maleman pitulikur. Estrinipun kasan benawi ingkang anglempakaken wonten sangandhaping wreksa. Dupi sampaun sawatawis kathah sekar-sekar ingkang dhawah. Estrinipun kasan benawi sakalangkung bingahing manahipun kainten cekap kaangge maleman terkadhang cekap kaangge dalah pitrah. Ananging estrinipun kasan benawi bilih andulu wujuding sekar ijem-ijem ingkang wonten pucuk katingal bilih taksih kapencut mila kasan benawi jaler lajeng anggayuh manggingil malih ing ngriku epanging wreksa ingkang dipun enciki gapuk sempaling epang kasan benawi katut dhawah ing siti pinareng takdir kalajeng palastra. Wektu punika rare-rare ingkang sami sumerep sawebuh angcup mangkaten. Wurung maleman sida nyurtanah. Wurung pitrah sida mitung dina.

O saiba raosing manahipun bok kasan benawi. Dereng paweka katilar palastra tanpa sarana.

Bra martani ongka. 36. Wedalipun kemiis kaping. 2. September punika. Bab durjana kecu ingkang kacepeng wonten ing bawah ngayogyakarta. Bebenggolipun ingkang kasebut nama bindi atmaja. Punika leresipun bindi pawira. Ingkang satunggal jujuluk nala pawira.

Wasana ing salabetipun wulan september punika. Kangjeng parentah saged pikantuk tiyang ngayogyakarta malih. Nanging kathah kadhikipun kula boten saged terang.

Ing sarehning mongsa punika. Kathah maujud ingkang sami garing. Mugi para wajib anggemenana. Nyaruwe para lare ingkang alelangen uncal-uncalan long. Murih sumingkiripun kasangsaran griya kabesmen.

Kintunan.

Lare jaler nami. Pun bakat kinten ngumur. 15. Tahun griya ing para dhusun {jatinom} punika kala wingi dhawah anggening menek nutuh epanging kajeng dhadhap. Jalaran anggening nutuh panging dhadhap kirang pangatos-atos. Sareng rebah ing pang kakajengan wahu lajeng bongkoting kajeng nyampluk ing kanthongan konthol ngantosd oncat kantun pringsilanipun kakalih. Pating kranthil. Lambe nginggil sasisih tengen ical untu ingkang ngandhap sakawan pisan coplok. Get-getan iru tatas. Dene kajeng ingkang kapecok wahu wonten ing rombakan pakopen bawah gemampir. Sareng dhawah boten wonten ingkang sumerep mila ngantos kasep rahiipun garing. Boten dangu lare-lare sami sumerep bilih ing ngriku wonten tiyang pinanggihmekungkung. Saknalika kasanjangaken ing tiyang nyambut damel maluku ing sabin. Bilih ing pakopen wahu wonten tiyang mengkurep labet saking dhawah. Saknalika kagotong mantuk katampekaken ahli warisipun. Naming saknalika wahu sampaun boten saged wicanten. Jalaran sangking sanget utawi rah ing irung tuwin cangkem sami garing. Sareng kapula sara dangu-dangu lajeng saged wicanten. Boten andadosaken tiwasipun. Anaming kilap sanes dinten.

Kaserat ing kasembahan kenong ping. 31.

Agustis. 1880.pun cepluk karan leruk.

Nalika dinten kemos tanggal kaping. 2. September punika. 1880. Lare jaler nami. Iskak watawis umur. 14. Tahun. 2. Nami ngadiya umur. 15. Tahun sami griya ing dhusun gathak. Bawah pabrik ngupit klathen punika sami kakerengan. Tanganipun ingkang kiwa iskak kenging kapalthoking ngarit akaliyan ngadiya. Klares ing ngugel-ugelanipun tugel. Namung kantun kawir-kawir. Dene lare-lare wahu awitipun sami pados kajeng tiyang sepuhipun iskak lajeng gugat dhateng parentah kadhestrikan. Naming prakawis sawek katindakaken.

Panjurung saking klathen.

Ing nalika dinten setu tanggal kaping. 28. Agustus. 1880. Bandar pak apyun ing klathen. Babah libyan siang kanthi mantri dhistrik. 1. Juru srut kekalih. Sami angurmati rawuhipun prayagung metengan inggih kyahi apyun peteng nitih kareta tumedhak ing setatsiyun klathen trein jam. 2. Siang. Kawetanan medal ing koman seut.

Wahu apyun kasingidaken ing pethi kas mawi kaadresi.

TREKIRIM PADA LITJOON. KLATEN DARI SEMARANG.

Sareng licun dipun timbali kangjeng tuwan asisten residhen klathen boten rumaos gadhah tuwin tampi wahu apyun sareng pathi kas kabikak isi apyun. 40. Kati. Apramila ngepakan ngantos tuni boten saget pepajengan jalaran ing klathen tiyang meteng kathah. Tujonipun kok kacandhak upami boten kacandhak saestu konca meteng badhe saya ngrebeda.

Nalika dinten senen wage tanggal kaping. 24. Wulan siyam punika. Wanci jam. 7. Enjing. Tiyang kunjaran ing kitha klathen. Nami. W. J. D. N. saking ing kali soga. Punika badhe miruda saking sepiran lajeng konangan ingkang lagi sepiran. Sampun pinanggih menek ing sangginggiling sepiran angidak-idak gedhong. Saknalika lajeng karepotaken ri sang bupati. Tuwin kangjeng tuwan. Asisten residhen sarewng ingkang panjenengan sang bupati rawuh. Lajeng dhawuhaken pasakitan wahu kinen nutut sampun ngantos miruda. Bilih miruda badhe nandhang kasangsaran. Naming boten praduli manadar sahamuk wonten ing gedhong nginggil sepiran ambalangi gendheng ngantos kinging tiyang satunggal sirahipun ingkang kabalang buncur medal rahiipun. Tuwin angermuk-ngermuk gendheng. Rehning badhe mutawatosi. Lajeng kasanjata. Sareng mendhak sangking nginggil badhe malajar. Lajeng karampog tiyang kathah. Saknalika wangkenipun ri sang dur. Basah. Nyawa oncat dhateng tepet loka.

Kula pun sipah jaharja.

Kasangsaran

Dereng dangu ing dhusun sewulan dhistrik nguteran madiyun. Wonten saweneh ing tiyang anama kan manadi. Panggaotanipun deres. Saha pancen sampun kasusra kawegiganipun damel gendhis kalapa. Anuju satunggil dinten kasanadi. Sumeda ngudhunaken legen wasana sawek anginggahi uwit kalapa satunggal kaleresan ingkang dipun enciki papahipun sampun sepuh. Ing ngriku kasanadi kaoncatan saranduning badan. Takdiripun anyarengi pisahing bokok saking uwit. Saksana kasandi gumebyuk dhawah ing bantala. Sareng estrinipun mireng sabawaning tiyang dhawah. Inggal jengkar saking palenggahanipun medal ing jawi sumerep jaleripun sampun ajebabah konjem ing siti ngandhap ing wit kalapa. Mila nyahi kasan agagancangan lampahipun amurugi ingkang kaler sarwi wicanten makaten. O. o. kyahi bok aja gumalinting ana lemah. Yen dhasar sayah bok iya ngaso ana ing ngomah bae payo kyahi padha mulih. Nanging kyahi kasan boten pisan mangelu tembungipun nyahi wahu. Sareng nyahi kasan mremanakaken jaleripun sampun angles jalaran kapeksa saking sakiting badan. Nyahi kasan ambruk angrungkemi jaleripun ajejerit sarta [] mungu. Nanging kyahi kasan tansah angler. Boten dangu kalajeng palstra.

S. P. N.

Kasebut ing nginggil punika minongka pangemut-emut dhateng para ingkang remen angulinakaken menek kalapa. Supados angangkah-angkaha. Murih sumingkiripun kacintrakan awit saben kula mireng kabar tiyang dhawah saking klapa. Kathah ingkang kalajeng pejah. Sanadyan nalar punika ewon angel batanganipun kados inggih kaotnun bilih dipun satiyari.

Panjurung atur panarimah dhumateng mitra kula jaramaya

Dahat bingah marda sipi. Dening ing pambarataning pustaka warta bra martani ongka. 36. Wulan punika. Wonten mitra kula ingkang sasilih nama jaramaya. Sampun karsa paring babaripun cangkriman kula menggah sasmitanipun tiga pawestri ingkang brongta dhateng juru beksa. Amila sapinten suka rena ri manah kula dhumateng sang ambek welas dene pambabaripun sampun anyeplesi ing sacethanipun boten langkung saking panuwun kula sampun ngantos kang geg samanten kemawon anggenipun paring jarwa dhumateng mitranipun ingkang punggung mudha.

Ti ti.

Punika tamatipun sawalaning dumba akalayan sima tutul.

// baruklinthing anyurung mring marga dirpa. Surung-sinurung geti. Duk walwong ginudug tandyu endhang malumpat sigra tinutuh binijig nglumba sang singa. Gora sabda ngajrihi.
// dhawuh dalem sri nata kang marga dipa. Kinon nglebetken aglis mring garobogira. Singa sigra anjranthal amambeng grobogireki. Binru den ancap dene ki baruklinthing.
// anging luput sira baruklinthing sigra. Kinon ngedalken maring. Jawining ranagga. Byatita dhawuh nata. ki bala dewa pinurih. Lumebu marang. Madyanira karangking.
// wus umanjing janggirat linon bek sura. Sarandumireng dhiri. Mathentheng suu kiyat yatna pasang weweka. Kang netra umaksi andik kadya tanedy. Ngungkuraken ring tandhing.
//oo// unggyanira darbe berag rengreng sirung tarincing ngraspateni. Nolah-noleh mulat mungsuh. Mangering lan manganan ngampil taji bala dewa langkung patut ran kyahi pamungkas mengsaah. Hamba dalem gandhek sami.
// murih wimbaning sardula. Lajuwa mring papan gya nyarsa jurit. Cinekak singa wus metu. Sarta suu gora sabda. Bala dewa sasetrip ada tan mundur. Mandar dahat denya gudag mak brus singa endha ngering.
// manyak madyak aneng ngarsa. Colat-colot buntute kopat kapit mringis jathane kadulu. Melet-melet kang ilat andilati komis gilani kadulu. Jage tete nyandhakken angga. Gya nubruk marang sang sekti.
// wantu-wantu datan kena. Bala dewa anatap saking kering. Kataman itati jumbul. Dahat karasa roga. Marus mili dalewer bramatya asru. Sangsaya galak gambira. Rosa panyandherireki.
// rikat bala dewa panggah. Geget ruket mangadu tosing kulit kukuh mung nyangkerem sungu. Surung-sinurung uwul gya kasingsal wangsul nengah ngungkikh mungsuh. Mansah ajangkah jinangkah. Kaliye apulang getih.
Katitih sang marga dipa. Kataman ing taji gumlinting siti. Tiniggil ing singat kumbul bal-ambalan kang surak carik lampus pra kalang surak gumuruh. Lir kampita kang udyana. Anggonjingken janma linggih.
// ambagandhek sangyanira. Sigra sigra umendhet bangge carik jiniret tinarik metu. Kweh gandhek samya erum kang saweneh gedheg-gedheg manthuk-manthuk getun ngungun gawok miyat jowal-jawil ting kalesik.
// mring kancanira pan mongka. Wahu ratri panyananireng kapti. Temtu saya dhapet ontung. Kapan kambing menigal dharikah tarung sama singa temtu. Bagendha sri maha raja. Punyama urekan kambing.
// temtu membri padha saya. Ambagandhek samua enak ati. Makan ikan tidhak tuku. Dhi dhalem turut padha. Maharaja wonten ingkang nambung wuwus yen pancene bener sira. Goroh banget yen bisa lir.
// dhadhung awuk duk samana. Wonten malih wadya gandhek nambungi. Kadi paran sira niku. Punapan tatan wikan jalarane menda wahu wani tarung. Saben malbu pangabenan winisik marang kyahi.
// lurah dyan tumenggung preksa. Nagara kang angusung ngelmu mring kambing. Marang singa tandyu purun marma mong kalih pisan laju lampus aprasasat tan tuk kiwul kongsi karye raming driya. Kajawi pancen linuwih.
// kadya ta ki bala dewa. Sasampunya aprang lan marga pati. Meksa tansah ngamuk kiwul ing ngadu lan durgangsa. Geng aluhur wara anemahi lampus tur samya pupuh ing ngaprang. Ing ngedalan wraha malih.
// uga rame campuh ing prang. Yen aywa akasaru dhawuh aji. Kinon misah ganti wedhus nama ki jayeng sena. Mesthi lampus dening bala dewa punjur kinon cap aprangira sang. Jayeng sena jayeng jurit.
// cuwaning manah tan aprang. Lan sardula mung kadumanan jubis winasuh tan dangu lampus kayapa tembe benjang. Lamun ana karsanira sanga prabu. Ing ngadu lawan sardula. Pangiraning ngong sruwani.
// wonten punakawan menda. Kaduk cicut bagus palu sisilih. Mojor ira esmu guyu. Mas behi kadi paran wonten menda purunnya winisik ngelmu. Yen mangkateng iba-iba. Yen mas behi karsa misik.
// marang ing mong-monganira. Marga dipa winisik sinungelmi. Daya kuwat wanter purun nanging inggih manawa. Wisik ira mas behi ingkang kalentu. Ngelmu daya pangapesan marma mong apesing jurit.
// titi sampating pangripta. Ri anggara kaping sanga las sasi. Ramelan ing warsa wahu. Sangkalanira pinetang. Marga luhur sarira dalen sang prabu. Katandhan suka pangripta. Ing surakarta nagari.

Ongka kaping: 39

Kemis kaping. 23 September
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Ing nalika ing dinten akat tanggal kaping. 19. September. 1880. Wanci jam $\frac{1}{2}$ 3 siang. Wonten tiyang nami suta arja. Rongga dhongkol ing dhusun banaran kedhung gudel. Jabupaten sukoharja. Sampun anganiaya amejahi dhumateng ingkang estri sarana dhadhamel dhuwung. Sareng anakipun suta arja umur. 5. Tahun. Amlajeng medal sangking griya sarta tulung-tulung. Boten dangu tongga tepalih andhatengi tulung. 1. Sura dikrama. 2. Kasan reja. Ugi sami tangganipun dhusun banaran pangintenipun tiyang kalih wahu wonten griya kabesmen. Anggenipun tandang wahu tanpa mawi bekta dadamel. Sareng dumugi griyanipun suta arja. Tiyang kalih wahu sami kala riyan sanjata dhuwung. Sura dikrama katemahan nandhang tatu ing sangandhap susu. 2. Kasan reja tatu nanging boten nguwatosi. Namung suradikrama ingkang nguwatosi. Yen boten kaleresan badhe amancak ing kramatalah. Ing sapunikanipun tiyang kalih ingkang nandhang tatu. Sampun kalebetaken dhateng romah sakit. Wondening kacepengipun suta arja jam. $\frac{1}{2}$ 4 sampun medal sangking sajawnipun griya mlajeng sarana angliga dadamelipun dhuwung. Sareng pra mitra ingkang sami tandang dhateng lajeng kakepung badhe kasosok ing dadamel waos suta arja lejeng nutut kaleksanan kacepeng lajeng kaladosaken ing kabupaten sukoharja lajeng kasepir.

Katandhan pun S m.d, pasa.

Serat sarta ingkang tabe kahurmatan katur panjenenganipun tuwan ingkang nguwasani serat kabar bra martani ing surakarta.

Sasampunipun ingkang kadya punika wiyosipun manawi saudara kapareng saha wonten selaning papan panjurung kula punika mugi kapacakka ing bra martani benjing kemis ngajeng punika. Supados tumuntenipunkauningana ing nagari.

Ingkang sampun kalampahan bilih mongsa katiga. Ing margi ageng kampung pajinggaan para tiyang ingkang sami gagriya ing ngriku sami anyirami bagiyanipun piyambak-piyambak ananging sapunika salamenipun lurah kampung ing pajinggaan ingkang nama kyahi baleber dipun lerehi. Sarta dipun gentosi sanesipun tiyang ingkang nama mas seca prana. Sadaya margi ageng bagiyan kampung pajinggaan boten dipun sirami. Sanajan wonten satunggal kalih ingkang purun nyirami bagiyanipun ewasamanten sareng panunggilanipun boten mikantuki. Dhawuh nagari leres kenceng. Anaging polisi boten amaelu pindhah-pindhah. Saupami ingkang kendho sarta boten manah saking kuwijibanipun dipun paringi pangajaran sampun saestu sanesipun lajeng ajrih sarta angstokaken.

Kajawi saking punika. Kula mireg kabar trang. Bilih wonten kaji kakalih griya ing kampung pajinggaan punika sami dipun sambuti yatra dening lurah kampung enggal kathahipun ngalihwelas rupiyah slaka. Satunggal-tunggalipun pemahan boten mawi sareman ananging kaji kakalih wahu sampun boten kenging pandamelan punapa-punapa. Sarta amawi trang kauningan dening polisi. Raden behi wira pranata. Awit sangking punika. Para tiyang ingkang gagriya ing kampung pajinggaan boten purun anyirami bagiyanipun piyambak-piyambak saupami parentah nagari boten karsa amriksa ing bab nginggil wahu. Sampun saestu badhe kalajeng para tiyang ing kampung pajinggaan boten purun anyirami bagiyanipun piyambak-piyambak mongka ing mongsa punika. Sampun ingkang kreta lumampah. Sanajan grobag sarta kapal momotan kemawon baledugipun mabul boten kanten-kantenan mongka kados pundi menggah panimbangipun redaksi. Dene wonten lalampahan kados makaten.

Katandhan dening pun pandhe.

// kalamun ratri panujwa. Padhang candra matanapi. Ing tawang tan kalimputan dening ima sampun pasthi. Kathah priya taruni. Kang blater panggalihipun sami adolan-dolan angenggar-enggar panggalih. Akuliling turut margi gung nagara// jogira aneng prapatan seca yudan atanapi. Margi prapatan gemblegan menggah ing pamanggih mami. Ing bab ngenggar panggalih. Punika sayakti parlu. Tumrap ireng ngagesang. Nanging ta wonten kang kardi. Cuwanipun ing manah karana nira// patrap lan busana nira teka angeget-egeti. Inggih punika dhestharan jebehan langkung prayogi. Bebete sarung abrit akalusap asanipun mawi crigumparan lan mawi mundhak rarywalit. Gleleng-gleleng lampaque asemu ladak// gegembyakanira dolan anggarebeg aneng wingking. Sarwi main amunikah. Sinindhenan langkung atri. Tumuli kang sawiji. Banyolan nya ger ginuyu. Gumerah swaranira. Yayah ametik kaku puping. Ira janma ingkang wisma urut marga// para janma kang kapapag kang nuju wruh tata krami. Kagyat sanalika mapan akurmatanapi mlipir. Awit sinengguh bilih. Kang mundhak rarywa punika. Apese pra bendara. Atanapi pra gusti. Ing wasana duk deling paningalira// gung getun eraming driya. Krana dede para gusti. Nguni weh para bendara. Nging gedibal satus kali. Iba-iba gedheni. Panggrundele kang kacundhak ambok manawi malah. Ing batin amimisuhi. Nganti teka bapa biyung buyutira// adhuh ulun langkung eram dene teka wonten janmi. Angsi pundak pedarakkan kadunungan ambek wani. Amindhya para gusti. Tanapi thaing ngaluhur. Apa ta datan wikan yen diksura kadyeki. Utawa de ginantungan paukuman// yanadyan patrap diksura. Kahanapi laku nyilib. Pama datan ginantungan. Patrapan dening nagari. Punapa datan wedi. Marang trahing narendra gung. Ingkang wajib kagungan. Patrap busana kadyeki. Dhuh tujune alam samene punika// penggaliye pra bendara. Atanapi para gusti. Sami alus para marta. Tan kadi jaman rumiyin. Supami duk ing nguni. Ana wong ingkang kadyeku. Sayakti enggal pejah. Kinarya cocoban keras. Titi tondha ulun pun. Siswa kusuma//

katur mitra kula jaramaya

awit sangking sih sampeyan paring berkah dhateng mitra bagus minta kena. Bab tegesing suksma. Suksma wisesa. Suksma ringidhep. Suksma ringambek. Kados ingkang sampun kasebut ing serat kabar bra martani ongka. 36. Menggah anggen sampeyan negesi sadaya wahu kula inggih dherek sakalangkung panarimah. Sarta andadosaken suka pirena. Ananging sakedhik teka ingkang dadosaken taksih buntu. Tegesipun tembung kados ingkang kula aturaken ing ngandhap punika. Mila kula dherek anyuwunaken pirsa kadosta. 1. Suksma langgeng. 2. Suksma luhur. 3. Suksma ngumbara. 4. Suksma purba. O namung samanten kemawon rehning kacupetan rumaos badhe boten sumerep tegesipun. Sarta malih tembung kadosta. 1. Bong dhadhap. 2. Bong tiyang ingkang asring netaki rare. 3. Bong jarataning cina. Punika tembung punapa. Jawi punapa tembung sangking monca. Mila sangking panuwun kula dhateng mitra jaramaya asanget-sanget. Sarta sampun kagalih kula wahu badhe mingkis rasukan utawi ngaben lungiding kalam panurat. Boten langkung sarehning kula taksih bodho kaupamekna gunganing rare.

Jarumaka

Anyariyosaken bab sandhang tedhanipun tiyang ing polo bali

Tiyang bali punika yen mangangge sandhangan bebed cingkrang sanggingil dhengkul wirunipun kangsrah ing siti. Manawi badhe sowan dhateng priyantun punapa malih para priyantunipun bebed wahu lajeng dipun sasabi kampuh. Lajeng dipun sabuki lawe wenang sagemu. Boten wonten caranipun tiyang ngangge rasukan tuwin suwal. Tiyang udheng-udhengan boten kalampah. Tansah amung gegelegungan kemawon sarta dipun ubed-ubedi suwekan sinjang. Wiyaripun. 3. Nyantun. Bilih tiyang ing jamburana. Tuwin buleleng. Satunggil kalih wonten ingkang purun mangangge udheng pradan manawi boten pradan boten purun ngangge.

Tiyang estri ageng alit ugi boten wonten sami ngangge rasukan tur tanpa kakembenan dene tapihipun rangkep kalih. Ingkang jawi kasebut slendhang. Ingkang nglebet kasebut kemberen yen tapisan cingkrang ingkang ngajeng tuwin wingking landhung tur semu nglarak sarta boten kalampah. Tiyang estri ngangge sengkang. Kajawi namung lar-laran sarana rontal kang nem ageng sanget tur moler-moler panjang sacengkang. Dalasan para priyantunipun ageng ugi makaten.

Tiyang bali punika manawi nedha kathah sanget angungkuli saking tiyang jawi. Tur inggih tanpa mongsa. Lawuhipun sarana jangan kemawon ingkang dipun kela warni gogodhongan namung dipun saremi thok awis sanget tiyang nedha wonten griyanipun ngangge lawuh ulam tansah lalap lombok tuwin sarem kemawon ingkang kathah inggih lawuh lingsah klapa dipun saremi. Agengipun malih ngangge lingsah babi. Wondene ajangipun manawi nedha. Sami ngangge dhulang ingkang mawa suku. Awis angangge ajang pigan piring. Dalasan para priyantunipun awis kagungan pinggan piring. Punapa kemawon dhadhabaran ingkang dipun wadhahi. Tansah angangge wadhad dulang miwah godhong. Punapa malih

para priyantunipun ageng sapangandhapipun boten wonten caranipun wewedangan ing jamburana wonten priyantun kang dhahar wedang. Nanging patehanipun awon sanget.

Tiyang tanah ngriku sadaya. Ageng alit sepuh anem sami ses candu. Wonten ingkang sarana bakal wonten ingkang nengko ses candu thok ingkang makaten wahu saking dening mirah sanget reginipun candu. Kadosta candu. 1. Tahil amung regi saringgit. Amargi tiyang cina ing pulo singgapura. Kathah ingkang sami dhateng ing pulo bali wade apyun mila ing dhusun-dhusun kathah sanget tiyang sade candu. Tur inggih saklangkung mirah. Punika marginipun tiyang bali lambenipun sami biru-biru. Saking dene kekathahen panedhanipun candu. Mila tiyangipun sami kesed-kesed awis tiyang tangi tilem enjing. Punapa malih para raja. Yen wungu sare inggih wanci jam. 12. Terkadhang langkung saking samanten.

Tiyang bali punika dadamelanipun boten sanes kalian jawi. Kadosta. Waos. Dhuwung. Pedhang. Tuwin cundrik. Sarta kathah tiyang ngangge tulup ingkang pucuk mawa waos mimisipun sarana paser.

Denten dhuwung-dhuwungipun sami ageng-ageng. Angungkuli dhuwunging tanah jawi. Wangunipun inggih sae. Gebaganipun inggih lulut denten wrongka. Ukiran tuwin gandaranipun sami ageng-ageng tru panjang-panjang. Malah wrangkanipun sami dipun cet kaserat gambar lung-lungan awis tiyang ngangge kandelan denten manawi para pambekel ageng sapanginggil ukiranipun dhuwung sami jene sepuh. Saben tiyang boten sah dhuwung. Kesah saking kadhuwung boten kantun-kantun saking dening ageng sujananipun.

Menggah gagamaning para raja-raja inggih warni-warni. Kadosta. Jemparing. Tameng. Pistol senjata. Tuwin gagaman mriyem kolontaka. Punapa malih gagaman pirantosipun tatanan kadosta. Wluku. Garu. Pacul sasamenipun boten sanes kalayan tiyang jawi. Ananging wlukunipun tanpa kejen tosan ingkang kadamel kejen ruyung kemawon dene garunipun tanpa ruji. Tansah blabag wetahan kemawon paculipun mawi ngangge ruji tosan. Kados tatah makaten ing dalem. 1. Pacul mawi ruji 5.6. ingkang supados siti kapacul saged ajur.

Cangkriman

Wonten saweneh ing raja. Lagya nandhang orem kewengan badra irawan awit atmaja nira sajuga putri endah warnanira murca ing wanci dalu.

Saksana sri narendra andhawuhaken undhang-undhang waradin sanagari. Sadhengah ingkang manggihaken sang putri lajeng kadhaupaken dados jatu krama.sarta angganti jumeneng nata.

Kocapa sang wiku ingkang dhudhukuh ing wukir. Atmaja nira sakawan ingkang pambayun ahli pangawasan wruh saduruning winarah. Ingkang panggulu ahli pandhustha julig sadhengah maujud amasti kenging kadhustha. Ingkang pandhadha wigyanipun angumpulaken wujud remuk sagalepung miber kakumpulaken amasti pulih. Ingkang wuragil kagunanipun anjemparing. Sadhengah maujud kajemparing amasti sirna.

Yata sang wiku duk amiyarsa undhangipun sri narendra. atmajanira sakawan anulya den dhawuhi anglampahi sayembara wahu. Atmaja sakawan sami sandika lajeng dhateng nagari sowan sri narendra.

Sang nata sakamantyan suka pirenanira. Yata dhawuh pangandika nira. Pundi ingkang manggihaken lajeng kadhaupaken kalayan sang putri saha ganti jumeneng nata. atmajaning wiku. 4. Lajeng bidhalan ing marga datan winarna. Dupi prapta samadyaning wanadri. Lampahira kendel sang pambayun andhawuhaken. Heh yayi padha kawruhana murcane sang putri iku dinustha ing garudha beri samangke isih wakuya aneng satengah ing pulo [] dumunung luhuring wreksa gurda. Ananging pulo iku luwih gawat sato mara sato mati janma mara janma mati. Mula yayi padha ngatokna kasekten dhewe-dhewe bisa kusung pituduh sabarang kang durung utawa kang wis kalakon kang rayi titiga matur sareng sagah ambekas saha sedya angatingalaken kasekten kagunanipun pribadi. Nulya andumugekaken lampahipun prapta satepining samodra. Sang pandhadha lajeng amujudaken bahita kenging den tumpaki tiyang sakawan lajeng anjog ing satepining pulo manik ing ngriku tan wonten kang wrin marginipun dununging sang putri. Saksana sang panggulu kang kawigyanipun julig andhustha. Mijil saking bahita analasak ing pulo angulati sang putri kapanggih neng luhure wreksa gurda. Sigra kabekta dhateng ing bahita. Ing ngriku bahita wiwit mancal palabuhan kocap sang garudha beri prapti saklangkung bramantya nira sa[]na nira sang putri. Ing pulo kaubres para sarpa ageng-ageng ingkang dumunung tanpa wilangan kagegeran pating salebar ambyarsa tengah ing samodra ananggulangi lampah ing bahita wahu. Dados bahita kendel datan saged lumampah. Sang garudha beri duk umiyat trangginas bahita katendhang remuk lajeng kakumpulaken dening sang pandhadha apulih malih. Ngantos rambah-rambah remuk kakumpulaken pulih malih. Atmaja wiku 4. Langkung sungkawa. Ing ngriku sang wuragil anggelaraken kawigyanipun garudha beri jinemparing keni palastra. Para sarpa kang naggulangi bahita jinemparing sirna sadaya. Lajeng saged lastantun lampahipun cinekak carita nira atmajaning wiku. 4. Sampun prapta ngarsa ning nata. angaturaken sang putri taksih

waluya. Atmajaning wiku sakawan amrasajakaken lalampahanipun piyambak-piyambak saha sami nyuwun dhaup kalayan kalayan sang putri sadaya. Salajengipun angganti karajan kados punaginipun sang nata ing nguni.

Punika sri narendra sakalangkung emeng panggalihanira. Amargi tiyang. 4. Samya dreng karsanipun rumaos antuk kardi sadaya.

Lah punika mugi wontena karsanipun mitra kula ingkang sisilih nama. Jaramaya. Ambatang. Menggah ingkang kaleres dhaup kalayan sang putri. Tiyang sakawan wahu ingkang pundi. Amargi bilih salah satunggal ingkang dhaup amasthi sanesipun boten narimah. Inggih dhaup sadaya boten mupakat wasana kula nyuwun gunging pangaksamanipun mitra kula mas jaramaya. Dene kula dereng nate tepang lajeng purun aselangkrakan awit sarehning kula tiyang balilu tur dereng darbe mamitran para sarjana. Dados kula sumalonong anekat amargi bilih kula watak lingseman amasthi lajeng badhe boten darbe kaindhakan mugi sampaun anjalari renguning panggalih.

Katandhang rare ngardi mursit.

Kinanthy mongka panjurung. Manawi tuwan redaksi. Anggalih niring kanisthan mungguh ing pustaka warti. Lumayan karya seselan ing samuwan bra martani.// ulun katemben andulu. Bra martani kang kawuri. Tri dasa nem angkanira. Pan wonten cangkriman saking. Mitramba siswa kusuma. Kang sinawung ngoreweni.// dumelaping ongga ulun kalulun lena kalindhuh. Ing pandalih ngudubilah. Watak wantuning pasisir. Nalisir sireka sasar. Sasar susur tanpa mikir.// mikir yen badhe ginuyu. Sarjananing bra martani. Dadak gelathak kumethak. Campuh medhan bra martani. Cumanthaka tur-tur buka. Manawi boten nalisir.// kados inggih saradhadhu. Sarawan dayaning jurit. Dhadhu pandamel maksiyat. Punika pembatng mami. Lepat leres pan sumongga. Sarjana bra martani.// kajawi punika ulun. Darbeni panuwun mugi. Sang siswa kusuma miwah. Sarjananing bra martani. Aparinga ingkang barkah. Karsoha anarbukani.// cangkriman sapele namung. Karya ruweting sujanmi. Kang bodho kadi pun kula. Pahe para sarjana di. Kang wus punjul ing ngapapak. Mrojol ing ngakerep rempit.// wonten sajuga maujud. Golongan sawiji-wiji. Sen isening jagat raya. Nanging tan kenging kinardi. Ijen-ijen tegesira. Pinerang karya ji iji.// paran dene adudunung. Saenggen-enggen kaeksi. Maujud ing saben wisma. Kerep pinarak ing meja. Punika wujud punapi.// pan amung punika sampun. Cangkriman remeh kepati. Tan pantes pisan sumela. Panyeratan bra martani. Titi panjurung sing kendhal. Karesidhenan samawis.//

Tamatipun malarsih

// kula wong sapinarah kang wadi. Iku lamun wanudya alanjah. Adad akeh sudigawe. Mamrih pamurung laku. Kalaksi tandur karta niti. Karya ganasi driya. Pangarrahing kakung. Kinaruh tunggal sarasa. Iku layak durga more dadi sisip sambe kalaning lampah.// ponca wara kang winarah mangkin durga rasa araning wanudya. Lamun lumaku adade. Kapapag priya langkung. Karikuhan asta tumangkis mongka panutup surya. Sarwi mipir rambit karebet miring lampahnya. Iku rasa karasa driyane juti. Sinamun pan katara.// teruhing tyas temah ngusap weni. Lir lingsema miyat marang priya. Sang kakung cepak dugane. Ngemu rasa wong iku. Nadyan durung nate nglakoni. Nanging legeting driya. Pasthi teruhipun keneng pamarsudyeng brongta. Temah rusak kasasak esuking sisip kapasuk wangseng kwasa.// pasak nenem gumantya winarti. Durga lancang araning wanudya. Kang kaduk dagda basane. Nanging semu sumambung. Sambang karna kakenan siring. Kaduga mancas sabda. Sabdeng lakinipun miwah priyayi liyan wongsa. Nadyan wangsanira pribadi duk lagi. Nuju alelenggahan.// durga lancang punika turampil mara paliper lambanging lanang. Linanggar langar basane. Punika tuhu lamun priya ingkang tan wongsa sami. Suminggah ringkuhing tyas mireng lancangipun. Murinding pinandeng sabda. Balik wongka bareng kagiwang ing budi. Binebet ing blisas lanat.// temah dadya kunjana wiyadi. Nadyan wadon kang lancang punika. Pupunton tama budine. Nanging lamun panupuh. Ing pamesu pasthi kuwalik. Ujer para juwita. Apesing tyasipun. Marmanta den singgahana. Pangraketa. Jaruman pamurang kapti. Kridha mangaben saya.// pasal sapta durganjana wardi. Wawdine wadon tan widada. Kat lultur kurang tretipe. Manjernih treping wujud ngalokroning sumekan mamrik iku lamun kagonda. Ring liyaning kakung. Karya panggubah ing kala. Kalimputan kasaput panggonda mamrik rengrenging payudara.// wus jejamak maksiyating estri. Yen diwasa wasising pangroga. Ngalokro madya kembene. Wonten malih kawuwus warseng sinjung ujunging taphi. Sinanga jawining krang. Dimen neka lamun. Jumangkah amangun tindak. Kempolira kapelak lirip ing taphi. Tumiimpah eku medhap.// mamalap sih sidan diring taphi. Pasthi lamun lamating wanudya. Kedah dinadar karsane. Sinangsayaning kakung. Kang kakenan jenenging taphi. Cengeng dupi kumelap kedhepe sitengsu. Lir malam ngiris kawangwang. Marma temah rusaking sarira siring. Sarang sinerang serang.// trining warna yen matrap tataphi. Mawa rangkepan miwah lalamban loba saenggon

enggone. Katontoning lyan kakung. Daten ngiwa mamet kang sepi. Iku priya tumingal sring kasrang pandulu. Katulup lepdaning kwasa. Ring rara tupang godha jroning pambudi. Kagendeng gitasmara.// wit pamangwang ring tengkeling kulit gegeutan listyaning wanudya. Temah ngudi panggagase. Sesining mawa wujud kang pinandom kamayan sandi. Ring hyang pamurbeng kara. Karana pangracun pangrucat cacadan driya. Keneng daya dumaya mamonca warni. Nglimputi ing ngutama.// tuman kataman maksiyat kardi. Yen kalakon lalakon punika. Kongsi maton pamuntuning. Tinakdiring hyang agung. Tetep juti jatining budi. Kabonda ring durmala. Muled alitipun dadalan delahanira. Andaluya kalayata nireng pati. Cinadhanging cintraka.// pasal astha esdhane pinarni. Durga limut araning wanudya. Pawestri lamun lakine. Lulungan lan ngaluyuk nulya bigar wigar ing budi. Gagrak anginggar-inggar. Lir luwar roga suru. Remen kakairng wor liyan angadhedher andhedhong kasamya siring. Suka sumengkeng karsa.// karantan-rantan tanambut kardi. Sakadare darpa mung dodolan tan jinem mung geng pantine. Rumanti budi sadu. Ambudaya rijeki bukti. Punikantuk durhaka. Dosa ring hyang agung. Tar len mring laki pandosa. Tur katemah tumraping sarira lirip kalurup mung karkara.// tamat condra juwita kang juti. Wawatekan bawa kang diwasa. Wus kacetha mutamate. Tamat ikang sumurup yamarmanta dinerah sami. Sasranduning. Gehan tan marna kang ayu. Dera wus datan kirangan paliwara wawaton matekan yuki. Mrih wira wirotama.// sampet ira tarontonging anggit waspadane jumungah leksapta. Puwasawawu warsane. Wuku maktal anuju. Mongsa karo tengraning warsi. Sinemu samudana. Lingsene kang mardu. Mimba prapratomeng sastra. Tan rinasa kithal-thel kungsuling kawi. Trus wiyat ngesthi mulya.//

Ongka kaping: 40

Kemis kaping. 30 September
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Abdi dalem prajurit lebet wasta carang secara. Gegriya kampung carangan salebeting baluwarti. Kala kaping. 23 wulan september. Ing wanci enjing sumedyo nganyut jiwa. Lumebet ing sumur. Nanging nalika panyemplungipun nurut lantaraning timba. Dados wonten salebeting sumur wahu kados rare ciblon agegondhelan saha tansah jelah jelih nedha tulung. Mila sareng sampun kapitulungan dening para tiyang tandang. Carang secara kaentasaken sangking babaya. Tansah dados gugujengan saha wonten akrabipun kaleres sepuh. Pitanglet saemper angerang-erang. Mas carang secara kapriye kresa mu ger. Dene wis ko tekati nganyut jiwa nyemplung sumur teka isih ora gelem wal karo lantaran timba. Sarta isih duwe enget jaluk tulung. Yen pancen durung eklas menyang ilangking nyawamu bok aja reka-reka. Mundhak digaguyu wong. Menggah ingkang estri saking bebeging manah ingkang mawi gantilan lajeng galasaran anangis jelah-jelih. Wicantenipun iya balah mas carang kok kebangeten temen nembung lagi disemayani. Teka ora nganti banjur areka-reka nyegur sumur. Dadiya patimu rak padha kelangan.

Nalika kaping. 18. Wulan september punika. Dalu wismanipun cina tukang sade tike ing dhusun tlawong kabesmen sumerecipun si babah dalah estrinipun sang dahana sampun rawuh ing payon saking getering tyas tan amanah darbekipun barang wedaling saking wisma amuha marlokaken nuntun atmajanipun kailekaken dhateng sabin sapraptaning sabin si babah enget atmajanipun ingkang alit piyambak dereng tumut saksana gagancangan amangsuli mongka nalika punika kyahi dahana sampun dhahar empyak kakalihi si babah ugi peksa malebet wasana atmajanipun taksih eca anendra wonten ing gendheng. Lajeng kabekta medal badanipun si babah ugi kathah ingkang pinarjaya ing dahana.

Ah rahayunipun sibabah kaengetan saupami kasupen atmaja kang nendra amasti katukup dahana.

Saking pawartos purwanipun kirang. 2. Dinten saking kabesmen punika. Si babah paben kalayan saweneh ing julig ingkang sampun boten darbe wisma mwang panggaotan nalaripun pun julig anedheng katlang sosepen arta nyambut tike pakaremanipun katulak lajeng naggojagi beduhan kaemutaken dados paben wahu. Nalika malem dinten akat ping. 19. Wulan september punika. Ing salebeting kitha baya lali wonten pasamuwan pista ageng. Inggih punika anggenipun wiwit angenggeni griya kamar bolah marapi ingkang nembe kababar. Dumunung ing tilas peken salebeting kitha.

Wiwit sonten ing salebet miwah sajawining griya kamar bolah karengga ing ron-ronan waringin saha bandara rontek gula kalapa.

Dupi watawis jam. 8. Para tuwan-tuwan miwah prayagung jawi ingkang sami ambawani pakempalanipun kamar bolah marapi wahu sampun sami rawuh kaurmatan ungeling musikan ing sapangkat pangkatipun.

Jam. 10. Para tuwan saha para nyonyah lajeng wiwit adhangsah. Bibaripun watawis jam. 4. Enjing.

Ing ngriku para tiyang ingkang sami aningali sakalangkung kathah. Saestu anambahi karaharjaning kitha bayalali.

Nalika ping. 13. Wulan september punika. Tuwan ingkang anguwasan dhusun karangka bawah dhistik kitha baya lali sampun iyasa peken enggal dumunung satengah pakopen salering dhusun kaleres sakilen wukir ngendra kila. Katamtokaken saben pekenan pon mawi karengga titingalan gongsa ringgit taledhek wayang purwa. Reyog dumunung satengahing peken tiyang ingkang sami pinuju sasadeyan saha ingkang sami anonton ngantos ewon kathahipun.

Mangkaten ,alih tiyang bongsa arab ingkang ambekta darbekipun kewan ugi dumunung ing peken enggal wahu. Mawi rinengga ing geber mori pethak saha kapanjeren bandera. Amewahi pasamuwaning peken enggal sadaya tiyang ingkang malebet aningali unta mawi bayar satunggal tiyang. 3. Dhuwit. Punika katingal kabegjanipun sanget tiyang ingkang darbe unta wahu. Mongka saben tiyang aningali miwah sasadeyan masthi lajeng agatosaken aningali unta. Nalika kula sumerep wanci jam. 11. Kemawon kethi wadhabipun arta sampun kebak mongka tiyang ningali taksih anggili ngantos sonten dumugi dalu. Saiba kathahing angsal angsalanipun.

Wondening patraping para tiyang dhusun ingkang sami aningali peken enggal wahu. Saestu andadosaken tuwuwing pangungun anggenipun taksih sami angesthi gugon tuhon amargi para tiyang aningali masthi sami agatosaken tumbas sekar konyoh enjet ampo. Kunir asem kapuk lajeng kasebar ing margi parapatan ingkang masthi dipun langkungi. Cariyosipun isarat kalis ing sasakit.

Wonten malih ingkang nambahi adrenging gugon tuhon sakiduling arda ngendra kila. Kaleres sawetan peken enggal wahu. Wonten sela ageng angongka margi saluhuring sela wonten tilas talapakaning suku. Panjangipun. 1. Kaki. Wiyaripun. ½ kaki. Ingkang kalimrah winastan tilas talapakanipun semar. Nalika bagawan minta raga martapa ing ngendra kila wahu. Inggih punika winastan sela tapak semar. Ing dinten adeging peken wahu kyahi tapak semar sakalangkung mulya. Awit sadaya tiyang dhateng peken enggal antukipun masthi lajeng angaturi dhahar panjenenganipun kyahi tapak semar. Awarni sekar konyoh enjet ampo kapuk kunir asem saha amiminta barkahipun kyahi tapak semar. Mugi sami atulada panjang yuswanipun kados panjenenganipun kyahi lurah semar. Mila juru kunci ingkang gagriya sacelaking sela tapak semar. Tan kendhat amumuji gesangipun peken inggal ing karang. Supados saben pekenan pon anyarengi dinten jumungah kyahi tapak semar lastantun dados pakahulan salaminipun ingkang ngantos saged ambarkahi ponang juru kunci. Punapa malih juru sade sekar konyoh ugi sakalangkung bingah tumut amumuji lir kyahi juru kunci.

Lah sampun mangkaten bilih para tiyang dhusun sakalangkung awrat yen anyirnakaken gugon tuhon tru tilas tapak semar wahu amung pawartos kemawon tumimbal-timbal ingkang dereng sumerep yakinipun ewadene panganggeipun anggenipun sumungkem kados kapanggih lugu kalayan lurah semar wenteh-wentahan.

Kabar nugraha ingkang rumentah

Kula mireng pawarti. Manawi abdi dalem panewu pangagenging kadhestrikan kitha ing ngampel mentas kadhwuhan sih nugrahaning kangjeng parentah ageng. Inggih punika pinidana nawala sabda mulya. Kawastanan kakancingan amedharaken renaning panggalih ing kangjeng parentah ageng. Dhumateng abdi dalem utawi abdi dalem mantri polisi bawahing sukabumi. Kaalembana awit sakim limpat saha sanityasa lalabetanipun sae. Katondha saged musara dhumateng satru jayeng roda kecu ing dhusun belang. Ngampel tiyang ingkang nglampahi kacepeng tan wonten ingkang cicir. Malah saurut-uruting lampah saged katelak sarta mawi cina. Wonten malih panunggilanipun ingkang ugi tampi nugraha. 1. Demang. 2. Kaji neman sami ing tlaga lele. Ngampel. 3. Lurah ing dhusun gejungan bawah magelang. Mandar kajineman tuwin bekel wahu mawi kaganjar arta.

Adhuh sang tampi nugraha. Mugi-mugi sasantining jeng parentah ageng punika numusana mutabaripun dhumateng sariranta. Katanggapan supananing panarima. Tuwin sageda sunduk ing sapangalembana. Saha mewahana bawaning sinom utama.

// puji kenyaring kintaka. Manglulut wilet basuki. Rasikaning karywa praja. Praja karja sru arjanti. Marmanta mular mami. Bagyaning para kapungkur. Den limpat liring jana. Selaga lagehan juti. Kretartana limput ing juti antaka.// manglahing durjanantaka. Tembe marta asusuri. Labaning labuh angkara. Kabubuh ambaring budi. Budaya kang sisiring. Mangruruh teruh sinaruk rarabing tyas marteja prawiranira jeng mulki. Nataning rat tuhu prabaning sri nata.// aminta bula suja kirana.

Samarang

Dinten agengipun tiyang jawi. Inggih punika dinten riyadi bakda siyam ingkang nembe kalampahan punika kalebet rame. Swaraning mercon ingkang kaungelaken ing pakampungan sakalangkung kathah. Katemahan ing griyanipun tiyang anama. S. ing kampung. M. S. meh kabesmen jalaran kacipratan dahananing mercon rahayunipun saged kapitulungan ing kathah. Ing dinten wahu saben wisma ning saweneh ing tiyang. Wiwit enjing sampun andher atata meja kaisenan dhadhabaran olah-olahan tuwin woh-wohan ingkang peni. Sanadyan ingkang awis arginipun []ken wontenipun awit saking adrenging panyipta [] dhadhabaran saha rarezik sadayanipun para tiyang jaler estri lajeng

sami abusana ingkang sarwa endah saksana sami bidhalan saking wismanipun angluhuri wismaning pupundhen miyah mitra-mitranipun angaturaken pangabekti sasaminipun alal bihalal mila sadinten wahu ing samargi-margi tiyang lumampah anyelab lekithi. Ananging wonten ingkang andadosaken cuwaning para langkung jalaran sareng jam. 10. Lajeng jawah ngantos anemahi banjir.

Ing dinten punika ugi jam. 8. Enjing. Para priyantun jawi ageng alit sampun sami sumiwi ing pasowanen kabupaten jam. 9. Kadhwuhan sami malebet ing pasowanen ponca niti. Kaurmatan swaraning pradongga ingkang sampun kasadhiyakaken ingkang sami sumiwi angantu ngentosi rawuhipun kangjeng tuwan residhen. Jam. 10. Kangjeng tuwan residhen rawuh dalem kabupaten kaayab ing prayantun jawi asisten wadana. Ingkang anyarengi tedhakipun kangjeng tuwan residhen wahu. Kangjeng tuwan jendral. Kangjeng tuwan asisten residhen. Tuwan sekretaris. Tuwan kontrolir. Ing samarang miyah ing gubug saha para tuwan-tuwan sanesipun dupi prapta ing ngalun-alun kaurmatan swaraning pradongga umyang. Binarung ungelung mariyem arambah-rambah. Saksana anjok ing dalem kabupaten kaayab para priyantun ingkang sampun sami sumiwi wahu. Sasampuning malebet lenggah ing pandhapi kabupaten sawatawis dangunipun kangjeng tuwan residhen lajeng jumeneng andhawuhaken paring pangestu wilujeng.

Kangjeng tuwan residhen saha tuwan-tuwan ingkang sami rawuh ing ngriki. Aparing pangestu wilujeng ing dinten riyadi. Dhumateng panjenenganipun bupati. Sagarwa putranipun sarta dhumateng para priyantun jawi ingkang sami akempalan wonten ing ngriki sadaya. Mugi sami tetep rahayu sampun kanuwanning kang dipun esthi.

Panjenenganipun bupati lajeng angaturi wangulan sakalangkung pamundhi panuwunipun dhawuhipun kangjeng tuwan residhen wahu.

Ing ngriku kangjeng tuwan residhen saha tuwan-tuwan lajeng wangsl ing palenggahan malih. Lajeng lumados lariyan unjuk-unjukan sampanye sasaminipun jam. 11. Kangjeng tuwan residhen saha para tuwan-tuwan sadaya sami kondur. Pahurmatan sampun lir nalika rawuhipun.

Sakonduripun kanjeng tuwan residhen panjenenganipun bupati lajeng lenggah ing ngandhap. Para priyantun lajeng majeng atru sumungkem pangabekti anguswa suku gantos-gantos jam. 1. Bibaran.

// Purwaningsun kadar papaksa amocung. Krana suka dahad ing nalika ngawikani. Panjurunge sudara nagri samarang// kang ginelung aneng pasamuwanipun bra martani koran cinitreng aires ati. Tanggal ping dwi dasa tri september condra// sura sung. Batangan cangkrimaning sun. kang sampun kawahya. Direng koran bra martani. Rinegga ing sekar macapat ron kamal// lah punika. Kawruhana sudareng sun yen gyan ta ambatang. Cangkrimaning wang wus sidi. Anyeplexi lan ingkang dadya sir kula// marmanipun ingsun dadya piri kudu. Sung pangalembana. Ywa kongsi runtik ing galih. Lamun sira wong pasisir tuhu wigya// lyan puniku. Sira risak sana asung. Cangkriman maring wang. Dhuh punika sun ecupi. Nggih rijeki gandume wong tanah jawa// lo kalamun nalisir pambatangsung ywa rengu ing driya. Balik ngeguna aksami. Mara mangkyu ulun gantya sung mring sira// cangkriman sru. Sapele ning wang nemu. Kemu kalawan dadakan nalikaningsun manulis wawangulan kang marang sira punika// nggih puniku. Wonten sawiji maujud arane tri wanda. Pratistha ana ing bumi. Dhapur ira lir kasenenganing priya// de kalamun pinerang dwi wanda ngayun darbe teges khewan wandane sajuga wuri. Tegesira luwih mugi den batanga// siswa kusuma.

Anyariyosaken ingah-ingahan tuwin sapangupajiwanipun tiyang ing pulo bali

Tiyang bali punika. Kathah ingkang sami remen ingah-ingahan kadosta. Ngingah mahesa. Lembu. Kapal menda tuwin ingah sagawon miyah ayam iwen sasaminipun ananging lembunipun wedalan ngriku. Sanes sanget menggah warninipun kalayan lembu wedalan tanah jawi. Wrakinipun lembu bali wahu. Saemper wrahining kada. Sarta sukunipun sakawan pisan ajeg pancal panggung. Ing bokong sangandhap buntut sami buntal pethak sanajan abrita. Pethaka. Tuwin cemenga. Saestu ajeg warninipun makaten sarta lembu kalebet kathah tur ageng-ageng saha mirah ing pangaosipun amargi tanah ngriku awis tiyang purun nyunati lembu. Sabab kalebet dados cacegahaning agami bali. Wondening kapalipun wedalan bali. Warninipun saemper kapal kore wedalan pulo mangkasar. Jenggilenging mripat miyah trajanging lampah. Tru inggih kalebet mirah. Katimbang kalayan pangaosing kapal ing tanah jawi. Ananging kapalipun awis ingkang ageng. Wondening tiyang ngingah mehenda. Manawi tanah bali ingkang bang kilen kalebet awis kajawi tiyang bawah kitha karangasem ingkang kawastanan dhusun (saya saurutipun punika langkung kathah sanget tiyang ngingah mahenda. 1 tiyang ngantos ngingah 50 iji. Ingkang ageng ngantos 300—500. Amila pangaosing mahenda tanah ngriku mirah sanget punapa malih wahu menda sami dipun ujagaken dipun wanakaken wondening tiyang ngingah babi sami boten purun ngandhangaken mila salebeting kitha-kitha.

Tuwin dhusun-dhusun pinten-pinten babi pating kluyur ing margi-margi. Tinjanipun andadosaken sasakit rang. Menggah pangingahipun sagawon saklangkung kathah ngantos satunggal tiyang ngingah. 3. Ageng ngantos. 8 tur inggih crobo. Satengah gagertosan kimawon patilemanipun kadamel tilem sagawon tiyang ngingah bebek ayam paksi titiran prekutut inggih kathah.

Tiyang bali punika. Menggah pangupa jiwanipun ingkang kathah sami tatanen nanem pantun palawija sasamenipun awis tiyang nglampahi dagang saba laut ugi wonten ananging sami boten kesah-kesah saking salebeting naganipun piyambak.

Anyariyosaken bab kalakuwanipun tiyang ing pulo bali

Tiyang bali punika. Bilih badhe semah. Jaka angsal prawan wahu estri boten susah mawi katembung dhateng ingkang sepuh. Amung lare sami lare rurujukan wonten ing margi-margi. Tuwin wonten ing titingalan ing winci dalu. Manawi sampun sami seneng. Ing wektu satunggil dalu lare estri dipun colong dening lare jaler wahu. Kabekta kesah siningidaken ing panggenan ingkang tebih. Sareng tiyang sepuhipun lare estri sumerep ing winci dalu anakipun sampun boten wonten lajeng enggal angungelaken kenthongan ing pambekel ingkang wonten ing margi. Tuwin lajeng repot dhateng pamphekelipun.

Tumunten para krabating lare estri. Saking bapa saking biyung. Sami ngupadosi ing winci dalu wahu. Sami sumekta ing sadedamelipun. Ingkang saupami pinanggih saestu lare jaler ingkang nyolong wahu dipun pejahi. Sarta boten kirang-kirang tiyang pejah jalanan prakawis makaten.

Ananging manawi kitha buleleng tuwin ing jamburana ingkang sampun kabawah ing gupremen sampun boten kenging adamel pejah ingkang jalanan makaten ing samangke sampun sami mituhu ing parentah. Inggih ugi yen gadhah anak ical taksih kaupadosan ananging pangupadosipun boten sumengit sarta boten tumemen mandar manawi mireng kabar larusing anakipun mangaler. Lajeng kaupadosan mangidul supados sampun ngantos bentuk.

Taksih wonten candhakipun.

Candhakipun cariyo pethikan saking serat dhalang basa malajeng

// sang nata mundhut turanggi. Ki nuswa gya tinitian linggar sing dhatu layane. Anuju ngetan kewala. Prapteng rahara wiyar. Tan paduk sina dinulu. Nareswara nir sadarga.// lalu mulat nganan ngering tuwi nolih marang wuntat mksa tan ana kang tinon kang tetes lan kang supene. Nanging dupi sang narpa. Sumengka anggrani gunung. Kang ana guwane juga.// akaton wong kaki-kaki. Pitetur ngarep ing guwa. Sang nata mrepeki age. Sedyarsa rarywan sakedhap tyang kaki-kaki ika. Akasar busananipun lir wong ahli mangun tapa.// amanganggo gumbal putih. Ujwalake swane pethak. Yayah salaka warnane. Saking cahyaning katondha. Lamun mamursada. Amarek sanga prabu. Andheku sarwi ngandika.// bagya suwawi narpati. Ywan saarju tyas paduka. tedhaka ing guwa ngrike. Ananging samun kalintang. Pahe lawan purendra. Rinegga sarwendah murub. Weh kacaryan sinatmata.// nanging kawruhana ugi. Yapwan ratu jaman kina. Inggih sareng juka panggoh lawan janma pekir tapa. Yeku minongka cihna. Berbudi kadarmanipun. Tan tampi mring sudra papa.// narendra amangsuli. Heh wreda ywa darbe cipta. Ywan ingsun gampang pinanggoh. Janma saleh lir andika. Mangkyu kadarpaning wang. Amimitran lan sireku. Temen-temen trusing manah.// sarta ing paminta mami. Lamun sira kabramintan. Umatura ingsun age. Wit ingsun tutulung arsa. Krana sotaning driya. Ywan sira nyembah hyang agung. Nyuwuna barkah ing kita.// sawuse sang dhabikelim. Amangsuli kang kadyeka. Anyengklak kuda lajenge. Dwisthane ayun umangkat. Wong tuwa nulya mojar. Lah nata pupundhen ulun. Karsaha kendel sakedhap.// myarsakna atur patik. Lamun tiyang mangun brata. Kados dene ulun kiye. Kininten tiyang malarat. Ing guwa wisma hamba. Wonten raja branipun. Kang pantes katur sang nata.// bondha beya ulun teki. Dineya ing rukmi slaka. Lan sosotya mwang liyane. Barang ingkang endah-endah. Pusaka saking bapa. Nguni duk tumekeng lampus. Nging pukulun alenggana.// ngangge barang kang kadyeki. Asta maning wardayamba. Muhung yatna mring hyang manon. Sarta jaman kalanggengan. Tuwin slameting jiwa. Kasudanuning donyaku. Daton pisan ulun etang.// anging paduka narpati. Kenging ngangge arda neka. Ceraya gung pigunane. Mamrih basukining praja. Marma pukulun minta. Yun amalap sadayeku. Kang aneng guwa punika.// cariyo ingkang kapacak kemis kapengker wonten ingkang lepat pangecapipun leresipun kados ngandhap punika.

Tandu	leresipun tandya
Nagring	" nagri
Wuda	" wuta
Sagara	" nagara
Lan ngagya liyan praja	" lan ngagya mring liyan praja

Tiyasa	"	tipasa
Kalepatan	"	kalesatan
Prawieki	"	prawiteki
Trustha	"	tusta

Taksih wonten cindhakipun. Manungkara

Ongka kaping: 41

Kemis kaping. 7 Oktober
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Pawartos saking eropah

Praja cina anggenipun badhe mangangsah dhateng praja rus boten saestu.mandar cundakanipun ingkang kautus dhateng ing ruslan anilar dhawahing nagari lajeng kamipurun adamel prajanjeyan ingkang sareng wangsul asaos sang ratu cina. Lajeng dipun lebetaken kunjara. Sarta ingkang badhe kapatrapan siyasat wasesaning nagari. Katigas jangganipun ing mangke sampun dipun luwari. Praja cina nunten angatingalaken pawong mitranipun malih dhumateng praja ruslan lalampahanipun praja cina makaten punika kenging binasakaken gora pracandha alimengen namung ing ngenggen.

Praja grikenlan amirantos ing dadamel pangangkahipun badhe angrebat purun dhateng pasiten tanah turki ingkang sampun katamtokaken dhateng para praja. Kagelengaken dhateng laladaning grikenlan sarta bilih praja turki taksih angekahi palabuh dulsino. Ingkang sampun katamtokaken anggeleng dhateng tanah montenegro. Praja ruslan sabiyantu kalihan praja enggelan badhe kateksa ing mulungipun palabuhan wahu.

Salatiga

Nalika kaping. 1. Wulan september punika. Lurah agen ing kitha bayalali. Akanthi jajaripun satunggal kautus parentah angirit suldhadhu walandi katampekaken dhumateng pangagenging beteng salatiga. Dipi lampahipun prapta sacelaking lepen krakal kapethuk saweneh ing suldhadhu bugis kakalih. Lurah agen lajeng midhun saking tumpakanipun kapal sumedya angandheg lampahing suldhadhu bugis wahu. Pona bugis dupi andulu wujuding agen ugi lajeng kendel ing ngriku lurah agen lajeng apitaken kalayan sabda manis angudi nama pinongka mwang sedyanipun miwah ambeta serat ingkang sampun terang saking pangageng. Ponang bugis amangsuli. Sarta amrasajakaken salugunipun.

1. ngaken anama saresan ten. 1. Ngaken anama suldhadhu bacuk asli saking beteng bahrawa. Boten ambekta serat pas pancek sumedya amiruda. Lurah agen sakalangkung suka amarwata suta. Amargi anyipta tambah kagunanipun lajeng angrintih minta rumentah sihipun sang bugis supados sami anglegani sasedyanipun sang lurah agen. Sageda kyahi bugis kakalih kaaturan wasul kadherekaken anjujug beteng salatiga. Awit kapa sang yogi wonten sasarenganipun suldhadhu walandi wahu. Sarehning anggenipun amatrapaken tatembungan boten kirang luwes dados sang bugis kakalih datan lenggana amituhi sasedyanipun saksana ri sang bugis kakalih lajeng tumut wangsul dados agen kakalih angirit suldhadhu tiga. Ewadene agen anyirnakaken sumelangipun jalaran sampun asikep dadamel pistol miwah pedhang. Mongka suldhadhu tiga sami tanpa dadamel dereng watawis dangu tebih ing lampahipun ing ngriku wonten saweneh ing tiyang lumampah ambekta dagangan warni-warni. Dipi sang bugis andulu wujuding tiyang ambekta dagangan angeneiti adat kalakuhanipun datan saronta lajeng angrebatu daganganipun tiyang ingkang lumampah wahu kakuras gusis dupi tiyang ingkang ambekta dagangan sampun lumajeng. Sang bugis kakalih lajeng kendel amalang kadhak wonten satengah ing margi ageng. Sarwi anglempakaken sela kathah. Angajengaken lampahing agen ingkang angirit wahu. Agen sawatawis celak lampahipun datan saronta lajeng kataman ing sela mawanti-wanti. Lumaraping sela tanpa wilangan kagyatipun agen kakalih lajeng angingeraken kudanipun sumedya anamakaken dadamelipun pistol ananging sampun boten saged nanggulangi sela ingkang lir udan sinemeni. Sakalangkung rame pratikelipun lir ayuda tan ana nedya ngunduri.

// sarsan bugis amangsit suldhadhu nira. Sela kinen anitir. Aywa kongsi kumba. Marma riwut mangsahnya. Dres lir tirta sing wiyati. Agen saksana. Pedhang ira tinarik// kuda nira sinambuk minger lumarap. Nedya

mangrupak wani. Kuda agambira. Keni kataman sela. Tangkep pedhang wanti-wanti. Nging tanpa guna. Meh kongkal sing turanggi.// gya mundhi pistul tinandukun saksana. Wanti-wanti tan keni. Sang bugis gambira. Sengkut pambandhem ira. Agen pinaarjaya keni. Miris turongga. Sinambuk nambur pati.// minta tulung janma sadhusun anulya. Kenthongannya tinitir. Umyang awurahan. Ewon janma kang tandang. Asikep dadamel neki. Canggah mwang pedhang. Tumbak tan ana kari.// sarsan bugis duk umiyat janma kathah. Memepeng pangamuk neki. Tan miris samendhang. Singa kataman sela. Janma keh lumayu ngentri. Marma tan ana. Janma nedya marpegi.// mung kinepung arantab saking mandrawa. Singati nrajang miris dupi wus karasa. Sayah sang bugis tandya. Ngalempreg gya den tututi. Kinrubut kathah. Keni binonda kalih.//

sasampunipun keni kapikut lajeng kaladosaken dhateng kawadanan lurah agen sajajaripun andumugekaken sedyanipun kilap ing tembe wasananipun.

Kala samanten para tiyang ingkang mentas tandang sami awiraosan mangkaten. Lo iku dadi tuladha. Wujud karp adat iku kudu dititeni adat awit wis adate bugis iku uga masthi ngamuk sanadyan wektu iku katon kaya kuthuk. Ananging kudu anyadiyakake kaprayitnan. Saweneh amangsuli mangkaten. E. kang. Sampeyan iku kakeyan panggagas dadine. Masthi mawon nek dipikir mengko gek ngene. Mengko gek mengkono. Niku kurang sokur ring ngalah. Awit kabeh wong niyat gampang gih dadi gampang. Niyat angel gih dadi angel. Kancanipun mangsuli malih.

Ah ora mengkono. Sabara wiwitan gampang iku saka angele. Kang wiwitang angel iku saka gampange. Titnana supaya ngandel.

Lah punika kilap pundi ingkang leres rembagipun tiyang kalih wahu.

Madiyun

Dinten agengipun tiyang jawi. Riyadi bakda siyam ing dinten sene jam. 6. Enjing. Sampun umyang swaraning pradongga munggang dalem kabupaten. Jam. 8. Para priyantun jawi ageng alit sampun sami sumiwi wonten ing pasowanen bale mangu amangge ageng.

Jam. 9. Panjenenganipun ingkang bupati amatah caraka animbalii pra priyantun ingkang sami sumiwi wahu. Kaurmatan swaraning pradongga munggang. Sasampuning sami tata lengkah dumunung salebetung pandhapi kabupaten para priyantun majeng lajeng angabeti anguswa suku ing panjenenganipun ingkang bupati gantos-gantos urut sapangkat-pangakatipun. Jam. 10 ½ kangjeng tuwan residhen saha para tuwantuwan sanes rawuh ing dalem kabupaten kaurmatan swaraning pradongga miyah musikan binarung ungelung mariyem ambal-ambalan kapethukaken panjenenganipun ingkang bupati. Sasampuning tata lengkah kangjeng tuwang residhen lajeng andhawuhaken aparing pangestu dhumateng panjenenganipun ingkang bupati. Sarta dhumateng para priyantun sadaya. Mawi anggelaraken panggalih suci. Anuntuni angela-elaning panyiptaning para kawulanipun dene barkahipun kangjeng tuwan residhen samanten.

Sasampunipun dumugi anggenipun aparing pangestu wilujeng. Tumunten sadaya titingalan ingkang saking ing dhestrik kagelaraken mijil saking kilen pandhapi anjog ing ngalun-alun.

Ingkang gumelar rumiyin awujud pareden kadamel saking deling saluhuring wukir karengga ing ron-ronan ing pucak mijil dahana kumukus miyah tirta asumamburat. Yen tinon saking mandrawa ceples lir wukir lugu. Ingkang dumunung ing wukir wonten maujud wisma rinengga wreksa dalah woh-wohan warni-warni. Bilih kawaspadakaken angemperi kang kasebut serat arjuna sasra. Inggih punika wukir loka pala.

Wonten malih maujud wisma alit-alit kadunungan wawarnen janma sami anyambut damel bathik nenun angantih.

Wonten wawarnen malih kadunungan mercon akathah tanpa wilangan sarta kukila sasamberan dupi prapta sangajenging pandhapi kabupaten mercon kasuled sakalangkung rame ungelung mercon dahana sumamburat anyalati ingkang maujud wisma gusis kagyating kukila samya sumebar anapak gagana. Kajawi punika akathah titingalan kadosta reyog angklung sasaminipun.

Satelasing titingalan ingkang sampun gumelar. Kangjeng tuwan residhen dalah para tuwan-tuwan lajeng kondur. Paurmatan kados nalika rawuhipun.

Sakonduripun kangjeng tuwan residhen panjenenganipun ingkang bupati miyah priyantun sadaya asiyaga badhe sowan ing dalem paresidhenan panjenenganipun ingkang bupati anith rata pameran rakitan. 4. Kaayab para wandu-wanduwa. Kajajaran para lurah dhusun anumpak kapal sakalangkung kathah para tiyang ingkang aniningali.

Sapraptaning dalem paresidhenan kapethukaken dening kangjeng tuwan residhen sasampunipun atata lengkah panjenenganipun ingkang bupati lajeng angaturi wangslula ing kangjeng tuwan residhen sakalangkung atur pamundhi panuwunipun dhawuh pangandika paring pangestunipun kangjeng tuwan residhen saksana panjenenganipun ingkang bupati lajeng angaturaken pangabekti sumungkemipun ing

kangjeng tuwan residhen lajeng para priyantun sadaya gantos-gantos angabekti ngaturaken sumungkemipun ing kangjeng tuwan residhen dupi sampun tata lengkah malih lajeng kaparingan unjuk-unjukan sarta dhadhaharan saparlunipun lajeng sami bibaran.

Jam. 4. Sonten para priyantun sami asiyaga malih wonten ing ngalun-alun ameta anumpak kapal. Badhe [] kangjeng tuwan residhen sagarwa putra amriksani.

Jam. 6. Sonten sawek bibaran.

Dalunipun ing dalem kabupaten wonten pasamuwan malih tuwan-tuwan salebeting apdheling ngriku utawi saking ngamonca sami dhateng. Saha para priyantun jawi. Bibaranipun jam. 7. Enjing.

Batawi

Nembe punika bupati sepuh ing siyem dhateng batawi. Kanthinipun anama somdhet kwe pahema akosati bodhi tikalaum anumpak bahitanipun piyambak saking nagari siyem ingkang manggalani wolu. Panekaripun 15. Juru basa tiyang bongsa eropah satunggal ambekta pawestri. 8. Ingkang kapatahan dherek garwanipun sepuh sang batapi.

Wondening ingkang amethukaken wonten ing palabuhan tuwan komandhan militer. Kangjeng tuwan residhen kangjeng tuwan asisten residhen tuwan komandhur laut tuwan ajinan. Kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral ugi karsa amethuk piyambak dhumateng ing palabuhan anitih abhita asep alit badhe angaturi wilujeng dhumateng ingkang nembe prapti.

Dupi bahita siyem katingal prapti uluk salam binarung ungeling mariyem lajeng katimbangan ungeling mariyem ingkang sami methuk.

Sasdampunipun bupati siyem sapanekaripun amudhun saking bahita alit prapta ing dharatan kaurmatah ungeling mariyem rambah ping. 19. Sapraptaning ngebum lajeng kaprthukaken kangjeng tuwan residhen ing batawi. Saksana anitih petuhkan rata kalayan kangjeng tuwan ingkang wicaksana. Kajajaran sulhdhadhu usar anumpak kapal jujug ing karaton resweg inggih punika dalemipun kangjeng tuwan ingkang wicaksana. Juru basa boten kenging kantun akanthi panekar. 3. Wondening panekar sanesipun sami kadunungaken manggen ing griya lusemen ingkang winastan otel nederlan sacelaking karaton.

Dintenipun kemis tanggal ping. 2. Wulan september punika. Bupati ing siyem tindak dhateng bogor.

Dintenipun jumunyah tanggal kaping. 3. Lajeng bidhalan mantuk mawi kaurmatah anitih rata rakitan kapal seni. 4. Sangajenging rata kajajaran usar miwah tuwan sekaut sakiwa tengening rata kajajaran tuwan litnan usar sami anumpak kapal.

Ingkang sampun sami asiyaga methuk ing ngebum kangjeng tuwan residhen tuwan komandhur sarta tuwan-tuwan upsi. Miwah tuwan amtenar sanesipun sapraptaning ngebum bupati siyem lajeng anumpak bahita ageng. Lajeng bidhal.

Saking pawartos parlunipun adamel serat prajangji kalayan kangjeng gupremen bab lampahing dagangan mengkah paurmatanipun sampun boten sanes kalayan sang raja ing siyem.

S. M.

Leres pambatangipun para bijaksana. Kantun kiwir-kiwir tiyang jawi boten saged pathat sangking gugon tuhon jalaran kalulun ginendeng sangking dayaning agama jawa. Tegesipun tiyang jawi mila nama jawa. Margi trahing jawata. Sanadyan sampun kalunturan agamaning rasulloh inggih punika ingkang badhe nuntun nyerepaken ing papadhang ngentasaken saking pepeteng. Nanging ngantos samangke tiyang jawi dereng saged nyirnakaken ngelmuning kabudan tansah lumengket ing gugon tuhon malah manawi kapirit sangking serat babat tanah jawi. Wonten trahing rasulloh ingkang maolana dhateng tanah jawi. Ngantos nurunaken para bongsa luhur ing jaman mataram dumugi ing surakarta. Ngayogyakarta inggih punika ingkang sisilih. Maolana iskhak. 2. Maolana ibrahim mila katelah dumugi jaman samangke putra sentananing ratu. Kasebat tiyang ageng jalaran turunipun tiyang saking tanah ageng. Sasaming kapulowan ingkang kageleng ageng ing tanah jawi kenging kawastanan pulo alit mila tiyangipun ingkang boten angsal trah saking karaton nama tiyang alit nanging jaman sapunikna ing tanah jawi sampun kathah kajogan tiyang saking tanah ageng inggih punika para tuwan-tuwan walandi sapanunggilanipun. Mila tata tatrap pasemon pakaremanipun tiyang ageng ing tanah jawi kathah iripipun kaliyan bongsa walandi. Jalaran asalipun nunggil saking ing tanah ageng. Mangsuli cariyos kula bab tiyang gugon tuhon. Inggal punika kula mireng pawartos abdi dalem niti ing kapatiyan mas rongga sastra adana. Gadhah salu amben kadamel saking kajeng jati. Rehning kamanah kagengen tumrap pawonten griyanipun mas rongga. Salu wahu badhe dipun alitaken nanging pundi undhagi ingkang garap lajeng ngececceng. Sarira saingga kajeng. Bayu otote kenceng. Kados tiyang kasurupan boten mawi empan papan purun anguman-uman dhumateng

sadhengahing tiyang. Mila ngantos samangke salu dereng kaupadamel sarta masur tiyang ingkang mestani bilih amben wahu kadamel pratisthaning dhemit.

(panjurung)

anganggep cariyosipun serat jaya ubaya. Bilih tanah jawi kaisenan manuswa saking ing keling. Dados bongsa jawi punika tangkaranipun menggah ingkang kaangge nalika kina ing tanah keling wahu tembung sangsekrit tembung jawi ugi kathah rujukipun kaliyan tembung ingkang kasebut wahu. Mongka kula maos serat cariyosipun tanah keling. Puniaka kula amarangguli tembung sangsekrit satunggal yawanah. Tegesipun enim embok bilih wastanipun pulo jawa punika. Kalanturanipun tembung yawanah wahu. Manwi kapirid saking serat jaya ubaya. Inggih wonten emperipun.

Juru ngarang.

Pethikan saking serat bongsa cina. Nyariyosaken lalampahanipun nyonyah ingtaeh kaliyan jaka sampig.

//oo// kasmaran murweng kintaki. Reh mudha punggung dumadya. Murih lumari lumanteh. Mindha sang ambeg swarjana. Ywan kasereng samanta. Juru gubah ywan saharju. Denyarsa nganggit pustaka.// dahat sekung amiyarsi. Kateng bab nagari cina. Datar wrin siku sarune. Witan linggar ing ngeseman. Muhung minta aksama. Sinangkalan purwanipun. Ywan ta luhur ngesthi juga.// anujwa rinite manis. Condra masa likur sawal. Warsa wawu panglarase. Rerepen kang saking cina. Wacwu wonten wanita. Ni cok ingteh namanipun. Prawan dereng adiwasa.// ayu kuning lindri-lindri. Tan pasa dulur wanita. Mung priya siki kadange. Ni ingteh [] dyan wanita. Kacaryan ngaji sastra. Niyate lir rare kakung. Adreng pamit ibu rama.// ni ingteh aturi uning. Nuwun ibu nuwun rama. Sampun sumela driyane. Pun ingteh nuwun kalilan. Arsa ngaji aksara. Ngaji mring nagari angcwu. Rama mung atmaja kenya.// luhur kulu swargi swargi. Tilarane tegal sawah. Datang kirang sekalire. Kula ngaji amrih wigya. Rama nira ngandika.aja ngaji nini ayu. Santri ngaji kabeh priya.// mung sira kenya pribadi. Kaya ngapa awor priya. Ibu manis andikane. Wruhanira putraning wang. Sira kepinging wigya. Niyatmu kudu meguru. Yen kebeka dadi nistha.// tunjung kincup saupami. Yen wayah akeh bremara. Nguswa-uswa mrih mekare. Yen mekar witipun camah. Eman sira wewujung. Ingteh dhasar rare besus. Weruh semune wong tuwa.// sigra manjing tilam sari. Wus salin busana priya. Ngesuti wedhak pupure. Ngrakit mimba-mimba priya. Ibu rama wuninga. Ingteh mimba-mimba kakung. Kudu sugci lampahira.// ibu rama paring ringgit. Nyangoni ingteh lumampah. Sarwa arum ngandikane. Wong tuwa ngamini arja. Iya nini ngajinya. Den prayitna ing pakewuh. Aja cara aneng wisma.// nyonyah ingteh sigra pamit. Mring ipe bok ayu sang dyah. Nitipken rama ibune. Bok ayu pun ingteh pasrah. Rama ibu neng wisma. Mung paduak siang dalu. Gantosipun ingteh kesah.// pun ingteh mring angcwu ngaji. Bok ayune mesem mojar. Adhiku wong ayu dhewe. Lunga ngaji mundhak aji. Santrine kabeh priya. Aja lunga nini ayu. Prawan sunthi meh diwasa.// sira menyang ngempit tulis. Sira mulih ngemban bocah. Dadi nistha temahane. Ni ingteh semu ruditya. Bok ayu ujar nasar. Kula ngaji madhep jujur. Amrih wasis nameng sastra.// niki kula pasang giri. Mendhem kasemengkan sutra. Neng ngandhap bata prenahe. Kula kesah ngaji sastra. Yen tan sugci sanyata. Wastra awor siti ajur. Kari kembang boten mekar.// ni ingteh pamit lumaris. Busanane mimba priya. Pidek saalon tindake. Dhasar katember lumampah. Rong pal jarem sukunya. Ni goh ling ting aso gerdhu. Neng capli tyam kendel sayah.// anenggih kocapa malih. Ni ingteh ngulon lampahnya. Mirsa wong liwat pareke. Ni ingteh mara wacana. Kakang badhe mring paran. Kepasang yogya pinuju. Kesareangan lampah kula.// jaka sampig nglingnya manis. Kula badhe ngaji sastra. Meguru mring angcwu dakjek. Adi mring pundi sinedya. Pinuju kasareangan. Ni ingteh alon sumahur. Yen makaten sami kula.// kula inggih badhe ngaji. Mring angcwu guru wismanyia. Paduka sinten namane. Jaka sampig aris mojar. Nyo sampig nami kula. Wisma kula kitha bucwu. Adhi sinten ingkang nama.// ni ingteh sigra nahuri. Kula cwok ingteh kang nama. Saking wacwu pinangkane. Yen kakang mring angcwu samya. Sumongga sareng kula. Kaleresan tunggil guru. Wus rujuk wong roro tunggal.// wonten wite yang lwu margi. Samya kendel ngandhap wreksa. Wus jangji kadang rembug.// ingteh nom sampig kang tuwa. Sampun pethuk driyanya. Jangji kadang tunggil guru. Dipun sengguh sami priya.// sasampuning jangji-jangji. Sigra mangkat rampak-rampak. Jaka nom padha baguse. Wus prapta angcwu nagara. arja kathah tontonan. Kendel tiyam gunem rembug. Benjing enjing manjing langgar.// mring wismane guru ngaji. Ni ingteh aris wacana. Yen mantuk ngaji akire. Kakang sampun pisah-pisah. Mantuk sareng lan kula. Mampir wisma kula wacwu. Lulut tunggil bukti nendra.// enjing sareng manjing ngaji. Tan kuciwa tat krama. Kyahi guru suka tyase. Jaka cilik samya limpat. Putus uda nagara. aglis angwal ngawak mungkur. Kyahi guru aris mojar.// jaka cilik sregep ngaji. Pesthi wasis nameng sastra. Besuk kanggep ngabdi rajeng. Anenggih wahu kocapa. Sampig ingteh tan pisah. Bukti

tunggil nendra kumpul. Ingteh mijil surtining tyas.// wantuning wong tunggil guling. Datan wande gulimpangan. Reka-reka gawe jangjen. Wastra gawe wates nendra. Sapa nimpahi wastra. Kanti kliwat wates kumpul. Dhendhane mangsi lan dlancang.

Taksih wonten cindhakipun.

Citra pandhaya.

Ongka kaping: 42

Kemis kaping. 14 Oktober
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Kula kala wingi anumpak kareta dhateng gadhing. Saking mangkunagaran medal ing secayudan sareng dumugi kareteg lepen larangan kapalipun sami kaget agiwar. Rahayu kusir kula saged angendelaken kapal yen boten makaten kados kula kalocut kacegur ing lepen wahu. Awit lantaranipun kareteg katingal sampun bibrah. Wah galaripun kathah ingkang ompong. Sareng kareta sampun oncat saking kareteg lajeng kula gagas-gagas punapa wujudipun kareteg wahu. Sampun kaaturaken dhateng ing nagari. Wekasnipun pamuring-muring kula dhateng prayantun pulisi. Ingkang gadhah bek ing ngriku. Teka kabestu[]sanget makaten kok boten kaaturaken awir ragi elok yen ta sampun kauningan ing nagari. Saestu lajeng ing ngandikakaken andadosi.

Pun open.

Nalika tanggal kaping. 3. Wulan dulkangidah punika. Wanci jam. 5. Sonten wonten suwara gumuruh. Katranganipun griyanipun nyonyah bopeng kampung sikalekan kalathen kabesmen sangking rikatipun para tandang. Babah litnan saklerekanipun saha sikep dedamel canggah tuwin sakpanunggilanipun ngantos kalampahan amambengi. Urubipun kyahi dahana. Griyanipun nyonyah bopeng boten siyos kabesmen yenta siyosa krodha mubal kyahi dahana. Saiba susahipun tongga tepalihipun mongka celak griya ageng-ageng. Inggih punika griyanipun truna kariya.

Nalika tanggal kaping. 3. Wulan dulkangidah punika. Wanci jam. 3. Siang. Anakipun babah swawi tiyan sing. Nami babah swiwa etwong. Kinten umur. 16. Tahun. Punika dhawah menek wit dhuwet sak nginggiling ngastana klathen dhawahipun wahu katanggor kijing sela. Saknalika pun babah ngantos kalenger. Jalaran untonipun ngantos gogrok tuwin badan sami babak banyak ing samangke pun babah teksih sakit saha teksih dipun usadani kalayan dhokter.

Nalika tanggal kaping. 3. Wulan dulkangidah punika. Anakipun kamisepuh kethis jalathen lare wasta sarbidin umur. 13 ½ tahun dhawah menek wit dhuwet wonten sangginggiling jaratan jethis dhawahipun wahu andhawahi kijing sela. Ngantos badhe putung tanganipun ingkang kiwa. Saknalika sarbidin ngantos kalenger. Ing mangke sarbidin teksih sakit saha teksih dipun jampeni dhukun jawi.

Dereng antawis dangu. Griyanipun raden ngabehi jaaya dilaga. Klathen sabda wayah kalebetan durjana pandung. Sarana medal konten bikak kancing griya lojen kilen kenging barang mas inten warni-warni kinten-kinten kenging pangaos. 100 rupiyah. Ing mongka dalemipun celak prayantun pulisi. Mila sangking rumaos kula pyambak sang demang panatus wahu wajib kajibah ngupadosi barang kang ical wahu. Jalaran griyanipun celak sanget.

Ambahrawa

Ing wektu samangke nagari ngriki. Sakamantyan gemah raharja. Pra jalma samya suka sugih. Tan kirang boga mwang busana. Mandar dados pangunsening pra janma saking monca praja. Punapa ingggih punika para dagang. Tuwin para janma kang nandhang kasangsaran jalaran kakirangan tedha. Ingkang kathah tiyang saking tembayan surakarta. Wondening pakaryanipun sami wade warih. Ingkang estri baberah gentang pantun saha berah gagendhong babektaning para wade. Miwah grabadan.

Amung sakedhik kang dados kuciwaning wardaya. Dene teka kathah pra dur brata juti. Ingkang asring ngambil raja darbeking para partaning rat punapa malih wisma kabasmaran kados kang kasbat ing ngandhap punika.

Kala tanggal kaping. 8. Wulan september 1880. Wanci jam. 8. Dalu. Kamirengan sabawaning kenthongan miwah titir. Sakamantyan ramenipun ingkang andadosaken kaget para janma. Sanalika samya medal saking wismanira pribadi. Angwaspadakaken menggah bubukaning kenthong wahu. Dupi antara katingal sulaking pawaka murub kaprenah kilen kitha watawis tebih.

Ingkang punika awit saking trangginasipun sigra kangjeng tuwan asisten residhen dhawah dhateng abdi upas mundhut kareta pasewan nulya tindak papriksa tandang. Kadherakaken dening para raden panji olan suma ngadilaga wadana. Tuwin mas jaksa landrad samya nitih turongga songklong dupi watawis tebih para priyantun sanesipun sami nututi. Lampah dharat sasarengan para lurah saha para tandang kang bekta pirantos ganthol blek wadhadh toy. Karya siram-siram ing urubing pawaka wahu.

Wasana sareng lampahing kareta dumugi sangajenganipun griyaning asisten wadana onder dhistik jambu watawis tigang pal saking kitha. Urubing pawaka sampun caket sanget inggih punika ing dhusun jambu wetan bramantya kangjeng tuwan asisten residhen saha pra pangirid sadarum rawuh dumugi ning ngriku sampun sirna wisan kang kadhar ing brama. Ananging sareng katerangaken ingkang anyirnakaken wahu bathara brama. Kang kukuwu ing arga ngungku pawon alit nembe kadamel godhog wedang. Dereng ngantos kapejahan wasana katilar nendra.

O inggih punika tiyang kirang weweka. Pramila saking sukaning panggalih ing para ageng kang sami tandang. Tiyang kang dados babukaning kabesmen wahu kakurung sawulan ing griya yasaning kangjeng guprenemen tur kaparingan tedha kaping tri sahari begja kamayangan.

Among sastra.

// sewu-sewu ngapuranta. Mitramba kang silih nami. Siswa kusuma kang macak. Cangkriman ing bra martani. Katiti mangsan kaping. Dwi wulan september tahun. Punika angkanira. Tri dasa langkung nem gununi. Cumanthaka mitranta asung pambatang.// pamanggih hamba tan liyan. Kajawi amung puniki. Kang kalih wanda ing ngarsa. Dadya wandayaning jurit. Sara tegese reki. Dene dwi wanda ing pungkur dhadhu sajatinira sakawan wanda kumpuling. Dadya tembung saradhadhu babarira.//

pun sukamulya.

Ing bra martani ongka. 31. Kemis kaping. 23. September. Ing ngriku wonten panjurungipun ingkang sisilih nama jarimuka. Suraosipun amundhut teges tembung. Suksma langgeng. Suksma luhur. Suksma ngumabara. Suksma purba. Utawi bong dhadhap bong ingkang asring anetaki rare tuwin bong jarataning cina. Ingkang punika mugi sampun andadosaken rengating panggalihipun mitra kula jarimuka. Temenipun kula boten waged amargi dereng angsal saserepan. Ing wasana kula namung nyuwun gungging pangaksamanipun mitra kula jarimuka.

Jaramaya

Panjurungipun mitra kula mursid bab putri ingkang kadhustha ing garudha beri. Ingkang kapanggih dipun upadosi putraning sang wiku sekawan. Ing sarehning putra sakawan wahu sadaya ambangkat karya. Dados ganjaran wahu pakewed manawi sang putri kadhupaken dhateng atmajeng wiku salah satunggal ingkang tiga amesthi boten narimah.

Ingkang punika saking pamanggih kula makaten. Sang putri wahu kadhupaken kalih sang wiku pyambak saha lajeng gumantos jumeneng nata. dene putra sakawan kaganjara kawibawan sanesipun. Saestu putra sakawan wahu sami narimah. Namung punika pamanggih kula. Leres lepat kula sumongga mitra kula sang mursid.

Jaramaya

Ingkang manawi marengaken saking panggalihipun mitra kula jarimuka tuwin mursid. Kula nyuwun katrangan menggah wijangipun tembung wutuh ayam. Punika kados pundi. Amargi wontenipun ing serat waosan anggadhahi teges kadosta tiyang bonda yuda mongka rencangipun boten wonten ingkang pejeh tuwin andhang tatu. Lo punika kok dipun tembungaken wutuh ayam. Ing mongka ingkang sampun kalimrah kange ing basa krama ayam punika pitik. Utawi malih tembung wutuh ayam wahu punapa kenging kaelih katembungaken wutuh pitik. Namung punika ingkang kula suwunaken berkah. Ingkang mugi mitra kula sekaliyan wahu karsa aparing wijangipun. O saestu andadosaken suka bingah kula. Amung punika atur kula.

Jaramaya

Kina utawi sapunika inggih boten wonten bedanipun para ratu tuwin para ageng asring wonten tiyang ingkang dipun asihi. Tiyang ingkang dipun asihi wahu. Saestu lajeng dipun gethingi dhateng kancanipun angawula. Ananging makaten wahu asring tumuwuh saking patrapipun tiyang. Ingkang sami kalunturan

sihipun ratu tuwin sihipun para ageng. Ingkang kathah solah tingkahipun lajeng dakdir. Bilih wonten kancanipun utawi sanesing tiyang ingkang boten purun epul inggih lajeng dipun dhoreng-dhoreng dipun padosi lepatipun ingkang wonten namung amikantukaken badan kawula warganipun piyambak supados sageda ambaragut ing sakajeng-kajengipun teka amangangkah ruhuripun ingkang dipun suwitani. Lah punika sampun boten panggih pinangih. Pramila para ratu tuwin para ageng ingkang karsa anyelakaken abdi. Sasipatanipun para abdi wahu. Mugi katandukna rumiyin dhateng serat wirasat karanganipun iman safii. Menggah cariyo ingkang dipun bukani ing ngajeng punika. Angwedharaken nalika panjenenganipun nata ing eirak ajujuluk iskandarsah ngabdul khalifatulah rahmani. Punika kagungan abdi ingkang sanget dipun celakaken saha punapa saonjukipun dipun laksanani. Ngantos bilih sang prabu anjengi ing pangadilan abdi dalem kadi ingkang linangkung ing idhjistihad fatwah utawi tafsiripun boten kaagem sang ratu namung angagem onjukipun kakalih wahu. Sanadyan onjukipun para putra santana inggih boten kaagem apit saking lalampahan punika kathah para abdi. Para kawula ingkang sami angrasula. Wicantenipun sami pating calemong. Inggih punika sampun takdirulah. Menggah wujudipun abdi wahu. Semu cemeng prejenganipun tipis wicantenipun ambeg sintriya. Tatembunganipun kumawiku. Dene warahipun iman safii ingkang magepok wirasat wahu makaten manawa sira cedhak manuswakang mangkono wujude. Sira tan pegat miyang weweka. Pangakahe gedhe. Kawekasane sira dhewe kang ginoco. Watake amacan luwe.

Taksih wonten candhakipun.

Candhakipun cariyo pethikan saking serat dhalang basa malayu

// gagat bangun sri bupati. Langkung trusthaning wardaya. Dene kabeh ingkang tinon. Ceples lan supenanira. Dyan pajar mring ki wruda. Kahananing impenipun. Kang katon sajroning nendra.//wong wreda matur wot sari. Inggih ri sang nareswara. Supene paduka mangke. Mongka dhawuh ing pangeran amaringken pradana. Raja brane kusadarum kang wonten sajroning guwa.// dupi sang nata miyarsi. Ing ature janma tuwa. Langkung asta magaliye. Tumulya ngatag wagyanta. Kang lumirig laksana. Ngetokken arta bondha gung. Saking guwa non ki wreda.// ri sampuning para abdi. Junjungi sela goraya. Alal wakeh barang katon. Makutha kancana mawa. Pinatik ing sosota. Cahyane gumebyar mancur. Tihalep mamalah driya.// supe pinatik retrnadi. Gelang lan kalung apelag. Pinarmata abra tinon. Gugubahan moteyara. Mwang pethi mas akathah. Awig ing pakirtyanipun. Rinukmi lan sinalaka.// sri narpati dhabikelim andhawuhaken pangandika. Ambukak pethi sakehe. Dupi punang pethi menga. Sang nata dhelek miyat. Karanten katon supenuh. Mesi barang pupuluhan.// sadaya apik ing warni. Sosota mas tanpa una. Daten karuwan tapsire. De ta pethi kang sajuga. Sangsayendah kawuryan. Kebaking rerengganipun sotya mirah amradipta.// kuncine kang pethi adi. Sinasri ing nawa retna. Abramart katalawene. Sanggyaning kang para miyat. Kalintang denya eram. Akakenan manahipun. Kacelu andarbenana.// nanging tan ana kang bakit ambuka pethi punika. Awit tan ana soroge. Wus ing ngubres den upaya. Peksa taman pinanggya. Mongka sang sri gung mahayun. Uning jroning pethi ika.// wus utusan sang maswaji. Marang sajunganing wadya. Animbalii tiyang pandhe. Mwang mawan pirantenira. Nanging ugi tan wigya. Amambuka pethi wahu. Temah kalakwan binedhat. // wuse umenga kang pethi. Umesi bogem sajuga. Kalulun peni rupane. Parekis ing dhadhapuran. Ginawe sing kancana. Nyuluh senene lir tengsu. Suku mesar kang tumingal.//
taksih wonten candhakipun. Manungkara

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

// sampig saguh padha jangji. Ngati-atи genya nendra. Ajrih nglangkahi watese. Saben dalu wis prayitna. Ingteh ciptaning driya. Kakang sampig nyata jujur. Ngati-atи wedi dhendha.// cobi ingsun kang ngayoni. Nglangkahi wates kuwastra. Nadyan ngasoki dhandhane. Yata wahu dalu nendra. Lingsir wengi semana. Ingteh mlangkah wates kumpul. Reka-reka mulet nendra.// sampig nyengkah pasru angling. Yayi ingteh kena dhendha. Mapan wus janjimu dhewe. Sira nimpah awor ing wang. Turu lali mukira. Ingteh reka-reka gugup. Inggih kula kena dhendha.// enjing tumabs dlancang mangsi. Sinung sampig mangsi dlancang. Sarta kathah panumbase. Sampig ciptane wardaya. Rahayu dudu ing wang. Yayi ingteh kena siku. Tuku dluwang pirang-pirang.// mungguh ingsun kang nimpahi. Ora kelar asok dhendha. Sepirang-pirang dluwange. Ingsun tuku tanpa arta. Ngati-atи kewala. Ing ngedum santri sedarum. Dluwang mangsi genya dhendha.// ingteh dhasar sugih ringgit. Nora getun kena dhendha. Pancen jinarag solahe. Malah ingteh gawe reka. Wanita nguyuh beka. Mawi dhodhog lamun nguyuh. Pra santri ngadeg kewala.// ingteh sigra masang surti. Tembok putih siniratan. Ing banyu mangsi akale. Supaya lerong-leronga. Nulya sinurat ongka. Ingteh sigra matur

guru. Santri-santri samya mursal.// saben nguyuh angecuri. Mring tembok kantor sadaya. Sawab nguyuh ngadeg bae. Lumuh dhodhog niru kula. Datan ngajeni kitab. Kyahi guru kurda nguwuh. Mepeg santri aneng ngarsa.// kyahi guru asru angling. Manuta ingteh sadaya. Yen nguyuh ana tatane. Yen tan manut ingteh padha. Nguyuh ngadeg kewala. Ingsun sabeti bokongmu. Pra santri matur sandika.// ingteh wruh uda nagari. Bocah wasis nameng sastra. Anaduga prayogane. Anenggih wahu kocapa. Wus lami santri samya. Momoran ngaji meguru. Mung sampig ingteh tan pisah.// kocap wayahipun jing bing. Usume besik kuburan. Ing ngumbar kabeh santrine. Kyahi guru aris mojar. Sun punci telung dina. Leren ngaji besik kubur. Yen wus klakon telung dina.// pesthi padha manjing ngaji. Pra santri matur sandika. Wus wantune agis ngakeh. Dipun umbar telung dina. Bungahe cikrak-cikrak. Ingkang gadhah pundhen kubur. Besik candhine wong tuwa.// wonten kasmaran prihatin. Mireng peksi-peksi munya. Kekayon ijo godhonge. Yen jing bing rendheng wayahnya. Suket ijo werata. Kembang mekar amrik arum. Kasilir dening maruta.// kang mijil monca nagari. Tebih wismane kagagas. Kapirangu prihatine. Ingteh ngajak sampig dolan. Mring kebon dulu sekar. Mupung kesah kyahi guru. Usume umbar-umbaran.// jika sampig angling ririh. Wong dolan asil punapa. Ngapirani gawehane. Ingteh jurungi wevana. Kang sampig tan lenggana. Asil napa kapirangu. Lir kasmaran lara brata.// kebon anyedhenge sari. Dulu sekar mundhak berag. Paribasan kembang lambe. Pinten lamine neng donya. Yen lumuh kaberagan. Sampig nahuri ngling nya rum. Dulu sekar nginum arak.// iku kabeh budi srani. Nora layak tinurutan. Niwasi penggawehane. Menek ngaji lali sastra. Kon ngawak nora bisa. Ingteh kapidereng muwus. Kakang sedhiih mikir napa.// rayine tumut tut wuri. Mring kebon ningali sekar. Mundhak lipur penggalihye. Sampig nganthy ingteh sigra. Mring kebonan lumampah. Prapta kebonan andulu. Sedhenge pusrita mekar.// wonten sumarsana sruni. Wonten ta luki er mawar. Gambir mlathi sekar tongkeng. Rat sari kembang cepaka. Sikatan kanigara. Wiwitan kenonga tanjung. Sundel malem menur tumpang.// ingteh marwata ningali. Sawarnining kembang-kembang. Samya mekar ing wayahe. Ingteh methik kembang mekar. Cinundhukken sirahnya. Sampig wevana wor rengu. Yayi ingteh lir gembyakan.// cundhuk sekar mrih punapi. Padha wong lanang prawira. Dolan kembang lir wong jelek. Santri sugci tanpa guna. Yen melik kembang mekar. Ingteh mesem tutup untu. Cundhuk kembang gegujengan.// kakang reka-reka murni. Dadak kesiku punapa. Cundhuk kembang mrih baguse. Kakang lamun nampik kembang. Jaba dudu wong lanang. Sampig nahuri gumuyu. Pancen brahi arening wang.// wong loro pethuk ing galih. Anenggih mider kebonan. Nglawi pethetan kabeh. Nulya ningali segaran. Jedhing-jedhing wanganan. Sampig ingteh samya dulu. Mriwis bebek ngambang toya.// andulu ponang meriwis. Sejodho-jjodho tan pisah. Nglangi manengah bebeke. Lanang wadon datan pisah. Wira-wiri sepasang. Ingteh micoreng jro kalbu. Ingsun dulu buron toya.// mundhak nutuh awak mami. Buron bisa rarukunan. Mung ingsun kapencil dhewe. Ingteh mring sampig wevana. Dhuh kakang tingalana. Buron manuk bisa rujuk. Sepasang-pasang kumambah.// dika miyah awak mami. Padha ijen lir wong lola. Tan padha buron rakite. Kasebut santri utama. Wong lanang tanpa guna. Kalah lawan buron manuk. Sampig mitarsa ruditya.// wevana nudingi mriwis. Cakarwa bebeke parat. Mana ati sira laken. Sampig sigra nyandhak sela. Binandhem buron toya. Bebek mriwis kaget mabur. Pisah genya rerukunan.// ingteh nguwuh kakang sampig. Dados jahil jengandika. Medhot buron pasihane. Wonten ujar paribasan. Dahwen amedhot trisna. Temah kuwalesan besuk. Sampig miyarsa ruditya.// pancen yayi sira kerjit. Sira ingsun padha priya. Sugci prawira lakune. Ngopeni buron gojegan. Yayi aja wevana. Wong loro padha lumaku. Sampig nganthy ingteh medal.//oo//

taksih wonten candhakipun. Citra pandhaya.

Ongka kaping: 43

Kemis kaping. 21 Oktober
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Ing mangke ngriki wonten tatingalan ingkang agugujengaken saha agumunaken tatingalan wahu komedhi kapal menggah ingkang sampun kagelaraken kala wingi sonten wonten satunggal tiyang ingkang badanipun sanget ing lemesipun ngantos saged amuntar-muntrir kenging winastan tanpa balung. Badanipun kabekuk ngantos saged kalebetaken ing pwthi. Mongka bilih kamurwat dedeg pangandegipun pancen boten saged manggen ing pethi wahu. Kapalipun sae-sae saha pangerehipun inggih agumunaken kenging winastan bilih kapal wahu sami anjilma. Sarta wonten nonah satunggal umur watawis kalih welas tahun anggenipun anumpak kapal sanget angeramaken mawi malumpat majeng mungkur ing sadangoning malajeng kapalipun mongka dhawahipun wonten ing kapal luconipun inggih boten amboseni. Mawi oncelang kopyah ing sadhawah-dhawahipun tamtu dhwah ing sirahipun kapal sakawan tanah arab ingkang kagebyagaken unjaran pangerehipun kapal wahu namung saking ulatipun panegar kemawon katimbang kalian mainan ingkang kagelaraken bayaripun namung sarupiyah mongka mawi lengah. Inggih kenging winastan mirah utawi urup.

Sampeyan dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan kadherekaken para gusti kala wingi sonten anedhaki. Saha katingal bilih sadaya anuwuhaken kapareng dalem.

Sareng jawahipun angrekeh. Palataranipun tiyang alit sami jeblog tiyangipun aras-arasen sami medal dados tuwuwing lena. Kasupen pun durjana angsal papan.

Ing wusana saking pikabarán dereng lami ing kampung saragenen bawah kaparak tengen. Griyanipun tiyang wasta sura dimeja. Kalebetan durjana pandung koyok ananging sarana babah baturing griya. Pun sura dimeja boten anglegewa eca-eca tilem kemawon dados boten sumerep lebeting durjana koyok wahu. Ing wusana kadrawasan pun sura dimeja kasikep ing durjana. Lajeng kagandheng kalih ingkang estri. Saha katengga ing dadamel ingkang meh kadhwahaken ing jongga. Kaujaran yen kowe cumuwit pasthi gulumu pedhot sura dimeja lajeng kendel kemawon dalah ingkang estri. Watawis durjana kathahipun boten kirang saking wolu pitu. Lajeng sakajeng-kajeng anggenipun mendheti barang ngantos ludhes. Wasana unduripun durjana boten wonten tandnag tulung. Awit boten sumerep. Kabar ing samangke taksih kaudi dening pulisi. Awit aturipun sura dimeja. Durjana nyalawadi. Wujuding tiyang monca warni. Wonten kados koja. Wonten tiyang jawi. Wonten kados kaji. Kapitunanaipun sura dimeja kabar langkung saking wolung atus. Sumongga ta kagalih tuladha punika. Tiyang sampun dangu tata trem sareng lena lajeng wonten makaten. Prayogi ngatos-atos.

Kula anyipati piyambak ting lentera ingkang kapanjer ing sangajeng patrolan guna pradanggan sampun risak mandar kula mireng kabar bilih gebayanipun sampun mundhuti arta panjurung minongka piragad dandosi ting wahu. Dalem satunggal pangindhung bayar. 4. Kethip mongka pamundhutipun arta wahu sapriki sampun langkung kalih wulan teka ting wahu dereng dipun dandosi murih saenipun pangajeng-ajenging kathah mugi lajeng kadandosan. Supados saged jenak ingkang sami patrol pendhak dalu.

Katandhan. Pamujwarja.

Gantos cariyosing abdi. Bilih tiyang andulu papan pemahanipun abdi saestu lajeng saged amastani bilih piyambakipun tiyang ingkang dipun celaki nugraha. Menggah pasang rakiting griyanipun sampun boten wonten ingkang anguciwani. Mawi patamanan ingkang dipun renga sasekaran ingkang adi-adi wah tebih

angsalipun wreksa ageng kaleres dumunung wonten ing madyaning patamanan angajengaken umbul ingkang toyanipun lumeber dhateng ing lalaren ingkang anjog ing pakiwan nglarudaken sadaya sasuker. Resik gumarining angayemaken dhateng badan manawi andulu aslinipun pun abdi. Inggih sampun amunjuli sanes-sanesipun pangkat pantes saha mawi kaparingan nami abdul khalfatul amir bei. Tegesipun abdiming khalifat kang kinuwakaken bei punika pangkat mandar kathah para putra santana tuwin sanesipun ingkang dhateng ing griyanipun aminta saraya supados dadosa lantaranipun anggening asaos onjuk dhateng sang nata. ananging dereng narimah. Asring sok anggayuh dhateng ing kdrajadan sanesipun ing sawijining dinten abdi wahu aninis wonten ing patamanan anguncer rema sarwi dipun jungkati semahipun ingkang mawi awicanten makaten. Mas kaya kowe lagi ditrisnani panjenengan dalem sang nata. iya bener wus diparingi pangkat ingkang pantes karo awakmu. Ananging iku ijih tanpa gawe. Embok iya kowe nyuwun undhake pangkatmu. Dadiya kadi bahe. Tembung punika tegesipun ingkang dipun paringi pangkat punika. Kinuwakaken amancasi prakawis ananging ingkang jaler kendel kemawon awit wonten ingkang dipun gagas wreksa ageng wahu wonten epangipun ingkang adamel pencengipun buwenging ronipun pramila lajeng pamit ingkang estri. Angadeg nyandhak bendho amurugi wreksa. Sareng angagagi badhe anamakaken bendho dhateng epang. Wonten suwara ingkang mijil saking wreksa. Bendho anggregeli pun abdi lajeng sadheku. Wiraosing swara wahu makaten. Kirik kowe aja ganggu-ganggu omahku. Aku iki suksmane ajar maha khariyah. Dhek alaming kabudan misuhur. Kondhang ing tri loka. mengguh jenengku mahu iku tembung sangsekrit tegese kang mung angurip-upip awake dhewe. Kirik wurungna karepmu. Aku bakal anutugi apa kang dadi panjalukmu. Pun abdi lajeng angadeg nyat amurugi ingkang estri. Cariyos kalampahan wahu. Ingkang estri lajeng awicanten.

Taksih wonten cindhakipun.

Sambutan anyariyosaken kalakuwanipun tiyang ing pulo bali

Sareng sampun sawatawis dinten lare jaler ingkang nyolong lare estri wahu. Lajeng manggih dhateng bapak ing lare estri. Anembung badhe mendhet semah dhateng anakipun ingkang sampun kabekta kesah wahu. Bapaking lare estri inggih sumarah kemawon punika lare jaler lajeng bayar. Wragad warni arta. Sapinten adating tiyang sepuhipun ingkang sampun kalampah rumiyin adat alitipun arta. 2. Bungkus ageng ngantos 5. Bungkus wondening manawi tiyang. Buleleng. Saupami badhe bayar arta kathah boten saged lare estri lajeng kabekta dhateng pambekelan ageng. Dipun tumbas ingkang klayan mirah. Arta katampen dhateng pambekel punika tiyang sepuhipun lare estri. Miwah karabatipun sadaya. Sami anyawakaken dhateng anakipun sakaliyan wahu. Kapethuka ing margi-margi boten aruh-aruh salaminipun gesang.

Tiyang bali. Bilih gadhah bayi. Larenipun boten mawi kadadah. Denten yen ngedusi. Kabekta dhateng lepen karambang. Ingkang tebih lepen dipun rambang ing tembilung upih. Anggenipun suka nami dhateng bayi. Bilih sampun umur telung wulan.

Kacriyos ingkang saupami wonten bayi lahir medal kembar jaler estri. Wahu bayi dalah satiyang sepuhipun jaler estri dipun bucal ing wana. Boten kenging momoran kalyan tangganipun menggah laminipun wonten bucalan wahu 40 dinten. Saweneh nagari wonten ingkang 100 dinten yen sampun dumugining wangen inggih kenging mantuk sadumuginipun griya kapurih mumule. Sekul ulam dipun kepangaken tiyang sakiwa tengenipun ngriku. Inggih punika sidekah kasebut. Pangrurah. Punapa malih bilih kabucal kados ingkang kasebut nginggil.

Wondening pangkating lare tanah bali. 1. Pambajeng kasebut wayan. 2. Pandhadha kasebut made. 3 wuragil kasebut kethut mila naminipun tiyang-tiyang tanah taksih bekta pangkating lare.

Tiyang ing tanah bali. Bilih wonten tiyang kacakot ing sawer sawa. Wahu tiyang bilih dipun bucal dhateng wana. Mawi dipun sandhingi kenthongan ing mongsa-mongsa kapurih nabuh. Denten ingkang suka tedha saben dinten inggih warisipun piyambak mangke samongsa dipun kintun ingkang ngintun mawi nabuh kenthongan wahu. Supados yen pinuju kesah saking ngriku. Mireng kenthongan lajeng wangsl bilih sampun dhateng boten purun slanggapan ujar sakecap mesem kemwao boten kenging. Denten manawi sampun dumugi ing wangen laminipun wahu tiyang mawi dipun pasangi jaring utawi kala. Tumunten dipun giring. Sareng lumebet ing jaring lajeng kabekta mantuk ugi lajeng sidekah pangrurah. Tiyang dipun cakot sawer sawa wahu. Boten wonten tiyang ingkang sumerep piyambakipun piyambak inggih criyos dhateng tongga tangganipun kang supados kabucala dhateng wana. Kados ingkang sampun-sampun.

Bilih wonten tiyang sakit budhug utawi busik tuwin manawi wonten tiyang sakit runtal utawi belang pethak wahu tiyang boten kengg ngambah ing kitha-kitha. Sanajan ing dhusun-dhusun inggih sanget boten kenging. Ing sapurug-purugipun kasungkrah-sungkrah. Cariyosipun siti ingkang dipun ambah ing tiyang sakit budhug miwh belang wahu dados siti sangar amila ingkang kathah tiyang ingkang nandhang sakit

makaten wahu. Lajeng darbe atur dahteng raja. Nyuwun obong supados pejah. Samanten raja inggih sangat suka sokur. Sarta punapa sadaya wragadipun panjenenganing raja ingkang amragadi menggah patrapipun makaten kadamelaken tabela. Wangunipun saemper grobogan wadhad sima lajeng katumpuki kajeng ngandhap nginggil kasuled ing brama. Samongsa sampaun dados tiyang wahu kapurih brangkang lumebet ing tabela. Wonten ing lebet lumumah yen sampaun telas katedha ing brama. Awunipun kapendhetan dipun wadhadhi gelaran enggal miwah sinjang-sinjang ingkang sae. Lajeng dipun labuh ing lepen ageng. Denten sidekahipun ugi raja ing ngrengga.

Tiyang bali saurutipun kathah ingkang sami remen kasukan kadosta. Main kartu cina. Kartu ageng. Kubuk dhadhu tuwin pra mainan aben sawung tajen menggah patohanipun inggih kalebet ageng. Sanadyan para raja pengandhap dumuginipun tiyang alit ig dhusun-dhusun sami remen ngabotohan anjawi saking ngabotohan ameng-amenganing para raja inggih kalebet kathah. Kadosta bongsa ageng alit. Gambuhan beksan lalampahan panji. Bedhayam. Ringgit purwa. Tandhakan sasaminipun inggih wonten. Denten wangunipun ringgit wahu inggih sae-sae. Ananging praanipun ringgit sami methok boten miring kados ringgit ing tanah jawi. Sarta tandhakipun kalebet sae-sae sanget tur kathah ingkang alit-alit. Ananging wahu tandhak boten kenging dipun remeni tiyang. Amargi sami gadhah semah sadaya. Dados ingkang sasade namung jogedipun kemawon.

Tiyang bali saenteronipun awit kina mila. Dumugi samangke. Taksih kathah tiyang samo tinimbas tiyang. Dene ingkang kasade wahu warni-warni purwanipun wonten jaleran kenging dhendha. Katikel sambutan angicalaken barang ing liyan tuwin wonten jalaran saking ngabotohan punika kathah tiyang ingkang narimah dipun sade tuwin dipun gantos narimahipun punika trekadhang sangking pamaksaning khukum trekadhang rurukunan piyambak mila kathah sanget tiyang jaler estri sami dipun tumbas dhateng cina wangkang. Punapa malih dhateng tiyang ngriku sami ngriku. Pramila tiyang ingkang sami kaya-kaya ing tanah ngriku. Kathah sami gadhah tiyang tumbasan mongka patrapipun ing damel kalebet peksan tur ingonipun boten patos tuwuk angecakaken damel kados dede dhateng bangsanipun piyambak sarta tiyang tumbas tedha wahu tanpa wangen laminipun.

Kang mongka ingkang kaleres dados tiyang tumbasan wahu. Ingkang kathah jaler estri. Mangke manawi gadhah anak ing salebetipun wonten tanganing tiyang. Saestu rumaos boten gadhah anak sanadyan lare wahu kasadeya. Bapa biyungipun boten kenging ngekahai. Mila inggih kathah ingkang manak-manak kasade. Trekadhang kapendhet selir. Ingkang trekadhang kadamel dolanan kemawon amargi sampaun dipun sahaken ingkang kasebut ing rontal agaminipun mila tiyangipun ingkang kasade inggih manut kemawon. Yen wonten ingkang miruda. Lepatipun dipun pejahai. Inggih dipun tikel ing damel malah sangsaya wewah sungsaranipun.

Ing wektu samangke sawarnining para raja ing tanah bali sadaya. Sampaun dipun ingetaken dhateng gupernemen kadhawuhan boten kenging sade tinumbas tiyang ananging boten patos dipun gega. Namung raja kitha badhung ingkang sawatawis gega. Ananging ing dhusun-dhusun punapa malih para raja ingkang alit-alit taksih sami nglampahaken khukum sade tiyang tuwin selang sambut sasaminipun. Bilih kitha buleleng sampaun tumindak boten kenging pisan-pisan malah sawarnining tiyang islam ingkang sami tumbas tiyang kala dereng wonten dhawuh. Samangke sampaun sami dipun luwari sadaya. Kapurih mantuk dhateng bale griyanipun lami. Yen boten makaten ingghi kapurih nyukani gajih. Ingkang klayan sami senengipun yen boten purun boten kenging meksa. Menggah sawarnining tiyang tumbasan sadaya. Ugi sampaun sami sumerep yen kangjeng gupernemen sampaun ambatalaken tiyang sade tinumbas tiyang. Lajeng wonten satunggal kalih ingkang lumajeng dhateng kantor. Wahu tiyang lajeng kapasrahaken dhateng raja. Kapurih ngrembag dupi dumugi panggenaning raja. Wahu tiyang dipun ajrih-ajrih kathah-kathah. Wekasan tiyang sanget ajrihipun dangu-dangu nyuwun wangsul malih dhateng bendaranipun ing ngriku raja lajeng angrepotaken dhateng kantor. Yen tiyang ingkang nyuwn medal saking tumbasan boten estu.

Watekipun tiyang alit punika sami temen-temen awis sanget tiyang purun adamel-damel mila samong sampaun gadhah atur dakwa dhateng tiyang durjana sasaminipun sarta sampaun purun kasumpah saestu lajeng pitados kemawon sami ajrih-ajrih nerak sabarang ingkang awon mila tiyang durjana inggih kalebet awis.

Taksih wonten sambetanipun

Katur mitra jarumaka

Pamundhut sampeyan teges dhumateng mitra jaramaya. Kados ingkang sampaun kasebut ing bra martani ongka. 39. Sadaya wahu jaramaya amrasajakaken bilih boten waged ngaturi tegesipun amargi dereng angsal saserepan ing sakpunika kula acumanthaka ngaturaken tegesipun embok manawi kaleresan ananging bilih kagalih lepat kemawon sampaun dipun gugujeng. Amargi temenipun kula punika tiyang bodho denten pamanggih kula makaten suksma langgeng. Nyawa ingkang boten kenging ewah. Inggih punika ingkang

maha mulya. Suksma luhur panginggiling dewa. Suksma purba. Luguning dewa. Tuwin kanyatananing dewa. Suksma ngumabara. Nyawa ingkang tanpa dumunung. Utawi dewa nganglang jagad denten sakathahing bong punika kula ugi dereng angsal saserepan. Anjawi saking punika. Manawi andadosaken kepareng ing panggalihipun jarumaka. Kula nyuwun sih kawlasan menggah tegesipun tembung. 1. Arjanti. 2. Wijayanti. 3. Tiraya. 4. Tira basa. 5 tiramya. 6. Tibisana. O samanten kemawon ing sarehning kula punika bundhel ing kawruh tansah adamel kodhenging manah. Mila saking panyuwun kula dhumateng mitra jarumaka. Ingkang mugi arsa aparing jarwanipun saha sampun anggalih bilih kula badhe angaben lungiding kalampanurat punika sampun boten pisan-pisan namung sedya kula wahu wageda kaluberan ing saserepanipun para sageda saestu sanget ing panarimah kula. Kula ingkang atur tondha.

Kusumaningrum.

Candhakipun cariyo saking serat dhalang basa malayu

// bogem den ambil sangaji. Sanalika dipun buka. Isine tan ana maneh. Mung guylungan sutra pethak. Amawa tutulisan. Yahudi ing sastranipun. Mangkana ing basanira.// sang nata tatkala ngaksi. Netya saeraming nala. Dyan dangu marang abdine. Nihan delingga sabdanta. Apa ta pakenira. Wruth tegese lyang iku. Kang lininga matur nembah.// mbok bilih serat puniki. Pepengete tiyang kina. Kang rawat bondha sakehe. Wonten ing guwa punika. Saweneh ana mojar. Ywan isi jimat mrih sampun bondheka ana kang ilang.// nanging ture para dasih. Siki tan ana ginega. Aprawita sakabebe. Samya tan bisa umaca. Tulisan kang pratistha. Aneng sutra pethak wahu. Lan tan mangreti basanya.// nareswara ngandika ris ingsun kapengin kalintang. Amangrungu ing unine. Tulisan dumunung sutra. Nata nya ngutus wadya. Dhinawuhan amangruruh. Tyang parameng basa monca. Wus antuk den irit maju. Marek ing ngarsa narendra.// duk tiyang alim sumiwi. Laju sinam krameng nata. dening sri saking saharse. Dene kadarpaning driya. Denira yun uninga. Artining tulisan wahu. Kaya bakal kalaksanan.// wuse dangu sawatawis. Gone janma alim prapta. Sang raja parentah age. Amendhet gulungan sutra. Kang mawa tutulisan. Tandyi pinaringken gupuh. Sarywan dhawuhken andika.// ingsun kalintang mahapti. Wikan tegesing tulisan kang tumrap ing sutra kuwe. Marga ing panarkaning wang. Anyebutken prakara. Ingkang amiguna prelu. Ngatasing jeneng manira.// sasampuning tiyang alim. Umaca ingkang tulisan. Kang ana ing sutra puteh. Tamat unggwanya mutada. Siga matur ing nata. mangkana ingunjukipun. Dhuh ri sang maha narendra.// byaktane serat puniki. Ardana kang luweh endah. Tinimbang rukmi slakane. Tuwin sosotya sadaya. Sabab serat punika. Isining wuwulang ayu. Sarta nasekhhat sunyata.// kang karya slamet sang mulking. Saha marang karajanta. Mwang para praja sakehe. Ing mangkyamba yun umaca. Tulisan kang neng sutra. Sarana sinalin tembung. Lah mangkaten ungelira.// ingsun ungseng narapati. Iya ingkang sah ing ngalam nyimpen layang wasiyate. Lan kwehning dana wimala. Ana enggon punika. Mamrih ing ngalam sadarum. Dening dhabikelim raja.// karana ing wang wus tasdk sabakdane ingsun seda. Dhabikelim sanga katong. Kang marentah bongsa indya. Lawan oleh bondhaka. Mwang serat wasiyatipun. Margane antuk kabegyan.// kawruhana dhabikelim. Yen wong suci ing wardaya. Wastu tan winutakake. Dening cahya mas salaka. Tuwin senen sosotya. Nanging sinten janmanipun. Ingkang kukurungan yitna.// gampang gumiwinging ati. Korup marang kaharsayan. Awit ing kasuwunyane. Mwang kalulun kadrajatan. Taman darbya pangrasa. Ywaning ngarca pada iku. Seosdon titi salama.// sumarma yatna sakehing. Elmu kang kapinanjingken tyas. ywa kasiwo ing pamete. Dening kakarepaning rah. Samanta misranira. Tur duk ngarah melang tan wun kaduwung wekasnira.// paheka yuwanan titi. Saking sucining driyanta. Yeku kinopaman ing reh. Patataraning parandya. Yayah brata supana. Kontap lesmine amanung. Dupi lah sapramudita.// radiktyaning pudwustuti. Dhasar titis ing pangolah. Wigya rumagang angene. Cakraning tyas kawidanan. Dumadi srabanira. Manggung martambeg silarju. Jujur langening mayangga.// wastu ingaran satiti. Taman kena pinarekan. Sarta tan karat ing pangreh. Rotaning ambeg duryasa. Ingkang angkara murka. Loba kasmala katempuh. Syuhsirka tan mongga sesa.//

taksih wonten candhakipun. Manungkara.

Ongka kaping: 44

Kemis kaping. 28 Oktober
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Nalika dinten malem rebo angrintenaken tanggal kaping. 27. Wulan oktober punika. Ing kampung bawah laparak tengen. Wanci pukul 1. Dalu. Wonten griya kabesmen cacah wuwung telas. 7. Iji. Gumyah ing kathah jalaran saking latu pandameling durjana. Mila pra yogi sami ngatos-atos nun.

Pamujiyarja.

Dahana sanglat

Salebetipun wulan september ingkang kapengker. Tiyang anama karya niman ing dhusun ngaliyan dhistik banyudana. Angleksanani pranataning pangagenging dhistik ngriku. Sarehning saya ajeg lampah soroting diwangkara. Supados sami anjagi murih rahayuning wismanipun sarana kapirantosan tirta ingkang kadunungaken ing panggenan sacelaking kori. Samekta kopoh miwah semprot sarta ing sasaged samiya anendra sajawining wisma. Supados kalis ing bancana.

Saweneh ing dalu karya niman sampun anendra ing satepining wismanipun kainten jam. 1. Karya niman anglilir kagyat andulu wujud dahana cumalorot saking gagana. Agengipun sakonang. Lajeng anjog ing saluhuring wismanipun dupi kawaspadakendahana kumukus saksana karya niman ameneh saluhuring wisma sarwi acerek nedha tulung. Tangganipun sami dhateng tandang. Dahana kenging kataman kopoh sirep sanalika. Ing ngriku angsal cihna ingkang amurub wahu awujud jemparing. Bedhoripun kadunungan rek kapusara mubeng binalebet ing wakul satengahing jemparing upet ingkang sampun mawa dahana wekasaning jemparing ingkang kaleres lar sekar tebu. Sakalangkung andadosaken pangunguning para tandang. Amargi wonten lalampahan ingkang makaten ing ngriku wonten tiyang tiga ingkang udur rembag saserepan.

Ingkang satunggal amestani bilih punika calon dahana sanglat amargi boten kinanten pinangkanipun. Ingkang satunggal amastani. Bilih punika dahana pakretining durjana ingkang andukaken sumuking manah dhumateng karya niman awit griyanipun karya niman boten tebih kalyan margi ageng.

Ingkang satunggal angleresaken pamanggihipun tiyang kalih wahu mangkaten.

Dahana wahu tatela pakretining durjana. Anangig bilih boten katututanmongka wismanipun karya niman saestu kabesmen punika masthi lajeng kakinten dahana sanglat amargi boten kantenan pinangkanipun sarta ingkang masthi mubal rumiyin kaleresan wahu.

Lah rembagipun tiyang tiga wahu kilap pundi ingkang leres kula anyumanggakaken panimbangipun para sarjana ingkang angrenggani pasamuwan bra martani.

Turongga ciri

Salebetipun wulan punika. Tiyang anama singa drana agen ing bayalali. Badhe andadosi gadhahanipun kapal ananging sareng singa drana anyandhak kendhang sul kapal wahu katingal sakalangkung giras ambeker ngisi jathanipun nedya anyarap dhateng singa drana. Sareng kuncunging kapal badhe kacandhak singa drana kasarengan tanganipun kasahut wiwit ugelandug lajeng kageget boten saged uwal sanalika singa drana boten enget tangganipun sami dhateng anulungi. Saking pratikeling para tandang sagedipun uwal ngantos kajugil linggis tosan tiyang gangsal ananging tangan tengen ingkang kageget wahu balungipun pepes embok manwi benjing waluyanipun sampun boten saged gulawat.

Punika tangganipun sami arembagan mangkaten. Lah. Aku rak wis kondha pance jaran ciri kok isih dianggo bae. Saiki ana tandhane.

Wreksa dhuwet

Nalika kaping. 16. Wulan punika. Tiyang anama pak sadinem ing dhusun gathak pinuju ngarit rumput dhateng tegil angajak atmajanipun rare alit sapraptaning tegil pun rare andulu wreksa dhuwet kathah wohipun amberanang. Pun rare kapencut anggidhuhi sudarmanipun sanadyan paksadinem sampaun angeneiti. Bilih wreksa dhuwet wahu asring dhawahaken ananging sarehning kagubel karununing atmajanipun dados kapeksa lajeng ameneh saweg dumugi ing pragak pak sadinem angaleyang dhawah ing siti. Ngantos anemahi kantaka. Sagedipun mantuk dhateng wismanipun kagendhong kancanipun ingkang sami pinuju ngarit.

Lah para juru menek kedah anggatekaken pawartos punika. Amargi sampaun rambah-rambah kula anyumerepi tiyang dhawah saking anggenipun menek wreksa dhuwet wahu. Ingghi bilih taksih rahayu kados pak sadinem.

Yogyakarta

Nalika dinten saptu tanggal ping. 24. Wulan september ingkang kapengker. Ing ngriku mentas amatrapaken paukuman pejah sarana gagantung murdanipun dhumateng pasakitan tiyang jawi cacah. 5. Iji. Patrapipun kados ing ngandhap punika.

Saderengipun pasakitan kawedalaken saking kunjara. Prajurit ing nglebet karaton sampaun sami apacak baris wonten ing ngalun-alun sawetan waringin sengkeran boten watawis dangu prajurit walandi inpantri beteng $\frac{1}{2}$ bataliyun dhateng. Lajeng baris ing sangajenging prajurit karaton. Antawis jam. $\frac{1}{2}$ 7 pasakitan kawedalaken saking kunjaran sampaun kabusana sarwa pethak mawi kairingaken prajurit ing paku alaman sakumpeni. Dereng watawis dangu dhateng nging pasakitan wonten ing sacelaking panggungan badhe panggantungan. Kangjeng tuwan residhen rawuh kadherekaken para bupati liding landrat sami amangangge ageng. Pasakitan lajeng kadhwuhan majeng. Supados amiyarsakaken ungelung karampungan ponis sasampuning telas ungelung karampunganpasakitan kainggahaken ing bangku dhingklik dene dhingklik punika mawi kadunungan besatan bilih murdanira pasakitansampaun kapulasa dhingklik ingkang kapancat sindik kasirnakaken blabag besatan malesat pasakitan lajeng gumantung.

Sasampuning pasakitan wonten sanggingiling dhingklik juru gantung lajeng minggah angleresaken pusara kaubedaken murdaning pasakitan sarwi addhawuhaken mangkaten. Heh konca sadaya kula ngembang timbalane raden dipati danureja. Tuwin kangjeng tuwan residhen sarta sampaun kauningan ing sampeyan dalem ingkang sinuhun kaiden dening kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral dikakake mundhut pejah pakenira. Awit sakadosa pakenira dhewe sarwi ambesataken sindik wahu. Malesating balabag pasakitan gangsal sareng gumantun. Watawis. 6. Sekondhe sampaun palastra.

Bojanagara

Dinten agengipun tiyang jawi tanggal ping. 1. Sawal bakda siyam ing dinten wahu wiwit jam. 5. Enjing dalem kabupaten umyang swaraning pradongga. Jam. $\frac{1}{2}$ 6 raden mas tumenggung sembahyang dhateng masjid kairing ketib modin.

Jam. 9. Raden mas tumenggung sowan ing dalem ngasistenan. Anith rata pameran rakitan. 4. Kang wonten sapungkuruning rata para asisten wadana. Kang wonten sangajengi rata para wadana utawi patih lumampah anjajari. Sapraptaning dalem asistenan lajeng angaturi uninga ing kangjeng tuwan asisten residhen ing dinten riyadi punika bilih kangjeng tuwan asisten residhen sarju aparing pangestu wilujeng dhumateng para kawulanipun saha kapareng rawuh ing dalem kabupaten ing ngriku raden mas tumenggung lajeng kondur ing dalem kabupaten.

Watawis satengah jam danganipun kangjeng tuwan asisten residhen dalah para tuwsn-tuwan sarta pangagenging bongsa cina rawuh ing dalem kabupaten kaurnatan swaraning pradongga umyang. Lajeng kapethukaken dening raden mas tumenggung sasampunipun atata lenggha kangjeng tuwan asisten lajeng aparing pangestu. Wilujengipun ing dinten riyadi dhumateng raden mas tumenggung sagarwa putra sakawula warganipun saha para prayantun sadaya.

Raden mas tumenggung miwah para priyantun amangsuli sakalangkung pamundhi panuwunipun dhawuhipun kangjeng tuwan asisten residhen wahu. Lajeng sami atatabeyan ing ngriku para prayantun lajeng sami angabekti nguswapada panjenenganipun raden mas tumenggung.

Sarampungipun anggenipun sami angabekti. Raden mas tumenggung miwah para priyantun atata lengghan malih. Amariksani beksanipun lalangen wireng dhadhap jam. 3. Bibaran.

Jam 4. Sonten para priyantun sampun sami ngalempak ing ngalun-alun sami akasukan watang. Raden mas tumenggung mung aningali lengkah ing kursi para tuwan utawi nyonyah aningali wonten saluhuring panggungan. Lajeng gantos para lurah-lurah dhusun ingkang sukan watang santun lalangen wireng dhadhap kapurih ambeksa ing satengahing alun-alun amung sawatawis dangunipun lajeng bibaran.

Jam. 7. Sonten para priyantun sumiwi ing dalem kabupaten malih lalangen nayuban jam. 5. Enjing bibaran.
S. M.

Mugi sampun andadosaken kageting para swarjana ingkang anupiksani serat kabar bra martani. Ingkang anjalari cedaning ingkang manjurung. Mila pawartosipun dinten riyadi punika meksa teksih kagelaraken amargi saking kirang saserepan kula ing ngamonca nagari. Panyipta kula dinten riyadi rarengganipun sami kemawon wasana sanes nagari ugi sanes mila ing malih rarengganipun dinten riyadi ing nagari ingkang dereng gumeler wonten ing serat kabar. Prayogi kagelaraken kalayan cekakan rarengganipun.

S. P.

Ngawi

Nalika tanggal ping. 19. Oktober punika. Ing salebetung kitha ngawi wonten swara gumaludhug kapiyarseng gagana. Anggirisi. Dangunipun ngantos $5 \frac{1}{2}$ menit. Para tiyang salebetung kitha sami anuwuhaken sungkawanipun saweneh tiyang amastani bilih sasmita badhe kirang ing boga. Saweneh anyipta bilih swara mangkaten wahu adatipun badhe wonten ingkang anuwuhaken oreging praja.

Mila panujining kathah mugi sanghyang kang murbeng buwana anyirnakna sadaya panggrahitaning tiyang kang kasbut ing nginggil.

Madura

Nalika ping. 25. Agustus ingkang kapengker. Tiyang anama asim saking carebon sasadeyan dhateng ing bangkalan anumpak bahita kancanipun. 6 iji. Kabegal dening para julig tiyang saking tanah madura. 8. Iji. Ugi sami anumpak bahita. Dene patrapipun dupi para julig andulu lampahing bahita dagang wahu lajeng amangsit kancanipun supados anggulung layar sasampuning layar kagulung julig ingkang sakawan lajeng angejegi bahita dagang mung ambekta dadamel waos lajeng amendheti barang daganganipun ingkang sami andadosaken pangungan dene dagang wahu kathahipun. 6 iji. Katrajang julig. 4. Iji. Teka ayem kemawon boten purun ananggulangi.

Ah sampun mangkaten bilih tiyang tanah madura punika.

S. M.

Manila

Nalika ping. 30. Agustus ingkang kapengker. Oyaging bantala ing tanah ngriku sampun wiwit kendel mila para tiyang ingkang sami ngili saking kitha sampun kathah ingkang mantuk bilih kadulu wujudipun lir praja mentas katempuh ing babaya satru jayeng jurit wisma ingkang boten risak taksih kenging den dunungi kantun. 40. Iji. Sapunika saking pradatanipun gupremen. Sarehning kitha wahu saben-saben pratalanipun oyag lindhu. Dados sadaya tiyang boten kalilan awisma ingkang payonipun gendheng. Ananging kedah iyasa wisma payon wesi. Mila para tiyang kang ing ngajeng misuwur kathah ing bandhanipun samangke anjalari malarat.

Nalika ping. 29. Juni ingkang kapengker. Wonten tiyang gadhah rare jabang bayinipun medal kalih iji sami estri. Ananging ingkang satunggal tanpa sirah mila amung umur. 3. Jam kang tanpa sirah kalajeng palastra. Jisimipun lajeng kapasrahaken dhateng dhokter supados kapratitisaken yektinipun.

S. M.

Ing bra martani ongka. 43. Kula anyela-nyela atur ing panjenenganipun mitra kula kusumaningrum anggenipun anegesi wijangipun suksma. Kados sampun angemperi badhe leresipun nanging saestu angwontenaken cuwaning manah. Bilih kalajeng sigeg samanten kemawon sarehning wonten ingkang anjalari ngrembag prakawis punika. Mila kula kumapurun anglajengaken mugi sampun pisan andadosaken cuwaning panggalih. Saha anarik saking kalepatan kula. Menggah ingkang kawastanan suksma. Punika punapa sanesipun kalih nyawa. Punapa malih tembung aran nyawa utawi suksma. Punika sampun waradin ing salokeng rat pramudita. Asring kaangge pocapan. Lo punika sajatosipun punapa. Saupami wujud kados punapa. Yen tumrap ing badan wonten ing pundi. Awit kula inggih kerep ngangge pocapan malah anak punika asring kasebutaken nyawaku. Utawi jiwaku. Mongka jiwa punika tembung malajeng. Sangking pratelaning para saged tembung wahu. Winastan jiwa punika inggih nyawa. Utawi suksma. Lah ing ngriki

badhe jalaraning padhang manah kula. O mugi mitra kula kusumaningrum kaparenga amancasi mrih padhang manah kula. Wasana atur taklim kula.

Widawati.

Katur mitra jaramaya

Kula sumpun anupiksani. Panjurungipun mitra kula jaramaya. Ingkang kasebut ing serat bra martani ongka. 42. Ing ngriku mratelakaken ingkang dados panuwun kula punika. Mitra kula dereng angsal saserepan.

Ing wusana kapitaning wardaya lir tinebak mong luput nembe kula mirengaken pangandikanipun mitra kula ingkang sasinglo nama jaramaya. Kasebut ing bra martani wahu. Jalaran mitra kula aminta jarwa tembung wutuh ayam. Tumrapipun wonten ing serat waosan. Ingkang punika rehning karsanipun jaramaya kedah mundhut pirsa dhateng kula ing sasaged kula anglaksanani. Ewadene kagalih lepat utawi leres kula nuwun sumongga katranganipun kados ing ngandhap punika.

Tembung wutuh ayam. Kapetang paribasan saking pamanggih kula kajawi sangking karsanipun para sarjana. Ambasakaken samukawis ingkang wetah. Boten kalong sakedhik-kedhika. Utawi boten kirang punapa-punapa. Kadosta tiyang wicanten. Balane wutuh ayam kajengipun boten kalong boten kirang punapa-punapa. Jangkepipun tembung bok manawi makaten. Wutuh sakalit ayam. Inggih punika kulit ing jawi ingkang tipis kados kala mundaning salak kajengipun dalah kulitipun ayam boten wonten ingkang babak. Dados mungel wutuh ayam wahu. Kapetang kalanturing babasan. Kados dene mungel padu balung katesing. Sadulur sinarawedi marta ora ngrungokake jaratan growong. Punika leresipun sangking pangrayangan kula padu tanpa isi. Sadulur sinara wedi ora ngrungokake ujaring uwong.

Ing serat rama jarwa enget kula wonten babasan wutuh ayam. Arikala kumbakarna ngujar-ujari dhaten dasamuka sekaripun asmaradana ungelipun makaten// punggawane akeh mati. Mungsuh wanara ing kana. Durung kalong bebecike. Prawirane wutuh ayam. Ngalengka tutumpesan. Bebecike datan kantun. Mungsuh mung kalong kang ala// manawi boten lepat tegesipun bok manawi makaten.

Punggawanipun prabu dasamuka. Kathah ingkang pejah perang mengsa ketek balanipun bathara rama dereng kalong priyantunipun prajuritipun taksih wetah boten kirang punapa-punapa. Bala ing ngalengka sumpun tumpes priyantunipun boten wonten ingkang kantun balanipun bathara rama namung kalong ingkang alit-alit kemawon.

Ingkang punika anggen kula negesi kirang patitis kula nuwun sumongga ing para sarjananing bra martani. Kajawi punika sarehning kula punika taksih bodho sumpun kagalih acapeng asta amuntir awis rawis. Boten langkung awit saking kaweken pagrayangane manah kula. Jalaran kula manggih serat wonten tembungipun arab kadosta.

1. takluk. 2. Kodrat. 3. Iradat. 4. Istikar. 5. Istigena. 6. Ngindal. 7. Khabulamtu. 8. Thokhit. 9. Ngumum. 10. Sarengat. 11. Tarekhhat. 12. Khakhekhat. 13. Makrifat. 14. Ilafi. 15. Kasdu. 16. Takyin. 17. Naping tasbih. 18. Nafi maslupa. 19. Nafi taklim. 20. Bafi isbat.

Punika sarehning kula dereng sumerep tegesipun manawi andadosaken ing penggalih mugi wontena karsanipun mitra kula jaramaya. Amaringi katrangan menggah tegesipun tatembungan wahu. Saestu badhe rumaos ageng kabegjan kula. Manawi kula kasumerepan muradipun. Andadosaken abirat katawenging manah.

Jarumaka

Atur panarimah

// kinanthi tur taklim ulun. Mongka woding katesnan sih. Mitrengsun kang bek sarjana. Mumpuni kawigyan jawi. Waskitha sih ber legawa. Jaramaya kang sisilih// ri wusnya basuki katur. Ring mitreng sun kang maladsih. Panjurungipun mitramba. Kang wus bangkit anjarwani. Cangkriman atmajeng yoga. Catur kang samyantuk kardi// sakamantyan bingah ulun. Dene mitraningsun sudi. Marang dasih kang tyas mudha. Marma sun tansah mamuji. Ing ratri pantareng siang. Luntura barkah ing widhi// langgenga tulus rahayu. Aywana turida kang prapti. Sirnaha ing ponca baya. Supadya wet angrenggani. Pabarataning pawarta. Dadya lalantaran maring. // janma kang mudha tyasipun. Kadya mitranta pun mursit. Wit rare wijilan ngarga. Samangkya wismaneng ngardi. Atur [] kang den gugulang. Nanem jagung kenthang kobis// samangkya adreng kapencut. Marang kasusastran jawi. Kawigyan mwang kalantipan. Sanadyan tangeh saliring. Nging raosing tyas tan kembra. Cumpaka undhaking kapti// mung hyun ngambil barkahipun. Para sarjana kang sami. Putusing karti sampeka. Gumelar ing srat pawarti. Bra martani pabaratan. Tan kumel cineda maring// para sarjana kang putus. Arsanapun tan sipi. Mangkya ulun wus anyipta. Lir agring den usadani. Nyes lir siniram ing toya. Kang wus neng simpenan lami// nging ana kang dadya masgul. Mitraningsun amedhari. Tatembungan wutuh ayam. Minta jarwane sajati. Lah muga-muga mitreng wang. Ngaksamaha kang makethi// mokal yen bangkita ulun. Anjarwani kang kadyeki. Rare ngarga nyengkanira. Wigyanne mung tunggu pari. Sabab tembung kang mangkana. Kang wus mupakat ing

ngardi.// nadyan janma kang wus putus. Saben-saben anjarwani. Tatembungan wutuh ayam. Ayam pamet saking patik. Wit wadya kang mentas yuda. Nadyan unggul tan kacir.// nging tilasaning prang pupuh. Puniku tan sirna yekti. Upami janme abenan. Kang mentas ing ngaben tandhing. Sanadyan unggul yudanya. Nging sayekti nandhang kanin.// sokur bage sewu sokur. Yen janma ing tanah ngardi. Cocog lawan lugunira. Yen tan condhong mugi-mugi. Mitrengsun anyirnakaken. Jalaran renguning kapti.//

katandhan pun mursit

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

//oo// ingteh sampig sigra mundur. Kesah saking gening jedhing. Wonten masjid piggir marga. Ingteh sampig munggah masjid. Dulu wonten gambar-gambar. Siji kakung siji estri.// ingteh awacana arum. Kakang sampig dika ngerti. Gambar estri lawan priya. Punika gambar punapi. Mugi kula wecanana. Jarwane gambar puniki.// sampig nudingi sumahur. Iki bun kun iki swang ji. Pancen gambare wong kuna. Bun kun swang ji lulut asih. Lawas-lawas banjur ningkah. Dhaup dadi laki rabi.// ingteh amanabda arum. Bun kun swang ji lulut asih. Kadi pundi solah ira. Banjur dadi laki rabi. Kula kacaryan wuninga. Sumongga nelat puniki.// cobi kakang dika wuruk. Solahe wong lulut asih. Sampig gumuyu wecana. Nyata nakal ari mami. Sira ingsun padha lanang. Kudune lak jalu estri.// kapriye pun kakang muruk. Solahe wong lulut asih. Ingteh sareng amiyarsa. Gumuyu nutupi lathi. Kakang sampig dudu lanang. Apa wong lanang kemangi.// nora duwe ati anu. Lagi tumon kakang sampig. Sepuluh anu anuwa. Si anu ora nganoni. Cobi ingsun tutur weca. Dhasar ingsun ayu kuning.// ni ingteh ciptane kalbu. Nadyan ingsun bukak wadi. Sun andhemi palakrama. Amrih dadi laki rabi. Awor ngaji pan wus lawas. Dhasar padha seneng ngati. // ni ingteh angling gumuyu. Engkoh memang bukan laki. Roti mertega sedhiya. Sebab apa belum ngerti. Ni ingteh ngrucat busana. Pembayun lir cengkir gadhing.// sampig duk tumingal ambruk. Kantaka munggeng ing siti. Pungun-pungun sarwi ngesah. Adhuh nimas gusti mami. Wong ayu kumpul sawarsa. Pun kakang datan udani.// pinasthi karsaning ulun. Sira nimas jodho mami. Yena jajing bing cang krama. Durung pesthi bikak wadi. Ni ingteh angling ngujuwat. Pancene lanang kemangi.// ana mina wedi banyu. Sawung wedi nucuk pari. Lir babi menek wiwitan. Menek tiba angemasi. Sampig miyarsa marwata. Dhasar gendheng awak mami.// lawang kinancingan kukuh. Dhasar sepi jroning masjid. Sang ayu pinotha-potha. Ingteh gumeter tan angling. Rinangkul pinriyembada. Jaka tandhing prawan sunthi.// pasthi kringetnya ndres kumyus. Luntur sihnya jalu estri. Karo katembernasmara. Kesaru ki jaka jimsim. Prapta mawi nuntun kuda. Jongose ni ingteh nenggih.// sampig mara bukak pintu. Jim sim sigra manjing masjid. Matur marang ingteh nulya. Lurah cilik dika mulih. Ing griya wonten prakara. Rama ibu ngarsi-arsa.// sampig amiyarsa atur. Getun angling awor runtik. Pancen jim sim si keparat. Misahke wong lulut asih. Jim sim dipun undhamana. Nahuri angling wor runtik.// dika wus kumpul setahun. Datang pirsa barang adi. Ulam wus munggeng rampadan. Datang saged angicipi. Mangke lir luwak papringan. Ngarah mina jroning warih.// lamun datan saged slulup. Punapan tuk badher kali. Sumongga lurah deninggal. Kula wus mapag turanggi. Ibu rama ngarsa-arsa. Ingteh dandan ngrakit-ngrakit.// sampig dhasar bringta wuyung. Dulu ingteh ngrakit-ngrakit. Ngrangkul jongga mijil waspa. Sarwi angling bisik-bisik. Sira yayi kudu mangkat. Pun kakang kari pribadi.// nyonya ingteh nglingsnya arum. Kakang sampig kula pamit. Ibu rama ngarsa-arsa. Pasthine wonten prakawis. Pamitan guru sumongga. Sampig angling awor tangis.// sira yayi sida mantuk. Besuk apa sira bali. Yayi tutura prasetya. Aja ingsun aprihatin. Ni ingteh aris wacana. Sampun kakang aprihatin.// yen badhe kapanggih ulun. Dhatenga ing wisma mami. Wacwu pinten tebih ira. Nanging kula ngubayani. Sampun kasep dika prapta. Kang dados ubaya mami.// telu pitu roro wolu. Papat nenem jangji mami. Poma-poma sampun cidra. Dika dhateng wisma mami. Sampig pamanggihnya salah. Den sengguh jangji sesasi.// telu pitu ya sepuluh. Roro wolu ya sedesi. Papat nenem ya sedasa. Geseh pamanggihnya sampig. Den sengguh jangji sawulan. Sepuluh ping telu nenggih.// ingteh mung jangji sepuluh. Pasthi kakang sampig prapti. Yen cidra sepuluh dina. Menek kasep dadi ati. Cacade kurang pratela. Pinasthi karsaning widi.// ingteh pamit kyahi guru. Yen ibu rama nusuli. Wus kalilan sigra dandan. Jim sim mareken turanggi. Makul buntelan busana. Ingteh pamit jaka sampig.//

taksih wonten candhakipun. Citra pandhaya.

Ongka kaping: 45

Kemis kaping. 4 Nopember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta
Kulawisudhan

Ing salebetipun wulan oktober kapengker punika awit saking karsa dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan.

1. Rongga yasa pradata. Mantri jaksa gedhong kiwa. Kakarsakaken dados abdi dalem panewu jaksa ugi gedhong kiwa. Nama ngabehi yasa pradata. Mawi lenggah siti. $7 \frac{1}{2}$ jung.
2. Sudiman pamagang ing kaptiyan kakarsakaken dados abdi dalem jajar juru olah olah gedhong kiwa. Nama wongsa sarasa. Mawi lenggah siti. 1 jung.
3. Slamet pamagang ing kaptiyan kakarsakaken dados abdi dalem jajar gedhong kiwa. Nama wongsa rudagsa. Mawi lenggah siti. $\frac{1}{2}$ jung.
4. Jitheng. Pamagang ing kaptiyan kakarsakaken dados abdi dalem jajar tukang siwur gedhong kiwa. Nama wongsa pandaya. Mawi lenggah siti. $\frac{1}{2}$ jung.
5. Saparta. Pamagang ing kaptiyan kakarsakaken dados abdi dalem jajar gedhong kiwa. Nama wongsa saparta. Mawi lenggah siti $\frac{1}{2}$ jung.

Gajahan lami ping. 4. Nopember. 1880.

Tukang lampu gedhong kiwa.

Dhindhing jalal.

Aneh anehan

Kala wingi sonten kula kapethuk tiyang ambekta peksi prekutut wonten ing wradina setabelan [mangkunagaran] sarehning aneh mila prelu kula cariyoaken punika. Suku utawi cucuk abrit nem maya-maya. Kados suku cucukingpeksi puter benggala. Elaripun suwiwi kiwa tengen pethak kadi dene pethaking wulunipun peksi puter benggala. Wulu tumpanging suwiwi. Sirah. Geger. Buntut kados wulunipun peksi prekutut limrah. Wulu tenggok kados wuluning peksi puyuh. Wulu telih pethak maccud dumugi dhadha. Wulu ingkang leres wekasaning dhadha ngajeng mawi kendhit jene. Wuluning dhadha dumugi brotol kados wulunipun peksi ngeruk. Wondene peksi wahu pancen boten kasade. Awit kagunganipun kangjeng pangeran ariya surya brata. Saha kula kasupen boten pitaken pinangkanipun jalaran kasesanipun tiyang ingkang bekta sambat pangresulanipun selak kadalon.

R. W.

Mikud durjana nandhang tatu

Nalika ping.18 wulan oktober punika. Wismanipun tiyang anama kasan dikrama ing dhusun karang gondhang kalebetan durjana pandung. Ananging durjana sawek anyuthik pacelan konangan sanalika. Kasan dikrama lajeng anjelih nedha tulung. Tangganipun sami dhateng tandang. Ananging durjana sampun malajeng. Amung tiyang anama merta wijaya ugi gagriya ing dhusun ngriku sareng durjana malajeng lajeng katututan ngantos dumugi sajawining dhusun ijen kemawon sareng durjana sampun waspada bilih ingkang nututi amung tiyang satunggil lajeng wangsal sarwi awicanten makaten. E wong kiyi lumuh urip pancen arep jaluk ngrasakake pangotku. Kok kabangeten maling durung oleh barang-barang bae olehe nututi nganti tekan kene. Merta wijaya taksih mempeng sarwi alok he maling mandhega tak gragang. Durjana mangsuli. Alah dene mandheg wong bali. Arep nyuduk pangot wetengmu. Ing ngriku lajeng

gathuk udreg-udregan ngantos sawatawis dangunipun merta wijaya kenging kaparjaya ing pangot ngantos anemahi kantaka. Durjana nginten bilih merta wijaya sampaun palastra lajeng genjret patilar malajeng. Sareng kancanipun para tandang sanesipun anglari merta wijaya taksih kapanggih wonten ing sabin anadhang tatu lajeng kagotong dhateng dhusun dumugi sapuniwa dereng waluya.

Lah punika kenging kadamel tuladha. Sanadyan merta wijaya wahu kuli ananging katitik kawateranipun.

Salatiga

Salebetipun wulan punika. Tiyang anama jaya darma. Gagriya ing paku alaman ngayogyakarta. Lalana ngupaya pangupa jiwa dhateng ing tanah salatiga. Sarwi ambekta pirantos pikulan isi pergul sepuh sasaminipun ngupadosi para tiyang ingkang sami darbe barang jeneslaka ingkang kaedusaken. Duri lampahipun prapta salebetung dhusun getasan wonten ing margi ageng ngajenganipun asisten wadana ing ngriku. Jaya darma malajeng pikulanipun barang katilar. Mila jaya darma lajeng kapikut dalah darbekipun barang. Sareng kapriksa ngaken anggenipun malajeng wahu rumaosipun sareng malebet ing dhusun getasan kados lir katempuh ing prajurit ageng ingkang samekta dadamel badhe anangsaya piyambakipun saksana jaya darma lajeng kapusara kaladosaken ing kantor salatiga. Katetepaken tiyang lampah samar amasthi kedah kaintunaken wangslu dhateng nagarinipun saking pangwasaning pulisi.

Amargi samangke wawatosipun parentah salatiga sakalangkung kenceng. Wulan ingkang kapengker punika wonten tiyang ngayogyakarta ambarang reyot sareng dumugi bawah salatiga lajeng katulak wangslu sarana kairit ing babahuning pulisi. Awit ugi kagalih bilih lampah punika anyalawadi.

Katur mitra kusumaningrum

Awit saking sampeyan paring berkah [] tegesing suksma langgeng sapanunggilanipun ingkang kasebut ing serat kabar bra martani. Ongka. 43. Sakalangkung panuwun kula andadosaken gamblang nging kodhengipun manah kula. Wondene mitra kula mundhut pirsa dhateng kula menggah tegesing tembung. 1. Arjanti. 2. Wijayanti. 3. Tiraya. 4. Tirabasa. 5. Tiramya. 6. Titisana. Punika sarehning mitra kula kusumaningrum kedah nandukaken mundhut pirsa dhateng kula sasaged-saged badhe kula leksanani samanten wahu leres utawi lepat kula sumongga. Enget-engetan manawi kula boten supe bok manawi makaten. 1. Arjanti. Respati linangkung. 2. Wijayanti. Langkung unggul. Kuwat sanget. Sakti sanget 3. Tibisana. Langkung kathah. Langkug mandi. Langkung ajrih. Langkung ageng. 4. Tiramya. Rame. Asring. Endah. Sae. Ayu. Rengga. Atut runtut. 5. Tirabasa. Langkung risak. Dene tembung tiraya punika kula dereng manggih saserepanipun. Punapa kenging saupami dipun tegesi. Langkung ageng.

Ing wusana kula anyuwun berkah tegesipun tembung ingkang kula taksih kacupetan menggah artosipun kadosta. 1. Tumarip. 2. Tumrepa. 3. Tumrepi. 4. Tumrepti. 5. Tumarju. Punika mugi wontena karsanipun mitra kula ingkang sasilih nami kusumaningrum. Ambabaraken tegesipun tembung wahu. Saestu badhe andadosaken pambikakipun bundheling kawruh kula.

Anjawi saking punika sampun lami ing bra martani wonten panjurungipun ingkang sasilih nama jaka bodho. Suraosipun anerangaken sinten ingkang amurwani yasa. Gamelan sakpanunggilanipun. Punika sarehning kula piyambak remen dhateng ing tabuhan. Radi kula merlokaken anarutus ngupados katrangan dhateng ingkang wajib saged nyukani katrangan. Ananging katranganing pamanggih warni-warni. Sarehning tanpa waton kula namung amituhu sabdanipun ingkang ngaken sumerep. Mila punika kula nyumangaken dhateng mitra kula jaka bodho. Kasinggihan sanget saupami wonten para sarjana ingkang karsa amrayogekaken menggah ingkang dados leresipun wondene katrangan wahu wontenipun namung ingkang tumanduk dhateng tabuhan gamelan kadosta.

Tabuhan surendro wonten ingkang mestani yen ingkang amurwani yasa prabu aji saka. Sak gendhingipun. Tabuhan pelog ingkang murwani panji. Sakkonduripun saking nagari keling. Wondene tabuhan sekati utawi monggang. Jaman ing demak jumenengipun sultan bintara. Anyaripun agami islam.

Sareng jumenengipun kangjeng panembahan senapati. Dipun gesangaken kaagem sadaya. Tabuhan surendro utawi pelok. Sakati katabuh ing saben wulan mulud tanggal kaping. 6. Dumugi dinten garebeg. Monggang katabuh ing saben dinten sabtu sonten. Utawi manawi miyos tinangkil panabuhipun monggang dinten sabtu wahu perlunipun minongka angigaraken wadya bala lelangen wiraga sakluhuring turongga. Ketelah sapuniwa taksih tumindak ing karaton kalih surakarta utawi ing yogyakarta.

Wonten malih ingkang mestani ingkang yasa tabuhab surendra bathara endra. Ing magke kawestanan gamelan surendro. Ricikanipun namung nem iji. 1. kala. 2. Songka. 3. Gendhing. 4. Caluring. 5. Pamutut. 6. Sahuran. Ricik anem iji punika kula piyambak dereng nyumerepi menggah wujudipun sapuniwa. Nalika

yananipun sinengkalan. Swara matenggeng karan. Lajeng gongsa sulendro wahi dipun paringaken sri maha raja kanwa. Ing purwa carita inggih medhang kamulan. Sri maha raja kanwa wahu amewahi ricikan kalih warni. 1. Gantréng. 2. Salunthi. Sinengkalan karenga swaratri.

Tembung pathet nguyu-uyu. Wonten ingkang mestani leresipun patut utawi uyun-uyun.

Patut nenen kaangge. Uyun-uyun utawi ringgitan. Awit saking jam. 8. Dumugi jam. 11. Katampen patut sanga. Sangking jam sawelas dugi jam. 4.

Katampen patut manyura.

Wondene yen uyun-uyun awit sonten patut nenen boten kange. Lajeng kalanturaken saking patut manyura jam. 4. Tumrap ing patut ing gendhing pelok sami ugi akaliyan wonten ing surendro. Namung tatimbanganipun manawi surendro patut nenen pelogipun patut gangsal. Surendro patut sanga. Pelogipun patut nenen. Surendro patut manyura pelogipun barang.

Jarumaka.

Bilih andadosaken kaparenging panggalihipun mitra kula ingkang sisilah nama jarumaka. Kula nyuwun barkah menggah tegesipun tatembungan ingkang kasebut ing ngandhap punika.

1. kembang. Tuwin kembangan.
2. Kambang. Kambangan.

Punika kados pundi menggah tegesipun dene wonten tatembungannya miraos. O mengga panjenengan kersaha paring tegesipun saiba bingahing manah kula. Rumaos badhe mindhak saserepan kula. Nami kula purun-purun pitaken bilih gentos dipun takeni saestu boten saged asung katrangan.

Byang busuk.

Ing bra martani ongka. 4. Panjenenganipun mitra kula widawati andangu bab tembung suksma. Punapa sanesipun kalih nyawa.

Ingkang punika ing sareh ning kula wahu. Sayaktosipun boten saged sanget kikirangan ing saserepan bok manawi wonten kalepatan kula. Ingkang mugi wontena pangaksamanipun para sarjana.

Saking pamanggih kula suksna. Kalih nyawa punika boten wonten sanesipun. Ingkang limrah kadamel pawicantenan namung nyawa. Wondenten tembung suksma namung asring kange ing serat wacan.

Sadaya ingkang saged molah utawi nywara. Punika ingkang limrah winastan kadunungan nyawa. Wondening panggenanipun kapirit saking teges sakalangkung samar. Sakalangkung remit sakalangkung dhemit utawi sakalangkung lepas wondenten lepas punika. Kenging kawastanan tebih uatwi keras. Dados panggenanipun wonten ing samar. Ing remit adhemit ing tebih. Ing nginggil. Ing keras. Ugi wonten ing celak ing ngandhap ing ngadhakan. Wondenten wujudipun sakalangkung lembut sakalangkung alus sakalangkung rowa. Sakalangkung ageng.

Ingkang punika bok manawi nyengkleng saking emperipun ingkang mugi sampun andadosaken duka ing panjenenganipun mitra widawati.

Kusumaningrum.

Candhakipun cariyos pethikan saking serat dhalang basa malayu

// paugeraning pangrukти. Katitik ing niti praja. Kataman tamu tulaten. Kacihna tata prayoga. Gemah sarta rahastra. Saking pakirtya nirayu. Nihan isarating krajan// atas pangrehing nagari. Lesmining kang pamonggita. Kanang winulat pra katong. Yeku mongka partisara. Rarasing ngechenggep praja. Kasiden yuning pamayu. Yuwana prapteng samangkyu// temah umas ursanggyaning. Janma ngesthi kawirajan. Kabyaktan duk duk panyarike. Saliring angger pranatan. Ri duk tilawan nalar. Ing mula wasana dinuk. Daton kasepen kadayan// kaluluning reh harjanti. Mahyaken ucaping rowang. Nara praja samya loke. Sanintyasa malembana. Kentaring pambiseka. Sesining rat samya ngumum. Kanityamaning pamasa// miwah kapradhah ucaping. Janma gung ing monca radya. Panggungunge kadi ayon. Tuhu ri sang nareswara. Budiman mambu daya. Saliring reh mararas rum. Karaban ruwiya darma// ing ngela-ela tulya ris. Wuryaning kang basa gitu. Kamantyan angascaryakke. Nihan sanggyaning swagata. Arda mastuti samya. Babana jeng sang sinuhun. De rahamarda weng kata// wicaksana eber budi. Kretarta saliring guna. Suwigya ngejum wirage. Ngecani sameng tumitah. Pramila wadya kuswa. Suyut tur mawa kayungyun. Prabawa gambuh ing driya//oo// saha sayitneng kewuh. Dera ginanjar kamulyan agung tinetep kendad wawarananing gusti. Rumasa ing tyas kalamun. Kasedhahan manggung ngemong// marang gebenganipun. Yayah janma lan aliyanipun. Aja kanti kadunungan. Ing sak serik. Upama ana kang masgul. Tan wurung ratu katempoh// marma angimpun-impun. Nununtumken ing reh pakartyayu. Lilingsene amunah panggawe juti. Supaya nira kaceluk. Dera amengku karaton// kanti saindengipun. Kalaksanan para janma ngumum.

Katrepan ing pangereh samya ngastuti. Saking titising pangejum. Nung pukudwa murweng raos.// patitisng panggelung. Kayektiyan barkating sang mulku. Ambubudi mangsu sarating prajadi. Pened kawulat cinakup. Anilas kentaring pakon.// kadya kang wus dumunung. Neng supatra partisara luhur. Amarna reh yarya prawara wirasti. Dadya margane salugu. Waspadawa dining pandon.// kang tumrap ing pamilut. Lungidaning walgitasawastu. Wus muktamat lokika terus ing panggit. Babaring ponca driyeku. Nganakken kawruh angradon.// sastra ing marganipun. Ingkang kanggo anumrapken pemut.sarasaning ngalam manawa kawingkis. Yayah kasiden umangsung. Pariwaraning tumuwoh.// adan winulat tuhu. Sumawana sanggyaning pangawruh. Wruhanira dadya ugering pangructi. Prajarja sayogyanipun. Pat belas bab kacariyos.// kang dhihin heh sang ratu. Kaalpanira ayun mawayu. Kayuwanan angapti arjaning janmi. Den yitna sakeh ing rembug kang umahya saweneh wong.// awit ing ngatasipun. Nara praja tan kena tinamtu. Tuntuming tyas ing ngarep anjet mikani. Puwaraning don tan burus. Wekasan akarya linyok.// sabab pamrihye muhung. Makolehken ing priyangganipun. Weneh ana tanduk ing bahu kapini. Kadorane pina patut. Mrih sandi masang pangruroh.//

taksih wonten cindhakipun. Manungkara.

Cindhakipun pethikan serat bongsa cina

// sampig niba brata wuyung. Kaningaya nimas gusti. Pancen sangking gendhenging wang. Kumpul ngaji wus sawarsi. Nora kumpul barang-barang. Lagya kumpul dipun sapih.// nora wuyung ingsun lampus. Tan kelirasaning ngati. Sampig tansah gulimpangan. Ingteh sigra amarani. Arum wijiling wacana. Sampun kakang aprihatin.// kula wus jangji satuhu. Nora wurung dadi kanthi. Yen prapta wacwu sanyata. Kawula pasthi kapanggih. Jim sim nuntun kuda mara. Ngajak mangkat mupung enjing.// sampig nangis senggrak-senggruk. Ingteh welas amarani. Ngrangkul sampig gulimpangan. Ni ingteh ngling ngiramanis. Kakang sampig dudu lanang. Tan saged pisah lan mami.// kula ajrih rama ibu. Nukuli prakara gati. Jim sim ngajak mangkat enggal. Wus dangu denya nganteni. Kakang ngrubeti kewala. Dhuh kakang kula tuturi.// yen dika mantep satuhu. Arsa nglamar awak mami. Sampun nyidrani pitungkas. Wahu kula pan wus jangji. Dhateng wacwu wisma kula. Lan kula miren pawarti.// wonten karsaning sang prabu. Santri angcwu den timbali. Prabu milih santri wigya. Sadaya dhateng nagari. Amung dika sampun cidra. Dhateng wacwu wisma mami.// jim sim ngajak mangkat gupuh. Ni ingteh nitih turanggi. Sah saking angcwu lumampah. Sipeng margi tigang latri. Wus prapta wacwu wismanyia. Ngabekti mring yayah bibi.// genti wahu kang winuwus. Gancange ingkang winarni. Sampig tan pegat kasmaran. Nganti-anti wus sesasi. Ni ingteh denya semayan. Sampig pamit guru aglis.// kula nuwun kyahi guru. Yen kaparenging panggalih. Kula pamit mring paduka. badhe nuweni ri mami. Ingteh ingkang sampun kesah. Mring wacwu prenahe pundi.// kyahi ing panuwun ulun. Paringa pituduh yekti. Ing lampah amrih sakeca. Kyahi guru angling lirih. Wismane ingteh prenahnya. Wacwu lakon telung ari.// atetakona sireku. Parek wismane dipati. Ana wite kembang kwipah. Kulone tembok kaeksi. Sampig sareng amiyarsa. Mundur nulya animbal.// jongosipun nami sukyu. Kinen angambil turanggi. Mikul buntelan busana. Nyangking payung wus miranti. Sampig wus numpak turangga. Nulya ngajak mangkat aglis.// payo sukyu menyang wacwu. Prelu tilik ingteh mami. Sukyu sandika lumampah. Nyangking payung atut wuri. Ing marga datan winarna. Wus prapta wacwu nagari.// tanya-tanya wus kepangguh. Wismane ingteh sayekti. Pinuju cethine medal. Niswi angwastanireki. Ngundhuhi pethetan kapas. Sampig mara angling manis.// nuwun-nuwun nini ayu. Kula darbe mitra santri. Santri ingteh wastanira. Wismane inggih puniki. Niswi angsu mahur sigra. Klentu gendika mastani.// nyonyah ingteh prawan ayu. Datang wonten ingteh santri. Dika takon boten cetha. Takon ingteh ingteh pundi. Warnanipun kadya paran. Teka wonten ingteh santri.// ingteh kula nyonyah ayu. Kang gadhah dalem puniki. Bisa nyungging miwah nyulam. Bisa nulis sastra wasis. Dereng tahu wanuh priya. Dika ngaku dulur santri.

Taksih wonten cindhakipun.

Citra pandaya.

Ongka kaping: 46

Kemis kaping. 11 Nopember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Ing nalika dinten kemis tanggal kaping. 1. Wulan besar tahun punika panjenengan dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhanan. amatedhakaken pasumbang dalem dhateng kamangkunagaran mengkah tata lampah ing pasumbang kadherekaken abdi dalem bupati. 2. Dalah kliwon panewu mantri sapanunggilanipun sadaya sami busana ageng. Dene kang ngrebat barang dandosan kuli sangking abdi dalem bupati maosan sadaya kuli amanganggo kuluk kanigaran pethak rasukan abrit kurung. Saruwal ugi abrit lampahipun ing margi mawi kadherekaken mungsikan ingkang sakelangkung asri kawuryan.

Mengkah pangajenging lampah mantri duta. 4. Ing wingking untabling wadya bala kadya ladhu awun-awun. Ing ngandhap punika pratelaning warnining pasumbang.

Mahesa. 50. Kairit prayantun kaliwon kalang tuwin panewu samantrinipun.

Warni uwos. 100. Pikul kairit panewu mantri gedhong kiwa tengen.

Warni lisah. 20. Pikul kairit mantri gedhong kiwa tengen.

Warni sarem. 20. Pikul kairit panewu mantri gedhong.

Warni traos. 20. Pikul kairit kairit panewu mantri gedhong.

Warni arta. 5000. Rupiyah kawaduhan jolen. 2. Iji ingkang angirit prayantun bupati kalih. 1. Raden tumenggung prawira nagara bupati panumping. Tuwin kaliwon samantrinipun. 2. Raden tumenggung arjadipura. Bupati gedhong tengen sakliwon samantrinipun.

Nalika dhateng ing mangkunagaran. Kaurnatan ing gongsa monggang ingkang mungel mawantu-wantu. Sadaya pasumbang lajeng kajujugaken ing pasowan mamedan lajeng kapethukaken dening papatih ing mangkunagaran raden tumenggung jaya sarosa. Tuwin kanthi para punggawa. Dalah panekaripun sareng sampun kendel sawetawis lajeng kairit sowan ing ngarsanipun kangjeng gusti. Ingkang sampun samapta busana ageng. Saputra santana sadaya. Mengkah pangajenging lampah raja duta prayantun gandhek. 2. Iji. Ingkang acara karaton andhawuhaken timbalan dalem. Lajeng katampen ing kangjeng gusti piyambak. Katingal suka rena saha atur panuwun.

Ing sasampunipun sadaya pasumbang lajeng kapasrahaken dhateng para punggawa ing mangkunagaran.

Sanadyan jinising cacing lawing. Inggih anggadhai manah kumedah angrerencangi mangun arjaning kanangrat nanging titahing allah kang kawajiban sarta saged nandukaken namung manungsa. Mila allah lajeng angodrataken ratu, ratu angodrataken pangadilan pangadilan angwontenaken parentah pulisi jaksa sapanunggilanipun inggih punika ingkang bingkasdur taningrat. Mila nagari surakarta katingal padhang gumilang-gilang. Jalaran saking sanget pamarsudenipun ingkang ngasta kridhaning praja. Nanging sirnaning lampah kaculikan ingkang modhel wektu samangke para tiyang neneman remen kekerengan ngantos andadosaken kumeleming tiyang kang ambek watu. Malah nalika dinten malem jumungah angrintenaken wulan kaping. 5. Nopember. Ing kampung pacinan sawetaning peken wonten titingalan nayuban nanging sareng wanci jam 11. Dalu katedhakaken ing kangjeng tuwan asisten residhen saha bendara raden mas tumenggung purwa nagara. Kanthi kondhanging pradata sawetawis. Mengkah rawuhipun para anung wonten ing ngriku wahu awit saking panuwunipun kapti cina. Margi griyanipun waktu dalu punika badhe kadamel ajang paguting yuda brata. Wasana sareng wanci jam. 1. Wonten satunggal tiyang kang tansah dipun dhabyang-dhabyang katuraken ing ngarsaning kangjeng tuwan asisten inggih punika kyatingrat sang karya danur ingkang sampun masur sring-sring amandhegani dhateng para

neneman ingkang remen kekerengan sareng sampun kapriksa dening bendara raden mas tumenggung purwanagara. Wahu tiyang lajeng kaparingaken dhumateng karta nagaran kadhwuh anyimpen ingkang parimpfen saungkuripun karyananur wonten malih tiyang kalih iji ingkang kasusulaken dhateng kartanagaran boten watawis dangu kangjeng tuwan asisten sabendra raden mas tumenggung purwanagara. Lajeng sami kondur. Wondene kampung pacinan sadalu wahu taksih kaambengan para prayantun panewu mantri ing kapatian sawatawis.

Kiriman.

Walandi suldhadhu ing kangsekilwak sangajenging dalem paresidhenan bilih wanci dalu sring-sring ngendheg tiyang lumampah ing wradinan sengadi anedha tembako. Panedhanipun anggejeg saupami boten kaleksanan panedhanipun kawastara ing netya sanget rengu. Saha anguman-uman yen ta tiyang kang dipun andheg wahu lumajeng awit saking girising manahipun tamtu malah badhe manggih babaya ingkang boten kenging dipun oncati. Mila manawi ingkang jumeneng reksakaning praja. Boten anggalih lelampaahan wahu. Bok bilih badhe anggempalaken harja tentreming dalu.

Kiriman.

Kabar saklangkung elok

Nuju ari jumungah tanggal kaping. 21. Oktober. 1880. Wanci jam. 8. Enjing rare nama. Bagya. Ing tukangan dhistrik saha kabupaten ngampel pinuju mendhet kajeng dang dhateng pakopen sakilen dhusun posongan. Lajeng kadhatengan rare jaler umur. 7. Utawi 8 tahun. Lajeng nembungaken he bagya aku minta patinira sarta arit kang kadamel ngupakara kajeng wahu karebat koloraning kathokipun bagya rinucat pun bagya tan lenggana. Sanalika dakerira sang bagya tinanduking ngarit pagas mastakanira panjang. Sadim rare kang nangsaya lajeng murcatan kantenan pun bagya lajeng ngukut tugelaning dakar kinanthongan sigra sigra mantuk sarana umancur rah kang medal dumugi griya dados layadan. Sareng pun bagya tiniti ing polisi. Pangraosipun rare kang nangsaya wahu mawyha saha angslupipun dhateng ing kuburan kang celak kalayan pangupayaning kajeng. Sareng polisi titi priksa saged manggih kajeng tugelan gubras rah. Sarta mawi pingget amantesi bilih kajeng punika kang kaangge landhesan kala mancasipun.

Amantesi bilih pun bagya wahu kala samanten kadunungan tyas baruwah bosah-basih gingsir engetanipun embok bilih lajeng kakethok pyambak awit upami sinangsaya ing lyan teka angel temen pangathik-athik kula. Awit pun bagya sampun ngumur dwi dasa warsa. Wah ing ngriku celak dhusun sarta punapa kala winingkis kathokipun wahu boten molah. Destun apesipun garonjal mamancal kados kenya purwaning pinarjaya ing priya. E. embotenipun inggih jiwit-jiwit mesthi mawi. Punika teka boten. Mila satumuwuuh kula ing ngalam dawek sapisan punika mireng yakti kabar kang aneh.

Makaten ugi bab kuburan wahu para wajib mugi nyumerepna sarta nanggulangana pangleketing janma dhusun kang nganggep.

Buja kirana.

Sakalangkung panuwun kula. Anggenipun paring barkah papadhang. Mitra kula kusumaningrum bab wijang-wijangipun suksma utawi nyawa. Ananging mugi karsa aparing pitedah sapisan malih. Murih sampurnaning panarimah. Menggah kang kapratelakaken mitra kula. Panggenan sarta wujudipun suksma wahu. Taksih kedah adreng pembudi kula. Mila supados kaparenga paring keterangan medala saking eklasing panggalih sugci. Kadosta mitra kula amastani rikat punika punapa wonten ingkang angungkuli inggil saha cendhekipun bumi tuwin langit wondening tebih punapa saged jedhug ingkang kabasakaken tembung arap masrik saha mahrib. Makaten malih wujudipun suksma mitra kula amastani sakalangkung alus sakalangkung lembut sakalangkung ageng. Dene ingkang winastan alus punapa wonten ingkang angungkuli angin. Saha ingkang lembut angungkuli hawa punapa. Sarta isinipun ing dunya kula kok dereng nate sumerep ingkang agengipun angungkuli redi.

O nun samanten wahu sampun pisan aminihi jalaranipun serengeng panggalih. Kula punika rak jirih. Dene anggen kula banyunyak-banyunyuk wahu. Em inggih saking gungipun kacingkrangan saha pancer kirang anggen kula kakempalan para pujul. Mila tansah clola-clolo. Kados belo kirang pumbaran.

Wida wati.

Candhakipun cariyos pethikan saking serat dhalang basa malayu

// dyan menek kita mangguh. Wadyar wya pirawan wajibipun. Mungkul kena pinarcayeng barang gusthi. Sarta guna kaya purun. Pilalanen den krahayon.// marmitanireng wadu. Pinasrahan bang bang alum

maswageng sambekalaning wandaneki. Wit saka ana kang rebut. Arepan adan angedom.// lalu gawe pambujuk. Ngupa sabda bebenges tan arus. Maluyani kapetek arda ngadoni. Widagda ncripteng pangamun. Nanging sajatine kothong.// dredyanira ing kayun. Yapwan ngudaneni kita angsun. Nyamantakken ing lyan kawisudheng linggih. Saksana driyasmu rengu. Tandyang angruruh piawon.// wang-wang marek mring ratu. Wigya karya atur ngicuk-icuk. Nora kurang saranane minangkani. Ingkang leking kalbu. Lan lyan nandukken pangobong.// samantra pamrihipun. ywa lastari kanohan sang ulun. Bagya yapwan []ca njalari bilahi. Mulendra kanthi pangawruh. Nasdiken pasang pasemon.// kang mrayojaneng iku. Pra sidha sri amot sireng nguruh. Waswapa ampasanggingngupaya sandi. Dwisthaning wadya kacakup. Sampun pranaweng batos.// kaping dwi kang winuwus. Kita yogya ywa nya rehken kokum. Lamun ana mantri kang kacihna julig. Amurang nawung silarju. Temene pitenah goroh.// kaplaksananen gupuh. Den sambada lan pidosanipun. Awit iku mingkarani reh harjanti. ywan kasmene taman wurung. Dadya tanduking rurusoh.// lir mala pamenipun. Prawitane lamun tan tinutuh. Waswa babrak maraman stranduning dhiri. Kalis ing usada tanwun. Yapwan rogarda wus ngradon.// rengen ta kita mungguh. Ilating janma kala lalucu. Palacidra iku kaya dene behdi. Sapelik purwakanipun. Yen wus amempan nyermomong.// sakindangu amurub. Purbangkara nyalat sapraja rum. Sesining rat kajantaka tumpes tampus. Marma enggal mumpung durung. Padhemen den kongsi layon.// ping tri lawiyeng ratu. Rumeksa ing punggawa lit agung. Kanityanan somyaning arsa yeng kapti. Kawuryan wanguni semu. Lejar pasangning pasemon.// reh kula dyatmika nung. Kasangkaya papanggutan kang wruh. Rimbaganing weweran tan mangendrani. Parepataning ngasamun. Pinurih samiya golong.// sabab iyek lan sayuk. Dadi margane antuk pikukuh. Lamun kukuh kawasa tansah kapusthi. Balik salah juganipun. Kalamun ana kang diyon.// yekti jalari retu. Babasane tan kongsi salulut. Witing elmu atasingreh nawung gati. Bence pikir tan saharju. Laju cidra tibanning don.// tur janma sajuga mung. Prasidhesthinira dusmalalu. Prakarane nartani ruweting nagri. Susahken marang lenipun. Atasing janma sawiyos.// tanpa sahaya wastu. Bener taman wigya karya kukuh. Maring praja lir saka guru mung siki. Paran ungganya amengkuh. Adeging pathi kajoglo.// nanging pamane mungguh. Wisma kurang sasakane guru. Najan siki sayekti ambilaheni. Bisa anjalari rubuh. Nahana bab catur kacriyos.// byatitanen sang ulun. Kaprawayanira maring ripu. Ingkang nembe panggut sasaban sobani. Angganggep berdhaminipun. Awit karananing batos.// manungsa samar tuhu. Marang ing reh kadurung tumuwuh. Ywanimita weca tambis angendrani. Apa jatine salugu. Manjemurken reh kinaot.// kawruh amedhar tutur. Locitaning janma kang tumanduk. Ala ayu mawa karana sayekti. Marmi tyanta ywa kalimput. Lalu kaparak ing pangrok.// sarta babasanipun. Ing ngatase saripu lawan ripu. Kamulane wus datan condhong ing galih. Daten wonten yogyanipun ing reh tan nandukken sigon.// taman ngangelken tangguh. Kana gampang sawastu tinempuh. Temah kadyanganing sandawa ing ngagni. Angobar sapraja gempur. Bab lima wajib sang katong.// nguni wineyan jurung. Karajanta lalu unggyanipun gemah ripah dahat mageng karta karti. Den yitna aja katungkul manggung lalangen kemawon.// kalimput ing wulangun limut prakara ngregem praja gung. Ana dene atas sasabab sademi. Kena ing ruwi datan wun yeka koruping lalakon.// angerobken kaduwung. Ywan kagagasa tat umangsu. Kaswardani suwonda maluyeng sidhi. Pamane janma mustihru. Katrucut sing langkap nempoh.// dwisthane yukti nubruk. Pinrih bali mring warangkanipun masakeni ben-aben tumameng dhiri. Angur anggusthi kang durung. Kalakon den sampurneng don.// miwah marekna sagung. Ngupaksa matyang ahlul bratayu. Kadyanganing karem ngarcana ing widhi. Yeku mitrane umangsung. Santosanireng karaton.//

taksih wonten candhakipun.

Manungkara.

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

// sampig miyarsa gagetun. Mundur salin busanadi. Ciptane kang parimana. Manjing wisma anut jammi. Munggarh gunung dulu wreksa. Mring wisma pasthi yen taklim.// aja kuciwa ing tanduk. Ya manut uda nagari. Sampig manjing paregolan. Nginceng pendhapinya asri. Kursi jentrek kering kanan. Kinurung kere sinungging.// sampig micoreng jro kalbu. Yen ingteh wismane iki. Ya dudu wong dama rucah. Tedhake prawira sugci. Adhuh nimas arening wang. Pun kakang datan udani.// yata wahu kang winuwus. Cethi swi ang manjing gipih. Ngaturi wuninga sang dyah. Jawi wonten tamu kalih. Kula taken pinangkanya. Miwah sinte ingkang nami.// wismanipun kitha bucwu. Ngaken nyo sampig kang nami. Ni ingteh kaget miyarsa. Lagya nyulam sutra kuning. Nyat ngadeg manjing jro tilam. Pupure dipun nusapi.// salin busananya kakung. Ingteh matur rama bibi. Bilih kula katamuwan. Kadang tunggil kula ngaji. Rama ibu nglilanana. Kula badhe amanggihi. Sampig taklim tata krama. Marwata ironing panggalih. Samya tata tata lenggah. Ni ingteh wacana manis.// kasugengan kakang rawuh. Tan nyana wadu kaprapti. Sampig nahuri wacana. Kabegjan saged kapanggih. Sokur yayi suka wirya. Pun kakang sanget prihatin.// ni ingteh prihatin nutug. Mundhak manise sedhacin. Wuwu gandes luwesira. Presaja tur perak ati. Sukyu mesem-mesem mulat.

Dhasare ayu sayekti.// nyata gumun atiningsun. Apa priya apa estri. Ni ingteh aris ngandika. Lah jim sim sira miranti. Mansak teh wangi kang eca. Cethi konen saji-saji.// jim sim godhog wedang gupuh. Rama ibu amanggihi. Kyahi cwok kong aris mojar. Anak kula tunggil ngaji. Kasugengan jaka prapta. Sampig umatur kapundhi.// kyahi cwok kong angling arum. Pan wus kadang tunggil ngaji. Dika dhahar nginum samya. Pun bapa datan nyarengi. Cethi wus nyuguh rampadan. Ingteh sampig nginum tunggil.// jongos jim sim lawan sukyu. Ingkang ngadhep genya bukti. Ni ingteh alon tur ira. Kakang mas bilih marengi. Mongga ngunjuk lawan kula. Tebih-tebih rawuh ngriki.// yata wahu samya ngunjuk. Pan genti larih linarih. Ingteh wus kalilan rama. Asru nginum wanti-wanti. Tunggil nginum sobat lawas. Senenge sinambi angling.// ingteh meh satengah wuru. Mesem dipun incrit-incrit. Ingteh wus gadhah pacangan. Sampig yekti dereng ngreti. Ingteh wus wuru satengah. Wong anom eling jro ngati.// oo// ni ingteh ngecuri arak. Ngaturi slamet sacakir. Gelas bentuk samya gelas. Cumengkling kerasa ngati. Sampig kasmaran kingkin. Andulu ingteh suh rempu. Sukuneng ngandhap meja. Ni ingteh dipun idegi. Ingteh kaget api-api tan uninga.// tinum pangan samya pada. Sang dyah datan angendhani. Semana jimsim uninga. Ngadhep neng wurining kursi. Wruh pada den timpahi. Reka-reka nembang kidung. Sang dyah darbe pacangan. Mongsa kena dipun pikir. Bikin bimbang ati sinyo bolih cinta.// sudhah trima panjer barang. Trak bolih pur lain lagi. Dhisini plesir precuma. Tyadhak dhapet nonah kuning. Sukyu menyahut bani. Musthi dhapet sunggu-sunggu. Sudhah campur sekolah. Trak bolih puter kumbali. Sampig mireng semune kadi grahit.// jimsim mring sukyu wacana. Kakang sukyu sun tuturi. Tuturana lurah ira. Sawab jangji mitran lami. Katogna pisan iki. Katemu ngaku sedulur. Nyonyah pan wus pacangan. Jodhone macun kang nami. Duwe kadang tutugna iki sapisan.// besuk maneh mongsa bisa. Katemu sami pribadi. Sampig kagyat amiyarsa. Waspa mijil den usapi. Ngrangkul ingteh nglung lirih. Yayi tunggal guru mring sun. mangke pisah pun kakang. Tebih-tebih dhateng ngriki. Arsa nglamar lawan sira jatu krama.// ingteh nahuri wacana. Kakang ywa dados panggalih. Pesthine sang murbeng ngalam. Kakang dede jodho mami. Dhingin kula tuturi. Yen kakang ngarepna mring sun. kula aweh ngubaya. Pitu telu wolul kalih. Papat nenem sadaya paduka cidra.// mangke kasep nglamar napa. Kula wus pinacang dadi. Sampun nampeni panjeran. Luwu kakang mantuk aglis. mindhak katon jro ngati. Wewah kula bringta wuyung. Sampig sareng miyarsa. Mingser parek ingkang kursi. Sarwi angling bisik-bisik marang sang dyah.// adhuh mirah arening wang. Dhingin tunggal guru ngaji. Tunggal bukti tunggal nendra. Mangke wong liya darbeni. Kepriye solah mami. Pun kakang tan bisa kantun. Tan darbe sikep garwa. Mungguh mulih menyang endi. Ingteh angling wus kasep ngrembag punapa.// dhingin kula wus ubaya. Pitu tiga wolul kalih. Papat nenem dika etang. Sedasa dinten dumeling. Teka kasep nglangkungi. Sampig anulya sumahur. Nimas genya ubaya. Kurang cetha terange sathithik. Kula ijir molak-malik pas sawulan.//

taksih wonten candhakipun.

Citra pandaya.

Ongka kaping: 47

Kemis kaping. 18 Nopember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Ing mangke ing kadhaton jawi lebet sampun katingal dahat asri kawurya. Ing watawis sampun boten anguciwani menggah dhauping mamanton punika.

Dene ing ngalun-alun para bupati. Tuwin para punggawa sakarereyanipun sami amangun suka amakajangan wonten ing pangkat unggyanipun piyambak-piyambak. Katindhihan dening kangjeng raden adipati. Dene gongsa sekati mungel wonten ing sri manganti. Sarinten sadalunipun kathahing tiyang sampun kados susulung. Asuka-suka amiharsakaken gongsa tuwin aningali lalangen ingkang sami kagebyakaken ing salebeting mejangan wahu.

Menggah ing mangkunagaran inggih animbangi. Tatingalan inggih amonca warni. Mandar tiyang sasadeyan abyuk wonten ing ngriki sadaya. Ingkang amewahi asrinipun rarenggan.

Ing nalika dinten rebo tanggal kaping. 14. Besar tahun punika. Panjenengan dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan amatedhakaken lamaran tuwin sasrahan. Dhumateng kangjeng gusti pangeran adipati arya mangkunagara. Ing ngandhap punika pratelanipun warnining sasrahan tuwin lamaran.

Ngajeng piyambak. Warni. Mahesa. 2. Iji. Kadekekan rabab sinjang jene. Sungu kaponthang pethak. Mawi katumpakan tiyang kalih satunggil sowang. Tiyang wahu mawi topeng kados denawa. Ingkang angirid prayantun kalang. Kaliwon samantrinipun sami mangangge busana ageng.

Tumunten lungkang ragi tebih. Katingal jajaran lelayu angapit-apit saha songsong ingkang pinten-pinten. Inggih punika warnining lamaran. Ingkang dados pangajeng warni mahenda gembel kalih iji sami kakrukub ing wastra jene. Sirahing mahenda kadhapur topengan. Ingkang andherekaken abdi cebolan kalih sami mangangge topeng aneh. Ing wingking tumunten para prayantun gedhong kiwa tengen katindhihan kaliwon samantrinipun. Saha sami mangangge busana ageng sedaya. Sawingkingipun prayantun mantri gedhong gongsa cara balen ingkang katabuh boten mawi kendel.

Ing wingkingipun malih jolen. Kathahipun tigang dasa gangsal sami warni jolen kapulas jenen saha kapraos menggah isining jolen. Dangdang. Kenceng. Kendhil. Jun. Kendhi. Sadaya sami tembagi. Wonten jolen ingkang isi. Intho. Irus tuwin wadhad bumbu mrica pala. Tumbar jinten wonten isi buntelan arta. Tigang jolenmawi tebu sarembat klapa kalih janjang sami kapraos satabonipun ingkang dherekaken nyahi tumenggung ngestri. Dalah sapanekaripun. Sawingkingipun tumunten gongsa musikan mungel sauruting margi. Ing wingkingipun malih para punggawa sapanekaripun. Ingkang andherekngantos jejel tanpa sela. Sareng dumugi ing kamangkunaagaran lajeng kapethukaken pakurmatan gongsa munggang. Tuwin musikan salajengipun dumugi ing mamedan lajeng kapethukaken ing para punggawa ing kamanagkunagaran sadaya. Lajeng kairit malebet ing ngarsanipun kangjeng gusti. Ingkang sampun samapta busana ageng saputra santana sadaya.

Dene jujugipun jolen tuwin barang ing ngempering pandhapi kiwa tengen sasampunipun nyahi tumenggung lajeng andhawahaken patedhan dalem sadaya. Katampen ing kangjeng gusti katingal dahat suka rena. Ing sasampunipun para utusan dalem lajeng kasegah ing bujana. Tumunten bidhal wangsul angunjukaken aturn panuwunipun kangjeng gusti. Kunjuking sangandhaping sampeyan dalem ingkang sinuhun. Menggah rarenggan katingal bilih ingkang kawogan sanget ing limpadipun anampeni timbalan dalem tumrapipun dhateng sadaya lalampahan ingkang anuntuni dhateng indhaking prabawaning ruhuripun karaton dalem.

Panjurung ingkang anyariyosaken agaminipun para titiyang ing pulo bali. Sanget andadosaken panarimahan nrus ing kalbu. Awit badhe pinten-pinten amikantuki tumrap dhateng para remen ngolak alik serat cariyos kina-kina. Punapa dene kangege nimbang-nimbang kaindhananipun pangawruh ingkang linampahan ing jaman mangke. Wiwit saking punika kula kaengetan cariyosipun ing wana krendha wahana bawah mangkunegaran malebet rehipun demang wana reksaka ing gunung duk. Dhistrik bana rata surakarta.

Ing teleng wana krendha wahana. Ingkang kacariyos duk ing jaman kina angkeripun anglangkungi. Ngantos dumugi jaman surakarta wiwit inggih taksih angker sanget. Kapara limrah ing kathah ing wana krendha wahana wahu dados kahyanganipun sang hyang premuni. Inggih hyang bathari durga. Kala ing jaman kina saking angkeripun kawastanan jalma mara jalma mati. Sato mara sato mati. Nanging sapunikanipun sampun dados dhusun ageng. Kantun sakedhik tilas ing teleng punika ingkang kacriyos taksih singit dene kawujudanipun ing teleng wahu kados ing ngandhap punika.

Wiyaripun ing siti treleng kinten-kinten 4. Bahu cengkal pasagi. Ingkang pinggir kilen jejer mangaler wonten wit waringin tiga. Ing tengah dhasaring siti padhas pethak. Ing ngriku wonten banon kapasang kados patrapipun linggan banon. Mawi wonten wujud kados pawon panggenan kajeng cethiking latu. Ing pojok maju sakawan wonten wujud gilig kapetha kados cagak ingkang kaangge sela cemeng. Agengipun sakempol panjang sahasta. Sumelehang ing siti sela gilig wahu mawi kalambaran wujudipun saemper kados lepejing cangkir. Ingkang kangege inggih sela cemeng. Wujuding banon ageng nisthanipun meh kados jobin. Cacahing banon kirang langkung wonten. 4000 iji. Ananging sapunikanipun ingkang nistha linggan wahu. Sampun dipun jugrugi dening pangagenging tanah ngriku. Sareng pandhudhukipun dumugi ngandhap dhungkar-dhungkaring siti katingal pethak amawur. Sawujud kados kapur. Utawi kados awu. Ing sakiwa tengenipun kathah para titiyang ingkang asring manggih jene wujud kados pangangge kina. Sareng kula sumerep patilasan ingkang makaten wahu. Anarethek pitaken kula dhateng ingkang kula kinten sumerep. Ngantos sapriki dereng angsal tedahan ingkang ragi mathem dhateng manah. Namung wonten pitepangan kula ingkang mradikani wardenipun ing krendha wahana. Krendha punika dipun wardeni kurungan utawi wadhah. Wahana punika dipun batang tembung wancahan. Jangkepipun ing tembung linggan. Tuwahana. Mila kacriyos tembung wahana wahu dados dasa nama. Tegesipun kawi satunggal gadhah wredi kalih utawi langkung saking kalih. Dene ingkang sampun kalimrahan tembung wahana punika warnenipun ingkang satunggal. Kawusanan. Kalihipun tunggangan. Namung gandhengipun krendha wahana pambatangipun pitepangan kula wahu kawusanan dados krendha wahana kawardenan kurungan utawi wadhah kawusanan makaten ugi pitepangan kula wahu ngaken pyambak bilih saserapanipun daweg gayuh-gayuh tuna.

Mila ing mangke saking panuwun kula dhateng para sarjana ingkang sampun winilang langkung. Saha ingkang sampun karsa amedharaken ing madyaning pasamuhan bra martani. Mugi aparinga barkah angurutaken cariyos ing patilasan ingkang sampun kula aturaken ing nginggil. Saking wiwit sakawitipun wonten patilasan lanama makaten wahu. Upami wonten ingkang karsa naruweni kados badhe saijab-ijab panuwun kula anrimah.

Titi karang turi kaping. Winayang kali. Astha condrama ongka. Doh angesthi manggala wredi.

Rongga karangrang.

Anuju satunggal wedal kula marengi sanjan dhateng griyanipun pawong mitra kula. Kaleresan kapanggih wonten ing griya. Sarta marengi ngadhep serat-serat koran utawi kabar angumbruk. Rehning anggen kula sanjan wahu pados dhanganing manah utawi boten mangsanipun tiyang anyambut damel. Dados lajeng ginem anut sasukaning manah. Ing ngriku wonten satunggaling serat kabar bra martani isi panjurung ingkang sisilih nama mursid. Tumrap ing bra martani ongka. 31. Bab pitakenipun pangaran-aran kados ing ngandhap punika.

1. trahing kusuma. 2. Rembesing madu. 3. Wijiling maratapa. 4. Tedhake andon awarih. 5. Serat ulem-ulem. 6. midadareni. 7. Arta pahusur. 8. Tuwan. 9. Babah. 10. Ki singkek.

Saknalika sami lenggahan wahu lajeng dipun pradikani dening mitra kula ingkang gadhah griya. Dene anggenipun mardeni makaten.

1. trahing kusuma. Trah wahu tuturunan. Kusuma sesenen kang mawa gonda. Utawi sarining manungsa. Panjang bilih kalajura dhateng lenggahipun ingkang nyamleng. Ing babasan wahu.
2. Rembesing madu tegesipun satriya. Ingkang bapa putra ibu putrisami sari suma rinitis madu.
3. Wijiling maratapa. Ingkang gadhah bebet utawi luluhur nata.

4. Tedhake andana warih. Tedhak wahu turun. Andana. Inggih dana. Warih toy. Nanging maksuding raos sumongga sesebutan punika sadaya tumrap dhateng luhur.

Serat ulem. Punika tembung lebet. Tegesipun ingkang pinarengaken.

Midadareni. Punika sebutan manut mangsanipun pandamel. Samongsa temanten wiwit kapetha-petha lir busananing widadari. Lajeng kanamakaken midadareni. Yen kalenggahna pisan panjang ginemipun ing wiwit patrap makaten wahu.

Arta pahusur. Tembung jawi. Pradikanipun pineksa pasok.

Tuhan tembung jawi. Makna saking tembung arab. Wardenipun bandara kula.

Babah punika tembung jawi. Tegesipun. Kang awit. Bilih ing batawi sanadyan tiyang jawi inggih gadhah sesebutan babah. Pundi ingkang dhapur kajen utawi dados pangagenging sudagar gadhah sesebutan babah. Katelahipun dhateng wedalan tanah jawi kanamakaken babah punika. Namung tembung kalantur lajeng manggen. Panjang selohipun.

Ki singkek. Punika tembung cinablaka. Tegesipun dayoh anyar. Utawi teka anyar. Dene ki punika tembung kalintu kalantur. Kang nyengkiwing singkek wahu kek lajeng dipun maknani basa jawi. Bilih kek punika kakek. Utawi kaki. Mila lajeng gadhah andhap wadya luhur tur sadaya pancen kalintu.

Bilih ingkang andhap nembungaken kiyahi.

Bilih ingkang madya kyahine.

Bilih luhur ki utawi kek. Nanging tiyang sami ngundang makaten wahu kok sumerep yen kek cangkiwingan saking. Singkek ingkang teges. Anyar teka. Boten ki. Kasungguh kaki. Kek kasungguh kakek. Punapa dene kyahi. Bilih karaos saking babonipunlugu sampun. Sampun tan panggilh pinanggih.

Wasana sadaya punika kula nyumanggakaken dhateng mas mursid. Kilap lepat utawi leres ujaripun mitra kula makaten. Dene menggah ing kula pyambak. o sampun boten pisan-pisan utawi gadhah aseserepan ingkang sumanten. Namung nirus-nirus blaka. Mandhak punika ta kathah kang kecer jalaran saking cugluk kula. Inggih ngapunten sampeyan mawon mas kang ageng. Mas binjing malih bilih karsa dedangu kula sagah mitakekaken dhateng mitra kula kang tukang kondha. Nanging yen pandangan sampeyan mitra kula boten serep sampun sampeyan dukani. Gih mas. Sampun ta kula nuwun kantun amaos.

Karang turi kaping. 1 september. Tinengeran. Sirah gajah wolu buntute. Kula pun rongga karangrang.

Panjenenganipun mitra jarumuka. Sampun paring barkah kasebut ing bra martani ongka. 45. Anjarwani bab tembung arjanti sapanunggilanipun ingkang dados kodhenging manah kula. Sakalangkung sanget ing panuwun kula. Ing wasana panjenenganipun mitra jarumuka andangu bab tembung. Tumaris tumrepa. Tumrepi. Tumrepti. Tumarju. Ingkang punika kula boten sumerep ingkang mugi sampun andadosaken sanget rengu ewa ing panggalih.

Kusumaningrum.

// serat atur taklim hamba. Winantu pahargyan sarwi. Pamuji ing karaharjan katur panjenenganeki. Mitra ulun pun mursit kang wigya widagdeng tembung. Wasis ing kasusastran ambek darma sadu budi. Kang satuhu asih welas ing pamitran.// sakalangkung panuwun hamba. Dhateng ing paduka mursit. Dene kesdu paring berkah. Sampun karsa anjarwani. Patanyamba kang dadi. Kodhenge ing manah ulun bab tembung wutuh ayam mongka tondha katresnan sih. Jengandika dhumateng badan kawula.// datan lyan ing pamuhyamba. Mring mitra kang ambek asih. Jinurunganaka sakarsa. Marang hyang kang murbeng dhiri. Ywa kacuwan sakalir. Saniskaraning tumuwuh jinunjunga ing pangkat. Kang nglangkungi ing samangkin. Titi hamba atur tondha jaramaya.//

drenging nala pan yayah sinipi.// atemah kawiyos. Prawitanya nupiksa tulise. Ing pustaka khabar bra martani. Oktober kang saasi. Punika ing tahun.// ngriku wonten panjurung sasiki. Saking mitraning ngong. Kang sisilih siswa kusumane. Sung cangkriman maring mitra mami. Resdhensi samawis. Sinawung ing pocung.// wit samene dereng karsa paring. Pameca dumados. Cumanthaka ulun sung pambadhe. Tar len amung minta apuraning. De sun ngrumiyyini. Nenggih karsanipun.// dwi nguniweh minta apuraning. Siswa mitraning ngong. De ulun mapangrok sung pambadhe. Pan len ingsun kang sineidyeng kapti. Kinen angucupi. Ing cangkrimanipun.// nihanta kang ing pameca mami. Bok bilih cumondhong. Kanang dwi wanda ngarsa tegese. Paksi basudewanda kang wuri. Siki teges weki. Supunika langkung.// gih basusu babarnya puniki. Tar len paminteng ngong. Lamun lingsir den gung aksamane. Titi tondha sang retna wuragil. Apanjurung saking. Resdhensi madiyun.//

ing ngukir sari tanggal ping. 4. Nopember. 1880.

Tamatipun cariyos bab kalakuwanipun tiyang ing pulo bali.

Temenipun ingkang kaping kalih. Manawi nurun rontal serat boten purun sanget angewahi gandhenging sastra miyah tatembungane basa. Saking dening sampaun boten mamang panganggepipun. Dados sawarnining cariyos miyah kawi-kawi. Boten wonten ingkang ewah awit jaman buda dumugi samangke. Sami ajrih ngewahi tatembungan. Amila sawarnining rontal kadosta. Wiwaha. Bratayuda. Tuwin rontal ramiyana sasaminipun saben kitha inggih inggih kathah. Saben dhusun inggih wonten tur inggih sami kemawon sabarang cariyosipun tembung miyah kawi-kawinipun sadaya. Boten sanes serat dhusun ka[] jya nagari. Inggih punika mratandhakaken katemenanipun. Sanes kados bongsa kula tiyang jawi. Bilih nurun serat asring dipun ewahi. Tatembungan miyah gandhenging sastra. Tur kathah ingkang boten leres mila serat jawi ingkang serat jaman samangke kathah ingkang sulaya. Sampun malih ingkang sanes nagari. Tunggil sanagari kemawon kathah ingkang sulaya. Amargi anggenipun nyeret ngaken saged ing kawi-kawi ngaken putus ing tatembungan wekasan awis ingkang kenging dipun pitados. Sareng tiyang bali boten makaten amila sadhengah rontalipun kenging kaandel sanadyan seratipun dora. Inggih dora saking kinakinanipun pisan.

Ing sawarnining dhusun-dhusun tanah bali. Meh waradin wonten rontalipun ingkang nyariyosaken mula bukanipun ingkang akal bakal sarta asalin naminipun dhusun miyah nalar-nalaripun.

Tiyang bali kathah sami saged damel reca-reca. Miyah lunggungan ingkang tumrap wonten sela tuwin kajeng sasaminipun punapa malih kathah tiyang saged damel gambar ringgit.

Tiyang bali yen garap sabin saklangkung sae. Angungkuli saking tiyang jawi. Amargi siti sampaun dados leleran winih saweg dipun sebar. Angentosi sepuhipun winih. Boten kendel-kendel panguletipun leleran tiyang dipun sambut garu. Sami macak mangangge sae. Sarta lembunipun mawi dipun paesi. Sungunipun kablebet sinjang abrit jene warni-warni. Pasanganipun mawi gagar mayang warni-warni. Gulunipun lembu dipun pasangi klonthongan langkung ageng. Watawis sagenthong. Mila samongsa kang mireng suwantenipun pating jrengglung kados lesung tinabuh. Wondening anggenipun pecat ngantos jam. 1. Siang. Yen sampaun dados leleran ingkang tanem tiyang jaler. Manawi mongsa panen.

Angsalipun bawoni tiyang derep. Amung mara tiga. Yen damel griya wadhah pantun saklangkung inggil kedah ingkang ngungkuli griya. Denten griyanipun sami majeng ngaler tuwin ngidul tur sadaya griya alit-alit sabab boten kenging damel griya ageng tuwin inggil ngantos ngungkuli kalyan pura padewan sanadyan dalemipun para raja inggih alit-alit ugi andhap-andhap ananging bilih raja kenging damel griya majeng ngetan miyah kilen tiyang jaler ing dhusun boten kenging ngingah rambut panjang. Kajawi namung para pambekel sapanginggil ingkang kenging. Manawi rajanipun ageng seda. Tiyang-tiyang sami cukur. Yen raja klungkung ingkang seda. Sadaya tiyang tanah bali awit ing jamburana dumugining buleleng sami kurmat cukur. Tiyang alit anakipun jaler. Boten kenging ngrabi anakipun pambekel sapanginggil ananging bilih pambekel sapanginggil kenging mendhet estri tiyang alit. Mengkah sembahipun tiyang bali tanganipun kalih dipun cathokaken manawi kekesahan sanajan celak tebihya boten kantun-kantun bekta kompek ageng. Slepen ing nglebet isi cangklong. Budundan sakaprabotipun isi rontal tuwin kinang. Saben tiyang jaler estri sami doyan nginang. Dalasan lare-lare ingkang dereng pasah ugi sami nginang. Tiyang jaler sami alul beborehan wawedhakan sarta karem cundhuk tuwin sumping sekar ingkang wangi-wangi. Para santananing raja miyah para pambekel ageng alit sami purun nyeret wonten patiken tuwin purun jajan wonten ing wande-wande. Kathah tiyang sami nglampahi tirakat sami cegah sarem cegah sekul tuwin cegah tilem ing jamburana wonten tiyang estri wadat boten purun semah kasebut nami. Sang dewayo. Inggih punika dados padhukunan.

Wondening tiyangipun estri sami bekti-bekti ing laki. Manawi ingkang jaler dhateng saking kekesahan lajeng dipun wisuhi sukunipun tumunten dipun wedhaki tuwin dipun borehi. Malah yen katilar kesahan ingkang estri boten purun nedha-nedha. Sadinten-dinten tansah kabawah prentahipun ingkang jaler. Tiyang estri manawi dipun srengeni ingkang jaler. Boten purun mangsuli sanadyan leres saprakawisipun inggih narimah kemawon sarta manawi kawayuh. 2. Ageng ngantos. 5. Boten purun paben kaliyan marunipun tansah sami rurukunan kados sadherék kemawon ingkang saupami tiyangipun jaler ngajal mongka ingkang estri boten bela obong margi momong anakipun inggih boten purun semah salaminipun gesang. Tiyang estri dipun gantosaken dhateng ingkang jaler kadamel kawon ngabotohan inggih purun kemawon mongka wonten gantosan wahu katrapaken damel kados dening tiyang tutumbasan. Boten kirang-kirang tiyang jamburana tuwin buleleng anggantosaken ingkang estri kadamel kawon ngabotohan.

Tiyang estri awis ingkang purun lampah awon cidreng lulut inggih ugi sabarang tenaganipun sami kenes-kenes ananging boten kenging dipun sembranani tiyang sanes mengkah pagaotanipun tiyang estri meh boten wonten amung satunggal kalih wonten ingkang sami sade grabandan nanging boten saking

griyanipun piyambak manwi tiyang estri bawah karangasem tuwin bangli. Kathah sami tumut ingkang jaler kilak barang sabrang dhateng kitha buleleng kabekta lumebet dhateng nagarinipun.

Nungsu baliwarta

Candhakipun cariyos pethikan saking serat dhalang basa malayu.

// Bab kaping nem sang prabu. Saniskara prakareng prajagung. Aja kanti kukturangan ing pamikir. Marga saliring pikukuh. Wajib tinembang kang alon// krana sabaring kayun. Sung kabegyan ing saindengipun. Sarta witing sekti saka ngati-ati. Balik yen tansah kasusu. Akeh prakara katledhon// mongka reh katelanjur. Dahat morem ken bisa karyengku. Sawenehe gampang mrakara sakawit. Nihan pasal kang kapitu. Sayogya ratu amomot// amumpuni pangawruh. Lan weruh sandining pasang semu. Sarta bijaksana mambudaya ening. Yapwarsa anempuh rипу. Inginte dipun waspaos// angel lawan panuju. Lamun pinethuk ing aprang pupuh. Lan srana reh pasanging ngupaya sandi. Satemah bisa anangguh. Abot repote ing mungsoh// awit nyatane mungguh. Wong bijaksana ana katempuh. Ing cintraka marma kudu mamres budi. Rotaning ambeg adigung. Kalindhih dene pangretos// astha bab kang winuwus. Kita aja kasukan ing rembug. Lamis miwah pangonggronging janmi. Kamanah ira ing dangu. Tahu karantan ing batos// meneka drenganipun. Yun berdhami menek datan tulus. Wit sajroning wardaya tan kaupeksi. Bok manawa tyase ngandhut dur brata neja anglorop// dadi margane iku. Barubahe mosil kang tan arus. Ruwideng tyas kuciwane sanga mulki. Bab nawa ingkang winuwus. Wajibing ratu angerob// ing reh kanang mamayu. Danar dana pradhad marang wadu. Legaweng tyas para marta sih ing dasih. Awit kamulyaning ratu. Amarga saka sakeh wong// niscaya den bisa sung. Pangaksama samantaranipun. Ywan mahraja mlaksana tanwrining gati. Iku siksa tuneng kawruh. Lengeng lawiyaning katong// ywa nurut hawa napsu. Yapwan kitarsanan duk kentokum dipun mawi angger pranataning nagri. Rinaras aja tumpang suh. Wondene yen uwus dados// tibane ingkang kokum. Dipun wigya anindaki tanduk. Teka ana dasih kang anandhang sisip. Samangkana temahipun. Ywan ana kang manrang pakon// magang akarya rusuh. Trekadhang tobat pribadi iku. Wit weruhi egunging murah sang mulki. Wang-wang tumanem silarju. Satata anut sapakon// sarta nilingken wuruk. Saliring nakshekat kang mrih hayu. Kayuwanan ujaring janma berbudi. Wajibing ratu tan mungguh. Angrurusak pangakting wong// kang wus pinangkat luhur. Yen tan ana sasababe iku. Bab sapuluh winahya kang winargati. Raja ywa tansah anyiku. Keng napijer ngolok-olok// lan nihayalenipun. Lawiyaning tumitah kasebut. Sanggyaning kang pakarti walesan ugi. Yogyo winales ing luhung. Ala winales piawon// mongka keh kang kalimput. Kaprayitnan antarane iku. Wus gumantung sawiji-wijining jammi. Kasabab manungsa sinung. Wenang nadukken pangraos// wondene jatinipun. Ing pamilih meksih angel tuhu. Awit sapa ingkang luwih angawruhi. Kalayan sapa kang busuk. Besuk yen tumekeng ngendon// dina wekasanipun. Ing sawene padha jawab wastu. Apa ingkang pinandukaken ing nguni. Tan kena sinamar semu. Becik ala padha ngaton// bab ping sawelasipun. Mahraja ywa duweni pangengkus. Anguworken ing jron prakara liyaning. Awit atasing pangiyuk. Ana kang asring kasliyo// upamane lir manuk. Gagak sedyarsa kinen nusunup. Mimba gemak iya gancanging lumaris. Embok manawa kalimput. Awan kang uwus waspaos//

taksih wonten candhkaipun.

Manungkara.

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

// milane sawulan prapta. Netepi ubayaneki. Ni ingteh sigra wacana. Sawulan kasep nglangkungi. Ngrembag punapa malih. Bebasan pan wus katrucut. Sampig ngusapi waspa. Tumungkul kasmaran kingkin. Nyonyah ingteh dulu sampig kamiwelas// ngambil susuk kondhe sigra. Sinung sampig sarwi angling. Kakang niki cundhuk kula. Kinarya talinign ati. Nadyan dereng pinasthi. Kula dadi jodho reku. Nadyan luptu sapisan. Tembe hamba jilma malih. Datang liya pesthi ing wang jodho nira// kakang dulu cundhuk hamba. Sasab dulu awak mami. Sampig nampani wacana. Ingsun tompta barang naging. Mung iki rambut mami. Ngong pethet sekawan catur. Gawe panjere krama. Nimas pesthi jodho mami. Nyonyah ingteh nampani rambut karuna// sampig pamit nora bisa. Tan mentala kesah tebih. Rama ibu sigra medal. Wecanane arum manis. Dulturmu tunggal ngaji. Wus becik padha katemu. Nini sira mundura. Yen ana tongga ngrasani. Krungu besan dadi ibu ingkang ala// sampig gumeter pamitan. Sukyu ingkang ngantri mijil. Cethi swi angantri sang dyah. Manjing wisma jinem wangi. Kocapa jaka sampig. Mantuk prapta wisma sampun. Dulu pethetan mekar. Kagagas sajroning ati. Rama ibu wus ngaken cethine mapag// ngaturi manjing jro wisma. Jaka sampig brata kingkin. Ulate biru kasmaran. Rama ibune ningali. Gawok sarwa nglings ririh. Putraningsun gandrung-gandrung. Lungane ababerag. Isigit. Nami ingteh ayu endah.

Tan wonten prawan ngungkuli. Kang ibu anahuri. Nyata gendheng putraningsun. Ngaji tanpa gaweya. Nora niteni lelungit. Awor nendra molak-malik pesthi terang.// sampig nahuri wecana. Ingteh luwese nglangkungi. Reka janji lawan kula. Wastra kinarya matesi. Senadyan tunggil guling. Sinten mlangka wastra ki mulih biru putih. Keneng apa ngakuwa yen duwe lara.

Taksih wonten candhakipun.

Citra pandaya.

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Ing sasaged-saged kula badhe angwedharaken rarenggan lampahing pangarakipun panganten kakung. Putra dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan kangjeng pangeran angabehi dhaup angsal putranipun kangjeng gusti pangeran adipati arya mangunagara. Ingkang punika bilih wonten cewedipun mugi wontena ingkang karsa angleresaken badhe anuwuhaken sakalangkung ing panrimah kula.

Wondening kawontenanipun uruting rarenggan kados ing ngandhap punika.

1. ingkang lumampah wonten ing ngajeng piyambak lalngen reyog kathahipun. 40 iji. Utawi kalangenan edan edanan.
2. Para prayantun pilisi nagari utawi dhusun kathahipun. 80. Iji sami amegaraken songsong. Kaurung-urung langsir. 8 iji sami anumpak kapal.
3. Abdi dalem prajurit inpantri. Sami asikep dedamel sanjata. Kathahipun. 200. Iji. Kaurung-urung abdi dalem prayantun rongga utawi demang pamaosan amangangge prajuritan anumpak kapal kathahipun 20 iji.
4. Kalangenan edan-edanan malih kairing ing gongsa cara balen. Lajeng kasambetan abdi dalem panakawan panyutra. Mangangge kados wireng jeplakan rasukan kotang sutra jene mawi angembat-embat jemparing kathahipun. 80 iji. Kaurung-urung ing abdi dalem lurah bekel wiyaga sapanekaripun. 40 iji.
5. Abdi dalem jajar gedhong. 100 iji. Kasambetan abdi dalem jajar kaparak. 100 iji. Lajeng kasambetan malih abdi dalem jajar gandhek 80 iji. Sadaya wahu sami mangangge busana ageng.
6. Abdi dalem prayantun mantri panewu gedhong utawi sanesipun 80 iji. Sami amegaraken songsong. Kasambetan mantri panewu kaparak. 40 iji. Kasambetan malih mantri panewu gandhek 20 iji. Ugi sami mangangge busana ageng saha amegaraken songsong sadaya.
7. Abdi dalem musik kadipaten anom. 20 iji. Kasambetan abdi dalem tumenggung estri lurah utawi bekel emban sapanekaripun 100 iji. Kaurung-urung ing abdi dalem mantri panewu kemasan jajar sapanunggilanipun 60 iji.
8. Putra dalem ingkang pinanganten amangagem sarwa adi. Anitih turongga binusanan sarwa rukmi. Ginarebeg ing abdi ingkang angampil upacara dalem sadaya. Utawi para santana dalem sadaya awarni-warni. Kaamping-ampungan dening abdi dalem priyagung bupati kakalih. Sami amangagem busana ageng. Sami anitih titian kapal ebeg-ebegam.
9. Wondening abdi dalem ingkang lumamapah angurung-urung angapit-apit ing putra dalem ingkang pinanganten wahu warni. 5. Ingkang nglebet piyambak santana dalem prayantun panji. 80 iji. 2 abdi dalem prajurit lebet asikep dedamel sabet 60 iji. 3. Abdi dalem jajar kaparak asikep dedamel waos 60 iji. 4. Abdi dalem ingkang angampil kagungan dalem dilah ting nyempluk mawi landheyen 40 iji. 5. Prikonca ingkang ambekta dilah obor. 60 iji. Tumrap wonten ing jawi piyambak.
- ing pungkuranipun putra dalem ingkang pinanganten kangjeng pangeran arya mataram amangagem busana sarwa adi. Anitih turongga binusanan sarwa rukmi. Kajaran utawi ginarebek sadaya para abdi ingkang angampil upacara. Ing wingkingipun malih kangjeng pangeran kolonel arya purbanagara. Amangagem busana ageng. Anitih turongga ugi binusanan sarwa rukmi. Ginarebeg sadaya para abdi ingkang angampil upacara.

10. Abdi dalem ingkang asikep dedamel waos kathahipun. 50. Iji. Kasambutan ing abdi dalem prayantun mantri panewu awarni-warni. Ingkang mangangge prajuritan anganggar curiga sami anumpak kapal sadaya kathahipun. 50 iji. Tumrap ing pungkasan wingking piyambak.

Wondening bilih katepsir kathahing para abdi dalem dalah kang ningali dawek sapisan punika untabling wadya bala dalem ing kasunanan angebat-ebati. Bilih netepi paribasan kadya samodra bena. Kadya banjiring sunge sewu. Asrining busananing wadya bala dalem kadya kulandara agni. Bramarkata kang gumebyar kang kumilat kadya andaruliweran dumunung ing puspa sataman kang lagya mekar pinuju tranging jawah kapuwanan.

Sareng lampahipun sang winiwa arawuh ing kamangkunagaran lajeng kapethukaken para punggawa tuwin putra santana. Saha kaurmatan ing pradongga gongsa kang mawantu-wantu. Tuwin mosikan satedhakipun sangking wahana lajeng kakanthi tuwan asisten residhen mawi kapethukaken dening kangjeng gusti pangeran adipati ary mangkunagara. Ginarebeg ing para kangjeng pangeran sadaya. Laju kabekta minggah ing paringgitan sareng dumugi ing korining dalem lajeng kapethukaken ing sang pinangantyan putri. Ingkang anganthi para kangjeng ratu. Laju kapanggihaken cara pangaten saben sasampunipun kalenggahaken sangarsaning krobongan. Lajeng kaurmatan ungelung sanjata dril saha kasahuran ungaling mariyem ingkang mawantu-wantu. Boten antawis dangu para priyagung ingkang sami rawuh lajeng sami atata lenggah. Manggen wonten ing sapangkat-pangkating palenggahanipun pyambak-pyambak. ing wasana sadaya sami katingal suka pirena.

Wondening ing saderengipun rawuh ingkang pinangantyan ing wanci pukul satengah gangsal kangjeng raden adipati sasra nagara rawuh. Anith kareta pameran rakitan sakawan kadherekaken ing para priyagung bupati jawi lebet sadaya wahu sami amangagem busana ageng. Ugi sami anith kareta.

Tumunten katungka rawuhipun ing kangjeng tuwan residhen kadherekaken ing para tuwan-tuwan militer. Tuwin para tuwan-tuwan mardika. Sadaya wahu sami amangagem busana ageng. Dene ingkang katitiyan ing kangjeng tuwan residhen kareta pameran pethukan sangking ing kamangkunagaran ing sarawuhipun ing kamangkunagaran kaurmatan ungaling gongsa mogang saha mariyem ingkang mawantu wantu.

Boten antawis dangu lajeng katungka malih rawuhipun panjenengan dalem kangjeng gusti pangeran adipati anom amangagem busana adi. Anith titian dalem kareta pameran kajajaran dening abdi dalem prajurit lebet ngajeng wingking sami anumpak kapal saha ginarebeg ing abdi dalem sadaya ingkang angampil upacara dalem ing wingking dalem para kangjeng pangeran ingkang sami andherekaken tedhak dalem wahu. Ugi sami anith titian kareta pameran. Ing sarawuh dalem ing kamangkunagaran kaurmatan ungaling gongsa monggang binarung ungaling musik ingkang mawantu-wantu.

Wondening rarengganing jawi inglang urut sakiwa tengening radinan awit palengkung ing kampung kaprabon dumugi ing dalem kamangkunagaran abdi dalem prajurit ing kamangkunagaran ingkang angampil bandera lelayu utawi gongsa cara balen kodhok ngorek. Wondening rarenggan sanesipun boten kula cariyosaken bok bilih kekathahen manawi kacariyosna sadaya.

S. D. K.

Kalebet cariyos elok

Griyanipun tyang cina anama suwi kampung ing lebak ngongkang radinan ageng dhateng pasanggrahan dalem ing langen arja. Sampun kawan likur dinten punika griyanipun cina wahu saben jam nem soneten dumugi jam wolu. Dipun karutug balang boten kantenan sangkanipun awarni wedhi. Sanadyan pinuju jawah deres pun wedhi garing kemawon. Angsal nem belas dinten balangipun santun warni lungka terkadhang watu. Pecahan gendheng utawi tugelan banon magel ingkang dados pangungunipun ingkang gadhah griya punapa dene tyang ingkang sami aningali griya wahu rapet sangakanipun ingkang kerep saking ngusuk terkadhang saking moloning griya. Tyang sepuh rare ingkang sami ningali uyel-uyelan saking kathahipun teka boten katiban dhawah selaning rare ingkang sami ningali. Lo makaten punika punapa mengkah ingkang anebihaken ujar gugon tuhon manawi boten nyipati piyambak tamtu mahiben. Naming kabar punika salugu.

Panjurung.

Gugon tuhon

Ing dhusun gumulan dhistrik kitha bayalali. Punika ingkang sampun kalimrah salaminipun sadaya tataneman ingkang tumuwuh ing salebeting dhusun wahu kadosta deling. Alang-alang. Kakajengan sasaminipun boten kenging kaangge dhumateng sanesing dhusun saking pawartosipun sadhengah ingkang angangge dandosan deling kajeng sasaminipun wahu tamtu lajeng anemahi kasangsaran tuwin kabesmen saweneh ing tiyang sampun saged amratelakaken tandhanipun griya. Gudhang. Ingkang pirantosipun katutan deling alang-alang kajeng saking dhusun gumulan wahu amasthi lajeng kabesmen.

Saweneh ing tiyang ingkang sampun sumerep gancaripun amratelakaken purwanipun ing dhusun gumulan wahu saderengipun dados dhusun kuburan ageng. Anggrahita bilih sadaya tataneman wahu tumuwuhipun saking kuburan.

Mila para tiyang salebetung dhusun gumulan saben sumedya kesah saking dhusunipun bilih bale griyanipun kasade saupami boten saged pajeng katumbas ing tiyang kang atunggil dhusun wahu amasti lajeng katilar kemawon jalaran bilih kasade dhumateng sanesing dhusun tatmu boten wonten ingkang purun tumbas.

Para tiyang ingkang agagagriya ing dhusun sakiwa tengening kitha. Pangupa jiwanipun ingkang masthi sami sasadayan deling alang-alang kajeng sasaminipun tanemanipun piyambak kabekta dhateng salebetung kitha. Bilih tiyang ing dhusun gumulan boten saged sasadayan sabarang kasebut nginggil wahu. Amargi sadaya ingkang sumerep bilih deling sasaminipun wahu saking dhusun gumulan sampun malih ingkang kapuruh numbas sanadyan kasukakaken kemawon amasti boten ajeng. Mila anjali sungkawanipun para tiyang alit ing dhusun wahu. Amargi sirna ing pangupa jiwanipun mongka ing dhusun gumulan saking kitha amung watawis sapal tebihipun.

Ing samangke para tiyang alit ing dhusun gumulan sampun ambudi awit saking adrenging kasusahanipun kapeksa saking kabujung ing pangupajiwa. Kathah para tiyang ingkang ambalilu sasadayan deling. Alang-alang kajeng sasaminipun dhateng salebetung kitha. Ananging kaaken-aken sanes tumuhan saking dhusun gumulan sarta boten ngaken bilih ingkang sade tiyang dhusun ngriku. Sanadyan para tiyang ingkang saben-saben tumbas mawi analiti pinangkanipun ananging bilih sampun kapratelakaken boten saking dhusun wahu amasti katumbas wasana pundi ingkang tumbas ananging boten mahasumerep saking dhusun gumulan inggih lastantun pundi ingkang sumerep mongka maha katumbas punika amasti lajeng manggih kasangsaran.

Mila pawartos punika kula gelaraken ing serat kabar. Amargi supados wonten barkahipun para sarjana. Kados pundi nalaripun kaotipun para tiyang ingkang maha kalayan ingkang boten maha. Amargi sampun kathah tandhanipun tiyang ingkang maha tumbas sabarang kasebut nginggil saking dhusun gumulan wahu amasti lajeng anemahi sangsara. Ingkang tumbas ananging boten sumerep bilih saking dhusun gumulan lulus wijeng kalis ing babaya.

Panjurung.

Saking pamanggih kula. Tiyang ingkang sumerep mongkaha maha tumbas deling sapanunggilanipun tumuwuhan saking dhusun gumulan punika ing kawekasanipun manahipun lajeng was makaten wahu ing saestonipun angsring-angsringsing anuntuni dhateng anemahi raosing paribasan sing sapa uwas iya bakal tiwas.

Juru ngarang

Pakaryan gupremen

Salugunipun ing ngatasing pakaryan nagari. Tumraping sadhengah tiyang ingkang winastan karuhuran kamulyan kanugrahan punika ing tanah jawi inggih punika prayantun.

Pramila sadaya para asli ageng sarta tedhaking kusuma tansah ambudi pangkat karuhuran tuwin palenggahan malah samangke para asli alit ugi kathah sami kapencut ambudi pangkat palenggahan ing sapangkatipun.

Pamanggih kula anyondhongi sanget dhumateng para ingkang sami adreng ambudi pangkat palenggahan tuwin kaluhuran sarta badhe boten anguciwani pambudining lampah janglaraning pangkat kadosta magang suwita sasaminipun ananging ingkang seca tuhu eklasing manahipun saha sampun tatela sadaya tiyang ingkang sampun angsal pangkat palenggahan wahu inggih punika ingkang sampun tampi kanugrahan amargi pantes pinundhi ing pangabekti sapangkatipun.

Ananging sareng kula aniteni sawenehing para ingkang adreng ambudi pangkat kapencut dados abdinipun kangjeng gupremen lajeng magang ing kantor sasaminipun pinten-pinten tahun dereng angsal pangkat mongka sok tiyanga punika saya lami tambah umuripun. Sarta tambah rarengganipun. Awaweka sasaminipun salebetipun magang ngantos tahunan boten angsal tedha sarta pangupa jiwa. Saestu amung dados dameling sadherek tuwin tiyang sepuhipun mongka anggenipun gayuh pangkat lalenggahan taksih tangeh angsalipun punika saklangkung amelas arsa. O. kula ngantos anglahiraken ingkang mangkaten wahu embok inggih angupados pangupa jiwa sanesipun rumiyin ingkang saged anulak kasangsaraning angganipun inggih sinten tiyanga ingkang taksih seneng angrenggani langening donya boten ambudi pangkat karuhuran wahu. Ananging mugi anitenana janglaraning kanugrahan punika saking tentreming manah. Lahiripun supados boten kuciwa anggenipun angladosi gusti ingkang wajib aparing sih. Jalaraning kaluhuran. Bilih tiyang ingkang tansah kasangsaran saha kagidhuh ing manah siang ratri ingkang kagubet punika saestu manah boten saged tentrem awit saking kawanteraning riribet saben-saben wonten lowongan lajeng adarbe atur panyuwun supados awakipun kadadosaken tur masthi dereng pinareng takdir ugi boten saged kalampahan kathah ingkang ngantos kalajeng anglalu.

Wonten sawenehipun para ingkang ambudi pangkat kaluhuran wahu magang ing kantor pandamelan gupremen ngantos pinten-pinten tahun boten angsal pangkat lajeng nglalu tuwu manahipun kang murka akumpul pakretining para durbrata ingkang gampil jalaraning pangupa jiwa. Ngantos anemahi kasangsaran kalingseman sesinuning pangadilan.

Kangjeg gupremen sampaun katingalamarengaken panggalihipun aniteni para ingkang asli ageng asilih kinawula wisudha dados abdinipun kangjeng gupremen

Ing samangke para anakipun asli alit sami kalebetaken ing griya pamulangan ingkang nembe kagelaraken dening kangjeng gupremen. Mongka rare ing pamulangan wahu tamtu lajeng mangretos ing pakaryan gupremen supados bilih seca tuhu ekas ing manahipun gampil pangupadosipun pandamelan gupremen sapangkatipun.

Kautamen malih sapunika kangjeng gupremen akarsa gelaraken pinten-pinten pamulangan jawi supados sampaun ngantos para anaking prayantun boten kadunungan kawigyan kalantipan ananging ugi dereng kenging katamtokaken bilih masthi angsalipun pangkat kalenggahan amargi sampaun tatela bilih tanpa watesan wawilangan pipilhanipun.

S. M.

Pawartos ingkang gumelar ing nginggil punika. Tumrapipun ing ngrika-ngrika sami kemawon amargi kula sampaun kulina sadaya lalampahan mangkaten wahu. Sarta kula kaengetan kala rumiyin kula darbe mimitran anama prawira suwonda. Saking kapencutipun pangakt kalenggahan memepeng pambudinipun ngantos kalampahan magang ing kadhistrikan saha kabupaten dhusun pinten-pinten tahun dereng angsal pangkat ingkang masthi. Tur punika saking pamanah kula kawigyanipun sawatawis anyekapi. Kadosta anggambar tiyang saking tangan anurun gambar tiyang saking tangan anurun gambar sorot saha anggambar wayang. Kewan sasaminipun sawatawis saged ceples kalayan lugunipun. Tuwin tumraping lukitaning sastra ugi sawatawis anyekapi. Dados sadaya kawigyanipun wahu kaangge ngupados pangupa jiwa kados sampaun cekap katedha sadintenipun ewadene dumugi sapunika taksih ambegegeg dereng angsal pangkat palenggahan punika rak sakalangkung andadosaken kawlas arsa saupami narimaha kemawon lajeng ngupados pangupajawa sanesipun rumiyin ingkang mijil saking kawegiganipun embok manawi sampaun anyekapi kaangge angingoni yayah renanipun kalayan masthi.

Dados sampaun tatela titiking jalaraning pangkat wahu kathah wawilanganipun boten kenging bilih amung angungasaken kawigyanipun malah pawartosipun prawira suwonda wahu taksih adreng kapencutipun sapunika dados kawula dalem encik-encikan ing langen arja.

S. P.

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

// ngaturi manjing jro wisma. Jaka sampig brata kingkin ulate biru kasmaran. Rama ibune ningali. Gawok sarwi nging riris. Putraningsun gandrung-gandrung. Lungane abang berak iki mulih biru putih. Keneng ngapa ngakuwa yen duwe lara// jika sampig matur nembah. Ature sarwi wor tangis. Mugi katur ibu rama. Leres ibu nginten sakit natkala kesah ngaji. Badhe meguru mring angewu. Margi kula kepagajaka baguse nglangkungi. Tunggil guru tunggil ngaji tunggil nendra// tan pirsa niku wanudya. Mendha-mendha kakung sitig nami ingteh ayu endah. Tan wonten prawan ngungkuli. Kang ibu anahuri. Nyata gendheng putraningsun ngaji tanpa gaweya. Nora niteni lelungit awor nendra molak malik pesthi terang// sampig nahuri wevana. Ingteh luwese nglangkungi. Reka janji lawan kula. Wastra kinarya matesi. Senadyan tunggil guling. Sinten mlangkah wastra niku. Kadhindha mangsi dluwang. Dados kula ngati-ati. Mirma kula tumbas mangsi dluwang larang// ibu gumuyu wevana. Nyata gendheng putra mami. Kahiinan dadi wong lanang. Yen pinter malah ngapus. Sampig sareng miyarsi. Gegetun lungguh tumungkul. Ingkang ibu ngandika. Aja sedhih putra mami. Ingteh prawan ibu nglamar ewuh apa// ibu krasa wonga tuwa. Nglamar asung panjer mesthi. Dhasar sembada lan sira. Aja sedhih putra mami. Sampig sigra nahuri. Nuwun ibu kula matur. Keduwung kasep kula. Yayi ingteh dhingin meling. Ngaken kula mring wismane macwu nglamar// semayan dintene cidra. Kirang cetha ujar neki. Wolu kalih pitu tiga. Miwah papat nenem mesthi. Kula sengguh sesasi. Tan nyana kula kelintu. Yayi ingteh wevana. Mung sedasa dinten nenggih. Dadosipun ing mangke pinacang liya// wus kasep cidra ubaya. Ibu sagah kadi pundi. Ibu rama amiyarsa. Ngesah ngandikane ririh. Menega putra mami. Tan kirang ing rat wong ayu. Tamanan akeh sekar. Dadk amung kembang mlathi. Nora kurang gambir menur sumarsana// jika sampig matur sigra. Jodho liya datan napti. Amung ingteh ayu endah. Kula lumuh rabi malih. Yen liya ingteh iki. Nadyan wadat inggih sampaun. Ibu nahuri mojar. Nyata gendheng putra mami. Sira ngaji nora mundhak nameng sastra// mundhak gendheng kaya bocah. Wong wadon tindake lirih. Wong lanang tindake kasar. Sira tan nora niteni. Senadyan munamuni. Iya weruh estri kakung. Kumpulamu sakwarsa. Gendhengmu nora niteni. Jongos sukyu miyarsa gumuyu mojar// arsa niteni wanita. Mireng yen nguyuh wus ngerti. Wong priyayen nguyuh bancar.

Manthur-manthur kapiyarsi. Yen wanita sementhir. Wewes mawes lamun mantun. Jaka sampig miyarsa. Bramantya asru nudingi. Nyata edan sukyu sira murang tata.// tebahana pangkeng ing wang. Ingsun arsa mapan guling. Wus dalu masang dadamar. Aja criwis aneng ngriki. Sukyu sandika gipih. Tebah-tebah jinem arum. Sampig lumebu tilam. Ambruk anungkemi guling. Kang kacipta ni ingteh katon gumawang.// kasmaran poyang-payangan. Nendra tansah molak-malik. Wantune jaka diwasa. Wonten kang pinujweng galih. Amung sang dyah kaegsi. Supe dhahar lawan nginum. Sedalu datan nendra. Awit sanget brongta kingkin. Datang mijil ing ngelut sakit kandremen.// sampig datan arsa dhahar. Ibu rama aprihatin. Tan nyana sanget roganya. Manggil dhukun mrih jampeni. Sawab sakite kingkin. Sakeh jampi datan ampuh. Yen dulu genya ngomyang. Kabeuh padha duwe rabi. Ingsun dhewe lola tan darbe sisikan.// datan mijil saking tilam. Waspa tansah adres mijil. Katon teles bantal ira. Kaningaya nimas gusti. Ngapiraniha mami. Semayan dina sepuluh. Ingsun sengguh sawulan. Sumaya nora dumeling. Bisa temen wong ayu amegat trisna.// apa wus karsaning sukma. Ingteh dudu jodho mami. Kaningaya nimas mirah. Bisa gawe bingung mami. Sinalimur ngranuhi. Sun lali-laliya emut. Manise lamus ngucap. Wus sun slamur maksa eling. Jaka sampig sansaya sanget roganya.// sanak kadang samya prapta. Duweni sakitnya sampig. Cahyanya pindha kunarpa. Kagyat kang sami ningali. Tan wonten batang urip. Guwayane pan wus mingkup. Ibu mring tilam. Sampig meteg tanpa angling. Ingkang ibu ngandika awor karuna.// adhuh engger putraning wang. Emanen awakmu kaki. aywa mikir mring panggodha. Datang kurang estri luwih. Ngungkuli widadari. Sun ngupaya pasthi antuk. Sampig sareng miyarsa. Pungun-pungun saged tangi. Nyepeng kalam jika sampig lajeng nyerat.// badhe kintun marang sang dyah. Sinerat raosing galih. Amrih lejar genya brongta. Dipun waca bola-bali. Nulya dipun ulesi. Sampig gadhah nori cumbu. Ing ngawe datan mara. Paksi saged tata jalmi. Sampig angling arum mijiling wacana.// heh nori sira sun duta. Menyanga watcu nagari. Gawanen nuwalaning wang. Wehna nyonyah ingteh aglis. dene wismanireki. Ana wite gamkri kayu. Ngarepnya kadungan. Reca singa barong nenggih. Iya iku prenah wismane sang retna.

Taksih wonten candhakipun.

Citra pandaya.

Ongka kaping: 49

Kemis kaping. 2 Desember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Sampeyan dalem ingkang sinuhun kangjeng raja. Sampun amarengaken bilih kangjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral fan lan sebergen aseleh anggening angasta pusara tahta latah ing indhiya nederlan sadaya. Mengkah ingkang kapatah angemban timbalan dalem anggentosi kangjeng tuwan ef swakop ing mangke amandhegani pangrehing lampahipun kareta api. Ing tanah nederlan iyasanipun nagari. Kangjeng tuwan swakob sampun nate wonten ing tanah jawi. Saha kacriyos bilih sanget dipun celaki ing bondha. Wah panggalihipun ajeg saha jujur.

Sampun tetela manungswa punika wenang molah kridhaning yu bagya. Sanadyan ancasing pyuh pralaya ugi wonten ingkang malimpingi. Srana selaganipun salebetung mangrengga lawening donya. Punika winawangun-wangun amamadhem untaping kahardan mila yekti sanget kanugrahaning manungswa ngatos kinging kaupamekaken busana. Awit busana wahu warni-warni wonten kang sae sedheng tuwin langkung sae. Tumrapipun manungswa kanugrahan wahu kados dene wenang milih cundhukipun ing masa kala anggenipun mangrasuk kawahananipun kala gusti kula sampeyan dalem ingkang sinuhun amikramakaken putra dalem pambajeng. Ing wulan besar wahu punika. Kula saged nyipati piyambak untapipun wadya bala dalem ingkang sami sumewa makajengan wonten satepining ngalun-alun. Enget-engetan kados 18. Gelengan cacah ing pasowanen. Punika satunggal tunggaling pasowanen sami bojana mangun suka wirya. Sareng anggen kula ningali dumugi tembing kilen sumerep pasowanen ing karta nagaran sakancanipun abdi dalem wadana polisi ing kitha-kitha sajawining nagari. Kula wawas dangu-dangu teka katon sumyah pamuluning renga. Langkung malih manawi para wadana pepak sami sumewa. Punika lajeng kula gagas kados. Para narendra wadyanipun prabu sasra buja punika boten langkung sangking punika. Awit manawi kapirit wibawa wirya mwang cahyanipun abdi dalem wahu teka sampun linangkung langkung. Wah saben sowan mawi ginarbeging abdi dalem para lungiding pradata miwah para garap ngatos kadya panjrahing pus�ita winangun pasang tandukipun kang sepuh ing wanci. Sami prasaja tangguh ing wiweka. Putus ing pasang cipta. Dene kang taksih nem-enem ulatanipun sami srigag-srigag tur mawi besus pasemonipun sami bingah katempuhna ing parang baya. Saben pepaking pakempalan prambeg utama wahu ngatos anumusoi kumaluwung. Mawang kawa angkaraak nika soroting budi tama.

Tumunten kula mangetan lajeng nyumerepi pasowanenipun nayaka dalem wadana bumi. Kapinujon dawek wirongan ingkang nelasaken pangrekaning budi punika dene kang beksa besus tur parigel wah pradanganipun mangungkung lumrang ing tawang. Saben gongsa wahu mungal egong kaliyan kempulipun angengbegi saalun-alun serenging gongsa kadya anganyut-anyut anggadhaih raos yen kawujuda swaraning pradongga wahu. Sahengga kenya angawe-awe. Mila umbak pra manonton kadya ladhu linarug.

Sareng laju mangetan kula sumerep ekrun pulas birunem sinukarta ing pandam ingkang ngrawit garapanipun miwah bandera mawa tugul tinatu renga. Sareng kula ningali lebetanipun sadaya kang katingalan wahu praos kula kados mawa cahya. Satengahing pasowanen mawi langse ugi sutra biru mawi binara -bara. Kanan kerining malige wahu mawi bangsal kang wetan sana pradongga. Kang kilen pisowanipun para kondhanging pradata. Umuming ngakathah punika pasowanen ing kapatiyan dene kalangenanipun wirengan busananing wireng wahu kacriyos tanpa tandhing. Awit saking semu sarawungipun reka mangkaten gandheng kalayan rekaning wujud ing sisihipun anggen kula ningali ing ngriku ngantos aras-arasen kesah saking genging pangungan pijer anggagas-gagas panggupitanipun wawarnening malige wahu. Teka entar temen kawegiganipun dangu-dangu kapanggih telenging panggas.

E. dados punika emperipun pasanggrahaning prabu sasra buja. Ingkang kinubeng pasanggrahaning para wadya bala. E. sampunta. Nyamp leng sanget.

Wasana ambangsuli panyorah kula bab kanugrahan mila kula cariyosaken nugraha wahu wenang manut masa kala pangrasukipun awit untaping wadya bala dalem wahu sadaya teka sami kimawon wirya sugrengipun mongka manawi pinuju boten makajengan teka kathah kang geseh-geseh ngatasing amengku wirya.

Cinitra laksitaning condra tirta kapyarsa. Besar wawu. Wadana ruhur manggala ning nata.

Buja kirana.

Ing nalika dinten senen wanci pukul tiga siang tanggal kaping. 29. Nopember tahun punika. Salebetipun nagari kataman ing maruta ageng langkung anggirisi. Mangkatena dhatenging maruta akanthi jawah deres sarta angirit ungel gelap ingkang mawantu-wantu.

Ing sakilenipun kadhaton kemawon saserep kula piyambak sanesipun pakampungan sakiwa tengening margi ageng ingkang anjog dhateng ing gemblegan kathah pakitren tuwin kelapa. Deling ingkang rebah kataman ing maruta. Pakampungan kratonan sakilen margi ageng griyanipun panji P. K. wonten witipun kelapa ingkanmg rebah satunggal uwit pancenipun rebahing klapa wahu leres dhawah ing griya. Anaming boten saestu angrebahi griya. Sabab katangkis ing jamban pasiraman ingkang mawi kalabur ing banon. Dados rahayu boten wonten ingkang kasangsara. Amung jamban punika ingkang saestu remuk sasisih. Anaming boten dados punapa.

Dene sawetan margi ageng. Wonten griya ingkang karebahani wit kelapa. Kalih pemahas. Punika andadosaken kasangsaranipun ingkang gadhah griya ingkang satunggal kadhwahan leres wuwunging griya. Griyanipun ajur. Tiyangipun ingkang jaler kasrempet ngantos kalenger. Ingkang estri lunajeng anunjang-nunjang ngantos babak banyu. Anaming sedaya rahayu boten dhateng ing ajal.

Dene satunggalipun inggih mangkaten ugi. Griyanipun karebahani wit kelapa ngantos remuk. Tiyangipun inggih kasangsara. Anaming boten patosa sanget lajeng waluya. Pancenipun wit kelapa ingkang dhoyong punika bilih celak kalayan griya boten prayogi sabab ing mongsa rendheng siti teles empuk pakitren gampil rungkatipun bilih wonten angin ageng.

Dene pinggir margi wit waru ingkang ngrempayak godhongipun ugi kathah ingkang sol. Tuwin panging wit asem ingkang boten katutuh ugi sempal nguwtosi.

Panjurung

Barang buda.

Sampun dangu pulisi kabudidayan tampir dhistrik tumang bayalali. Amiyarsa pawartos wonten saweneh ing bekel dhusun bawahipun amanggih barang warni supe kandelan timang mas cacah 40 iji. Arta slaka. 40 iji. Kapendhet ing tegil sacelaking dhusun ananging sampun rambah-rambah babekeling dhusun bawahipun sadaya wahu kaudi kados kang kasebut pawartos wahu amempeng pamukiripun boten wonten ingkang rumaos angaken manggih barang. Mila anjalari tuwuh ing samar manahipun sang pulisi embok manawi barang kadurjanan saksana lajeng amatah mitadosi pun juru serat anama arja karyana. Akanthi kajineman kakalih. Angudi katrangan kados pawartos ingkang kasebut ing nginggil arja karyana lajeng lumampah malebet ing dhusun-dhusun bawahipun ingkang angemperi lalampahanipun ananging meksa pepet sareng tanggal kaping. 16. Wulan nopember punika darbe panggrahita dhumateng saweneh ing bekel bawahipun anama kreta wijaya ing dhusun jombong. Katitik saking lalageyanipun sanadyan nalika kadangu kreta wijaya mempeng pamukiripun ananging sareng kagledhah salebeting wismanipun kapanggih awarni barang. 2 iji warni supe mas wangun buda. 1 timang mas. 2. Timang slaka. 1 kandelan mas. Ing ngriku kreta wijaya lajeng katingal kucem. Sarira lesu marlupa babalung lir den lolosi anyipta bilih nandhang ksisipan ingkang ginantungan paukuman. Pitadosing pulisi lajeng wawarah dhateng kreta wijaya mangkaten. Lah kreta wijaya. Saempune katemu barang niki ontен ing warimatandika. Yen adate wong bodho kang empun lumrah sarehning ing ngarep dika empun kenceng mukir sanadyan niki barang katemu ontен sajroning omah tur akeh kang nyumurupi. Layake dika uga bakal mukir. Awit adate wong bodho empun lumrah duwe pikir mengkoten niku. Padhane wong kangadol utawa simpen apyun peteng ampu malih mung katemu ontен sajronijng omah. Wong kacekele apyun wahu keweh-keweh ontен sajroning mondholan iket terkadhang ontен sajroning koloran kathok malah terkadhang dimut gih mukir. Sing akeh banjur dakwa marang kang gledhah. Tur boten bakal anulak gantunganing paukuman yen wong kang mangreti boten sabarang kang empun rumasa luput kudu katelakake salugune. Awit ing ngatasing pangadilaniku luwih wicaksana banget tur manawa dika kaprasajakake layake dereng karuhan dadine. Kapripun sakniki atur dika prakara barang niki. Kreta wijaya cumeplong manahipun sarwi matur makaten.

O inggih sewu lepat kula nyuwun pangapunten rehning kula tiyang blilet langkung panuwun kula ngendika sampeyan sadaya wahu. Temenipun inggih kula kang manggih barang sapriki laminipun sampun. 6 wulan dipun wadhahi ngenceh kapendhem ing perang jurang ingkang sampun dados grojogan toy. Dene wujuding barang sadaya wangun buda. Ugi wonten saweneh ing barang ingkang mawi seratan buda. Mila kula boten lajeng lapur ing parentah amargi kula kinten donya karun criyosipun tiyang sepuh sepuh bilih manggih donya karun wahu. Boten kenging kacariyosaken sinten-sinten wasana sadaya wahu kula anyumanggakaken dene nalika kula kadangu rambah-rambah mukir jalaran kula ajrih.

Sanalika kreta wijaya dalah barangipun wahu kaladosaken ing dhistik kalajengaken lumados ing kabupaten. Kilap badhe kadadosanipun.

Sarehning sawarninipun pawartos kedah sumebar ing ngrika-ngriki.mila mugi sampun dados esaking panggalihipun mitra kula ingkang kaageyan amanjurung wartos kawrat ing bra martani ongka 47 bab lampahipun sasrahan dalem dhumateng mangku nagaran kala kaping. 14 besar punika. Kula leresaken malih kados ing ngandhap punika. Margi panjurung sampeyan wonten ingkang nyimpang saking lugunipun.

Pangkat. 1. Mahesa. 2. Iji katuntun ing siwul 12. Iji kairing abdi dalem panewu mantri kalang sagolongan utawi cacah 20 iji.

2. abdi dalem musikan kadipaten anom.
3. jajaran abdi dalem panewu mantri kabayan nagari cacah. 30. Iji jejer anggangsal iji.
4. abdi dalem prayagung bupati estri sapanekaripun kajajaran dening abdi dalem jajar tukang kuluk kebut payung agung cempurit sarta kajaran tukang peres. 12. Sisih.
5. abdi dalem panewu mantri 40 iji jejer anggangsal dados 8 sap.
6. Sawung wiring kuning. 2 iji jejer kaemban dening abdi dalem demang ing kalitan 2 kaapit-apit abdi dalem panewu mantri galadhog dhusun. 6.
7. Babon angrem. 2. Iji kawadhahan sosog kadamel saking panjalin ingkang kabuntel wastra dadu seling jene. Kaampil dening abdi dalem jajar pasanggrahan ing tegal gonda. Kaapit abdi dalem panewu kabayan. 6.
8. Jolen isi dandang kaapit panewu mantri ngajeng. 6.
9. " " pangaron tembagi " " 6.
10. " " jun tembagi " " 6.
11. " " kenceng " " 6.
12. " " lele ingkang kawadhahan ing kendhil tembagi mawi toy. Kaapit ing abdi dalem juru pambelahan juru mudhi juru silem. 6.
13. " " mori pamesing kaapit abdi dalem panewu mantri pamajegan ing klathen. 6.
14. Jolen isi lurik warni-warni. Kaapit abdi dalem juragan darat teluk jagal. 6.
15. " " lurik ciyut warni-warni. Kaapit abdi dalem limalasan.6.
16. " " anggi-anggi. Kaapit panewu mantri pamajegan sela. 6.
17. " " kluwak kemiri kaapit abdi dalem tukang kuluk lurah tukang semprit.6.
18. " " bumbu. Kaapit abdi dalem panewu mantri pamajegan ing sela. 6.
19. " " kacang kedhele. Kaapit abdi dalem panewu mantri nglawiyan ngimagiri.6.
20. " " empon-empon kaapit ing abdi dalem panewu mantri tuwa buru palawija kidang. 6.
21. " " wos kaapit rongga demang ing krapyak (pngrembe). 6.
22. " " cikal kaapit abdi dalem kebon dharat langen arja.6.
23. " " cikal " " " "
24. " " lombok wonten pot ingkang sedheng kathah uwohipun.
25. " " " " "
26. " " terong " " "
27. " " " " sami kaapit ing abdi dalem rongga demang pangrembe. Ngenem satunggiling jolen.
28. " " munthu enthong kaapit abdi dalem panewu mantri undhagi sarta pangukir.6.
29. " " iyan ilir " " ".6.
30. " " kajeng walikukun
31. " " " sami kaapit abdi dalem gowong nawa wreksa.6.
32. " " banyak kaapit abdi dalem panewu mantri pamaosan ing klathen bayalali.6.
33. " " klapa janjangan
34. jolen isi klapa janjangan sami kaapit abdi dalem rongga demang bogong sami ngenem iji.

35. Rosan 2. Rembat mawi kabuntel ing sinjang sutra jene kaapit abdi dalem pamaosan ing gagantan ngandong sarta ing bayalali sami ngenem.
36. Pradongga cara banglen.
37. Abdi dalem musikan prajurit sapirantosipun sagolongan.
38. Urung-urunging abdi dalem prayagung bupati ingkang andherekaken sasrahan.
39. Abdi dalem prayagung bupati kalang. Ingkang kapatah amandhegani lampah. Dala prayagung bupati pamaosan ing klathen ing bayalali. Ing gagantan ngandong. Sakarerehanipun kaliwon ingkang sami kapatah tumut andherekaken sasrahan wahu.
40. Abdi dalem prayagung kaliwon ngajeng. Galadhad sarta kaliwon bogong jejer aniga.

Kajawi pangkat-pangkat kasebut ing nginggil wonten malih wewahanipun saking parenging karsa dalem ingkang malangkah saking pranatan inggih punika. Abdi dalem badhut. 2. Sami mangangge topeng. Sarta mahenda dalah abdi dalem cebonglan. 2. Sami katumrapaken ing pangkat ongka. 2. Sangajenging musikan. Sadaya wahu mawi kaurung-urung ing lelayu kasentanan sarta abdi dalem.

Menggah sadhatenging mangkunagaran salajengipun katampen ing kangjeng gusti pangeran adipati arya mangkunagara. Sasampuning satata lenggah. Sarta sasampunipun kasugata ngunjuk inuman rambah sapiyan lajeng sami wangsl asaos unjukan ing saparlungipun.

Wondene pakurmatan sarta rerenggan punapa dene rame sarta kathah ing tiyang ningali ambok manawi sampun sami anguningani. Dados tanpa damel kula gelaraken. Manawi wonten kirang langkungipun kula nyuwun pangapunten.

Katandhan (buja kirana tiron)

Panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama rongga karangrang anjarwani panuwun kula barkah tembung tedhaking kusuma rembesing madu sapanunggilanipun punika sakamantyan sokur bingah ing manah kula tulang westhi maniing sungsum. Dhuh kados punapa raosing manah kula. Mila salebetipun kula maos kabar wahu saking genging bingah kula sanalika ngantos anglahiraken lir janma andulu roning kamal.// teja-teja sung laksana. Tejane kang nembe keksi. Miyosi ing pabaratan. Bra martani kemis wuri. Nadyan nembe miyosi. Anyambi jrawane tembung. Datang sisip samendhang. Kang ulun tansah angesthi. Yun wrin jarwanira tembung kang mangkana.// genelaraken alama. Neng samuwan bra martani. Nging tangeh kalamun ana. Para sarjana kang asih. Sung jarwa kang sajati. Marma tansah ngayun-ayun mangkyana mitraneng wang. Tigas kawuryan paring sih. Marang dasih kang dahat mudha tyasira.// tan Iyan mung pamuji hamba. Ing siang pantareng latri. Muga-muga lestariya. Genirarsa angrenggani. Ing serat bra martani. Wit raosing manah ulun. Dadya lantaranning wang. Olih undhaking pakarti. Marang rarya kang tuhu kurang wicara. Ananging mugi sampun andadosaken kaget ingkang anjalaru renguning panggalih dhumateng pun kula. Menggah tembung tuwan punapa leres tembung jawi. Amargi tiyang jawi dhumateng sami ageng boten angangge sasebutan tuwan sarta kok wonten jarwanipun malih. Bab darakula. Para kaji miyah bongsa arab kasebut tuwan punika kados pundi. 2. Pahusur punika konca santri mastani bilih tembung arab lugunipun arta rubuk ngusur. Jarwanipun saprataning para dasan sampeyan anjarwani tembung jawi punika leres pundi. Amargi pundi kang leres badhe kula angge wasana mugi wontena karsa sampeyan malih paring katrangan.

Ing madya gantang ping. 26. Nopember. Sangkala tinengeran ruhuring sarira mangesthi kawruh.

Mursit

Candhakipun cariyos pethikan saking serat dhalang basa malayu

// pasal dwi welasipun. Yogyo mahraja darwyambek alus. Kadarmanya sumunar lalung nglaweni. Ngalela piraweng kayun. Lir pandamanani tinon.// mradiptani sawegung. Nara praja ing driya kalulun. Ajrih-ajrih saking karoban kanangsih. Mwang kanityamane mashur. Bangkitnya bari ing pangrok.// apuda ri takomuk. Molih kabegyan darpaning kayun. Dadya meheng prawitambek martanani. Puwaraning don kaumum. Saweneh kanang katempoh.// tanpa sawala tahluk. Yayah pinusara aji ginung. Mongka muhung sarana kang minangkani. Prasidhan majuga jumbuh. Saha rawong sikep towok.// pasak triwelas mungguh. Wajib kita aywa kamilurus. Teka mitambuhi saweneh ing mantri. Kanang kacihna yapwan dur. Momor denira alunggoh.// lan jasusatayu. Ingkang kena pinarcayeng rembug. Rimbaganing weweran tan mangendrani. Mardaweng tyasa mosinung. Rumeksa kadayeng katong.// ywan menek kita mangguh. Janma kawuryan bangkit membangus. Matur kumbi mwang ngregeedi ing ngaresik. Iku ing paidahipun. Meheng nusahken kemawon.// pasal pat belas puput. Santining partisara sung pemut. Den sasaty de ramestu hyang widi.

Srana pracaya nireku. Lawan ngandelna ing batos.// marang pitulungiun. Sumawana yatna sabar ing duhkita ning dunya kapwan manjor mring dhiri. Sujanma budiman muwus. Ing dalem donya yeku don.// kabramintan sawastu. Pahe lawan kamutyan swarga gung. Maweh kaharsayan ing jaman satiti. Marmi tyar data lya limut. Mutaman utawa kendho.// cumipyta ambek sadu. Ywan kasiden sung tilas bratayu. Awit janma berbudi iya angudi. Tahu betah ake iku. Mwang sabar saking pitados.// tan pamelang salugut. Miwah sumimpang kadredyan wastu. Darpaning tyas kdrenggyanira naheni. Waswa tan komba anggayuh. Amrih rahayuning ngendon.// den kedwisthanipun. Janma kanang sanitya sahanut. Ngascaryani mabonglot sing cipta sidhi. Lir amawang wandanipun. Sajroning paesan katon.// raras sengsem ing kalbu. Nanging tan yatna cinadar gyaku. Taman monggal enes saking donireki. Sumarma aywa kalimput. Ki tyrada menget ing batos.// janma ayun mahayu. Kasantosan ing sabiti iku. Datan pegat uluke kanang pamuji. Kasrah hyang ingkang umangsung. Barkat kamutyaning ngendon.// ananging aywa korup. Ing pakartinira ywa sireku. Mongka wranaka laban sipat rahmani. Ngregem praja de kalamun. Kita kapencut sedya non. Cariyos ingkang kapacak kemis ngajeng wonten ingkang lepat pangecapipun. Ingkang mungel kena pijer ngolok-olok lepasipun mungel teka pijer nolok-olok. Nusunup. Nunusup. Sawene. Saweneh.

Taksih wonten candhakipun .

manungkara.

Ongka kaping: 50

Kemis kaping. 9 Desember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Kabar pasamuan ageng te dhansah salebetting karaton surakarta. Nalika kramanipun putra dalem bandara kangjeng pangeran angabehi.

Ingkang angaturi tondha wonten sangandhaping pupungkasan kabar punika kula tiyang monca nagari salebetipun wulan besar tahun wahu. Ongka. 1809. Pinuju wonten ing nagari surakarta. Sarehning kula mireng kabar ing lebet karaton surakarta. Wonten pasamuan ageng kawastanan tedhansah. Ing dinten jumungah kaping 23 wulan wahu. Utawi kaping 16 nopember 1880. Dados sareng wanci jam. 7 sonten dinten wahu. Kula lajeng lumebet ing karaton medal ing sri manganti ler. Dumuginipun ing lebet kula boten saged ningali manengah. Ananging wonten pinggir sapangandhaping griya inggil saking kabar kawastanan panggung songga buwana. Sababipun kula boten saged manengah. Amargi sesipataning wit jambu. Pungkas ler utawi pungkas wetan kajagenan dening militer. Jawi suldhhat kawastanan abdi dalem prajurit saking watawis kula let. 25 tindak ngantos tepung. Sakubenging palataran dados para ningali tansah jejal uyel wonten sawingkinging para militer ingkang lagi wahu. Palataran sangajenging para militer ingkang lagi katingal resik tata sanget sanadyan wonten ingkang sami lumampah. Ananging para ingkang anyambut damel parlu.

Nyariyosaken lumebetipun para tuwan tuwin para nyonyah. Wiwit wanci jam. ½ 8 dhatengipun sami anumpak kareta. Kendel ing palataran kandhungan para nyonyah wahu lajeng sami katampen dening para tuwan srumuni mester. Kakanthi kabekta dhumateng ing pandhapa. Ing pababarnipun samangke kawastanan sana sewaka. Sareng tata lenggahipun ingkang mapanaken para tuwan kumasaris.

Wanci ngajengaken jam. 8 sampeyan dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan saha prameswari dalem tuwin ibu dalem miyos saking dalem ingkang kabaripun kawastanan praba suyasa. Ginarebyek para kangjeng ratu. Tuwin bakyu putra mantu dalem kangjeng raden ayu. Lajeng sami satata lenggah wonten sasana sewaka iring kilen.

Ing wanci jam. 8 lebetipun kangjeng tuwn residhen sagarwa. Ginarebyek para militer. Dumuginipun palataran pasowanen sri manganti lajeng kadherekaken para amtenar tuwin militer jawi. Inggih punika kangjeng raden adipati sasra nagara. 2. Kangjeng pangeran kolpnel arya purba nagara sapangandhap dumuginipun kori sri manganti. Kapapagaken dening prayantun estri. Kakalih. Saking kabaripun punika ingkang nama abdi dalem wadana estri. Lajeng kairit dhumateng ing ngarsa dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan lajeng sami satata punapa adatipun lajeng katungka rawuhipun kangjeng gusti pangeran adipati ariya mangkunagara. Kadherekaken putra. Santana tuwin para opsi ring legyun kamangkunagaran. Sasampunipun lenggah sawatawis dangunipun sampeyan dalem ingkang sinuhun kangjeng susuhunan saha kangjeng tuwan residhen sami tedhak ing dalem ageng kaprenah sakidulipun sasana sewaka. Dalem wahu mawi kawaranan dening ngeram saha pinapantesing rerenggan cet utawi praos inggih punika ingkang kawastanan sasana andra wina. Sampeyan dalem tuwin kangjeng tuwan residhen wahu. Kagrebyeg dening para putri tuwin para nyonyah sarta para tuwan sarawuhipun ing andrawina. Boten dangu saking kabaripun andhawuhaken dhumateng para tuwan saha para nyonyah. Kalilan sami wiwit dhansah. Sampeyan dalem kangjeng tuwan residhen lajeng miyos saking sasama andra wina. Tedhak pinarak ing dalem sawatawis alit ingkang manggen sangajenging praba suyasa. Kabaripun dalem alit wahu kawastanan sasana prasdya. Sami lalangen kasukan wondene para tuwan saha para nyonyah. Ingkang sami

boten dhansah. Sami lenggah kasukan wonten ing griya tosan ingkang angubengi sasana sewaka. Inggih punika saking kabaripun kawastanan paningrat.

Salebetipun kula ningali. Ingkang dados getunipun ing manah kula sakedhik dene anggen kula nyawang sasana parasnya. Sewaka andrawina. Tuwin paningrat kenging kawastanan langkung prayogi ananging kula kasupen boten pisan-pisan mawi pitaken anggenipun langkung prayogi wahu punapa sampun wiwit para nata rumiyin punapa saweg kabangun dening ingkang sinuhun kangjeng susuhanan kaping. 9. Punika. Mila saking panuwun kula dhumateng para pawong mitra kula ing nagari surakarta. Mugi angabarna saking sabab pangungan kula wahu.

Sinerat kaping. 6. Wulan mukaram ing tahun jimakir. Ongka. 1810.

Katandhan dening pun. Mwat andon.

Kemis ngajeng panjurung punika badhe kasusulan sanesipun awit eman bilih pasamuhan ing kadhaton ingkang kapengker punika. Boten kaanggit kainggahaken ing pustaka. Amargi sasampunipun yayasan saking karsa dalem winanganan sadaya. Punika amimbuhi prabawaning karaton dalem singer tinon tyas raos sumungkem denya utabing para tamu anuwuhaken pangaagas ira dhateng tatkalaning endraloka.

Ing warga jimakir sangkala tinengeran ruhuring gusti kaesthi ing janma.

Juru ngarang.

Indhaking asli sasebutan

Pinten-pinten serat kabar slompret malayu ingkang angocapaken kawontenanipun prayantun jawi ingkang nyuwun inggahing asli punika kangjeng gupremen badhe kados pundi kaparengipun kala amiyarsa pawartos salebetung paresidhenan sawatawis kathah para prayantun jawi ingkang angunjuki serat ing kangjeng gupremen darbe panuwun indhaking asli sasebutanipun kadosta ingkang asli mas nyuwun sasebutan raden ingkang asli nyuwun sasebutan raden mas ananging sadaya panuwun wahu kangjeng gupremen dereng wonten kabaripun amarengaken amargi ingkang darbe panuwun sasebutan raden wahu. Leres ibunipun asli raden ananging sudarmanipun asli. Mas dene ingkang nyuwun sasebutan raden mas ibunipun raden ayu. Ananging sudarmanipun asli raden kemawon mila ingkang parlu katurut kedah pancer jaler. Boten kenging anurut pancer estri.

Ingkang kula sumerepi sampun sawatawis kathah salebetung paresidhenan wahu. Para prayantun ingkang gadhah pangkat tuwin ingkang boten gadhah pangkat sami mijil saking wawenangipun piyambak kadosta ingkang jaleripun raden estrinipun raden ayu. Punika anakipun amasthi lajeng kasebut raden mas tuwin raden ajeng. Ingkang jaleripun asli mas estrinipun raden nganten punika anakipun amasthi kasebut raden malah sapunika kathah ingkang bapa ibu raden lugu. Anakipun bilih ingkang sampun imah-imah lajeng kasebut raden ayu. Anakipun lajeng kasebut raden mas tuwin raden ajeng. Dados tatela asli wahu saya mindhak-mindhak saking wawenangipun piyambak.

Mila pamuji kula siang latri mugi kangjeng gupremen karsa anggalih naliti dhumateng para ingkang boten anyepeng pandamelan gupremen inggih punika prayantun partikelir. Amargi bilih para priyantun ingkang dados abdinipun kangjeng gupremen punika amasthi langkung tatela uruting aslinipun awit saderengipun kinawula wisudha tetep kedah kapundhutan serat salsilah rumiyin inggih punika ingkang anerangaken uruting aslinipun dados sareng kinawula wisudha tetep dados prayantun aslinipun lajeng kagelaraken ing serat pikekah buslit kaangge salaminipun sampun terang kangjeng gupremen bilih ingkang boten nyepeng pandamelan saking pundi badhe uningani pun kangjeng gupremen saking pundi. Manawi bote karsa angurut-urutaken yektinipun.

Boten langkung mugi ingkang ngasta pangwasa nagari karsa parlu anggalih yekting uruting asli wahu waradina sampun ngantos wonten asli ingkang nyalimur. Supados sirnanipun kajawi bilih ginantungan kasisipan sadhengah tiyang ingkang darbe sasebutan sanes aslinipun katetepna dosa maha angangge ingkang sanes wajibipun sarta ambaliwur. Tatela anerak ungelung setat belat tahun. 1824 ongka. 13. Bab kaping. 191.

Suta manungsa.

S. M.

Kala rumiyin bawah dalem ing surakarta ugi angemperi lalampahan kados kang gumelar ing nginggil ing sapunika kaluhuran sanget saking karsanipun kangjeng parentah ageng nagari. Analiti uruting asli dhumateng para prayantun ingkang badhe kaganjar pangkat dados abdi dalem dalah ingkang sampun angsal pangkt lami ingkang badhe kaganjar indhaking pangkat kedah kapundhutan serat pratela ing nalurinipun rumiyin kadamel waton badhe sasebutanipun ingkang kaganjar pangkat mila sawatawis kathah ing samangke ingkang kala taksih magang gadhah sasebutan raden sarenbg tetep dados abdi dalem lajeng kasebut mas malah sawatawis wonten nalika dados abdi dalem mantri pangakt rongga. Kasebut raden rongga. Utawi raden ngabehi. Sareng kaganjar indhaking pangkat lajeng kasebut mas ngabehi. Amargi tulenipun asli mas.

Ewadene ugi taksih sawatawis kathah para ingkang abdi dalem pikekahipun kasebut mas rongga tuwin mas ngabehi. Sareng wonten dhusun lajeng kasebut raden rongga utawi raden ngabehi. Amargi saking wawenangipun piyambak kaengetan nalika dereng tetep dados abdi dalem sampun kalimrah kasebut raden. Saha sawatawis wonten para abdi dalem ingkang sampun darbe sasebutan lugunipun mas rongga. Tuwin mas ngabehi. Bilih lajeng imah-imah angsal canggah utawi buyut dalem ingkang kasebut raden ayu. Punika amasthi lajeng mindhak sasebutanipun nama raden rongga utawi raden ngabehi. Mijil saking wawenangipun piyambak.

Juru ngarang.

Panjurung wangsluan

Sanajan kula tinitah boten kadunungan budiman utawi kasarjanan. Malah kenging den wastani. Bilih kula sajatinipun tiyang ingkang cekuk balilet. Ananging tyas teka kadereng mangsuli dateng wartosipun ing dhusun gumulan. 1. Ingkang kapacak ing koran bra martani awawarti. Yen kathah tyang mlas arsa. Sengkek genipun ngupadi ngupadi upajawa. Kang mawi sawenehing tanem tuwu hewedalaning desa wahu. Sami dipun siriki liyan. Wit asringanuntun sangsara. 2. Ingkang mangkaten punika ing pamanggih kula. Awit titiyang ingkang amaha tutumbas wahu. Rumiyinipun sampun sring asring kagunturan criyos umuk. Sepen jatining kondha. Boten kagagas rumiyin ingkang sawatawis apanjang. Wasana. 3. Kojah kadoran punika. Lumengket ing sanubari. Dados manah tansah waswas. Kados kapal andarbeni bendana gilap. Ajrih dhumateng lorah ing lurung sarta maujud ingkang tan pisan damel bilahi. Ewadene kayektosaning carita. 4. Punika kula piyambak sampun nate angalami. Duk rare asring kagodha. Ing tiyang dipun wedosi. Kantos dugi sapriki. Yen kula pinuju langkung ing petengan piyambak teka anggadnahi ajrih. Saking dene kala alit manah kulaa. 5. Sampun korup ing panggega. Pepeteng kados awarni ngranggeneg panyipta kula. Punapa ika memedi. Najan kula tan uninga ing kayektosanipun. Teka githok mongkarak. Ing wasana lami-lami kula manah. Bilih kula sanes kewan. 6. Kang gadhah bendana gilap. Nunten tyas kula wawani ananduk ken pangrahita. Ninimbang sapikantukipun. Niteni ing reh sahantawisipun kang temen lan dora. Awit pawartosing elmi. Mung manungsa mahluk kang sinung indriya.⁷

Ungel-ungelanipun wangsluan ing nginggil punika kenging kasekaraken sinom. Ananging pada-padanipun lingsa boten kaenutaken dhawah ing dhong-dhing. Sarta pada padanipun ageng kalintonan ing ongka welandi. Awit manawi mawaos tanpa sekar. Supados radi urus cariyosipun punapa dene boten adamel pedhoting ukara.

Manungkara

Wangsulan katur mitra widawati

Pandanganipun mitra widawati bab wujud tuwin dununing suksma. Kasebut ing bra martani ongka. 46. Ing ngajeng kula sampun matur. Dunungipun wonten ing rikat ing tebih ing celak ing ngadhakan ing nginggil ing ngandhap wujudipun sakalngkung alus lembut rowa sarta ageng.

Mitra widawai andangu. Punapa wonten rikat ingkang ngungkuli gebyaring kilat. Sanadyan gebyaring kilat langkung rikat ing ngriku ugi wonten. Sarta taksih kawon rikatipun kaliyan suksma. Awit gebyaring kilat taksih katingal yen katimbang kalih lampah ing bledheg kemawon gebyaring kilat kawon. Wondening inggil utawi cendhek namung bumi tuwin langit. Wahu suksma sakalangkung inggil saestu yen angungkuli langit tuwin langkung cendhek saking sangandhaping bumi. Denten tebihipun saestu yen anglangkungi saking masrik saha mahrib makaten malih wujudipun saestu alus angungkuli angin awit lampahing angin sarana dipun aling-alangi kemawon boten saged brabas. Saha lembut saestu yen angungkuli hawa. Awit suksma saged sumurup salebetung hawa. Mahujud ingkang ageng. Mitra widawati angandikakaken namung redi. Punika taksih kaungkul anageng sukdma saestu yen angungkuli jagad awit jagad wonten salebetung suksma. Sarta rowa amradini sabuwana. Sampun nun samanten kemawon.

Sanget ing panuwun kula atur kula punika ingkang mugi sampun andadosaken rengu ewa ing para sarjana. Denten panjawab kula sadaya punika namung saking amiyagh kemawon.

Kusumaningrum.

Saking anggenipun paring jarwa mitra kula jarumaka bab tembung wutuh ayam. Punika sakalangkung ing panarimah kula. Saha ing tembe wingking bilih wonten ingkang andadosaken kodhenging manah kula. Inggih badhe kula suwunaken berkah malih dhateng mitra kula jarumaka. Amargi kula punika temenipun tiyang bodho.

Anjawi saking punika mitra kula amundhut teges bab tembung arab kados ingkang sampun kasebut ing bra martani ongka. 44. Punika mugi sampun andadosaken rengating panggalih temenipun kula boten sumerep. Boten langkung namung nyuwun gunging pangaksama. Wasana atur taklim kula.

Jaramaya

Panjurung

Bra martani ongka. 47. Wonten panjurungipun mitra kula. Ingkang asasilih nama rongga karangrang. Anyariyosaken kawontenanipun wana kredha wahana. Criyos ngantos narethek pitaken dhateng ingkang kakinten sumerep. Ngantos sapriki dereng angsal pitedahan ingkang ragi mathem dhateng manah. Ing sasaged-saged kula kedah ngaturi urun jarwanipun wana kreeda wahana. Manwi lepat kemawon kula nyuwun ngapura ingkang agung. Bokmanawi anggenipun nama wona krendha wahana wahu katelah ing kedalipun tembung. Margi krendha. Saking kaengetan kula piyambak peksi maliwis wahana. Punika tunggangan punika suraosipun boten angsal. Pramila sampun kacariyosaken akalayan mitra kula rongga karangrang. Wona krendha wahana wahu saking angkeripun mila katembungaken jalma mara jalma mati. Sato mara sato mati. Bok manawi leresan ing nama. Wona krendha wahana. Margi kardha. Punika tegesipun saking kawi. Tebelia. Wahana. Tunggangan dados manawi wonten tiyang dhateng wona krendha wahana. Temtu numpak tebelia. Awit saking pejah anggenipun ngambah wona kardha wahana wahu. Boten wonten tiyang gesang numpak tebelia. Ingkang tamtu numpak tebelia wahu tiyang pejah. Dados nama wona krendha wahana wahu. Saking pamanggih kula piyambak katelah ing kedalipun tembung. Manawi leresipun ugi saking pamanggih kula piyambak nama wona krendha wahana. Margi kardha. Punika tebelia. Wahana. Tunggangan ewa sumanten kula anyumanggakaken.

Anjawi ingkang sampun kula aturaken ing nginggil punika. Kula nyuwun saserepan. Reh kula sanget kodheng. Kadosta tiyang estri ingkang dereng laki. Punika kok dipun wastani prawan. Tembung prwan wahu punapa saking kawi punapa saking lawal makna. Saking pamanggih kula piyambak. Tiyang estri ingkang dereng laki. Punika anggen kula mastani prawan margi estri ingkang dereng laki wahu namanipun rara. Manawi estri ingkang sampun laki. Lajeng nama. Bok mas. Mas ajeng. Den nganten. Nyahi ajeng. Pramila kula nyuwun saserepan estri ingkang dereng laki wahu. Punapa leres pun prawan punapa leres pun prawan. Sanget-sanget panuwun kula saserepan punika.

Titi kaping. 3. Sura jimakir. Tinengeran maletik suci sarira iku.

Katandhan guna aswenda griya ler kandhang sima.

Karta tembung kawi tegesipun kaliwat kalojok

Kredha “ ” ” manuk bayan ugi winastan palatuk bawang

Krendha “ ” ” tebelia ugi wastanipun bebek menggah kedalipun ing tembung sansekrit makaten karandha utawi karandhawa wastanipun bebek dene karandhawa wana tegesipun wana bebek.

Kramanipun inggil tembung talabek krendha.

Sarehning sagedipun para tiyang dhateng ing tembung kawi pancen boten maton namung awit saking tular-tinular kemawon pramila para sarjana sami kula aturi anggasas piyambak-piyambak pundi ingkang leres sakalangkung bingah bilih mitra kula jaka mutbadi karsa anyaruwe awit celak pustaka kina-kina. Kagunganipun gagelengan ingkang amencaraken kagunan tuwin kawiryan. Juru ngarang

Nalika manton dhaupipun gusti kangjeng pangeran angabehi. Kula sumerep waradinan ageng saurutipun bawah kampung kauman sami kapasangan dilah ting pal. Godhagipun amiturut griyanipun tiyang kampung ingkang manggen sapinggaing margi. Lah punika sangsaya amewahi asri yen tinon bebyaring dilah. Prasasat soroting lintang andadari nuju mongsa petengan. Menggah wontenipun dilah ting wahu bok manawi sedyanipun prayantun ingkang anguwasan kampung kauman ugi namung kaangge angurmati kramanipun gusti kangjeng pangeran angabehi kemawon tandhanipun sapunika sampun sirna. Amung panuji kula mugi prayantun ingkang kawogan anggula wenthah kampung kauman sageda mredi. Para tyang sami amasangi ting ing margi salebetung kampung. Awit punika kathah paedahipun. Kajawi asrinig margi manawi dipun tingali. Badhe saged angindhakaken tata tentrem. Sampun saestu kemawon para duratmaka jinja pangabahipun jalanan saking sumelang yen kasorotan sunaring dilah kathah. Ingkang tumrap ing satepinimgardi dhahu. Ah em. Ingkang kesangeten punika rak amung. Mas K. K. N. ugi ing kampung kauman. Margi wetanipun punika prasasat yuwa. Jalanan saking kathahipun wiwitan ageng ingkang manglung ing margi. Mas K. K. N. teka boten sumedya amadhangi margi. Oalah nun. Bok inggih kapredi ingkang ngantos saged kalampahan limrah tiyang kathah. Katimbang yatra sadhuwit kaslempitaken ing kuping. Rak prayogi katumbasaken lisah. Tur punika kenging kaangge nyelenggi ngamal. Benjing yen pejah. Rak inggih pinanggih. Sampun kok gadhah pamanggih makaten. A. sabecik-becikane ngapenakake wong liwat. Dhuwit sadhuwit prayoga dak rawatane nek ganep suwang dak anakene. Lo. Lalampah makaten punika boten lepat. Ananging yen kasangeten dados awon. Yen kelentu pambekasipun terkadhang dados jrangkong. E. e. mas K. K. N. punika rak prayantun kauman. Kados boten nate anganakaken yatra. Awit

saking cvariyosipun tyang ahli sarak karam. Mila ingkang kual pratelakaken punika amung upaminipun kemawon makaten. Tur masi kok yektosa. O nun sinten kula dumuk ing sampeyan.

Katandhan bok lara pokil.

Candhakipun cariyo pethikan saking serat dhalang basa malayu

// tilasing reh kridhayu. Den sambada lumiriking tuduh. Marga liding pasal pat belas puniki. Kudu nyidikaken wastu. Marang saliring cariyo.// nihanta unggyanipun. Pira-pira carita kang luhung. Aneng nungswa sarandhib yogya kahaksi. Sudarsananing pra ratu. Ala becik uwus kamot.// tinilas sapi kantuk. Kang sayoga tamatungelipun. Kang supatra wasiyat ngaturken aglis. marang dhabikelim prabu. Dahat tusthane ing batos.// yayah karoban madu. Mwang kaserang sumilir ing bayu. Mwasu gonda amrik rumasuk sstranduning. Agoteng tyas kakenan kung. Rarasing driya katongton.// oo// entyarsaning wardaya katawis. Ing netya sumorot. Dahat lejar nalika mandriye. Lir sudama ing ngiman kawingkis. Lawenya kaeksi sumunar umancur.// adan tumran saking lenggah neki. Sarwi anabda lon. Marang wreda mintokken saharse. Duk miyarsa lumantaring parti. Sarestu amarni. Reh yarya kaprabon.// sakamantyan gyanya ngascaryani. Ngalela gumolong. Anglalami yekang sawadine. Gatining reh yayah milangeni. Kalulun tyas aji. Mrih kawirajamu.// arjaning tyas [] kon. Sang dwijarja tuhu sarju angreh. Sasang cipyaprasidheng dumadi. Widada adenning. Safangating guru.// tandya prasetya kang winigati. Sukar ing hyang manon. De kang ganjar kabegyan samene. Raja gung sing welas masiyati. Supatra linuwih. Sakadening prelu.// rarasing reh angregem prajadi. Atasing pra katong. Pened darwyanan jimat kiye. Kang supaya bisa lupiter saking. Sakehing bilahi. Dunya ingkang nempuh.//

taksih wonten candhakipun.

Manungkara.

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

// nuwala cinagkrem sigra. Ing sukune ponang nori. Jaka sampig sarwi mekas. Poma nori ngati-at. Ywa slewangan sireki. Layang aja nganti runtuh. Nori sampun pinakan sandika mangkat sang peksi. Angembara pesatira lir maruta.// ing tawang datan kawarna. Wus prapta wacwu nagari. Milang-miling akalangan. Dulu wonten wreksa gamkwi. Ngarepna reca nenggih. Nori mencok mring wreksku. Ningali ponang reca. Singa barong iya iki. Nori sigar jelah-jelih nguwuh sang dyah.// nyonyah ingteh dika medal. Bilih kula sowan mriki. Dinuta raka jandika. Sarta binektanan tulis. Sang retna lagya linggih. Tuwin nyulam sutra biru. Miyarsa nori munya. Nguwuh-uwuh wastaneki. Nyonyah ingteh gupuh medal dulu ngarsa.// ni ingteh waspada mulat. Nori mencok witing gamkwi. Sang retna ciptaning driya. Lagi tumon nori iki. Teka weruh aran mami. Sigra den parani gupuh. Nori sareng tumingal. Wonten wanodya marani. Nulya tumrun marek ngarsaning sang retna.// ponang nori matur sigra. Dhateng sang kusumeng puri. Inggal matur ing paduka. sowan kawula tinuding. Marang rakamta sampig. Ingkang nadhang brata wuyung. Kinen ngaturken serat. Keturnya sang karya kingkin. Srat tinampen semune anggula drawa.// oo// nyonyah ingteh ciptaning jro ngati. Lagi tumon nori bisa ngucap tan beda janma wuwuse. Kakang sampig kang nuduh. Baya luwe wetengmu nori. Pinondhong manjing wisma. Sinung pisang arum. Miwah sinung sekul ulam. Ponang nori dhasar luwe sinung bukti. Sanget nuwun panrima.// nulya bukti wahu ponang nori. Nyonyah ingteh ngungkabi nuwala. Winaca serat ungele. Sinukmeng ironing kalbu. Sampun terang ungelung tulis. Ni ingteh asru ngesah. Adhuh sang hyang ulun. Kapriye rasaning driya. Baya apa turongga ginonceng kalih. Kakang sampig kapiran.// lamun dulu suraosing tulis dhuh dhuh pesthi tiwas kakang dika. Ati naga pundi gene. Panduka arsa mundhut. Dhadha menthok pitik mas nglangit. Panduka kudu ngangkah. Punapa pikantuk. Yen pikantuk bisa mulya. Anulungi sakit dika kakang sampig. Wite sakit saking wang.// kadi pundi kakang awak mami. Awit ibu rama sampun tompta. Arta minongka panjere. Saking tyang sanesipun. Lamun kakang tumekeng lalis. Cethine datan pisah. Pesthi tunggil kubur. Ing mangke panuwun kula. Mugi kakang mituhu mring atur mami. Yen panduka palastra.// adhuh kakang datan saged kari. Ingteh sigra mangsuli nuwala. Makaten wahu surate. Yen sanget genya wuyung. Kakang sampig nemahi lalis mugi neng pinggir marga. Ngulon adhepin. Kubur munggeng wetan marga. Maesane watu biru kang kinardi. Den ukir nami dika.// panuwun hamba puniku sami. Amung iku panengeran kula. Poma panuwun ta kiye. Lamun asih satuhu. Sampun cidra panuwun mami. Tembe hamba lumakwa. Myat kubur ireku. Wus tamat panulis ira. Ingteh sigra marpeki sukune nori. Kanan kinamthilan srat.// wus muliya sira nori aglis iya iki layng ku wangslulan ywa ngangsi pedhot taline. Tekakna wisma bucwu. Kakang sampig dimen udani. Kabeuh paturaning wang. Neng jro layang iku. Nori gya mlesat ngembara. Anut angin ibere nori lir mimis. Prapta bucwu wismanya.

Taksih wonten candhakipun.

Citra pandaya.

Ongka kaping: 51

Kemis kaping. 16 Desember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta

Nalika kaping. 4. Wulan sura tahun punika. Wanci jam. 9 enjing. Ingkang nglampahaken bahita ing lepen ganggang magih kasangsara. Lampahing bahita wahu saking wetan dipun tumpaki para tiyang padhusunan jaler estri sami sumeda wewadeyan dhateng nagari peken ageng ing wusana dumugi tengahing lepen bahita wahu goling. Ingkang numpaki sami kentir lampahing toy. Ing wekasan lajeng katulungan para tiyang bahita pinanggih. 7. Iji. Ingkang boten katulungan. 5. Iji wahu estri sadaya. Ingkang sakawan tiyang ing dhusun nglanglung. Ingkang satunggal tiyang dhusun karang.

O sahiba para kulawarganipun anggenipun sungkawa. Tur bahita wahu pitados bilih katumpakan tiyang. 12. Iji kimawon boten yenta manggihya sangsara makaten. O bok manawi kadamel jalanan pejahipun saking bahita.

Nalika kaping. 9. Wulan sura tahun punika. Wanci jam. 4. Sonten kula tategar dumugi wetan beteng kula nyumerepi para tiyang jaler estri sami kendel wonten kretek gantung. Ing ngriku kula apitaken para tiyang pating garubyug punika wonten punapa. O raden wonten rare keli nemahi pejeh wonten wetan karetek gantung. Kula mireng wangsanipun tiyang wahu kapal lajeng kula rikataken lampahipun sasampuning dumugi karetek gantung bilih temen wonten rare antawis umur. 5. Tahun. Rare wahu warnanipun sakalangkung pelag sarta taksih kakalungan merjan rasukanipun sembagi jene tanpa sarungan. O iya talah timen tiyang sepuhipun teka lena temen. Dene rare wahu lajeng kendhang mangetan kilap lajengipun. Ngantos sapriki dereng wonten ingkang ngupadosi rare wahu.

Ing wasana saking panuwun kula para sobat ingkang sami wisma celak lepen ingkang kagungan putra ampun ngantos lena anggenipun ngumbar rare.

Jati pitutur

Bojanagara

Watawis saweg wonten. 10. Dinten punika griyanipun lurah dhongkol ing dhusun lumpang. Bawah dhistrik rongel kadipaten tuban. Ing griyanipun sampaun kalebetan dursila kecu. Ingkang sarana apeksa. Angrarayah barang darbekipun. Ing wekasan [] kang gadhah griya kyahi lurah kaleresan sawek dhateng saking rundha ing kampungipun. Sareng badhe lumebet griya pun kecu enggal anubyuk dhuamteng kyahi lurah. Karuwes sinikep ing tanganipun. Kacancang sangandhaping wit kalapa. Sarwi kaagar-agar pedhang. Badhe kapejahan. Kyahi lurah agayuh darbe panginten manawi badhe boten aningali soroding surya malih pramila saangsal-angsal nedya anyinggahi saking bilahi wahu. Saksana lajeng asambat sambat. Melas asih. Tembungipun dhuh kisanak bok inggih kula kaparingan gesang. Saestu manawi kula kaparingan gesang kisanak badhe tampi donya kula langkung kathah. Sadaya kula pasrah ing sampeyan. Pun gentho lajeng amedala kawelasanipun. Angleksanani panedhanipun. Nunten lajeng anedahaken brananiipun pun kecu kadugi bingah sanget. Kyahi lurah lajeng angulungaken yatraniipun watawis langkung. 800. Rupiyah. Pendhok mas tatahan. 8 iji. Gunggung pitunanipun ki lurah kirang langkung. 1800 rupiyah. Sasampunipun kecu pikantuk donya kathah lajeng ngindha medal saking bale pagriyanipun ki lurah. Sarwi ura-ura.

Dhandhang gendhis.

// sakamantyan sukaning kang ngati. Ora mikul nemu donya kathah. Ora tuna ing lakune. Iki pinanggihipun. Ardaning tyas eber kuwanin. Pirang barang ing benjang. Nuli antuk wuwuh. Pun inggal lumaksa. Sarwi bektta donya brana peni-peni. Pangaji sewu rupyah//
ugi pulisi sampun pikantuk katrangan saha amikudi kecu wahu. Ambok manawi ing tembe saged anambahi katranganipun kecu. Wondening bendara patih ing tuban ugi ngemban dhawuh nagari ngulur prakawis punika.
Pun pasung janur

Lehi

Ing jaman samangke boten wonten pawiyatan ing tanah jawi ngriki ingkang boten wonten lehi utawi grikipun malah kathah tiyang ingkang simpen lehi. Karanten lehi punika gampil kadamel papan etang utawi nyerat saupami wonten lepating panyeratipun gampil kemawon kabusek utawi kapecahan.

Ananging lehi punika boten amung kadamel papan nyerat kemawon bilih ing tanah eropah wonten griya ingkang ngangge payon lehi warninipun saemper kalayan sirap ing tanah jawi ngriki. Wondening lehi punika asalipun saking ing redi. Dados bangsanipun sela redi. Ananging benten kalayan sela sanesipun amargi wujudipun klekepan warninipun prasasat blebekan ingkang ngelengket keket katiwas kemawon bilih lehi papan panyeratan wahu karemuk utawi kapecah.

Wondening lehi ingkang kenging kadamel papanyerat wahu. Sasampuning pandhudhukipun kedah kausik rumiyin bilih kadamel sirap boten milanipun lehi ingkang kadamel papanyerat punika kedah kapilih ingkang alus piyambak manawi sirap ingkang wadhag kemawon. Amargi menggah lehi sami lahi taksih wonten bentenipun ing ngatasng alus utawi kasaripun. Dene griya punika inggih ewonipun bongsa lehi. Amung kaot lemes utawi boten klekepan kados lehi. Sarta pandhudhuk utawi panggarapipun lehi punika dados pangupa jiwanipun tiyang kathah. Menggah lehi punika ingkang kathah amung wedalipun saking tanah inggris prasman tuwin tanah dhitslan.

Warta sanya

Ing pustaka warti ongka. 48. Nyariyosaken jugaring pamagangipun tiyang wasta prawira suwanda. Wonten ombaking parentahan dhusun sanalika kula lajeng kaengetan awit gajegipun kula asring kapranggul kawentaring wegigipun mas wanda wahu. Pancen kawelantrah wegig ing kagunan wondene jugaripun wahu. O. tiyang pancek angel awit pituturing wredatama winastan darma brata. Tiyang kang sok lumawat kaluhuran sarta linuting nugraha punika kang ati tamblek. Patitis ing wicara. Muayan sabarang panggagase. Sumarambah pasemune. Mantep temen sarta madhep ing keblate. Amot mengku ing hala hayu. Kumandel marang panutane. Tan ngadhuh marang adhem panas serih linu. Pramila tiyang magang punika prayogenipun kedah jatmika. Upami mas wanda wahu karsa ngadhep ing gusti srana lungguh ing jatmika. Mangrasuk tuminah meleng ing cipta salebetung sajam. E kados inggih jarot sokur saejam wahu kapuntuwa malih masut murnining . inggih sanadyan namung samenut kalulunipun dhateng panglanging pandulu. Embok manawi kadugen saciptaning panggayuh.

Buja kirana

Panjurung

Sampun sadasa tahun punika anggen kula manawang padhanging bra martani. Saha ugi anyamadi lingganing sastra bragadaning tembung. Saged andadosaken sambadaning pathokan trakadhang manawi wonten cariyos bawa anggitanipun para agung. Punika satuhu ngindhakaken pamoncering budi. Anyenyemi kanugraha ning niyat.

Anamung dawek samangke kula nyipati babantahan bab tamblekipun sukma lan nyawa. Inggih punika pustaka warti ongka. 45. Panjurungipun kang sisilih nama siswa kusuma. Mangredha lungiting manis lan ri sang widawati. Tumunten wangslanipun ri sang widawati. Kamot pustaka warti ongka. 46. Anenggenahaken manggen wujud sahaking ping kaupamekaken punapa ingkang kaasmanan sukma. Lan nyawa wahu. Saraseyan mangkaten punika teka sae temen kang anggupita sami wasis panggelaring sastra tur saged angukut pathining raos mila pangajeng-ajeng kula mugi sabura barkating para wegig wahu. Ananging sarehning kawruh satunggal punika angel bilih kabudi. Manawi emboten santosa pangirtyaning anyatakaken tamtu jugar ing rembag dhasar kados babantahan wahu punika. Sukma nyawa. Kabasakaken inggil ageng. Lembut alus lo. Punapa emboten badhe jugar anggenipun marna cetha. Wasana manawi kapareng kang pancek sinerung rungkut kulana yogyani sampun ngantos dinerah. Awit mindhak mangkel kirang cumeplong panggagdaniipun para jugul.

Panjurung nginggil punika winawantu ardayaning suka rena mongka pambelabaging madu monda.

Buja kirana

Minta jarwa

Bilih andadosaken cumundhuking panggalihipun mitra kula ingkang sisilih nama mursit kula nyuwun priksa teges tuwin wijangipun tembung ingkang andadosaken petenging manah kula kados ing ngandhap punika.

1. tembung panggang kumet
2. " " loma
3. " saudara
4. " nagari atas angin punika ing salugunipun nagari ing pundi. Tuwin kados pundi saking
5. " bawah angin mula bukanipun dening kanamekaken makaten.
6. " minangkabo saweneh wonten ingkang mastani minang kerbau punika pundi ingkang leres.
7. " tri buwana. Tegesipun jagad tiga. Lo punika kados pundi. Punapa wonten jagad tiga. Ingkang sarta ing jaman samangke punapa inggih taksih lantur kenging kawastani tri buwana.

Ing wasana kula nyuwun gunging pangaksamanipun mitra kula pun mursit dening kula mapangrok cumanthaka lajeng gadhah panuwun jalaran sampaun lami anggen kula ambudi tembung wahu katenta dalah sapriki maksa dereng kawawengan. O. mila gadhah rumaos badhe kalajeng boten priksa werdinipun bilih boten kula suwunaken berkah dhateng priyagung sarjana ingkang sampaun putus ing kawruh.

Katandhan mitra paduka. parigita.

Cangkriman

// kasmaran wedharing tulis araningsun duwi wanda. Saking siti atas le karyeng wang dahat rakasa. Anahan ing papanas de lugune araning sun dede tembung tanah jawa.// nging tembung cina sayekti. De yen kinarya dwi lingga. Salin swara sayektine. Gadhahi teges. Ambok. Sinten kang bangkit babar. Ing byaktaning araningsun. Titi tondha mangun bringta.

Dumunung pangayu bagya

// Dereng lami hamba dulu. Ywaning koran bra martani. Kontra ing naya sungkawa. Satata lum-alum anglih. Angken taru lata ingkang. Nandha oneng labet dening.// sanitya samanggung dinuk. Soroting pratongga pati. Kang mepu karya wiroba. Deta kangan daru nani. Mangemu cipta rujita. Karana endra nandening.// para widagda ing kawruh. Moncer ing nistu dasini. Waqskitha ing tyas sambada. Parameng sastra lulungid. Yata duk ahmba tumingal. Lamun koran bra martani.// darpalek dadya tan ketung. Sapala kedah belani. Orem ing manah kalawan. Tumengeng tawang mumuji. Tumrah ing welas sudibya. Mring kang kapuled wiyadi.// mugi tyas ira saharju. Amberat purwaning kingkin. Sarana misungsung warta. Kawruh sunyata tanapi. Ingkang gumelari reng rat. Pantes miwah mikantuki.// wasana pamuji ulun. Mene sinambadan dening. Buja kirana sudibya. Kasdu ing driya melas arsi. Marang bra martani koran mamalad lipuring kingkin.// sarana tansah umangsung. Panjurung kang migunani. Lawan sinukarteng basa. Kakawin lawan lulungid rinengen karya asmara. Sang sipta ing ari mangkin.// bra martaneku kadulu. Mantun pinarjayeng kingkin sirna aluming sarira. Malah kakedhaping radi. Wenés ngunguwung kawuryan sainganing para nagri.// dumadya ing mangke ulun kadereng ing tyas tan sipi. Ngwedhar osiking wardaya. Tan ketang cedhaning dhiri. Cotho ing budi mwang sastra. Yeka dhuh buja kirani.// sukaning driya antyasu. Kadi kamuna mabrangti. Murweng raras karasikan. Lawan kamine kang dadi. Tujuning manah wasana. Kacundhuk direng ngasepi.// dene ta sira mahayun melas siki bra martani. Karya niring kagiyuhan gagaran lungiding galih. Mwang kawigan ta ing sastra. Puramba tur pupuji.// mugi endrayanta iku. Linulusna aywa lirip mrih kanang tipayeng warta. Sinambut kinuswa dening. Para jana monca praja. Kontabing bawana katri.//

kaserat kaping. 8. Dhesember. 1880 katandhan erusastra. Gemblegan.

Panjurung kula amangsuli dhateng wartosipun ing dhusun gumulan ungel-ungelanipun ing pada pungkasan wonten ingkang kirang pangecapipun. Leresipun ing ngandhap punika.

6. kang gadhah bendana gilap. Nunten tyas kula wawani anandukaken prang grahita. Gugulang. Ninimbang sapikantukipun niteni ing reh sahantawisipun kang temen lan kang dora. Awit pawartosing elmi. Mung manungswa mahluk ing sinung indriya.//

manungkara

Candhakipun cariyo saking serat dhalang basa malayu

// sumawana rarantaning galih. Lumaksaneng tudoh. Kadwisthanya cumipta yogyane. Kanang dwana wimala kinardi. Jariyah ing dasih. Atawa kapandum.// mring sanggyaning janma pekir miskin. Nulung

saweneh wong. Ingkang lagya karuwidan tyase. Dyandha dhawuh sajunganing mantri. Kang pantes tinuding. Amradhah dunya gung.// amamanduk kadya kang kinapti. Dera sanga katong. Lumastari tan asangsayane. Sakeh janma samya sukeng kapti. Sunetya lir manggih. Langening tumuwuh.// apudara mahraja nambrami. Jawat asta karo. Sekep arum asep ing tanduke. Mring sang wreda andika nira ris. Mitrarja sun pamit. Kondur angedhatun.// jeneng para mangkyu sun pintani. Aksama trus batos. Dene ta ing nguni duk panggihye. Tan andike praptaning don mami. Kaweleh sayekti. De marmi tanipun.// kita karenan asung pandaming. Kalimputaning ngong. Apa bae kang sun walesake. Datan mantra-mantra amadhani. Wit saka agenging. Manfangat kang prelu.// tarlen muhung apuran ta ugi. Pangajapaning ngong. Muga-muga kalunturan tembe. Kaharsanta gelis den tekani. Mring hyang ingkang luwih. Kang amurweng mahluk.// sarta sunga barkah unggyan kami. Amengku kaprabon ywaning kitantuk masasun supreh. Ti [] njo marang kenya puri. Wreda mangenjali. Satata andhekuk.// samantara dhadhawah sang mulki. Ngirabken ponang wong. Tandang wantra wus rumakit kabeh. Tandyu ebah wahu pangajuring. Lampah matundha sri. Anindya mantri wus.// tumrahsa sahayanya kahaksi. Dening sanga katong. Dyan tumedhak orek panger byege. Ing samarga-marga amurywani langening lumaris. Nihan kawinuwus.// tan lyan ingkang kagagas ing galih. Sri dahat katongton. Amanguneng-unengan galiye. Myat warta kang lumantar ing parti. Sara pasal kaping. Pat wlas kinacelu.// kudu mentar mring nuswa saranandhib. Manoni pawartos. Kang misrani atasing pra raja. Sapraptaning kadhatyan sang mulki. Tumameng sajroning. Mandhakiyanipun.// nging tan saged pules ing ngaguling. Manyotardeng batos. Kalesatan kuneng ing ngenjinge. Sri nimbali mantrine kakalih. Kapwa paham ngelmi. Pangandikanipun.// ingsun iki kacelu sinipi. Sedyarsa umanod. Lesmining kang brata supanangreh. Kawirajan kaya kang umuni. Srat babaku nguni. Kang arsa sun enut.// kudu mentar saking purantari. Lumiriking pakon. Mring mandhalang sarandhip mandriye. Myat carita ingkang bener becik. Niyating tyas mami. Supayane antuk.// faidah geng ingkang mahalani. Atasing kaprabon. Nanging apa ana pakewuhe. Tinggal nagara timbangen yekti. Kapriye mungguh ing. Kang dadi pikirmu.// mantri kang sajuga awot sari. Umaturing katong. Langkung ageng karsa padukanger. Arsa mentar anilar nagari. Kalilana gusti. Amanah rumuhun.// sabab bilih tur hamba sisip. Paduka rumojong. Kang saestu anjalari tembe. Kaduwunging tyas lalunar tani. Susah ing pra janmi. Milane pukulun.// kedah nyinyingidken ing pamanggih. Mrih sampurnaning don. Benjing enjing ulun sowan malih. Nyamantakken pamanggih ing patik. Ngiras ambubudi. Awon penedipun.// pundi kang yogya den laksanani. Atasing pra katong. Estu benten sabarang kanang reh. Lawan janma legan loncang-lancing. Wit angganireki. Tan ngregem prajagung.// wang-wang sang nata andangu malih. Mantri kang sawiyos. Nanging aturipun sama bae. Nyuwun inahantara saratri. Enjing sowan malih. Anggadhaih atur.// dyan kailan kalih lengser sami. Nihan kang kawartos. Nareswara dahat wagu gene. Kapetek ing dahaya wiyadi. Manoni langening. Kanang supatrayu.// katata ngira rantaning galih. Puwara angatos. Turing dasih nihanta enjing. Sowang ngabyantareng narapati. Sujud matur aris. Lir tebu sauyun.// samangkana dhelinge dhuh gusti. Karsa kang dhumawoh. Mundhut atur hamba sajatine. Gyan pukulun yun nilar nagari. Mring nuswa sarandhib. Anut ing satuduh.// kang lumantar ing walgit part. Sara kang suraos. Kawan welas pasal panganyane. Kinen niti wartine ing nguni. Yeka amisrani. Atasing kaprabun.// inggih wonten gunanipun gusti. Mrih yatna ing batos. Sarta murih kamulyaning tembe. Dumulur mring punggawa pra sami. Nging pangraos patik. Kedah nyundhul atur.// pemut rehning lalampahan tebih. Saestu rekaos. Kangelaning ngongga datan pahe. Lan kataman kabramintan gusti. Susah ageng yekti. Yen atasing rati.// teka dadak kawiryen kawuri. Najan saweneh wong. Inggih bebetipun ing pracore. Ywa nilar wiryawan kang kapusthi. Sasat nyiyasati. Ing priyangganipun.// sarta lir anjarag mring bilahi. Langkung malih katong. Aneng praja maniking janma keh. Wastu dadi gantilaning ngati. Dasih padukaji. Iba susahipun.// ywan tinilar temah lir angganing. Kuthuk wis kang babon.pating kriyuk memelas parane. Salwir susah paduka kang nyanggi. Anilar prajadi. Tur dereng kinaruh.// lamun manggih kang tuwan karsani. Wus bandhani etoh. Nalar ingkang karya sandeyane. Galih sarta boten mikantuki. Yen kados criyosing. Dongeng duking dangu.// wonten kala nilar unggwaneki. Yuh uning parandoh. Ing wekasan kami duwung dene. Sapratishta niscaya kapraking. Ruwi darda kongsi. Wangsul kataman kung.// wang-wang ngandika ris sang nare[]. Swara lah samengko. Caritakna dongeng nira kuwe. Ingsun kapengin arsa miyarsi. Saka ing sakawit. Tekeng tamatipun.//

taksih wonten candhakipun.

Manungkara

Ongka kaping: 52

Kemis kaping. 23 Desember
Bra Martani

1880

Punika pangaosipun pamacak adpertensi. Satembung dumugi 10. Tembung. 1. Rupiyah. Liyaning wragat segel kapacak kaping kalih. Langkungsangking ping kalih satengah regi.

Serat Bra Martani wedalipun saben kemis. Reginipun ing dalem satahun. 12. Rupiyah pethak.

Pangetangin segel satembung dumugi 45 tembung. 30. Sen. 46. Dumugi 95. 60. Sen adpertensi ingkang kakintunaken ing dinten kemis saderengipun wanci jam 12 siang. Kenging kapacak ing dinten wahu ugi.

Para ingkang sami angemin serat bra martani. Kula aturi tumunten angintuni bayaripun dene ingkang taksih kawaledan bayaripun ing tahun kapengker. Ugi enggal angintuna bayaripun kalih pindhah.

Juru ngarang.

Surakarta
Kasangsara

Salebetipun wulan nopenber ingkang kapengker. Tiyang anama prawira nala kuli ingkang pinuju nyambut damel ajagi godhegan balung wonten salebetung pabrik bangak wanci dalu sampun karaos salah sarta arib sanget ananging para tiyang ingkang nyambut damel ing pabrik wahu siang ratri bilih angleresi giliranipun boten kenging sambat sayah utawi arib dados kapeksa ana anaken angentosi giliripun sareng urubing dahana sampun ageng prawiranala angaso tileman wonten sacelaking ngriku. Kalajeng tilem nalika punika saking genging urubing dahana anyalad medal ambyuk ing badanipun prawiranala. Lajeng katungka katulungan ing kathah ananging prawira nala lajeng boten saged anggulawat pangangge sarta rambutipun sirna kabesmen badan sami anyremumuh. Lajeng kausadan dening dhokter ing samangke sampun kathah waluyanipun.

Mindhak telik

Tiyang anama jaya dikrama. Tilas upas ing asistenan bayalali. Punika sapocotipun anggenipun dados upas pandamelanipun amung mubeng malebet ing dhusun-dhusun analiti bilih wonten para tiyang ing dhusun ingkang darbe nalar sasaminipun lajeng sumedyo kaembat sarta mawi ambayar arta sapantesing nalaripun amargi piyambakipun angaken bilih dados telikipun parentah bayalali. Saha sagah saged amumpuni sabarang prakawis ingkang entheng awrataken ingkang awrat kaenthengaken dene pawartosing kathah panganggenipun saben malebet ing dhusun-dhusun wahu. Rasukanipun cemeng kaplisiran jene. Bilih wonten saweneh tiyang dhusun ingkang mangretos apitaken panganggenipun rasukan punika. Wangsulanipun sampun limrah sadaya telik punika pangaanggenipun rasukan mangkaten rasukan cara jawi plisir jene. Bilih upas rasukan cara walandi plisir jene. Bilih agen rasukan cemeng cara walandi. Sarehning jaya dikrama wahu sampun kasinungan wegig patraping dora cara. Dados sadaya para tiyang dhusun sami kathah pangandelipun.

Sanadyan parentah kabupaten bayalali sampun dangu anggenipun amiyarsa patrap kasebut ing nginggil wahu. anAning sarehning dereng wonten lalantaran temenipun dados amung tansah kabudi kalayan alus. Ing samangke kula mireng pawartos bilih parentah sampun saged amikut jaya dikrama wahu. Amargi kacihna saking gugutipun saweneh ing tiyang warisipun pasakitan ingkang wonten salebetung kunjara. Katedhanan arta kirang langkung. 60. Rupiyah. Sagah angluwaraken warisipun ingkang dados pasakitan sapunika pawartosipun prakawis wahu sampun kagarap dening pangadilan dalem pradata kabupaten.

Lah bilih ceples kados kang gumelar ing nginggil punika. Pantes temen tiyang ingkang mangkaten punika kapatrapan paukuman ingkang sakalangkung awrat amargi supados dados tuladha ing tembenipun awit saestu kathah para tilas babahuning pulisi wahu ingkang sampun sumerep ing gathuking nalar. anAning wektu samangke sadhengah tiyang ingkang darbe patrap boten leres punika kados boten ngantos dangu anemahi kasangsaran amargi saking wicaksanipun pangadilan.

Panjurung

Enggelan

Salebetipun ngabdurahman dados emir. Ing nagari apganistan anjalari panrasulaning para tiyang bawah wawengkonipun amargi para tiyang ing nagari apganistan sarta ing kabul bongsa islam sarta bongsa indhu ingkang sami misuhur kathah ing bandhanipun amasthi lajeng kaupadosaken nalar saged dipun kataman prakawis ingkang ngantos malebet ing kunjara. Awit bilih sampun kakunjara luwaripun lajeng ambayar

waragat arta. 40.000. dumugi. 100.000 rupiyah. Mila sawatawis kathah para tiyang ingkang pindhang dhateng sanes kitha.

Samangke ayuban sakasoring yudanipun kalayan wadya bala enggris sampun saged kumpul kalayan muhamadjan sumedya anggepuk ing kitha kabul amamengsa kalayan ngabdurahman ingkang ambiyantoni ayuban para tiyang ing kitha berat saha sampun mratandhani mariyem kathahipun 18 iji.

Bahitanipun asep gupremen enggris anama ombo ecini. Sampun kapikud dening gupremen mandhalei. Ingkang sepen sabab ing nalaripun saha para tiyang ing nagari birmah sami anedha karugiyen dhateng gupremen enggris ingkang sepen tumanjanipun mila embok manawi ing tembe dados yuda brata.

Ing kitha kati awar punika sadaya tiyangipun sanget anggenipun anggatekaken agama. Sadhengah ingkang sampun malebet ing agama wahu amasthi lajeng kabincih rumiyin. Ngantos wonten ingkang kalampahan tiyang palastra jalanan kabincih.

Mekah

Samurcanipun ngabdurahman al sahir saking nagari ngacih sampun ambekta arta kathah sarta ambekta bahita prang jujug ing jedah. Samangke karsanipun gupremen setambul ngabdurahman kinawula wisudha dados serip ageng ing mekah ananging para raja ing tanah eropah boten anyondhongi saha sami darbe panyuwun sampun ngantos ngandurahman kinula wisudha dados pangageng ing mekah amargi sampun misuwur awoning pambekanipun mila sapunika kasareng ngabdurahman ingkang dados pangageng ing mekah kathah raresah ingkang tumanduk.

Gupremen arab kaweken panggalihipun anggenipun murih siranining raresah amargi kala rumiyin prajurit ingkang saged anyirnakaken raresah ngabdul muntalib ingkang sapuserib alit ing ngriku sarta boten saged condhong kalayan ngabdurahman.

Bogor

Kareta api gupremen ingkang nembe kagarap marginipun punika sampun meh rampung. Badhe enggal saged dumuginipun ing paresidhenan priyangan saestu badhe andadosaken kabingahaning para dagang. Awit sakalangkung gampil pambektanipun dagangan wira-wiri dhateng bogor tuwin priyangan.

Griya pakendelaning kareta api ongka. 1. Ing bogor panggarapipun meh rampung sakalangkung sae wangunipun karsanipun kangjeng gupremen badhe kadunungan kantor ageng satunggal ingkang winastan (Staats – Spoor wegen op Java) dene tiyang ingkang nyambut damel katingal sami sengkutipun

Wukir krndheng ingkang kaangge margining kareta latu sarana kaesong. Pambobolipun siti sampun meh rampung. Sarehning sampun sawatawis kathah pambobolipun dados tiyang ingkang nyambut damel sami anyipeng wonten salebeting wukir.

Pambikakipun kareta latu saking bogor anjog ing suka bumi (priyangan) benjing wulan maret tahun 1881. Wujudipun lokomutif ingkang sampun kasadhiyakaken sakalangkung endah dinulu. Wujudipun boten sami kalayan lokomutif matseka. Ananging wawarnenipun kados lokomutip kareta latu ing nagari walandi.

(S. M)

Kudus

Nalika kaping. 17. Wulan oktober ingkang kapengker. Rare jaler anama sadia ing dhusun banjaran ngumur. 20. Tahun. 2. Ngusman ing dhusun bondha ngumur. 19 tahun sami alalana dhateng ing wukir murya. Sumedya minta barkah supados angsal teguh kadigdayan dupi lampahipun prapta sacelaking dhusun jember rare kalih bingung marginipun amargi saking peteng nalika samanten jawahipun deres mila lajeng sami malebet ing dhusun B. dhistik candhana. Anjujug griyanipun tiyang anama. T. sasampuning katrangaken nama tuwin pinangkanipun lare kalih lajeng amrasajakaken sedyanipun ing ngriku T. amratelakaken bilih piyambakaken pancen guru ing ngatasing aji jaya kawijayan yen kang kasbut ing wukir murya punika kalintu. Bilih pancen rare kakalih wahu sumedya kapencut ing aji jaya kawijayan ki guru ugi anyukani wujud susuk ananging kedah ambayar waragat rare kalih 17 rupiyah. Sanalika kawula rare kakalih amargi saking adreng kasengsemegmanah datan lenggana lajeng ambayar awaragat arta. 17 rupiyah.

Sasampunipun ambayar arta tindhiih. Sareng tanggal ping. 18 nunggil wulan oktober. Murid kakalih lajeng dipun lebeti susuk badanipun sadaya. Dumunung salebeting kulit sajawining daging. Wondene ingkang kadamel susuk wahu putunganing edom kalayan kawat ruji parut sarta kasukanan jimat rajah sekar kenonga. Murid kakalih lajeng badhe kacobi kadigdayanipun sonetenipun kaajak dhateng griyanipun patinggi anyambut sanjata. Ananging sepen amung kapanggih anakipun anama. S ngumur 13 tahun ki guru meksa nyambut sanjata dalah obat mimisipun sareng sanjata sampun kasukakaken S. kapurih tumut

ambektakaken sanjata wahu. Dhateng satepining lepen sareng sampun dumugi satepining lepen murid kakalih kapurih cul rasukan sarta angadeg jajar. Kapurih anyepeng sanjata katamakaken dhateng murid kakalih. Pun S kipa-kipa nedha saksi. Ki guru amanabda sampun ngantos sumelang amargi bilih wonten ingkang kanin kataman sanjata mangke kausap amasti waluya. Saksana sanjata lajeng katamakaken murid ongka 1. Kenging murdanipun mubeng. Ongka 2. Lempengipun sareng sami ambruk ing bantala.

Samangke ki guru kalayan pun. S sampun kapikud dening parentah. Murid kakalih ingkang kanin kapriksa dening dhokter jawi sarehning mimis sampun tumancep ing balunging iga dados sampun boten saged angedalaken amung dhokter saged amendheti pupucukan dom kalayan kawat ruji parut ingkang kadamel susuk dumunung wonten badan cacah 25 iji amargi sami angemunah. Saking panimbangipun dhokter murid kakalih wahu rakaos sagedipun waluya.

Ki guru kapriksa mukir andorakaken sadaya lalampahan kang gumelar ing nginggil. S.M.

Bilih tetes paturaning murid kakalih kalayan saksi rare wahu pantes temen timbanganipun tiyang kang ngaken guru kapusara murdanipun apesipun kapatrapan ukum nyambut damel paksan ingkang langkung saking ngumuripun.

Juru ngarang

Surabaya

Nalika kaping. 23 nopember ingkang kapengker. Estrinipun tiyang anama pak raman ing kampung kalongan anama bok simah ingkang sampun kakewer dening jakeripun bok simah sakalangkung sungkawanipun amargi rumaos jaleripun sampun boten kenging kaajeng-ajeng sanadyan bok simah sampun patutan rare. 3. Ewadene sarehning boten saged ana-anaken raosing manahipun lajeng anglalu bebedhangan kalayan sawenehing tiyang jaler. Ngantos sawatawis laminipun jaleripun amasti sampun boten kakilapan bilih estrinipun sampun ababedhangan amargi sampun kathah cuwaning manahipun. Dene pak raman wahu kalayan estrinipun sampun boten atunggil wisma.

Saweneh ing dinten kakinten. 4 enjing. Pak raman anuweni dhumateng wismaning estrinipun ngantos sawatawis dangu anggenipun angjenjen-injen wonten ing sajawining griya ing ngriku pak raman mireng sabawuning tiyang jaler ingkang agineman pating kalesik kalayan estrinipun saksana pak raman boten saged ana-anaken raosing manahipun lajeng malebet ing griya tanpa sabawa. Tiyang jaler bedhanganipun bok simah kagyat anggenjret malajeng pak raman boten saronta pak raman lajeng anarik dhuwung katamakaken estrinipun ngantos tatu gunggung 12 enggen boten watawis dangu. Bok simah kalajeng palastra.

Ing samangke pak raman sampun kapikut sarta kalebetaken ing kunjara. Enget getunipun estrinipun palastra tilar anak tiga. Piyambakipun kakunjara dereng kinanten wasananipun sinten ingkang nyukani tedha anakipun.

S. M.

Dados sampun tatela boten angemungaken dhateng barang kemawon ingkang katingal kaleweran punika amasti lajeng dipun openi tiyang. Dene tumrapipun dhateng tiyang kok inggih mangkaten pramila saking pamanggih kula langkung prayogi pawestri wajibipun ingkang sampun kathah cuwanipun punika lajeng kapindhah babar pisan kemawon amargi ingkang kathah panggalihipun para kakung punika sampun malih dhateng estrinipun piyambak sanadyan dhateng estrinipun liyan ingkang sampun kageleng dados condhonging manahipun kemawon bilih ngantos patrap mangkaten wahu. Saestu anuwuhaken ardaning manah.

S. P

Nalika ping. 22. Nopember 1880 ngabehi puspa winata mantri cacar ing kitha salatiga. Pinuju gadhah damel mantu. Salebetung sakecaning anendra kaget sajawining griya wonten swara gumluthuk kakinten durjana pandung. Ngabehi puspa winata lajeng medal saking griya sarwi alok anedha tulung. Kathah para tiyang ingkang sami dhateng tandang kabareng swaraning kenthongan umyang. Nalika punika wonten sabawuning kemrosak malajeng kacegur ing sumur. Para tandang anyipta bilih ingkang kacegur ing sumur wahu durjana pandung.

Sarehning sampun tatela durjananipun sampun kajegur ing sumur. Para tandang sami abikut anggenipun angentasaken ngantos sawatawis dangunipun wasana sareng sampun mentas katranganipun ingkang wonten salebetung sumur wahu srenggala. Sarehning para tandang dereng cumeplong manah ingkang timbang kalayan kagetipun salebetipun srenggala katahan para tandag lajeng anitik tatu sarananing durjana sarta barang ingkang kabekta wasana sepen.

Wondening katranganipun barang ingkang ical wujud lulang mahenda ingkang taksih kapentheng kalong sapalih. Ewadene ngabehi puspa winata maksa lajeng anandukaken runtikipun srenggala kang pindha durjana kapatrapan ukuman kagebag sarta kabanting rambah-rambah ngantos palastranipun. S.M.

Pangrasulaning tiyang.

Saundur kula saking aningali ondrawina ing nagari surakarta. Kula lajeng mubeng dhateng kitha sajawining nagari. Tatela ing samangke saya tambah ing karaharjanipun patraping griya ingkang sami dumunung angungkang margi ageng sakalangkung asri [] ingkang kala rumiyin pategilan sarta pasabinan sapunika sampun dados pakampungan sadaya. Sareng badhe antuk kula ingkang wekasan kula angancik laladaning kitha. B. wonten ing ngriku anyipeng sadinten sadalu. Nalika punika anggen kula jagongan kalayan mitra kula ingkang kula jujug ngantos sadalu muput tansah agigineman satelasing ginem ingkang amaedahi lajeng wiwit angginem pangresulaning para tiyang ingkang sami gagriya salebetung kitha angungkang margi. Awit samangke sangsaya rekaos anggenipun anyanggi paos papan pemahanipun dalah sauba rampenipun amargi saben-saben mindhak paos mindhak kathah ubarampenipun sangsaya bilih katimbang kalayan pawedalipun pasiten ing kadi pun paosi. O kadamel bayar uba rampenipun kemawon boten cekap kathah papan pemahan ingkang kala rumiyin paosipun satahun amung. 80 uwang. Sapunika dados. 32 rupiyah. Ingkang kala rumiyin amung. 10 uwang Sapunika dados 7 rupiyah. Ingkang kala rumiyin 8 rupiyah. Sapunika dados. 50 rupiyah. Ing dalem satahun. Lah pinten indhakipun rak sampun tikel sakawan mangkaten punika cariyoipun boten angemungaken paos kemawon ubarampenipun ing dalem satahun-tahunipun kados ing ngandhap punika

1. bilih sidekahaa malem wulan sasaminipun ambenganipun tamtu kedah kakepungaken ing griyaning lurah patuh ingkang darbe gadhuhan siti pemahan wahu. Wah masthi sareng.
2. Wulan ruwah. Siyam. Besar sura mulud lurah patuh ingkang darbe gadhuhan papan pemahan tamtu mundhut punjungan ayam satunggal dene ayam wahu. Kala rumiyin ingkang limrah ayam kamanggang. Lajeng mindhak ayam dhore. Lajeng mindhak malih ayam babon sapunika mindhak malih sawung. Kados benjing sanes tahun badhe mindhak malih.
3. Lurah patuh ingkang darbe gadhuhan pasiten bilih gadhah damel ugi masthi mundhut pasumbang. Wah buhu suku gugur redi ugi taksih lumados punika sanesipun pandamelan kapulisen mongka bilih kakurupaken paos kalayan pamedalipun pemahan o. boten pisan-pisan bilih sapara dasanipun pamedalipun saupami kadamel anyampeti ubarampe sami satahun kemawon boten cekap.

Mila kaluhuran sareng wonten karsanipun kangjeng parentah ageng nagari. Bilih wonten abdi dalem pamaosan ing dhusun ingkang kaundur tuwin ingkang ajal. Gadhuhanipun siti utawi papan pemahan lajeng kagantung. Sarta lajeng kaukur cengkal dados paosipun lajeng mirid ukuran pawedalanipun. Tur tanpa ubarampe ingkang kathah-kathah wahu. Mila ingkang sampun kalampahan para tiyang ingkang gagriya ing pasiten papan pemahan ingkang sampun gumantung kaasta ing nagari. Kathah ingkang tentrem manahipun amargi rumaos boten rakaos pangupajiwanipun awit sareng paosipun miturut saking ukuran kathah ingkang paosipun suda. Ugi wonten sawatawis ingkang mindhak paos ananging kurup kalayan pawedalipun ingkang dipun paosi.

Cariyoipun ingkang sami pamujinipun para tiyang ingkang sami gagriya ing salebetung kitha-kitha sami kemawon sagecipun papan pemahan ingkang dipun dunungi kahasta ing kangjeng parentah ageng nagari. Supados kaukur sarta katapsir paos kalayan pawedalipun sarta sageda sirna rarengganipun ubarampe. Tur amung sapinten ananging sarehning masthi saha kerep ugi kathah.

Mimitran kula ingkang cariyo mangkaten wahu sampun anglampahi piyambak ing ngajeng griyanipun cacah. 3 iji. Sarehning boten darbe pangupajiwa sanesipun sareng paosing pemahanipun saben-saben mindhak ngantos tikel sakawan mongka pawedalipun boten pisan cekap saprapataning paos mila saben sapaosan griyanipun satunggal kasade kadamel paos. Sareng paos mindhak malih griyanipun ingkang satunggal kasade. Sapunika griya kantun satunggal pawon sareng mangsaning paos boten saged bayar griya sampun telas papan pemahan lajeng kadhodal anarimah. Sapunika amung dados pangindhung saetaping griya.

Dene anggenipun salebetipun taksih saged angupadosaken paos kedah anggenipun angrenga pemahan wahu. Jalaran sarehning kala wiwidipun dipun griyani taksih wujud pategilan mongka sampun lajeng kataneman kakajengan tahun ingkang kathah nirkahipun sampun kathah sarta taneman sanesipun mila bilih andulu wujuding tanemanipun taksih darbe owel sarta kamanah rakaosing tiyang kesah saking bale griyanipun bilih anistik paosipun. O sampun tobat mencit.

Sadangunipun kula amirengaken ginemipun mitra kula wahu. Raosing manah kula sakalangkung amelas arsa. E inggih talah para lurah patuh ingkang darbe papan pemahan embok inggih kagungan welas dhumateng kawulanipun pangindhung. Patraping tiyang maosi papan pemahan sampun kacara babekela dhusun ingkang mawa sabin.

Kaserat ing salatiga 17. Dhesember. 1880

katandhan sihing mitra.

Candhakipun pethikan serat bongsa cina

// lajeng manjing ironing tilam sari. Serat katur sampig gupuh nyandhak. Dinulu serat ungele. Sampig niba ing kasur. Pan sumaput tan kena angling. Kantaka kongsi sakjam. Sampig pungun-pungun. Angesah sasambat pejah. Awit dulu ponang wangsulaning tulis. Sampig tan kolu dhahar.// amung ngesah sambat mati. Sakitingsun wajib lamun pejah. Sadalu tan bisa sare. Byar enjing rama ibu. Samya manjing mring tilam sari. Dulu sakiting putra. Rama ibu muwus. Adhuh sampig putraning wang. aywa nglalu emanen ragamu kaki. Nyawa sira buktiya.// sampig matur ibu rama mugi. Sampun sanget galih sakit kula. Pejah gesang wus takdire. Kula darbe panuwun. Ibu rama mugi marengi. Yen mangke badan kula. Estu boten ngukup. Ing tembe bilih palastra. Nuwun mugi kapetaka pinggir margi. Mangilen ujurira.// kubur wonten sawetaning margi. Mujur ngilen katon saking ratan. Watu biru maesane. Tuwin ing ngukir patut. Nami kula ingkang dumeling. Lamun ingteh den arak. Supados dinulu. Sanget ing panuwun kula. Ibu rama mugi sampun anyidrani. Atur kula punika.// rama ibu sareng amiyersi. Atur ira putra sru karuna. Cethi-cethi samya kaget manjing mring dalem agung. Duk semana sampig wus lalis. Cethi samya karuna. Gumerah gumuruh. Ibu rama ngusap waspa. Sarwi angling wus meneng ngapara cethi. Pati karsaning sukma.// mongsa kena manungswa ngadhangi. Angur payo miranti trebela. Nulya sinukcen wangkene. Ngatag pra baturipun. Nadyan tongga kathah kang prapti. Mikul ponang kunarpa. Ibu rama tumut. Nganterken angkating putra. Mring kuburan mituhu welinge dhingin. Kapetak pinggir marga.// munggeng wetan mujur ngulong nenggih. Datan owah saking weling ira. Watu biru maesane. Nimbali yukang kayu. Kinen ngukir namining sampig. Pinulas pinerada. Rampung denya ngubur. Ibu nuding sukyu sigra. Lah menyanga ing watcwu sira den aglis ni ingteh tuturana.// putraningsun sampig pan wus lalis. Lan pratelakna lelakonira. Mati kasmaran dheweke. Priye wangsulanipun. Yen wus terang nuliya mulih. Sira wajib rumeksa. Kubure lurahmu. Tan ana kang sun pitaya. Sapa maneh mung sira kang den tiswani. Lurahmu kang wus ajal.// sukyu pamit sandika lumaris. Lampah ira marga tan karana. Wus prapta watcwu wismane. Nyonyah ingteh kepangguh. Angandika arum amanis. Dhuh sukyu ana paran. Sira situ-situ. Sukyu matur wor karuna. Lurah sampig samangke pan sampun lalis. Margi kasmarrandika.// awit kadang wus samya prajangji. Milanipun ngarturi wuninga. Supados wruh jalarane. Ni ingteh mireng atur. Pan kumejot raosing galih. Nanging datan kawedal. Mendhet ringgit satus. Sinung sukyu sarwi mojar. Lah muliya ringgit iki sumbang mami. Gawenen jaga meja.// lamun ingsun datan saged prapti. Awit uwus mrepek karyaning wang. Kari temu lan ngarake. Panamung wekasingsun. Rehning sira kang den tinaswani. Ngobonga dupa kertas. Esuk sore sujud. Amung iku wekasing wang. Wus muliya sira sukyu dipun aglis. sukyu pamit mlampah.//
taksih wonten candhakipun.

Citra pandaya.